# НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВ

**1**

ҚОСЫҚЛАРЫ, ПОЭМАЛАРЫ, КИНОСЦЕНАРИЯСЫ

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС — 1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚҚ2
Ж46

Н. Жапақов

Баспаға таярлағанлар: К. М. Мақсетов—филология илемлерииниң докторы, профессор, ҚҚАССР ға мийнети сиңген илим ғайраткери, Х, Сейитов—Өзбекстанға мийнети сиңген мәденият ғайраткери, шайыр, Қ. Мәмбетназаров—филология илимлериниң кандидаты, Р. Жапақова—илимий хызметкер.

3603020000
М—357(06)—78

©„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ, 1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

# НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВ

*Шығармаларының*
*еки*
*томлығы*

www.ziyouz.com kutubxonasi



ШЫҒАРМАЛАРЫНЫҢ
ЕКИ ТОМЛЫҒЫ

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЛИМ ҲӘМ ӘДЕБИЯТТЫҢ КӨРНЕКЛИ ҒАЙРАТКЕРИ

Халқымыздың тарийхына нәзер аўдарғанда халық хожалығының барлық тараўындағы көрилмеген табыслар менен, қарақалпақ халқының сиясий, жәмийетлик ҳәм мәдeният тараўында пүткиллей қайтадан туўылып раўажланғанына кеўлиң толып қуўанасаң. Халқымыздың бул жаңа тарийхы оның ержетиў тарийхы, камалатқа келиўи, күшине толыў тарийхы, ленинлик миллет сиясатының қуяшында қарақалпақ миллетиниң жайнапжаснаўының шежиреси.

Өз алдына ел болған алтын шаңарағымыздың тарийхының үлкен жетискенликлериниң биреўи—жаңа қарақалпақ совет интеллигенциясының туўылыўы болды. Қарақалпақстан рабочий класы, дийханлары менен бирге беккем союз дүзип туўысқанласқан жаңа совет интеллигенциясы тәбиятында сол рабочийлар менен езилген дийханлардың балалары еди. Олар—дәслепки интеллигенция ўәкиллери, рус ҳәм басқа да туўысқан халықлардың ўәкиллериниң жәрдеми менен Уллы Октябрь социалистлик революциясынан кейин үлкеде мәдений революцияны коммунистлик партияның басшылығы астында белсене иске асырыўға киристи. Биринши ирет булардың пайына халықты саўатландырыў, денсаўлықты сақлаў ислерин шөлкемлестириў, баспа сөз ислерин раўажландырыў, жаңа советлик көркем әдебиятты дөретиў, театр ҳәм басқа да мәдений мәкемелерди уйым-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ластырыў, жәмийетлик шөлкемлерде сиясий-шөлкемлестириўшилик ислерди алып барыў ҳ. т. б. ўазыйпалар тийисли болды. Бул ислерди алып барыў қарақалпақ совет интеллигенциясының биринши буўынының әўладлары ушын шын мәнисинде қаҳарманлық ис болды. Олардан А. Досназаровтың, Қ. Әўезовтың, К. Нурмухамедовтың, С. Мәжитовтың, Ә. Өтеповтың, О. Халмуратовтың, А. Мәтьяқубовтың, А. Бегимовлардың мийнетлерин атап көрсетиўге болады. Олардың кейинин ала республиканың жәмийетлик сиясий ҳәм мәдений турмысына актив араласқанлардан П. Сейитовты, Н. Дәўқараевты, Ж. Аймурзаевты, М. Дәрибаевларды көрсетиўге болады. Булардың алдында 20-жыллары басланған 30-жыллардың ири сиясий-жәмийетлик ҳәм мәдений мәселелерин шешиў турды. Бул дәўирде 20-жылларға қарағанда мәдений раўажланыўы өзиниң жаңа стадиясына көтерилди. Ҳақыйқатында бул дәўир Қарақалпақстанның улыўма раўажланыўында үлкен бир этапты пайда етти: усы дәўирде үлкемизде кең масштаблы социалистлик қурылыслар жүргизиле баслады. Мектеплердиң саны өсти, орта билим беретуғын оқыў орынлары пайда болды. Биринши илим изертлеў институты, муғаллимлер институты пайда болды. Биринши ирет Қарақалпақ театры пайда болды. Баспа сөз органлары раўаж алды, қарақалпақ тилинде оқыў қураллары пайда болды, қарақалпақ совет әдебияты раўажланды. Сөз етип отырған дәўирде жәмийетлик-сиясий ҳәм әдебий ислерге актив араласқанлардың бири, сол дәўирлерден халық алдында ҳәм партия алдында үлкен мийнетлери бар, хызмети ҳәм абыройы менен халыққа кеңнен танылған, советлик әдебиятымыздың ҳәм илимимиздиң ири ўәкили Наўрыз Жапақович Жапақов болды.

Филология илимлериниң докторы, Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, кө-



www.ziyouz.com kutubxonasi

рнекли шайыр ҳәм жәмийетлик искер Наўрыз Жапақов 1914-жылы 16-майда бурынғы Түркстан үлкесиниң Сырдәрья областы Әмиўдәрья бөлиминиң Көкөзек волостында, ҳәзирги Тахтакөпир районында гедей-дийхан семьясында туўылды.

Болажақ шайыр ҳәм илимпаздың өмир жолы улыўма қарақалпақ халқының тарийхы менен тамырлас. Уллы Октябрь социалистлик революциясынан бурынғы қарақалпақ халқы қандай аўырманлық жағдайларды бастан кеширген болса, сол улыўма халық басындағы турмыстың шийеленискен бир көринисин Н. Жапақов та бастан кеширеди.

Наўрыздың әкеси Жапақ Рсым улы ғедейликтиң аўыр азабын шеккен адам болған. Наўрыз бир жасына шыққанда анасы өлип, оның барлық тәғдири әкесине байланыслы болып қалады. Күн көрис жағдайлары қыйынласқан Жапақ еки жасар баласы Наўрызды алып, 1916-жылдың гүзинде, бурынғы Шаббаз волостының Саят деген жеринде талап ислеп жүрген иниси Әбдижаппардың қасына барады. Бирақ арқа сүйеп барған иниси Әбдижаппар булар барғаннан кейин көп узамай қайтыс болады да булардың тиришилик етиў жагдайлары аўырласа баслайды. Буннан кейин Жапақ Шаббаз волостьлығына қараслы „Шерим жап" бойында жасаўшы Ҳайтбай торсық деген байдың есигине жалланып, онда еки жылдай дийхан жүрип күн кеширеди. Байдың есигинде жүрип тапқан мийнет ҳақысы баласы Наўрыз бенеп өзине кийим ҳәм тамаққа жетпеген Жапақ, бул байдың қараўынан шығып, Сарыбий волостына қараслы Әмирабадқа көшип барып, ҳәр кимниң дийханы болып жүреди. Бул жер де жарлы Жапақтың тамағын тойдырып, кийимин пүтинлеўге мүмкиншилик бермейди. 1920-жылы Жапақ жалғыз баласы Наўрызды жетелеп, Шаббаз тоғайын паналайды да Шаббаз қаласына арқа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лап отын тасып тиришилик етеди. 1924-жылы Наўрыздың әкеси қайтыс болады.

Он жасар Наўрыз әке-шешесинен жетим қалып, күн көрис жағдайлары бурынғыдан да бетер аўырласа баслайды. Усы жылы Наўрыздың жақын ағайини Жәнибек деген адам өз ғамқорлығына алып, Әмирабад аўылына алып келеди. Жәнибек сол аўылдағы Нурман деген қурғын адамның дийханы болып жумыс ислейди де ал иниси Наўрызды сол адамның малын бағатуғын падашысы етип береди.

Бул ўақыт Уллы Октябрь социалистлик революциясының алтын шуғласынан нәр алып, Қарақалпақстанда Совет властының жаңа орнап атырған дәўири еди. Қарақалпақстанда болып атырған үлкен бурылыс пүткил халық арасына кеңнен ен жайып атырған дәўирде жас жигитке турмыстың жаңа есигин ашыўға туўра келеди. Бирақ турмыстың ҳәр қыйлы аўырманлығына гириптар болған Наўрыз Жапақов дәслепки ўақытта мектеп партасында тынақлы отырып оқыў мүмкиншилигине ерисе алмайды. Ол жазда мал бақса, қыста аўыллық мектепке қашып барып саўат аша баслайды. 1924—26-жылларда ол гә таяқ услап, гә қәлем услап өмириндеги дәслепки тиришилик гүресин өткереди.

Наўрыз Жапақовтың шын билим жолына түскен ўақты 1926-жылдан басланады. Ол 1926-жылдың гүзинде Төрткүлде ашылған мектеп-интернатқа оқыўға киреди, ол оның ең жақын семьясы; муғаллим-устазлары, ата-анасы сыпатында тәрбия береди. Ол мектеп-интернат 1928-жылдың бәҳәринде Шымбай қаласына көшип барып, жети жыллық „Коммуна" мектебине айналады. Оқыўға қуштарлығы артқан Наўрыз Жапақов бир жылда еки класс питкерип, бул мектепти 1930-жылы питкерип шығады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мектептен алған билимин көтериў ушын ол 1930-жылы Қарақалпақстанның орайы Төрткүлге барады. Бирақ бул ўақыт республикада саўатсызлықты сапластырыў исин қолға алып атырған ўақыт еди. Қарақалпақ областьлық Комсомол комитети Н. Жапақовты сол жылы мектеплердиң бирине муғаллим етип жибереди. Солай етип, 1930-жылдың октябринен 1931-жылдың июлине шекем Кеғейли районында баслаўыш мектептиң муғаллими болып ислейди. Жоқарғы оқыў орнына барып билим алыў ең тийкарғы мақсетлериниң биринен есапланған жас талант ийеси 1931-жылы Ашхабад қаласына барып, Орта Азиялық Зооветеринария институтына оқыўға киреди. Бирақ денсаўлығына байланыслы оқыўды даўам ете алмай, 1931-жылы Октябрь айында Шаббаз районында пионер бюросының баслығы болып жумысқа орналасады.

1931-жылдың ақырында областьлық партия ҳәм комсомол комитетиниң қарары менен „Жас ленинши" газетасында әдебий хызметкер болып жумыс атқарады. 1932-жылдың август айынан 1933-жылдың апрелине шекем „Жеткиншек" газетасында жуўаплы секретарь, соңынан редактор болып ислейди. 1933-жылдың апрелинен 1938-жылдың февралына шекем „Жас ленинши" газетасында жуўаплы секретарь, 1938—39-жыллары „Қызыл Қарақалпақстан" газетасында старший әдебий хызметкер, 1939-жылдан 1941-жылға шекем „Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы" журналының жуўаплы секретары хызметин атқарады, ал 1941—42-жыллары „Қызыл Қарақалпақстан" газетасында бөлим баслығы болып ислейди.

1942-жылы апрель айында Қарақалпақстан Областьлық комсомол комитетиниң биринши секретарьлығына сайланып, онда 1943-жылдың ноябрине шекем, ал 1943-жылдан 1947-жылдың мартына шекем Қарақалпақстан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Областьлық партия комитетиниң пропаганда ҳәм агитация бойынша секретары, 1947-жылдың март айынан 1952-жылдың сентябрине шекем Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Передседатели хызметин атқарады. Усы жыллары Чаржаў—Қоңырат темир жолының қурылысында шөлкемлестириўшилик жумыс алып барады. 1952—55-жыллары ВКП (б) Орайлық Комитети жанындағы Жоқарғы партия мектебиниң тыңлаўшысы болады. Ол Жоқарғы партия мектебин табыслы питкерип келгеннен кейин 1955-жылдың октябрь айында Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының Председатели болып сайланады. 1956-жылдың март айынан 1959-жылдың март айына шекем тағы да Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң Председатели болып иследи.

Н. Жапақов қандай хызметте ислемесин, ол барлық ўақытта творчестволық жумыслар менен шуғылланып келди. 60-жыллары Н. Жапақовтың илимий творчестволық жумысқа тиккелей араласыўында үлкен елеўли жыллардың бири болды. Ол 1959—61-жыллары Өзбекстан ССР Илемлер Академиясы Қарақалпақстан филиалы, Н. Деўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институтының аспиранты болып, 1961-жылы „Аяпберген Мусаевтың творчествосы“ —деген темада кандидатлиқ диссертация жақлап, филология илимлериниң кандидаты деген илимий дәреже алыўға миясар болды.

1961—67-жыллары Өзбекстан ССР Илемлер Академиясының А. С. Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институтының старший илимий хызметкери болып иследи. 1967-жылы „Қарақалпақ әдебиятында социалистлик реализмниң сағалары ҳәм қәлиплесиўи“ деген темада табыслы диссертация жақлап, филология илимлериниң докторы деген илимий дәреже алды. 1967-жылы Өзбекстан ССР Илимлер Академиясы Қарақал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тпақстан филиалының Н. Дәўқараев атындағы тарийх. ил ҳәм әдәбият институтының Шығыс қол жазбалар секторының баслығы болып иследи. 1971-жылдан усы институттың фольклор секторының баслығы болып ислеп келди.

Н. Жапақовтың творчестволық жумысы 30-жыллардан басланады. Ол бул ўақытта лирик шайыр сыпатында көзге түсти. Оның муҳаббат, ўатан, партия ҳәм халықлар дослығы ҳаққындағы лирикалық шығармалары менен көлемли поэмалары оқыўшылар жәмийетшилигиниң сүйип оқыйтуғын шығармаларының биринен есапланады. Шайырдың усы бүгинғи күнге шекем бир неше топламлары жарық көрип, қарақалпақ совет әдебиятының алтын қорынан орын алып отыр. Шайырдың қосықлары республикамыздан тыс туўысқан халықлар тилине аўдарылып, кең китап оқыўшылар жәмийетшилигине белгили болып киятыр. Оның „Күн" (1940), „Бахытлы заман" (1946), „Уллы рус халқына" (1954), „Бахыт" (1955), „Дослық ҳаққында қосықлар" (1956), „Дослық дәстаны" (1960), „Шадлық илҳамы" (1969) топламлары қарақалпақ тилинде жарық көрсе, „Әмиў бойларында" (Ташкент, 1956), „Тирилер менен бирге" (Ташкент, 1962) топламлары өзбек тилинде, ал „В родном ауле" (1956), „Молодые сердца" (1958), „На берегах Аму" (1960) топламлары рус тилинде шықты.

Н. Жапақовтың шайырлық творчествосының ҳәўиж алыўында, ҳақыйқый лирик шайыр болып жетилисиўинде оның тынбай излениўи, қарақалпақ әдебияты үлгилерин, сондай-ақ туўысқан халықлардың классик шайырларының шығармаларын көп оқып, үйрениўи, олардың ең жақсы традицияларын шебер пайдаланыўлары тийкарғы себепши болды. Ол тек шайыр сыпатында таныլып қалмастан орыс, өзбек, қазақ, украин ҳәм тағы басқа туўысқан халықлардың шайырларын қарақалпақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

гилине аўдарып, республикамыздың китап оқыўшыларына кеңнен таныстырып отырды. Ол 1935-жылдан баслап аўдармашылық пенен шуғылланып, А. Наўайының „Фархад ҳәм Шийрин“ (Төрткүл, 1940), А. С. Пушкиниң „Тутқын“ („Қызыл Қарақалпақстан“ газетасы, 1936, 14-октябрь), М. Ю. Лермонтовтың „Қашқын“ („Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы“ журналы, 1941, №6). Т. Г. Шевченконың („Қызыл Қарақалпақстан“, 1938, 9-март), Ҳ. Ҳ. Ниязийдиң „Қарашаш“, Муқимийдиң „Көзлериң“, А. Сурковтың („Коммунистлердиң маршы“, „Дослық ҳаққында“) ҳәм тағы басқа жазыўшы — шайырлардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып, қарақалпақ китап оқыўшыларын оларды өз ана тилинде оқыўға миясар етти.

Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының тарийхында киносценарий дөретиўдиң ирге тасын қалаўшылардың бири Н. Жапақов деп айта аламыз. Оның қарақалпақ халқының турмысынан алып М. Мелкумов пенен бирге жазған „Арал балықшылары“ деген киносценарийсы 1957-жылы экранда көрсетилип, республикамыздың ҳәм республикамыздан тыс кино тамашагөйлердиң дыққатына миясар болды. Ҳәзир оның белгили өзбек кинорежиссеры М. Мелкумов пенен бир авторлықта дөреткен „Қырық қыз“ киносценариясын экранға шығарыўда таярлық жумыслары жүрип атыр. Бул киносценарий пүткил дүнья әдебиятының алтын қорына қосылып отырған қарақалпақ халқының „Қырық қыз“ дәстанының сюжетинде жазылып, онда ержүрек қаҳарман қыз Гүлайымның әжайып образы көркем ҳәм кең планда жасалған.

Ҳәр бир жазыўшы—шайыр творчестволық дөретиўшилиги менен бирге қәлемлеслериниң творчествосындағы жетискенликлер менен кемшиликлерди көрсетип, пикир алысып барыў ҳәр бир жазыўшы—шайырлардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

көркем шығармаларының идеялық ҳәм көркемлик жақтан жетилисип барыўында ең бир прогрессив усыллардың биринен есапланады. Усы мақсетте Н. Жапақов көркем шығармалар дөретиў менен бирге 30-жыллардан баслап күнделикли газета-журнал бетлеринде қәлемлес шайырларының шығармаларына критикалық мақалалар менен қатнасып отырды.

Ол соңғы ўақытта творчестволық жымысының басым бөлегин әдебият таныў илимине қарай бағдарлады. Қарақалпақ совет әдебиятының тийкарын салыўшылардың биринен есапланатуғын А. Муўсаев, Қ. Әўезов, С. Мәжитов, XIX әсирдиң аяғы, XX әсирдиң басларында жасаған Әбдиқәдир шайыр Бекимбет улы ҳаққында т. б. жазған көп санлы мақалалары менен монографиялық жумыслары жоқарыдағы жазыўшы—шайырлардың өмири, творчестволық шеберликлери ҳаққында баҳалы илимий мағлыўматлар береди.

Әсиресе, Н. Жапақовтың өзбек совет әдебиятының тийкарын салыўшы ҳәм ең ири ўәкиллериниң бири Ҳамза Ҳәкимзада Ниязийдың Қарақалпақстанда болған жылларында оның қарақалпақ әдебияты менен искусствосының Ҳамзадан алған творчестволық тәсирлери, сондай-ақ өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятының өз ара байланыс мәселесине арнаған мақалалар цикли көп миллетли совет халықлары дослығының ажыралмас бир белгиси сыпатында характерленеди. Буған оның уллы өзбек шайыры А. Наўайының „Фарҳад ҳәм Ширин" поэмасы ҳаққында („Қызыл Қарақалпақстан" газетасы, 1941, №14), „Ҳамза ҳәм Аяпберген" („Әмиўдәрья" журналы, 1960, №10), „Өзбек ҳәм қарақалпақ әдебиятының өз-ара байланыс мәселесине" („Шарқ юлдузи" журналы, 1963, № 10), „Ҳамза Қарақалпақстанда қашан болған?" („Совет Қарақалпақстаны" газетасы, 1964, 20-ноябрь) ҳәм тағы басқа көп ғана мақалалары буған толық дәлил.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Н. Жапақов ири көлемли бир неше монографиялық мийнетлер дөретип, қарақалпақ әдебиятының тарийхына салмақлы үлесин қосқан белгили алымларымыздың бири. Оның „Аяпберген Муусаевтың творчествосы“ (Нөкис, 1964) деген мийнети қарақалпақ совет әдебиятының ири ўәкили Аяпберген шайырдың өмири ҳәм творчествосына арналған. Н. Жапақов шайырдың шығармаларын ел аўзынан ҳәм архивлерден еринбей, тынбай қунт пенен жыйнап, шайырдың творчествосын ҳәр тәреплеме изертлей отырып, объектив баҳа береди, оны жаңа өмирдиң жыршысы сыпатында жоқары баҳалайды. Әсиресе, Н. Жапақовтың „Социалистлик реализм жолында“ (Нөкис, 1967), „Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси“ (Нөкис, 1972) мийнетлери қарақалпақ әдебияты тарийхында үлкен бир проблемалық мәселеге арналып, қарақалпақ совет әдебиятында социалистлик реализм методының түп сағалары фольклорлық ҳәм классикалық әдебиятымыздағы реалистлик шығармалардан басланып, қарақалпақ совет әдебиятында қәлиплескенин исенимли фактлер менен илимий көз қарастан дәлиллеп береди. Н. Жапақовтың қарақалпақ әдебиятындағы реализм мәселеси ҳаққындағы пикирлери ҳәм жуўмақлары белгили совет илимпазлары тәрепинен жоқары баҳа алғанлығын айтып өтиўимиз керек.

Ҳүрметли алымымыз көп санлы әдебий шығармалар ҳәм бир неше монографиялық мийнетлер дөретиў менен бирге ири көлемли коллективлик монографиялардың да авторы. Мәселен, „Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери“ (Ташкент, 1968), „Революцияға шекемги қарақалпақ фольклоры тарийхының очерклери“ деген илимий жумыслардың белгили бөлимлерин жазыўда актив қатнасты. Сондай-ақ Әбдиқәдир шайырдың қосықлар топламын (А. Каримов пенен бирликте, Нөкис,



www.ziyouz.com kutubxonasi

1966), Қасым Әўезовтың шығармалар ҳәм аўдармалар топламын (Ф. Әўезова, А. Әбдиқалиқов, Ә. Насруллаевлар менен бирликте, Нөкис, 1967) баспадан шығарып, китап оқыўшыларын сүйикли шайырлардың шығармалары менен кеңнен танысыўына мүмкиншилик берди. Ол усылар менен қатар 10-класслар ушын „Қарақалпақ совет әдебиятының" (хрестоматия, 1973) дүзиўшиси.

Қарақалпақ халқы өтмиштеги халықтың күйиниш пенен сүйинишин, жақсы турмысқа жетисиўдеги әрманлары менен ушқыр қыялларын өз бойларына жәмлеген халық даналығына—аўызеки халық дөретпелерине огада бай. Әсирлер бойы халық аўзында айтылып киятырған усы бай ғәзийнени жыйнап ҳәм ең жақсы үлгилерин баспа сөз жүзинде жариялаўда Н. Жапақовтың хызмети кутә уллы. Карарақалпақ фольклористика тарийхында (республикамыз жағдайында) бай халық дөретпелериниң үлгилерин өз алдына жеке китап етип шыгарыў 40-жыллардан басланғаны белгили. Усы ўақытта қарақалпақ фольклористика илиминиң баслаўшылары мархум Н. Дәўқараев, Қ. Айымбетовлар менен бирге Наўрыз аға Жапақов халық мүлкине үлкен ғамқорлық жасаўшылардан болды. Ол 1939-жылы қарақалпақ халқының атақлы жыраўы Нурабылла жыраўдың баласы Есемурат жыраў Нурабыллаевтан „Коблан" дәстанын жазып алып, баспадан шығарды (Төрткүл, 1941). Сондай-ақ, Наўрыз аға тәрепинен баспаға таярланып, китап етип бастырып шығарған „Динге қарсы халық ертеклери менен қосықлары" (Төрткүл, 1940), „Халық батырлары" (Нөкис, 1943) топламлары идеялық мазмуны ҳәм көркемлиги жағынан жоқары турады.

Наўрыз аға он бестен аслам қосықлар топламының, жүзден аслам илимий ҳәм сиясий-жәмийетлик темадағы мақалалар менен бир неше монографиялық мийнетлердиң авторы. Оның „Әдебиятымыз ҳаққында ойлар" деген



www.ziyouz.com kutubxonasi

көлемли мийнети жарық көрди. Ол қарақалпақ фольклорының тарийхына байланыслы „X—XV әсирлердеги аарақалпақ фольклоры“ деген тема үстинде жумыс қпарды.

Н. Жапақов бир неше жыл СССР Жоқарғы Советиниң, Өзбекстан ССР ҳәм Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң депутатлығына сайланып, он алты жыл депутатлық хызметин атқарады. Партиямыз бенен ҳүкиметимиз оның халық алдында ҳадал ҳәм минсиз атқарган хызметин жоқары баҳалап, еки ирет Ленин ордени, еки ирет „Ҳүрмет белгиси“, бир ирет „Қызыл жулдыз“ орденлери менен наградлайды. Аўыл хожалығы тарауында жетистирген табыслары ушын Пүткилсоюзлық халық хожалық жетискенликлериниң көргизбеси Бас Комитетиниң Үлкен ҳәм Киши алтын медальлары менен, сондай-ақ Өзбекстан ССР Жоқарғы Совети Президиумының бир неше ирет Ҳүрмет грамотасы менен сыйлықланады. Қарақалпақ әдебияты ҳәм илиминиң раўажланыўында жемисли мийнет еткени ушын 1972-жылы Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен „Қарақалпақстанға мийнети синген илим ғайраткери“ деген ҳүрметли атақ берилди.

Наўрыз Жапақович Жапақов Қарақалпақстанда илимниң раўажланыўына, илимий мәкемелерди беккемлеуге, илимий кадрларды таярлаўға актив үлес қосып келген ҳүрметли устазлардан бири еди. Ол узақ жыллар даўамына республиканың басқа республикалар менен, сондай-ақ Москва, Ленинград оқымыслылары менен илимий байланыс жасаўында да үлкен роль атқарды. Оның бул мәселеде урыстан кейинги дәўирде биринши илим кандидатларын таярлап шығарыўдағы, сондай-ақ СССР Илимлер Академиясының Хорезм археологиялық экспедициясының табыслы жумыс жүргизиўине көрсеткен қошеметлеўлерин атап өтиўге болады. Н. Ж. Жапақов-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның соңғы уақытта тиккелей илимий иске араласыўы менен оның басшылығы астында бир неше илимий хызметкерлер қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклоры тараўында илим изертлеў жумысларын актив алып барды.

Ҳәр қандай жәмийетлик искерге, ҳәр қандай илимпазға халыққа танылыўдан, халықтың ҳүрметине миясар болыўдан үлкен баҳа жоқ. Мине, усындай жоқары баҳаға Н. Жапақов өзиниң көп жыллық ҳадал творчестволық мийнетиниң нәтийжесинде еристи.

Н. Жапақовтың туўылған күнине 60 жыл, илимий, әдебий ҳәм жәмийетлик искерлигине 40 жыл толыўына байланыслы, оның илимге қосқан көп жыллық хызметлерин есапқа алып, Өз ССР Жоқарғы Совети Президиумының Указы менен „Өз ССР ға мийнети сиңген илим ғайраткери" деген ҳүрметли атақ берилди. Ол 1975-жылы март айында 61 жасында қайтыс болды.

* * *

Усынылып отырған бул томға шайырдың поэзиялық шығармалары, „Арал балықшылары" киносценарийы киргизилип отыр.

Шайырдың биринши қосықлар топламы 1940-жылы басылған еди. Бул топламда оның Уатан, жаңа заман, жаңа адамлар, совет турмысы ҳаққында ең жақсы қосықлары бар. Шайыр Октябрь революциясынан туўылған жаңа заманды „Күн" қосығында Ленин, партия жасаған „батпайтуғын күн" ге теңейди. Ал, „Уатан қосығы" шығармасында Лебедев-Кумач мотивинде үлкен йош пенен төмендегише жырлайды:

Айдын ашық кең салалы бизиң ел,
Жерлери бай, тоғай, шалқар гүмис көл.
Адам еркин, ықтыярлы жасайды.
Бул турмысты ҳеш көрген жоқ басқа ел

www.ziyouz.com kutubxonasi

Н. Жапақовтың „Ўатан қосығы" урыстāн бурынғы дәўирде халық арасында актив атқарылып, сүйип айтылып жүрген шығармалардан биреўи еди. Сондай-ақ, 1937-жылы жазылған „Москва жолында" атлы кең көлемли поэзиялық дөретпеси де халық арасына кеңнен жайылып кетти. Шайырға тән болған жаңа интонация бул қосықта айрықша йош пенен берилген:

Төрт күн,
Төрт түн,
Жоллар жүрдик.
Жол азабын көрмедик.
Барлық жағдай,
Поезда бар,
Қыйналыўды билмедик...

Шайыр поэзиясының дәслепки этабында-ақ тәбияттың сулыў көриниси („Миййўалы бағ". „Бүлбил", „Нама", „Жаз", „Гүл") оның шығармаларынан кең орын алды. Сондай-ақ ол мийнет темасын да өз творчествосының („Мийнет—бахыт") тийкарғы тараўы етип алды. Жаслық, муҳаббат, өмирге деген сүйиўшилик, жаңа совет адамының характери оның усы биринши қосықлар топламындағы „Қыз бенен жигит", „Колхозшы жигит", „Жаслар қосығы", „Оқыўда балалар", „Қызлар, ойнаң" шығармаларында сөз етилди. Әлбетте, шайырдың дәслепки поэзиялық дөретпелериниң гейбиреўлеринде көркем жуўмақластырыў жетиспейтуғын еди, шеберликтиң еле қәлиплеспеўи көринип туратуғын еди. Шайыр өз үстинде көп иследи, излениўге инта менен киристи. Ол рус әдебиятының гигантларының шығармаларын үйрене баслады. Олардың гейпараларын қарақалпақ тилине аўдарды. Мине, солардан автор тәрепинен А. С. Пушкинниң „Тутқын" шығармасын аўдарғанын мысал етип атаўға болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайырдың екинши қосықлар топламы „Бахытлы заман“ аты менен 1946-жылы басылып шықты. Бул топламға көпшиликке танылып, сүйиўшилик пенен айтылып жүрген „Мийнетим“, „Алма“, „Қара теңиз“, „Буденный атланды“ қусаған қосықлары кирген. Ҳақыйқатында тек Н. Жапақов творчествосында ғана емес, ал 40-жыллардағы қарақалпақ совет поэзиясында „Мийнетим“, „Алма“, „Қара теңиз“ теңи-тайы жоқ, ҳасыл дөретпелер болып есапланады. Шайыр бул шығармаларында да мийнетти, Ўатанды, партияны, тәбият көркемлигин, муҳаббатты ардақлайды. Усы дәўирде жазылған шайырдың қосықларында совет халықларының дослығы („Туўысқан түркмен халқына сәлем“, „Москва“), фашизмге қарсы гүрес („Фашистлер, тарт қолыңды“, „Күн нурына урынба“, „Гвардия байрағы“, „Партизанлар“) кең орын алды. Жоқарыдағы дөретпелерде шайырға тән болған патриотизм, оның поэзиясының характерли белгилерин қурайтуғын интернационализм мотивлери басым орын ийелейди. Шайыр бул дәўирде де Ленин ҳәм партияны жырлаў менен бирге аўдармашылық исти де даўам етти. Ол В. Маяковскийдиң „Биз исенбеймиз“, М. Ю. Лермонтовтың „Жулдыз“, „Қашқын“, Наўайының өз елин таслап кетиўи ҳаққында қосығын, Низамийдиң „Баҳрамның шаҳлығы“, Муҳимийдиң „Ақыл-ҳуш“ қосықларын аўдарды.

Шайырдың совет интернационализмин үлкен мақтаныш пенен жыр етиўи оның 1954-жылы басылған „Уллы рус халқына“ атлы қосықлар топламында айқын көринди.

Шайыр „Уллы рус халқына“ деген шығармасында елимиздиң өмиринде рус халқының қандай жоқары дәрежеде прогрессивлик ролиниң бар екенлигин айта келип, әсиресе ол қарақалпақ халқының басынан кеширген еки өмирди көрсетип, бирин-бири менен салыс-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тырып, қарақалпақ халқының азатлыққа умтылған, азатлықты алыў ушын рус халқының изиие ергенлигин, тек ғана уллы рус халқының жәрдеми менен гүрес нәтийжесинде жеңиске жеткенлигин шеберлик пенен сүўретлейди:

Нешше әсир қамықты,
Көрмей жарықты,
Сонда да халық тынбай бахыт изледи.
Рус халқына ерип,
Күш-қуўат енип,
Қуллықтың кисенин үземиз деди.

Шайыр тәрепинен айтылған ең жақсы идея—бул қарақалпақ халқының әсирлер бойы алып барған гүресиниң рус халқы баслаған революциялық ҳәрекет пенен ушластырылыўы болды. Қосықта халықлар дослығы үлкен көтериңкилик пенен жыр етиледи.

Шайыр ҳәмме ўақыт өзиниң творчестволық дослары менен тығыз байланыста болды. Олар менен бирге бир неше шығармалар дөретти. Олардан Х. Сейитов пенен жазған „Бахытлылар одасы“ „Узақтағы жайлаўда“ поэмасын көрсетиўге болады.

Шайыр 60-жыллары басылып шыққан қосықлар топламларында Ўатанды, партияны, совет адамларын, совет халықларының дослығын ардақлайтуғын бир қанша шығармалар дөретти. Буларға мысал иретинде „Бизди баслаўшы партия“, „Уллы Ленин аты менен“, „Партия билети“, „Ленин байрағы“, „Октябрьди бирдей айтқым келеди“, „Қызыл байрақ“, „Осетин достыма“, „Кремльде“, „Бизлерде қул жоқ“ қусаған шығармаларын атаўға болады. Шайырдың бул дөретпелериниң барлығы да терең гражданлық пафос пенен ҳәм өткир партиялық мотивлер менен толы. Олардың қайсы бирин алсақ та заман руўхы, ой-тилеги, ишки туйғылары менен байланыслы келеди. Гражданлық ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

сиясий мотивлердиң басым келиўи Н. Жапақов поэзиясының характерли белгилерин қурап турады. Соның менен шайыр пейзаж лирикасына да өз творчествосында кеңнен орын берип отырады. Мысалы, оның „Әмиўдәрья“, „Арша ағаш“, „Қамыс“, „Суў ағысы“, „Гүл“, „Гүз“, „Чимган“, „Жүзим“, т. б.

Шайыр поэзиясының диапозоны кең, тематикасы бай. Оның поэзиялық дөретпелеринде балаларға арналған қосықлары да үлкен орын ийелейди. Мысалы, олардан „Ойланып табыңлар“, „Оразбай Москвада“, „Царь-Пушка“, „Шопан баласының ойлары“, „Кийик“, „Класста“, „Китабым“, „Бирлик үлкен күш“, „Алданған бөри“, „Түлки менен қораз“ шығармаларын көрсетиўге болады. Автор бул шығармалардың дөретилиўинде, қурылысында, тил өзгешелигинде балалар дүньясын, олардың психологиялық ҳәм дүнья таныў өзгешеликлерин, эстетикалық талғамларын айрықша есапқа алады. Балаларға түсиникли, тәсирли болыў ушын бул типтеги поэзиялық дөретпелерине қарақалпақ аўызеки халық творчествосының үлгилеринен шеберлик пенен пайдаланады.

Шайыр поэзиясында оның көп ғана қосықлары менен бир қатарда ири поэмалары үлкен орын ийелейди. Олардың ишинде идеялық ҳәм көркемлик жағынан шайырдың „Суўшы“ ҳәм „Дослық дәстаны“ поэмалары үлкен қызығыўшылық туўдырады.

Автордың „Суўшы“ поэмасы 1956 — 58-жыллары жазылады. Бул поэмада Қарақалпақстан аўыл хожалығының тийкарғы дәреги суў ҳаққында, суўды меңгериўши суўшылар ҳаққында жыр етеди. Поэма актуаль темацы сөз етиўи жағынан болсын, мазмун ҳәм көркемлик, образ дөретиў жағынан болсын шайыр творчествосының үлкен жетискенлиги деп қараўға болады. Бул поэмада автордың халық турмысын терең билетуғынлығы, турмыстан ең характерли, ең әҳмийетли



www.ziyouz.com kutubxonasi

объектлерди таңлап алатуғынлығы ҳақыйқат турмыс пенен идеал болған ҳәдийселерди көркем жуўмақластырыў арқалы бере билетуғынлығы байқалып турады. Автор бириншилерден болып елимиз, бизиң туўысқан үлкемиз ушын қәдирли болған суўды биринши планға қояды, оның өзинше көркем образын дөретеди. Сондай-ақ, өмир шәшмеси-суў фонында, үлкемиздиң мақтанышы, пахтаны жетистириўде үлкен роль атқаратуғын суўшының образын алдыңғы қатардағы суўшы Еримбет арқалы береди. Солай етип, автор әдебиятымызда суў ҳәм суўшы ҳаққындағы өмиримиз ушын әҳмийетли болған үлкен проблемаларды көтерип шығады. Поэмада үлкен жәмийетлик мәселелер менен бир қатарда жеке адам турмысы, жаслар мухаббатына әдеўир орын берилген. Автор турмыс ҳақыйқатлығын барлық қарама-қарсылықлары менен сүўретлейди. Бул Еримбет пенен Орынгүлдиң муҳаббатына Алламураттың араласыўы арқалы анығырақ сезиледи. Автордың суў ҳәм адамлар ҳаққында бул кең көлемли поэмасы әдебиятымыздың ең жақсы шығармалары қатарынан орын алыўы тийис.

Автордың „Дослық дәстаны" атлы 1959-жылы жазылған ири көлемли поэмасы да үлкен қызығыўшылық туўдырады. Поэмада қарақалпақ, рус ҳәм венгер халықларының дослығы жырланады. Шайыр тәрип еткен дослық Советлер союзы масштабында емес, ал социалистик еллер масштабында кең диапозонлы дослық екенин айтыў керек. Дунай бойында қарақалпақ жигити командир Арысланның суўға кетип баратырған венгер қызын қутқарыўы, бул қыздың әкеси Яноштың Октябрь революциясы күнлеринде Қарақалпақстанда Арысланның әкеси Пирман менен Совет властын орнатыўға қатнасыўы, Пирманның Янош, Михайл менен дос болыўы, Пирманның душпан қолынан қазаланыўы, оның өлер



www.ziyouz.com kutubxonasi

алдында баласының атын Ар· ˜ан қойыў өтиниши, сол Арыслан усы жигит екенли  эманың тийкарғы мазмунын қурайды. Бул шығармад  :, венгер, қарақалпақ т. б. халықлардың туўыс арша бирликте ҳәрекет етип, қаҳарманларша гүрес ин баянлайды.

Дослық шайыр поэзиясының ең тү ıрғы бағдарын белгилейди. Онын рус, украин, түркме. өзбек, осетин, венгер, вьетнам, тәжик темаларына арна. жазған шығармалары бунық айқын дәлили болады. Сондай-ақ, оның творчествосында үлкен орын тутқан аўдармаларда бунық айкын дәлили. Ол жоқарыдағы аталған аўдармалардан басқа Л. Толстойдың „Жарғанат“, Рудакийдиң қосықларын, М. Турсынзаданың „Бүркит“, Ҳамза Ҳәкимзаданың „Тасбақа ҳәм шаян“, С. Михалковтың „Шыбын ҳәм пал ҳәрреси“, Н. Грибачевтың „Жаўын“, „Күн өтти“, С. Щипачевтың “Краншы қыз“, „Тракторшы“, „Эльбрус ҳәм самолет“, „Зульфия“, А. Сурковтың „Коммунистлер маршы“, „Туўысқанлық ҳаққында“, Г. Некрасовтың „Шөлистан үстинен ушып келемиз“, „Дузды қантқа айналдырып жүрипти“, „Санасам дослар таўсылмас“, „Тилек ҳәм парыз ҳаққында“, А. Чепуровтың „Мавзолей қасында“, „Тыныш кеше“, „Қумлар арасында“, шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

Наўрыз Жапақов өзиниң терең халықлық, жоқары көркемликке ҳәм идеялылыққа толы поэзиялық дөретпелари менен қарақалпақ совет поэзиясының ең көрнекли ўәкиллеринен бири болып қалады.

**Қабыл Мақсетов,**

***филология илимлериниң докторы, профессор, ККАССР ға мийнети сиңген илим ғайраткери.***

www.ziyouz.com kutubxonasi

# НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВ

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚОСЫҚЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЎАТАН ҚОСЫҒЫ[1]

Айдын ашық, кең салалы бизиң ел,
Жерлери бай, тоғай, шалқар гүмис көл,
Адам еркин, ыхтыярлы жасайды.
Бул турмысты ҳеш көрген жоқ басқа ел.

СССРдың кең көлемли даласы,
Оң түслик таў, арқа теңиз жағасы,
Усы уллы, бай, бахытлы Ўатанның,
Хожайыны, — тек адамның баласы.

Ким билмейди бизиң пайтахт еллерди,
Турмыс шадлы алға басып өрлейди.
Дүньядағы агрессорлар күшлери,
Бизиң күшимизге ҳеш тең келмейди.

Ўатанды сүйемиз берилип шыннан,
Ўатан керек десе жанымыз қурбан,
Жаўдың жүзи түўе, шаңы көринсе,
Ат қойып қылышты аламыз қыннан.

---

[1] Л-Кумачқа еликлеў.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Елимде еркин ғүлли өмирлер,
Бизиң елге қайсы бир ел тең келер.
Волға дәрьясында туўлаған толқын,
Жайнаған өмирден ол да кем келер.

Жаслары жайнаған, өрлеген өрге,
Ғаррыларға ҳүрмет бәрҳа ҳәр жерде,
Жаслық жарасықлы бизиң Ўатанда,
Ойнап күлген жаслар оранып гүлге.

Халықта татыўлық полаттай бирлик.
-„Жолдас",—деп сөйлейди бири бирин көрип,
„Жолдас",—деген татлы ҳүрметли сөзи,
Жүрекке ҳақыйқат орнаған берик.

Бул уллы сөз туўған бизиң турмыстан,
Жоқ болды алалық бизиң турмыстан,
Халықты бөлмеймиз ақ ҳәм қараға,
Ўатанда барлық халық бирге туўысқан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОҚЫЎДА БАЛАЛАР

Мектеп иши,
Жайнап турған;
Муғаллими,
Сөйлеп турған;
Билим ушын,
Таяр турған,
Оқыўда жүр жас балалар.

Қатар-қатар,
Қатарласып,
Билим алып,
Толып тасып,
Билимге деп,
Қәдем басып,
Оқыўда жүр жас балалар.

Билим алып,
Оқыў оқып,
Оқыў менен,
Өнер тоқып,
Мектеплерге,
Лыққа толып,
Оқып атыр жас балалар.

Ескиликке
Урып қулып,
Билим менен
Алға жүрип,
Қурылысқа
Топар болып
Алға атлайды жас бала-
лар.

*1933-жыл*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗЛАР, ОЙНАҢ

Қуслардайын қанат қағып,
Шашларыңды жазып ойнаң,
Таў суўындай шаққан ағып,
Бир-бириңнен озып ойнаң.

Жулдызлардай жалтырайды,
Ҳәм жанады көзлериңиз,
Гүл, ғумшадай ашылады,
Гүлдей боп ақ жүзлериңиз.

Шадлық пенен қуўанасыз,
Секирип таў кийигиндей,
Шадлық намаға ойнаңыз,
Гүлде сайраған бүлбилдей.

*1934-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАСЛАР ҚОСЫҒЫ

Жаслығымыз жайнаған,
Өмиримиз шад,
Кемтарлықты билмеймиз,
Елимиз абад.

Күнимиз—партия,
Нурға бөлеген,
Нурдан туўып,
Күндей болған, гүлленген.

Биз бахытлы жасбыз,
Дүнья жүзинде,
Күндей болып көринген,
Көптиң көзине.

Ойнаймыз, күлемиз,
Қосық айтамыз,
Оқыймыз, ислеймиз,
Елди байытамыз.

Қуўандық, күлдик,
Дәрьядай тастық,
Совет дәўиринде,
Бахытлы жаслық.

*1935-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИЙНЕТ—БАХЫТ

Барлық ис айланып мийнетке көнген,
Мийнет пенен жанға рәҳәт енген,
Ислеуге, оқыўға еркинлик бизде,
Еркин мийнетлерим жумысты жеңген.

Ҳадал мийнет ҳәр исиме жараған,
Мийнет пенен бахыт бизге қараған,
Мийнет—бахыт ҳәм ҳүрметли даңқымыз,
Мийнет пенен мен гүлленип бараман.

Мийнеттиң жемиси — Октябрь нуры,
Биз едик бурында байлардың қулы,
Мийнетим жеңисли, баҳалы бәрҳә,
Жеңис ҳәм бахыттың сақлаўлы қоры.

*1936-жыл, Төрткүл.*

## БҮЛБИЛ

Күн шықты жарқырап нурларын жайып,
Бүлбил ушты нурға қанатын қайып,
Қуўаныш қойнында кеўиллер тасқан,
Түнерген думанлар болдылар ғайып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сайрады бүлбиллер қызыл гүллерде,
Бизлерге жагымлы шийрин тиллерде.
Бүлбилдиң туўыпты бахыт жулдызы,
Неге сайрамасын нурлы күнлерде.

Бәҳәр болып қырмызы гүл ашылған,
Күн нурлары жер жүзине шашылған,
Күн нурынан жаратылған бүлбилдиң,
Гүлли бағда сайрап зейни ашылған.

Сайраса бүлбиллер гүлли бағында,
Жайнаса сайранлап келип шағына,
Бүлбилге қосылып мен де сайрайман,
Партия өсирген бахыт бағында.

*1936-жыл.*

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НАМА

Отыр едим китап оқып,
Столымның алдында,
Шийрин тилли сес шығады,
Дем алыс бағ жағында.

Толқынлы сес айна беттен,
Маған жақын келеди,
Қулағыма сөз сыбырлар,
Кеўилимди бөледи.

—„Тыңласаңыз шық далаға,
Мине саған көркем саз,
Оқы-оқы, тыңла нама,
Өткир тилли қосық жаз!“

Бердим жуўап—қойшы арман,
Мен отырман оқыўда!
Нама тағы сыбырлады;
—Мен, демедим—оқыма.

Оқы, тыңла, кеўил көтер,
Мүлгип төмен қалғыма.
Шадлық пенен сайран етип,
Жырла шайыр тағы да.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нама сөзи түсиникли,
Оған зейин бөлемен,
Айтқан сөзи дым қызықлы.
Шад боламан, күлемен.

Оқып болып шықтым, мине,
Қыдырыўға бағыма,
Нама сести шықты, әне,
Ҳәр түрленип тағы да.

Бардым бағқа, шертти оркестр, —
Қубылдырар наманы.
Қуўандым мен, мен ғана емес,
Жаңғыртты ол даланы.

Шертти оркестр, кетти нама
Пүткил қаланы кернеп,
Қатты шыққан жеңис сазы,
Жүрегимди ол тербеп.

Шықса нама, тербесе ол,
Бизиң анық жүректи.
Кел шайырлар, қозғалайық.
Жазыўға түр билекти.

Шертти оркестр сайран етип,
Бизиң елдиң жеңисин,
Оқып, жазып мен дүзеймен,
Қосығымның кемисин.

Нама керек, қосық керек,
Бизиң шадлы халыққа,
Тур жазыўшы, бер шығарма!
Шад кеўилли халыққа.

*1936-жыл Төрткүл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОВЕТ ҚЫЗЫ

Қүннен сулыў ол сәўлениң жүзлери,
Карамықтай дәл шым қара көзлери,
Таранып, сыланып, назға бөленген,
Тербетер жүректи ҳәр бир сөзлери.

Ғаз мойын, қәлем қас,қыпша беллери,
Саз яңлы сыңғырлар оның тиллери,
Салланған сәрўидей келбети келген.
Бар ма екен дүньяда онын теңлери.

Күнсиз түнде аспандағы ай сулыў,
Жылқы ишинде жорға, жүрмел тай сулыў.
Сулыўдың келиссе түри ҳәм иси,
Ол сулыўдан озар дейсиз қай сулыў.

Шашлары сүмбилдей оралған белге,
Келбетин усаттым қырмызы гүлге,
Бахыт бақшасында шадланып күлип,
Совет қызы менен ойнайман бирге.

*1936-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГУЛ

Бағда жүрдим сайран етип,
Нәўше гүлге қыял кетип,
Гүл турыпты гөззаллардай,
Көрген жанды ҳайран етип.

Гүлим бағқа шырай берген,
Бағқа көркем шырай енген,
Сайран еткен шадлы халық,
Гүлли бағда ойнап күлген.

Мениң гүлим бахытлы гүл,
Шақасында сайрар бүлбил,
Гүл, бүлбилли бағда жүрген,
Мине бизиң жайнаған түр.

*1936-жыл.*

## МИЙЎАЛЫ БАҒ

*СССР Конституциясына*

Гүллер ашып, мийўа байлап өседи,
Байлаған мийўасы қалмай писеди,
Бағды аралап мийўа терген бизиң ел,
Буны бахыт мийўалары деседи.

Аялап өсирген буны анасы,
Узақтан көринер шынар қарасы,
Мийўасы таўсылмас мысал булақтай,
Партия—бағманы—халық данасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул мийўа мүнәсип совет бағына,
Жетилген, гүлленген келип шағына,
Данышпан бағман бар мийўа дөреткен,
Қырағы қараған мийўа бағына.

Бул бағым өседи ҳеш бир иркилмей,
Иркиўге ҳеш кимниң күшлери келмей,
Иркилиў, тоқталыў болмайды онда,
Бағманы суў менен қандырған бирдей.

Қаныққан, шыныққан бағман қолынан,
Ҳеш қалмаған алға өсиў жолынан,
Өс! Өркенле! Бахытлы елдиң мийўасы,
Қутлықлайман жас шайырлар тобынан.

*Төрткул, 1936-жыл,*

## КҮН

Жер қараңғы, аспан жүзин булыт басқан,
Жол таба алмай, мен сол күнде адасқан.
Жерди шарпып суўық аяз ысқырып,
Жер бетине суўық зәҳәрли уў шашқан.

Күн де бир, түн де бир, қараңғы бәри,
Халықты уўлаған жыланның зәҳәри,
Сур жылан жайлаған қараңғы түнниң,
„Халықтың тюрмасы" болды ҳәр жери.

Халық түңилди, қайғыланды, қайғырды,
Әке улдан, бала әкеден айрылды,
Ала бурқан елдиң иши тас-талқан,
Қараңғыда қармаланды, майрылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Теңиз тасып толқынланды, туўлады,
Жер шайқалып самал ести, гүўледи,
Толқынлар атлығып, шапшып аспанға,
Таўды бузып алға қарай ҳаглады.

Даўыл турды, булытты бузды, айдады,
Қара булытты паналаўға қоймады.
Дүньяны қаплаған сол қара булытқа,
Түнерип турыўға орын қалмады.

Бәҳәрдиң жақтылы күни жайнады,
Жер бетинде мийнет бурқып қайнады,
Ҳадал мийнет—нийети бир бизиң журт,
Мийнеттен мийўа жеп күлип-ойнады.

Бағлары мийўалап камалға келген,
Бахытлы адамлар бағда гүл терген,
Күн нурына бөленилген бизиң халық,
Шадлы-қуўанышлы дәўранлар сүрген.

Аспан ашық, күндиз күни күн сәўле,
Түн түн емес, ашық айдын ай сәўле,
Жарқыраған ҳәм нурланған бизиң ел,
Барлық жерге нурын сепкен нур сәўле.

Күним бар жарығы ҳасла питпейди
Жарық сәўле бизден сирә кетпейди.
Бул күним жаралған батпастай болып.
Тәбийғый Күн, Ай да оған жетпейди.

Бул күн —Совет ели—туўылған Ўатан,
Күн елинде шад жасадық биз мудам,
Бул күним тағы да нурларын жайды,
Нур алған бул күннен пүткил жер-жәҳан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул күним турады батпай бирдейин,
Өйткени, бул күнди жасаған Ленин,
Бул күним дүньяға жарық жол силтеп,
Шақырады, „нурға жақын келиң“,—деп.

*1937-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕҢИС

Гүрестик, жаўдың,
Сындырдық белин,
Билдик гүрестиң,
Жеңистиң тилин.

Жеңдик, жеңемиз,
Ҳәр ўақыт бизлер,
Жеңимпаз халық
Жеңисти гөзлер,

Жаўларды жықтық,
Алысып белден,
Шабыста өттик,
Бизлер өткелден.

Турмысымыз шад,
Бул жеңис гүли,
Бағларда сайрар,
Жаз бүлбили.

Социализм бул—
Халықтың бахты,
Болажақ ашық,
Күннен де жақты.

Ленин—партия,
Баслады жеңиске,
Усы жол менен,
Жеттик жемиске.

Мақсет бир анық,
Барамыз алға,
Жеңис бар еле,
Тағы да алда.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МОСКВА ЖОЛЫНДА

### I

Төрт күн,
Төрт түн.
Жоллар жүрдик,
Жол азабын көрмедик.
Барлық жағдай,
Поезда бар,
Қыйналыўды билмедик.
Ҳәр адамға,
Бөлек орын,
Дем аламыз, жатамыз,
Бир жағымыз ресторан,
Ойын болар онда мудам,
Қызығына батамыз.
Биреў отыр,
Китап оқып,
Тағы биреў ойнайды
ойын,
Поезд иши,
Зор мереке,
Жүргендейин тойлап .
тойын.
Ўатан халқы,
Бир туўысқан,
Жоқ оның ақ-қарасы.
Апақ-шапақ,
Ҳәм қәўендер,
Үлкени, жас баласы.
Туўған жерде,
Кең елимде,
Москва деп келемен.
Полат туяқ,
Жүйрик тулпар,
Жеткереди, исенемен,
Зытқып поезд,
„Ҳә“ дегенше,
Шақырым жер жүреди,
Ушқан қустай зуўлар
алға,
Пуў шығарып келеди.
Қуслар ушса,
Қанат талып,
Күнде айлық жол алмас,
Түнде ушса ҳәм адасып,
Жүрер жолын табалмас;
Поездыма түн ҳәм
күндей,
Желдей зуўлар, ысқырар,
Өз күшине исеним мол,
Алға тарпып пысқырар.
Айлық жолды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәўликте алып,
Поезд зытқып жүреди,
Тербетеди,
Мысал бесик,
Жаслар шад боп күле-
ди.

## II

Мениң менен,
Бир қатарлас,
Жатыр еди қара көз.
Маған қарап,
Ол бурылды,
Сөйлемекши болып сөз.
—Жақсы жигит,
Жол болсын,—деп,
Күлимсиреп қарады,—
Бармақшысыз қай жерге?
—деп,
Меннен саўал сорады.
—Жолым болса,
Бирге болсын,
Жекке бахыт жараспас.
Халқым менен мен
бахытлы,
Бахыт бизден адаспас,—
Деп қайтардым,
Жуўап берип,
Сулыў қыздың сөзине;
Тағы да бир,
Қарап қойдым,
Мөлдир қара көзине;
Аш белине,
Ол оралған—
Жипектей сүмбил шашы,
Писте мурын,
Бадам қабақ,
Қәлемдей қыйылған қасы,
Толықсыған айдай болып,
Жарқыраған жүзлери,
Қарамықтай,
Дәл шым қара,
Ойнақшыған көзлери,
Сулыў сымбат,
Ҳәм көрикли,
Сәрўи ағаштай салланған,
Жүзиндеги,
Жақты шырай,
Алтын күннен нур алған.
—Бахытлы қыз,
Совет қызы,
Қай жерлерге барасыз,
Қайда ислеп,
Не жумыста,
Қай жерлерде турасыз?—
Деп сорадым,
Күн қызынан,
Жуўап бериўин күттим;
Өз аўзынан,
Қыз өмирин,
Еситиўге ышқы еттим.
—Бир заманда,
Әкем болған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳарам тамақ байдың
қулы.
Апам да өз,
Күни ушын,
Болған сол байдың күңи,
Буны анық,
Мен еситтим,
Әке, шешем гүррицинен.
„Қара түнек,
Күнлер болған
Екен—дедим,—шыны
менен."
—Ҳәзир де мен,
Шын бахытлы,
Қарацғы түнди көрмеймен
Мениңдей бахытлы,
Жасы бар,
Басқа елди мен
билмеймен.
Мен келемен,
Әндижаннан,
Жерим ақ алтынның кәни.
Сен мийнеттиң
Батыры деп,
Журтым ҳүрметледи
мени.
Норма еди елли кило,
Үш жүз кило пахта
тердим,
Қанша терсем,
Мийнетимниң,
Сонша рәҳәтин көрдим.
Халқым сүйип,
Мийнет қызын,
Өз қызына кеўли толды.
Кетпес бахытқа,
Жеткерген
Күн атам—Ленин болды,
Өз елим,
Сыйлап мени,
Берди маған алтын нышан.
Өмирим,
Күн-күннен қызық,
Бахтым океан ушан.
Өшпес белги,
Өңиримде
Шақырар жаңа жеңиске.
Мийнетти
Өнимли ислеп,
Жетемем таза жемиске!
Дегенде,
Сулыўдың өзи,
Шықты, қуўаныш аралас:
—Толқынлап,
Тасқан кеўлиңе,
Мен де тилеклес,
қарындас,
—Мен бараман,
Гүл Қырымға,
Онда барып дем аламан.
Жақсылап,
Дем алып, тынығып,
Колхозымда ис қыламан.
Жолда
Москваға түсемен,
Ол мениң беккем
жүрегим
Бахыт нурын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизге шашқан,
Қызыл орайым—тирегим.
Мен билемен,
Москвада,
Уллы адам турады,
Кремльден,
Шыққан сәўле,
Жер жүзине тарады,—
Деп сулыў
Қыз сөзин бөлип,
Терезеден сыртқа қарап,
Салбыраған,
Қос бурымын,
Отырды тарқатып тарап.

## III

Поезд зытқып,
Бир жүристе,
Тынбай шаўып келеди;
Паровоздан шыққан
түтин,
Хәр қыйлыға дөнеди,
—Совет қызы,
Бахыт қызы,
Москваға келемиз.
Бизлер миндик,
Ушқыр қусқа,
Жеткереди, исенемиз,—
Деп қызға,
Жуўап бергенше,
Узақтан жақты көринди,
Күнсиз түнди,
Жарық қылған,
Москва екени билинди.
Жарық нурға,
Бөлениўде;
Алға қарап умтылдық,
Жарық нурға,
Көз жиберип,
Терезе алдында турдық,
Батпас күннен,
Нурлар жайған,
Шадлық қайнап тасыған,
Қала емес,
Нурға кирдик,
Сәўлеленген, ашылған.

*1937-жыл, Москва.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЗ

Бүлбил сайрап,
Шадлық жырын,
Жаз келгенин айтады;
Жаз қуслары,
Мереке етип,
Көлде ойнап жатады.
Жаздың ескен,
Жумсақ жели,
Хыялымды тербейди;
Ҳәмме жанға,
Қуўат берип,
„Кел, қушаққа ен",
дейди.
Сүйсе жаздың,
Жумсақ жели,
Жаңға раҳат тийгендей.
Жердиң бети,
Қулпы дөнген,
Баўры ерип ийгендей.
Жердиң бети,
Гүл-гүл дөнген,
Жаз келген соң
түрленип.

Жерим кийген,
Көк мақпалды,
Ҳасылланып,
Гүлленип.
Жер жамылған,
Көк көрпесин,
Адам оны танымас.
Көк үстинен,
Қуслар ушқан,
Ийисине болып мәс.
Суўлар ағып,
Жап, салмадан,
Барып қуйған атызға.
Көк көгерген,
Өсип-өнген,
Суў тилеген атызда.
Мийнет етип,
Бежерип жер,
Жүр колхоздың ерлери.
Бағлар ексе,
Мийўа берген,
Сондай ҳасыл жерлери.
Алтын күнли,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жазы нурлы,
Гүл жайнаған жерим бар,
Алтын жаздай,
Жайнап турган,
Шад турмыслы елим бар.

*1937-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗ БЕНЕН ЖИГИТ

Жигит:

—Әлбетте бир күни шақырар Ўатан,
Шинель кийип, қолға мылтық аламан,
Жаўды жеңип шад болады жаслық жан,
Бәлки боран, жанған отта боламан.

Қыз:

—Ўатанымды шын жүректен сүйемен,
Керек болса таяр ол ушын қаным,
Шақырыққа мен де сол күн келемен,
Бирге гүресемиз сүйикли жаным.

Жигит:

— Жаўды жеңиў ушын қызар
жаслық қан,
Қырда жүрип, ҳаўаларда ушаман,
Мениң менен барасыз ба сиз жанан,
Ўатанның мәрт қызы болсаң қушаман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

— Таўда, таста, қырда, отта
болсаң да,
Сениң менен бир окопта жатаман,
Өлсек бир ой, тири болсақ бир төбе,
Өлим оғын душпаныма атаман.

Жигит:

—Егер даўыл турса теңиз толқынлар,
Сол толқыннан өтер бизиң корабль,
Корабльге қарсы толқынлар урар,
Сонда да жеңемиз, буны анық бил.

Қыз:

— Даўыл турып толқынланса
теңизлер,
Мен де сенлик корабльге минемен,
Келген толқынларды жеңемиз бизлер,
Мен сиз бенен бул жолда да жеңемен.

Жигит:

— Өрлер кораблим тынбастан алға,
Бул ушын көп күшлер, мәртликлер
керек,
Жеңис өз-өзинен кирмейди қолға,
Боларсаң ба сонда сен маған тирек?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

— Бизлер гүресемиз бахтымыз ушын,
Көп миллион халықтың жақтысы ушын,
Бул жолларда қыйынлықты билемен,
Қыйынлыққа шыдайман ҳәм жеңемен.

Екеўи:

—Ойнаймыз, күлемиз, кеўилли
жаслық,
Теңиздей толқыдық, күн-күннен тастық,
Бахытлы өмирди берген партия,
Партия баслады, биз алға бастық.

Биз таярмыз, туўған елди қорғаўға,
Жеримизди бастырмаймыз ҳеш жаўға,
Ўатанды қорғаўға ҳәр ўақ таярмыз,
Жеңемиз—жеңемиз, басамыз алға.

*30/IV—1938-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУЎЫСҚАН ТУРКМЕН ХАЛҚЫНА СӘЛЕМ!

*(Туркменстан Совет Жазыўшыларынын 1940-ж. 15-17-сентябрьде Кеминениң 100 жыллығына арналған Екинши съездинде оқылып берилген.)*

Сәлем Сизге!
Туркмен ели — гүлистан,
Сәлем берди
Қонсы отырған, туўысқан.
Сәлем Сизге!
Қарақалпақ елинен,
Айдын-шалқар
Ақ алтынның кәнинен.
Сәлем Сизге!
Әмиў, Арал бойынан,
Қарақалпақтың
Кыры менен ойынан.
Сәлем Сизге!
Интеллигент шайырдан,
Ер Павелдай
Туўып өскен даўылдан.
Сәлем, деди,
Кеминениң курдасы,
Жийен жыраў
Ҳәм де Бердақтай бақсы.
Сәлем көп
Туўылған жер—елимнен!
Нурлар алған
Партиядай күнимнен!
Бирақ мен
Айтайын сизлерге бир
жыр,
Отырған ҳәммеңе
Белгили бир сыр...

* * *

Өткен күнде
Жердиң жүзин,
Думанланған булыт
басты.
Тап сол күнде,
Туркмен халқы,
Азап көрди ҳәм састы.
Жерде жатты
Кәҳәр қары,
Шықырлады жүргизбей.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам қанын
Жылан сорды,
Жерге тамшы тийгизбей.
Жерде суў жоқ,
Көлде суў жоқ,
Мысалы бир гөрстан.
Халық посыўда,
Таланыўда,
Қурылғандай зимистан.
Сол ўақытта
Кемине де
„Ғариппен“ — деп қый-
налды.
Халқы ерип,
Ол изине,
„Таландық“ — деп туў-
лады.
Кәҳәрленип,
Ер Кемине,
„Халыққа қылыш ал“,—
деди.
„Гүрес пенен,
Бахыт келер,
Жаўға қылыш сал“, деди.
Халық — қуўат,
Халық — ғайрат,
Халық сирә қорықпас
күш.
Ол питкермес,
Олар жеңбес.
Дүньяда жоқ ҳеш бир ис.

* * *

„Гүреске!“ — деп,
Шақырғанда
Ленин — Партиям.
— Таярмыз! — деп,
Түркмен халқы,
Беккем байлады белин.
Бул ўақытта,
Мақтымқулы,
Кемине ҳәм Сейди.[1]
Туў көterip,
Ел менен бирге,
Гүресиўге келди.
Туўды Октябрь,
Жердиң жүзи
Толқынлады, гуўлады.
Бир ел болып,
Түркмен халқы,
Қолға Қызыл туў алды.
ВКП(б) басшы болып
Елге бахыт орнады.
Рус халқы
Жәрдем берип,
Халықтың мәпин қорғады.
Соннан бери,
Жыллар өтти,
Елде өзгерис болды...
Халық умытты,
Қайғы-дәртти,
Кеўил шадлыққа толды.
Бурын болса,

[1] Түркменнин өткен атақлы шайыры.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түркменстан
Мысалы бир зимистан,
Ҳәзирде ол,
Нур-сәўлели.
Нур жайнаған гүлистан!
Бурын болса,
Түркменстан
Қайғы-ҳәсиреттиң жери,
Ҳәзирде ол —
Қайғы билмес,
Шад кеўилли, күн ели!
Бурын болса,
Түркменстан
Сууўсыз, жерсиз, қоныс
тар.
Ҳәзир оның
Кең қонысы,
Айдын шалқар көли бар
Бурын болса,
Түркменстан.
Өнер, билимсиз еди,
Ҳәзирде ол —
Өнердин де,
Билимнин де шын кәни.

* * *

Мақтымқулы,
Кемине де,
Усы шадлық ишинде,
Тири ҳәзир
Ҳәм қартаймас
Олар еле күшинде.
Туўысқанлар,
Шадлы дослар,
Қутлықлайман мен сизди
Қутлықлап ҳәм
Бир сөз айтсам,
Айыпламаңыз бизди...
Шадлы халық,
Шад өмирдей,
Күтип отыр шығарма,
Тез қозғалың!
Турмысқа ериң!
Сапасын естен шығарман.

*1940-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУҲАББАТ ҚОСЫҒЫ

Сүйсек бизлер бир-биреўди,
Сүйген менен тең Ўатанды,
Бизге әдет, бизге нызам,
Ярдай сүйиў шын адамды.

Ярды сүйиў, елди сүйиў,
Сүйиў истен бөлек емес,
Елди сүймей ярды сүйиў,
Ондай сүйиў—сүйиў емес.

Кеўилдеги муҳаббатың,
Елди сүйиў ушын мудам,
Жаслықты ҳәм муҳаббатты,
Тек елим ғой берген маған.

Елим ушын етсем хызмет,
Ярым ушын исим ғой ол,
Сүйисемиз ҳәм ислеймиз,
Ярым менен усласып қол.

---

*1940-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛМА

Бағ ишинде тур алма,
Дейди оны мазалы,
Қолды созсам алмаға,
Болмайман ба жазалы.

Көз алдымда күн сайын,
Мени өзине тартады,
Көрген сайын алманы,
Муҳаббатым артады.

Айтқан алмам — сүйген қыз,
Созған қолым — жүрегим,
Қабыл етти өзине,
Желге ушпай тилегим.

Сүйгениме қосылдым,
Ислеп жүрмиз елге ис,
Мийўе берген алмадай,
Истен беремиз жемис!...

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЛИМ

Клим деген иним бар,
Сөйлесе сөзи шийриндей,
Бахытлы нурлы заманда,
Өскен бәҳәр гүлиндей.

Бир күни келип мектептен,
Қызық қылып сөйледи,
—„Отлично",—деди муғаллим,
Қуўандым аға, мен, — деди.—

Соның ушын аға сен,
Маған сыйлық бересең,
Бирдейине отлично
Оқыўымды көресен.

—Қандай сыйлық аласаң? —
Деп жүзиме қарадым. —
Нелер алып берейин
Қарағым? — деп, сорадым...

Сыйлық ушын Климниң[1]
Бюстин маған алып бер.

---

[1] Климент Ефремович Ворошилов.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сондай болып өсемен,
Қайтпайтуғын жаўынгер.

Шынында бул ойын ба,
Ойын емес, тилек бул.
Ўатанын қорғаў мақсети,
Жалынлы жаслық жүрек бул.

Клименттиң бюстын,
Иниме алып беремен.
Ер болып сондай өседи,
Оған анық исенемен.

Оқыўда ҳәзир отличник,
Өсип хызмет етеди.
Халық ушын ислеў, ел қорғаў,
Мақсетине жетеди.

*1940-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРА ТЕҢИЗ

Абхаз жери,
Таўлы, бағлы,
Рәҳәтли жанға жаққан,
Сол жағында
Қара теңиз,
Тағы таўдан булақ аққан.
Таў жеринде, гүл
жеринде,
Дем алыўға келдим мен,
Туўысқан жер,
Қарсы алады.
„Қайдан келдиң —
демес—сен".
Жағасында,
Турман қарап,
Қара теңиз туўлайды,
Меннен саўал,
Тур ма сорап,
Неге тыныш турмайды?!
Бир толқынды,
Бири қуўып,
Жарға әкелип урады.
Соның менен
Өз тилинде,
Сөйлескендей болады.
Гейде шуўлап,
Гейде туўлап,
Гейде нама шерткендей
Базда ысқырып,
Қатты гүўлеп,
Сырын баян еткендей.
Базда шалқып,
Көбик қалқып,
Жарға тикке урады.
Базда кейин,
Ишин тартып,
Күшин жыйнап турады.
Не демекши,
Не сыры бар,
Қандай хабар айтпақшы?
Қандай сырда,
Не нәрседе,
Мени өзине тартпақшы?...
Я айта ма,
Күн батыста,
Гүўлеп оттың жанғанын?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Я айта ма,
Жанған отта
Миллион адам қалғанын?!
Я болмаса,
Исендире ме,
„Ушқын түспес — деп
маған, —
Егер түссе,
Сөндиремен,
Жол берместен — деп —
оған“.
Я болмаса,
Шапшып толқын,
Көрсете ме турмысты.

Биздей шалқып,
Толқын тасып,
Исле дей ме жумысты?!
Мынаў буйра,
Бийик толқын,
Шайыршылық таўы ма?
Шық дей ме ол,
Усы бийик,
Шайыршылық таўына?!...
Бир әрманым —
Қара теңиз,
Биле алмадым тилиңди.
Жазғанымдай,
Болса ойың,
Қостым мен де үнимди.

*Гагра, 1940-жыл, июль.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАС ПЕДАГОГ

*(Муғаллимлер институтын питкериўшилерге)*

Мен көрдим бүгин,
Жайнаған жас талантты,
Ушыўға толық жетилген,
Сынбас полат қанатты.

Ол—жетилген жас палапан,
Беккем бирлик уяда.
Қандай нәрсе болса да ол,
Алады, мейли болсын қияда.

Лениннен ҳәм ленинизмнен,
Оқып үйренди жас талант.
Халықтың хызметкери болды,
Партиямызға қол-қанат.

Ол өзи оқыса кеше,
Кеўлин берип мектепке,
Бүгин жас педагог болды,
Халыққа билим бермекте.

Исенип тапсырған халықтың.
Атқарып ҳүрметли исин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық исине жумсады ол,
Өзиниң ақылын, күшин.

Оқыды ол, оқытты ол,
Жас әўладқа береди билим.
Билим менен қуралланып,
Бәрҳә алға басты елим.

*1940-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ФАШИСТЛЕР, ТАРТ ҚОЛЫНДЫ!

Радио
Берди хабар,
Деди бағқа келди жаўыз.
Қолын созды
Миййўамызға
Ҳарам тамақ, қанлы аўыз.
Шыдамадым,
Турдым қайнап,
Бердим буйрық:
„Тартсын қолын!“
Болмаса ол,
Соққы жейди,
Айыралмас оңын, солын,
Бул буйрығым —
Халық буйрығы,
Халқым усылай айтты
сөзин.
— Деди; „душпан
Тыңламаса,
Таба алмас келген изин“.
„...Ийт қутырса,
Көзи көрмес“ —
Деген халықтың бир сөзи
бар.

Қутырған ийт,
Залым Гитлер,
Енди буннан нең
айрылар?
Ийт қутырса,
Өлтиремиз,
Сондай ийттиң топары
сен.
Талай сендей
Келди үрип,
Өлмегени болды ғой кем.
Бирақ, совет
Жери таза,
Сасытарсаң сени көмсем.
Өз жериңе
Көмермен мен,
Журтты таларсаң
көмбесем.
Тыңла халқым!
Тыңла халқым!
Бизиң жерге кимлер
кирди!
Арсыз уры,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанхор бандит,
Кирлемек пе бизиң
жерди?
Кирлей алмас,
Совет жерин!
Жердиң шеги полат
қорған.
Армиям бар,
Ер халқым бар,
Партиям бар күшли
қорған.
Халқым — өзим,
Бирдей болып,
Келдик, мине,
шақырыққа.
Кыйратамыз,
Жоқ қыламыз,
Қол созғанды бизиң
бағқа!

*1941-ж. 22-июнь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЫЙЛЫҚ

Жылқы баққан Нияздың,
Бүгин жүзи жайнаған,
Не қуўаныш айрықша,
Болған ба иси ойлаған!!

Күлимлеген жүзлери,
Сырын баян еткендей,
Түр-түсине қарасаң,
Мақсетине жеткендей.

Сорағанша шыдамай,
Сырын баян әйледи:
„Мақсетиме жеттим“, деп,
Қуўаныш пенен сөйледи:

— Торы тайды бақтым мен,
„Қыйын күнге жарар“,—деп,—
Ер атланса ел ушын,
Миниўге керек болар, — деп.

Демек, — бақтым жаныўар,
„Ел ғамын жеген ерге“,—деп,—
Ел гүрессе жаў менен,
Жолдас болар бирге“, — деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәрт мингенде үстиңе,
Күнге жүзин күйгизбе,
Жаўға шапса қустай уш,
Үстине шаң тийгизбе!

Жасылдай боп түс жаўға,
Душпан тезден жеңилсин,
Табаныңда женшилип,
Көбиси жерге көмилсин!

Белиңдеги ер жигит,
Жаўға қылыш урғанда,
Кейин қайтпай алға шап,
Сынық сүйем турма да.

Тапсырмам саған торы атым;
Мәртлер менен болып кел,
Көмекши болып ерлерге,
Жеңисти қолға алып кел!

Түсингендей торы ат,
Гүлдир-гүлдир киснейди,
„Фронтқа жоллан“ дегендей,
Батысқа қарап еснейди.

...Ерлерге сыйлық торы ат,
Жолланды бүгин фронтқа,
Ел ушын берип өз атын,
Нияз да жетти муратқа.

*1941-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАРТИЗАНЛАР

I

Түн қараңғы. Тоғай иши,
Ерлер жатыр кек алмаға;
Қаҳарленип, суўып түси,
Бел байлап жаўды қырмаға.

—Қанға жерик душпан өтер,
Усы жерден,—деди тезден,—
Өлтиремиз, деми питер,
Атың маңлай, яки көзден,—

Деген ўақта „жылан“ жылжып,
Келатқаны мәлим болды,
Партизанлар әмел қылып,
Көп түсирген торын қурды...

Бензин салған шийше қалды,
Ылақтырды танкқа оны,
—Қанға қумар едиң фашист,
Қан орнына иш,—деп,—буны!

Үш танк ҳәм экипажын,
Қырып ерлер жүрип кетти,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тағы аўлап жолда „аўын"
Билинбес қосына жетти.

## II

Б. аўылын қарақшылар,
Аш қасқырдай талап алды,
Жайын өртеп, халқын қырып,
Жас баланы отқа салды.

„Енди бизге қарсы жоқ" деп,
Тынышланып жатты түнде,
Халық кегин жибермеди,
Урыс болды тағы демде.

Партизанлар билдирместен,
Басып кирип урыс салды,
Ҳәр бир өлген адам ушын,
Бес фашистин басын алды.

Фашист басса жерге аяғын,
Жер де оннан жеркенеди,
Егер тийсе талға олар,
Жеркенгеннен тербеледи.

Фашистлердиң аяғына,
Жер шоқ киби тийип атыр,
Шоққа түсип ҳарамылар,
Жерде, көкте күйип атыр.

*1941-жыл, 5-октябрь.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БУДЕННЫЙ АТЛАНДЫ

Жетилдирип қос қанатын,
Минип алып қаназатын,
Ел-халқына берип антын,
Буденный жауға атланды.

—Ел шетине келди залым,
Жаудың бузайын қамалын.
Қанхор душпан билсин ҳалын,—
Деп, Буденный ер атланды.

—Исен,—деди,—туўған елим,
Алтын, нефть, ҳасыл жерим,
Қуртаман душпаныңдысениң,—
Деп, Буденный ер атланды.

Қолында бар полат семсер,
Силтегенде жауды кесер,
Гитлер, енди үниң өшер,
Буденный саған атланды!

Жасылдай боп түсер жауға,
Жаў басына салар сауда.
Пәтине шыдамас тау да,
Буденный жауға атланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўларды тезден жеңемиз,
Қыйратып соққы беремиз,
Шыққан жерине көмемиз, —
Деп, баҳадыр халық атланды.

*1941-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МИЙНЕТИМ

Жанымдай сүйемен мийнетим сени,
Тек өзиң камалға келтирдиң мени,
Сен өнерим ҳәм жемисим, қуралым,
Өзиңнен аламан гөзлесем нени.

Мийнетим, мийнетим, сен қызыл гүлдей,
Әлемге нур сепкен қуяшлы күндей,
Сениң менен бахыт алдым, шадландым,
Бар ма басқа елде бахытлы мендей?!

Ҳүрметлисең ҳәм де жаным өзиңсең,
Жүрер жолды көрер алғыр көзимсең,
Сениң менем өлшенемен, ермен мен,
Халыққа танытар айнам, жүзимсең.

Сени сүйсем, ҳүрмет етеди халқым,
Сениң менен белли дүньяға даңқым,
Сен жемистиң, сен жеңистиң байрағы,
Сенсең мениң жеңислерде қуўатым.

*1941-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КҮН НУРЫНА УРЫНБА

Жарғанатқа,
Жарық күнниң,
Нур-сәўлеси жақпайды;
Көзи тынып,
Жарықта ол,
Ушар жолын таппайды.
Күн нурына,
Қарсы ушса,
Отқа түсип жанады;
Жарық нурды,
Бүркеймен деп,
Өзине гөр табады.
Фашизм де,
Дәл усындай,
Келди бизиң нурлы елге.

Олар ойы —
Күн елимди,
Айналдырмақшы түнге.
Бирақ ойы,
Болмай шықты
Өртеўдемиз келгенин;
Арсыз мақлуқ
Бүлиниш жүр,
Жыйнай алмай өлгенин,
Алды өлсе,
Арты келип,
Күннен тәме етеди,
Нурдың жаўын,
Өртеймиз биз,
Күлге айналып кетеди.

*1942-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГВАРДИЯ БАЙРАҒЫ

Н. атқышлар бөлиминде,
Қызыл байрақ желбиреп тур,
Мәртлик истиң байрағы бул,
Жауға жасыл, досларға нур.

Бөлимдеги жаўынгерлер,
Алған буны ерлик ушын,
Жаўдан алып халық кегин,
Намыс ушын салып күшин.

Желбиреген алтын байрақ,
Қаҳарманлық ис нышаны,
Көтергенде алға оны,
Жаўдың қорқып шыққан жаны.

Данқлы ерлер, көтер туўды,
Жеңисиңниң байрағы ол!
Тынбай қырың фашистлерди,
Ҳәм де тағы, тағы алда бол!

Бул байрақты берди халық,
Көтер, жаҳан нурға толсын!
Жаў тухымы пүткил қурып,
Суўық урған гүлдей солсын.

*1942-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЎЫҢГЕР

*(Ўатандарлық урыс фронтындағы Қызыл Армия жаўынгери Б. ға арнайман)*

Алып мылтық, гранат,
Минип қустай ақбоз ат,
Изинде халқы қол-қанат,
Урыста жүр жаўынгер.

Жанын аямай ел ушын,
Туўылған, өскен жер ушын,
Күшейтип топылыс, гүресин,
Урысып жүр жаўынгер.

Қәўип туўғанда Москваға,
Қарамады шийрин жанға,
Сөйтип соққы берип жаўға,
Женис баслады жаўынгер.

„Жаўынгер" деп айтар елим,
Жаўдын сындырған соң белин,
Жаўдан алған халық кегин,
Халық улы сен жаўынгер.

Даңқың жайылды жаҳанға,
Қуўат берди дос адамға,
Жан алғыш болдың душпанға,
Баҳадыр, батыр жаўынгер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен фронтта, мен тылдаман,
Фронт ушын ис қыламан,
Бирликтен жаў қалмас аман,
Сен де, мен де бир жаўынгер.

Партия деп ат қой алға,
Қылышыңды услап қолға,
Силтеп қылыш қарсы жаўға,
Фашистлерди қурт, жаўынгер.

Урыс! Душпанның кес басын,
Фашисттиң бири қалмасын, —
Тапсырмам саған, жолдасым,
Ели сүйген ер жаўынгер!

*1942-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШАЙЫР ДӘЛИГЕ

Бир жас едик, бир уядан таралған,
Ерис-арқаў болып беккем қуралған.
Ўатан ана өсирген соң әлпешлеп,
Оттан, суўдан қайтпас болып жаралған.

Полат едик мортылмастай, сынбастай,
Жүйрик едик жолда талып тынбастай,
Халық душпанына қылыш болып сен,
Басларын туўрадың өткир алмастай.

Лашын едиң бийик ушып өрлеген,
Алға ушыўдан пәти қайтып көрмеген,
Партиямыз қанат—қуўат берген соң,
Аспандағы күнге қулаш сермеген.

Бүлбил едиң бахыт жырын жырлаған,
Йошлы кеўлиң жырламасқа қоймаған,
Бирақ түстиң сум өлимниң торына,
Қалды образың өлмес болып жайнаған.

Халық сүйген ер едиң сен айбатлы,
Қайғылы өлимиң хәммеге батты,
Сениң мақсетиңди орынлаў ушын, —
Хош бол достым, биз жумсаймиз ғайратты.

*12-январь. 1943-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАЛЎАНЫҢ КЕЛЕР

Эй, келиншек, неге жолға қарайсаң,
Не күтесең, кимди кимнен сорайсаң?!
Ердей исле, егер ерге яр болсаң,
Жеңисти тезлетсең, палўаның келер.

Кирпик қақпай көп ойларға алғаның,
„Не болды" деп ҳәр қыялға барғаның,
Жаўды қырып, урыста жүр яраның,
Жеңис пенен ертең палўаның келер.

Фашист қузғын болса, туйғын болып ол,
Мәртлик пенен тез жеңиске салып жол,
Баўырлас досларға созып жәрдем қол,
Халық батыры болған арысланың келер.

Қаҳәрленип душпан қамалын бузған,
Шер болып жаўлардың жүрегин езген,
Фашист жаўызлардың мойынын үзген,
Көзиңниң раўшаны—суңқарың келер.

Елди жаў шапқанда тулпарға минген,
Ҳақ иске, жеңиске берик исенген.
Туўған елин анасындай шын сүйген,
Сениң ярың, мениң жеңисим келер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тыңлайсаң ба күнде хабар жеңисти,
Табарсаң ба ер исинен кемисти,
Жеңис туўы жеңген жерде беркисти,
Сен уятлы болма, тез ярың келер.

Табыс пенен шық батырдың алдына,
Ылайықлы болып ердиң даңқына,
Жеңис алып келген туўған халқыма,
Тойға таяр турың, дәрманың келер.

*1944-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЛЫ РУС ХАЛҚЫНА

### I

Билемиз, бурында,
Әмиў бойында,
Қарақалпақ халқы еди уйқыда,
Хан ҳәм байлар езди.
Сарғайтты жүзди,
Әсирлер бойына болды қайғыда.

Көзге алып жасты,
Қайғы-ҳәсирет басты,
Мийнеткеш халқымнын ақыл-ойларын.
Жигит ҳәм қызлар.
Ата-аналар,
Еркин жазып жүре алмады бойларын.

Турмыстан қысылды,
Көзлери тынды,
Бирақ халық өмирден үмит үзбеди,
Азап-ахыреттен,
Қара түнектен
Қутылыўдың жолын бәрҳә гөзледи.
Неше әсир қамықты,
Көрмей жарықты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда да халық тынбай бахыт изледи.
Рус халқына ерип,
Күш-қуўат епип,
„Қуллықтың кисенин үземиз", деди.
„Орныңнан тур!" —
Деп, сеўип нур,
Баслады алға, уллы рус ағамыз,
Барлық халық оянып,
Хәм де қуўанып,
Деди, — „уллы рус халқы панамыз".

Октябрь туўды,
Нур менен жуўды,
Партия бас болып азат болды ел.
Ел күши тасты,
Хәм алға басты,
Нурланды бизиң жер хәм де алтын көл.

Баслап уллы исти,
Гөзлеп жеңисти,
Деди,—туўысқанлар бериңиз қолды.
Берилди қол,
Бахтымыз ол,
Жеңис пенен өмир жолы салынды.

Дүзип жаңа өмир,
Жақтылы дәўир,
Қарақалпақ халқын мәңги азат етти,
Хәмме халық бир болып,
Күшке күш толып,
Ағасы арқалы мақсетке жетти.

Әмиў асаў еди,
Жүўенсиз еди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өнер, билим менен жуўенлеп бердиң.
Суўлар жеткерип, ,
Бағлар көгертип,
Сен аштың бахытын елдиң ҳәм жердиң.

Турмыс абадан,
Шадлы ҳәмме адам,
Бизди қуўандырған уллы рус халқы.
Халықлар меҳрибаны,
Жүреги, тәни,
Баҳадыр бул халықтың жайылсын даңқы.

Сен ашып көзди,
Жайнатып жүзди,
Хақыйқатлық исти үйреттиң бизге.
Биз өрнек алдық,
Мәңги шағладық,
Мың-мың рахмет айтамыз Сизге.

Турмысты өзгерттиң,
Үлги көрсеттиң,
Ҳәм берип дүньяға, Ленинди—дана.
Ол Советти дүзди,
Түнекти бузды,
Компартия дүзген тек Ленин ғана.

Мәнги азат болың,
Бул жақты жолың,
Деп, бердиң елиме ленинизмди,
„Жетиў ушын даңққа, —
Дедиң халыққа: —
Ленинизмнен жазбаң көзиңди!"
Оқып, үйренип,
Гүрес жолын билип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҒАМА

*(Уллы рус халқына)*

Сен аға,
Мен ини,
Гүрестик бирге,
Гүрес пенен
Бәрҳә,
Өрледик өрге.
Сениң менен
Қаным да бир,
Жаным бир.
Сениң менен
Турмыс, бахыт,
Наным бир.
Үйреттиң,
Үйрендим,
Изиңе ердим.
Жас едим,
Бос едим,
Камалға келдим.
Илимсиз,
Билимсиз,
Өнерсиз едим,
Билимди,
Өнерди,
Сен, аға, бердиң.

Бас болдың,
Дос болдың,
Бахытлы болдым,
Бирликте,
Теңликте,
Күшиме толдым.
Уллы рус халқы,
Жанажан аға,
Баслаған алға,
Шығарған шыңға,
Сенсен меҳрибан.
Турмыс шад,
Ел абат,
Бирлик, — жемиси.
Бирликте,
Ерликте,
Ердиң жеңиси.
Жеңис пенен,
Жемис пенен,
Жүремиз алға,
Коммунизм дүзип,
Бир сапқа турып,
Бөленемиз нурға.

*Москва, 1953-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ленинизм—батпас күн болды.
Ленин жолында,
Байрақ қолында,
Жеңимпаз халық кеўли шадлыққа толды.

Халықлар данасы,
Ленин идеясы,
Мийге беккем орнап, жүрекке сиңди,
Ол қурал гүреске,
Ҳәм де жеңиске,
Ленинизм гүллеп гүресте жеңди.

Нығайтып бирликти,
Көрсеткен ерликти,
Гүрестиң жолларын үйретип бизге,
Жайылған даңқы,
Уллы рус халқы,
Мың-мың рахмет айтамыз, Сизге.

Билимлер берип,
Жеңиске жетип,
Тынышлық байрағын көтерген қолға.
Уллы рус аға,
Сенсең мәрдана,
Коммунизмге бизди баслаған алға.

*Москва, 1953-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МОСКВА

Москва —
Меҳрибан ана,
Қушағың кең,
Гүлдей жайнатып,
Күлип-ойнатып,
Өсирдиң сен.

Күш-қуўат бердиң,
Камалға келдим.
Сен болып пана-пәрмана.
Илимли болдым,
Билимли болдым,
Жаным Москва, өзиңнен
ғана.

Ата-ана болып,
Исти үйреттиң,
Техника берип,
Қураллы еттиң!

Уллы халық пайтахты,—
Әсирлер көрген.
Ўәдесин бузып,
Душпан топылса,
Жоқ ете билген.

Қаҳарман қала,
Халық қорғаны.
Халыққа ис еткенниң,
Болмас әрманы.

Сени рус халқы дөретти,
Ҳәм мәкан етти,
Даңқынды жайды
жаҳанға.
Сен үлги көрсеттиң,
Көп servis еттиң,
Сени сүйген пүткил
инсанға.

Сеннен нур алды,
Ҳәм қуралланды,
Жер жүзиниң адамы.
Сени көрсе
Наныңды жесе,
Қалмайды адам әрманы.

Дослық орайы,
Болған Москва,
Күшине анық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Толған Москва.
Сенде Ленин,
Ҳәм Партия
План дүзди, ис етти.
Бахыт нурын,
Нурландырып,
Гүрес жолын көрсетти.

Гүресшең қала,
Көрсеткен жолды.
Аға болып баслап,
Ҳәм берген қолды.

Азат елимниң,
Абад елимниң,
Пайтахты сен Москва,
Елдиң жүреги,
Елдиң тиреги,
Бахытлыман сен менен
Москва.

Коммунизм штабы,
Ҳәм де орайы,
Саған даңқ,
Ҳүрмет удайы!

*1954-жыл. Москва.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОСЕТИН ДОСТЫМА

Таў елинде,
Бағ елинде,
Гүлдей жайнап
өстиң сен.
Абад елди,
Азат елди,
Қуўанаман көрип мен.

Өткен күнлер,
Қара түнлер,
Кетти келместей болып.
Совет елине,
Туўған жерине,
Шадланады халық
кеўли толып.

Сезесең бе,
Билесең бе,
Бизди ким азат етти?
Аш елди,
Жас елди,
Ким абад етти?

Ел бирикти,
Дослық нығайды,
Алға басты
күннен-күнге исимиз.
Дослығымыз—жеңис,
Таўсылмас жемис,
Дәрьядай толқынлап
тасты күшимиз.

Бирлик исимиз,
Ерлик исимиз,
Сирә жеңилмес.
Дослыққа,
Ҳеш нәрсе,
Сирә тең келмес.

Дослық—байлық,
Дослық—бахыт,
Дослық—байрақ қолдағы.
Дослық—қуўат
Ҳәм де қурал—
Коммунизм дүзиў
ушын жолдағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айна керек болса
Жүзди көриўге,
Қуяш керек болса,-
Өсип, өниўге,—
Дослық керек
Жасаўға да, күлиўге.

Адамзатқа керек болса,
Ҳаўа, нан,
Суў жоқ болса,
Жасай алмас тири жан.
Ҳаўа, суўдай,
Дослық керек елиме.
Дослық жайнап,
Өмир гүлин өрбитип,
Таўсылмастай қуўат
берер белиме.

*Кисловодск, 1954-ж.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БӘҲӘР

Күн жылынып,
Қарлар ерип,
Келди мине бәҳәр айы;
Ериди муз,
Суўға толды,
Бизиң елдиң ойы-сайы.

Ғазлар ушып,
Үйрек қонып,
Көлдиң иши жаңлап
кетти.
Ғаңқылдаған,
Ғарқылдаған,
Ҳәр түрли сес маған
жетти.

Қыста кеткен,
Қуслар келип,
Көлдиң иши болды ойын.
Бирин-бири,
Қуўып ойнап,
Жүргендейин тойлап
тойын.

Жер жамылып,
Көктен көрпе,
Кең салалар кулпы дөнди.
Бәҳәр өзи,
Қандай жақсы,
Жайнатып жиберди
жерди.

Бағ шығарып,
Ҳәр түрли гүл,
Бири қызыл, бири ақтан,
Гейпара бағ,
Гүлин төгип,
Мийўа салып, түйме
таққан.

Қой қозылап,
Сыйыр туўып,
Шарўаларда үлкен
байрам.
Жас тайыншақ,
Шаўып ойнап,
Далаларда еткен сайран.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жап-салмадан,
Суўлар ағып,
Атызларға барып жеткен.
Колхозшы ер,
Пахта егип,
Өним ушын мийнет
еткен.

Бәҳәр болды,
Қызды жумыс,
Ҳәр үлкеде ҳәр түрли ис.
Кең Ўатанда,
Бизиң үлес,
Пахта бериў,—пахта егис.

Анаў жүрген
Ер Ешимбет,
Трактордың билген тилин,
Күни-түни
Хызмет ислеп,
Гүллендирген колхоз
жерин.

Өзи де бай,
Колхозы бай,
Бул байлық—мийнет
жемиси,
Техниканы
Кең қолланған,
Машиналы елдиң жеңиси.

Бир трактор,
Жерди сүрсе,
Тағы бири пахта еккен.
Бири жерди,
Тегислесе,
Бири дөңин ойға төккен.

Барлық иске,
Машина бар,
Колхоз күши толып
тасқан.
Гүл бәҳәрдей
Гүллеп колхоз,
Табыс пенен алға
басқан.

*1954-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПУШКИН ЕСТЕЛИГИН КӨРГЕНДЕ...

Шайырлар устазы,
Данышпан — дана,
Узақ жолдан келдим сени көрмеге.
Естеликке қарап,
Тири деп санап,
Саған шын жүректен сәлем бермеге.

Уллы халықтың сүйген —
Уллы шайыры,
Бирге жасап киятырсаң;
Рус халқы сени
Көкке көтерсе,
Бизге де тең, мақтанамыз сен менен.
Сен жазған дәстанлар,
Шийрин қосықлар,
Алтын ғазийнемиз болды бизиң де.
Сениң айтқан
Өлмес сөзиңди,
Барлық халық оқыйды ана тилинде.
Қарақалпақ халқы,
Бурынғы ўақта,
Еситсе де сени көрмеген еди,
Залымлық астында



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сауатсыз қалып,
Өз тилинде оқый билмеген еди.

Таң атты...Халықлар дос,
Сауатлы болды,
„Дубровскийди" оқыр балалар.
„Руслан ҳәм Людмила",
„Алтын балықты"
Ақлығына оқып берер аналар,

Қыз-жигитлер оқыр,
Татьянаның
Онегинге жазған қосығын ядлап.
Мен сүйип оқыдым
„Капитан қызын",
Ҳәм естелигиңе гүл қойдым арнап.

*Москва, 1954-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИСЛОВОДСК

Бағыңды қыдырып,
Тауыңа шығып,
Ҳауаңды жүрекке ем еттим сениң.
Нарзаныңды иштим,
Ҳәм де шомылдым,
Саулығыма саулық қостың сен мениң.

Суп-сулыў жайларың,
Кең көшелериң.
Дем алыўға, емлениўге сай келген.
Денсаулық орайы,—
Деп сени сүйип,
Барлық жерден адам келип емленген.

Жериң бийик таулы,
Жериң гүл, бағлы,
Күндиз ыссы болса, түн қандай салқын.
Қонақ болып келсе,
Ҳүрмет көрсетип,
Сен сүйип күтесең елимниң халқын.

Дем алып жүргенде
Зейним ашылар,
Жерлериң, бағларың, көшелериң гүл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мени таң сәҳерден
Оятар „тур“ деп,
Бағында сайраған хош ҳаўаз бүлбил.

Күшиме күш қосып,
Жигер арттырар,
Бағ ишинде шыққан жаңлаған сеслер.
Тасыған Әмиўдей
Шайыр жүреги
Үн қосып бүлбилге тынбастан ислер.

Ҳәммемизге бирдей,
Ўатан—ананың,
Гүл бағында жүрген совет адамы.
Қайда ислесе де,
Қайда дем алса,
Ықтыярлы, бахытлы ол мудамы.

Мине, мен де келдим,
Дем алайын деп,
Айрылмас дос қарақалпақ елинен.
Арал теңизинен,
Әмиў бойынан,
Ада болмас ақ пахтаның кәнинен.

Ҳәз етип дем алдым,
Питти ўақытым,
Хызметиме елге қайттым, жақсы қал.
Келермен тағы да,
Сағынып сени,
Сол ўақытта, „ески дос“ деп, күтип ал.

*Кисловодск, 1954-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАНА ЖЫЛДА

Көтер, көтер,
Тост көтериң, досларым,
Бокаллардан
Бахыт сести жаңласын!
Көтер, көтер,
Тост көтериң досларым,
Бахыт сестин
Пүткил жаҳан тыңласын!

Көтер, көтер,
Тост көтериң досларым,
Қосық айтып,
Сазенделер шертсин саз!
Қыслар өтип,
Бәҳәр гүўлеп елимде,
Удайына жайнап турған,
Бизиң жаз.

Көтер, көтер,
Тост көтериң досларым.
Дослық ушын,
Бирлик ушын елимде!
Көтер, көтер,
Тост көтериң досларым,
Колхоз ушын,
Пахта ушын жеримде.

Көтер, көтер,
Тост көтериң досларым,
Ўатанымыз
Күннен-күнге жайнасын;
Жаңа жылда,
Мол табысқа жетисип,
Совет халқы
Күлип-күлип ойнасын!

*Москва, 1954-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘМИЎДӘРЬЯ БОЙЫНДА
## Өскен аўылда

### I

„Көк өзек" бойлары,
Бурын шөлистан еди,
Үстинен ел кетип, гөне там қалды.
Егис жерлер
Қуў далаға айланып
Аяқ бассаң жерге табаның жанды.

Халқымды талады,
Аталық, бийлер,
Жапларды қазбады,тек батыл қылды,
Халық посты,
Туўған жерден айрылып,
Телмирип ҳәр жаққа көзлери тынды.

Заман сай келмеди,
Күнлер болды түн,
Туўған елим азап-ақырет көрди,
Жарық күнде
Жайнап өмир сүриўлер,
Жүректе қайнаған уллы әрман еди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

2

Шопан едим,
Қызыл қумда қой баққан,
Коммунистлик партия берди бахытты;
Жайнап өскен жер;
Нурлы сәўлелер,
Балқытты, оятты ҳәмме халықты.

Бәҳәр самалы есип,
Ислер жуп түсип,
Халық күш қосты, суў да мол болды.
Бағларға айналды,
Партаўлық жерлер,
Посқан жер үстине қайта ел қонды.

Трактор келип,
Гүнделер қалды,
Эксковатор, землесос қазар каналды,
Бурынғы шопан,
Ҳәм дийхан баласы,
Ҳәзир даңқлы механизатор атанды.

Аўылда агроном,
Ҳәм врач қызлар,
Халыққа ис етип ойнап күледи.
Халқым саўат ашты,
Оқытты жасты,
Илим артып, турмыс жайнай береди.

Егислер ырғалған,
Далалар гүлзар,
Мийўаға сырығып, өсип тур бағлар;
Бахыт бағының,
Мийўасын жеген,
Мәңгиликке биз шағламай, ким шағлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өскен мәканымда,
Колхоз аўылында,
Жеңис пенен басланды жылда той;
Қатар-қурбы дослар,
Ғарры ҳәм жаслар,
Шадланып сайранлап, еркин жазар бой.

## Жас жүрбеклер

Жаздың айы,
Түнниң иши,
Аспанда жүзди ай қалқып,
Әмиўдәрья бойында,
Жайнаған бағда,
Айгүл, Айтбай жүр шалқып.

Ийрим тартып,
Толқынланып,
Әмиўдәрья ағады;
Таза ҳаўалы,
Түн самалы,
Адамға сондай жағады.

Жымыңласып,
Зейнинди ашып,
Жулдызлар жайнап аспанда,
Көкирек керип,
Ләззет берип,
Турғандай тап жас жанға;

Айғүл, Айтбай,
Мейри қанбай,
Қарайды Әмиў бойына;

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлле нелер,
Келип түсер,
Еки жастың ойына.

Сайранлап жүрип,
Отырды келип,
Бир теректиң қасына;
Жымыңласа жулдыз,
Күлимлер қыз,
Жигитке гүлин усына.

Айлы түнде,
Бир-бирине,
Ақтарды олар сырын да;
Қызға тигип көзин,
Айтты жигит сөзин
Айта алмай жүрген бурында.

Жас жүреклер,
Алып ушып,
Ериклерине қоймады;
Муҳаббаттың,
Ләззетине,
Түн ишинде тоймады.

Еки жастың,
Муҳаббаты, —
Шын сүйиўдиң нышаны;
Қос жүреклер,
Қосылысып,
Соғып турар мудамы;

Ҳәр күн олар,
Болып қумар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислеп атыр колхозда;
Кулип-ойнап,
Салған ғайрат,
Искер жигит ҳәм қыз да.

## Гүл

Әмиўдәрья бойына,
Бир адам ҳасыл гүл екти;
Көгерип гүли ҳәм жайнап,
Тарта билди жүректи.

Өмирге шырай — сән берип,
Қулпырып жылда өседи;
Қумартып кеўил сол гүлге,
Өмирлик болсам деседи.

Бул гүл жазда, қыста да
Өсип қулпы дөнеди.
Қасында турсаң ол гүлдиң,
Бойыңа жигер енеди.

Жайнашы, гүлим, жайнашы,
Саған қушақ ашайын;
Жүрегиме теңгерип,
Сен менен бирге жасайын.

*1956-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРАЛДА

Әмиўдиң, Сырдың,
Суўын симирип тартып,
Байлығы артып,
Жатыр Арал бойын керип;
Аспандай көк болып,
Қайғысы жоқ болып,
Шалқып атырған Аралды
Қуўанаман көрип.

Ескенде самал,
Толқынлап Арал,
Қанасына сыймай,
Көпирип көбик шашады;
Теңизде жүрген,
Жемисин терген,
Ерлерди көрип,
Кеўлим тасады.

Суўға сүңгип жатып,
Көринип батып,
Жүнин жылтылдатып,
Ондаторлар жүр ойнап;



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шашын түйип,
Мийнетти сүйип,
Балықшы қыз,
Көз тигип қарады жағысқа;

Ол қыз еди Айжамал,
Басында орамал,
Желбиреп, жүзлери жайнап,
Кетти кеўли шалқып,
Қулпырған май айындай,
Жарасықлы жаслық қандай;
Қыз, жигит турды,
Жағада бойы балқып;

Пароходта тур байрақ,
Толқынланып жайнап,
Адамды өзине,
Ериксиз тартады;
Отырып пароходта,
Қарасаң әтирапқа,
Ўатанға тағы да,
Муҳаббатың артады.

Қумартып өмирге,
Барамыз алға,
Өрге,
Ал баяғы еки жас,
отырды бирге,
Сөйлесип, гейде күлип,
Исте, мийнетте,
Даңқын шығарған,
Олар екен искер қаҳарман,
Сөйлесип алдық билип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оларға қарап,
Күлимсиреп Мурат,
Шайырша йошып,
Айтқанда қосық,
Жаңлағандай болды жәҳан.

Жаз айында,
Минип пароходқа,
Қарасаң әтирапқа,
Беттен сүйип,
Теңиз самалы,
Жағады жанға.
Толқынлар туўлап,
Ишин тартып шуўлап,
Көбик шашып,
Қалады изде,
Пароход жүзиўде алға.

*1956-жыл*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘМИЎДӘРЬЯ

Бир толқынды бири қуўар,
Тойда ылақ ойнағандай,
Гей жерлерде ийиримленип,
Толып, тасып қайнағандай.

Ағысларың сес береди,
Қыздың сулыў күлгениндей,
Қатар-қатар болып кеште
Бағды аралап жүргениндей.

Күн де бирдей, — сен де бирдей,
Күнсиз, сенсиз күнелтпес ел.
Суўсыз елде сән болмайды,
Ҳәм шөл болар айдынлы көл.

Бойыңда өскен пахта, бағды,
Ана болып емиздиң, сен.
Татлы суўдан қандырдың да,
Елге мийўе жегиздиң, сен.

Жүзим, алма мазалары,
Таңлайымнан кетпейди ҳеш.
Бирунийда бийшек өсер,
Қаўын оннан өтпейди ҳеш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сени көрсем қуўанаман,
Кеўлим тасар, көркимсең сен.
Сендей толқып, сендей шалқып,
Шадлы өмирде жүриппен мен.

*1958-жыл, Москва.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИЗДИ БАСЛАЎШЫ ПАРТИЯ

Қүдиретли, полаттан берик, Ленин дүзген партия,
Гүреслерде душпанлардың белин үзген партия,
Саррас жолда, баслап алға — Коммунизмге,
Жеңислерге жеткериўде бизди тезден партия.

Нақыраты:

Өшпес бахтымыз,
Нурлы жақтымыз.
Өмир раўшаны бизиң партия;
Сүйген халқымыз,
Ҳүждан, даңқымыз,
Халықлар меҳрибаны бизин партия.

Табыс тасты, гүлленди ел, халық турмысы болды абат,
Илим өсти, өнер өсти, артып кетти күш-қуўат,
Айға создық қолымызды ҳәм де жеттик оған да,
Әрман еткен жер жолдасын ойлап тапты адамзат.

Нақыраты:

Гүллендирип жаңа дәўир коммунизм заманын,
Руўҳ берип қуўандырып, дүнья жүзи адамын,
Жайна — жасна Коммунистлик партия, —
Көтериўши беккем бирлик, тынышлықтың байрағын.

Нақыраты:

*1958-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПЕТРГОФ

Теңиз беттен ескен шамал,
Бағ шақасын тербетеди,
Ҳәр бир шақа сөйлегендей,
Тарийхты баян етеди.

Атлығып фонтан аспанға,
Халық күшин көрсетеди,
Жеңимпаз халық өнерлерин,
Умытқанға ескертеди.

Қутырған фашист — ифлас,
Гөззал жерди өртеп кеткен.
Ўайран етип естеликти,
Бузған, алған, жоқ еткен.

Халқым қайта дүзеп оны,
Дем алыўдың жайы қылған,
Қандай сулыў, қандай жақсы,
Сайран етип адам толған.

Рус халқы естелиги,
Сени көрип қуўанаман.
Теңи жоқ өнер ийесин,
Аңлатасаң, ядқа аламан.

*1959-жыл, Петргоф.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАМЫС

I

Сүйрикленип шықтың суп-сулыў болып,
Стройда қатарласып турғандай,
Буўын-буўын болып тез-тез өсесең,
Көкке жетиў ушын адым урғандай.

Тарам-тарам етип жапырақ шығарып,
Көллериме көктен нағыс салғандай,
Гей жерлерде нуў қарағай боласаң,
Мысалы бамбуктан тәлим алғандай.

Жел болса шайқалып басты ийесең,
Бирин-бири көрип сәлем бергендей,
Ашықлардай қумарланып көрисип,
Қыз жигиттиң қушағына киргендей.

Малларға от болдың жазда ҳәм қыста,
Жақса отын болдың, тамақ писирди,
Кемесизге өткел болдың, сал болдың,
Халық мәпине жумсап күнин кеширди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқым қараңғыда илимсиз еди,
Қамыстан басқа зат ислей алмады.
Әрманы көп еди, үмитли еди,
Әрманын орынлаў оңай болмады.

II

Химия комбинаты — өмир булағы,
Шығарады көп затларды қамыстан,
Шыққан затлар абат етип елимди,
Халық байлығы өсе бермек табыстан.

Бир цехта қамыстан плита жасап,
Плитадан сулыў жайлар салынған,
Тағы басқа цехқа көзди жиберсең,
Сол қамыстан ақ қағазлар алынған.

Бир заводта жипек ислейди қолдан,
Оның да тийкары қамыс болады.
Тутымлы, қуўатлы ҳәм де суп-сулыў
Кийинген адамның кеўили толады.

Тоқыўшылық цехта ислер Гүлжамал,
Раиса бас болып исти үйреткен,
Бири арқаў, бири ерис болғандай,
Бирлик, дослық пенен мақсетке жеткен.

Мине „Қамыс қандай иске жараған",
Деп, ҳайран қалади ата-анамыз,
Химия санааты гүллентип елди,
Коммунизм дүзип, алға барамыз.

*1959-жыл, 27-июнь, Москва, Подлипка станциясы.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ, ӨЗБЕК БИРГЕ ТУЎЫСҚАН

Қарақалпақ, өзбек бирге туўысқан,
Әййемнен ағайын, барып-келискен,
Душпан келсе бирге қарсы турысқан,
Шадлықты, қайғыны теңдей бөлискен.

Ургенч той берсе, Шымбайға „кел", дер,
Мийманы келместен тойын басламас,
Сапарға шыққанда „қатарда жүр" дер,
Бирин-бири қыйын жолда тасламас.

Мийирман, татыў ҳәм бирлиги беккем,
Бириниң есиги бири ушын ашық;
Бир-биреўин санамайды артық-кем
„Көмешке күл тартыў" әдеттен қашық.

Бири көз, бири қас орныида турған,
Қассыз көздиң сирә сәни бола ма?
Түсимиз бир. мысал бир ана туўған,
Уқсайды егиз қыз яки балаға.

Бердақ Наўайыны устаз деп билди,
Оннан өрнек алды өмир жолында.
Ғафур да Аббазды дәл сондай көрди,
Үлги етти шайырлардың алдында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Устаз, шәкирт болып өсип келемиз,
Тең ата-балалы жетилип теп-тең,
Билген өнерди де теңдей бөлемиз.
Кеўил ашық, жүрегимиз шексиз кең.

*1959-жыл, Ташкент.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗДЫН ХАТЫ

Тоқыў фабрикасынан бир гөззал мениң,
Қолыма хат берди ҳәм деди былай:
— Атақлы пахтакеш Айым, Амангүл,
Достым еди, мийман, ҳаллары қалай?

Дедим „Ленинградлы қыз, аўҳалы жақсы,
Мийнет етип көп ҳасылды өндирген,
Қанша десе, сонша өним алады,
Жерди ислеп ҳүкимине көндирген.

Жети жылда беретуғын пахтасын,
Бир жылдың ишинде берип қоймақшы,
Жоқары көтерип жарыс байрағын,
Алда болды, тағы алда болмақшы..."

— Рахмет досларға, даңқы жайылсын,
Бизлер ислеў ушын көп пахта берсин,
Олар берген пахтадан не шығады,
Хатта бар, бизлерди бир келип көрсин.

Бизлерде де мийнет қызғын, қайнаған,
Мийнеттиң жемисин күнде көремиз,
Ўатанға гезлеме, шыт ҳәм жипекти,
Қанша керек болса, сонша беремиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлерде жоқ артта қалған участка,
Гаганова тәжирийбеси ен жайған;
Коммунистлик мийнет етип ҳәр адам,
Фабрика исин ең алға қойғак.

Хатым да сол, сөзим де сол айтажақ,
Пахтада да алағатлық болмаса;
Биреў алып елиў-алпыс центнер,
Гейпаралар он центнерде қалмаса, —

Деди күлип: — сөзим аўыр тиймесин,
Бизиң дослар ойлап көрсин бул исти,
Кем ҳасыллы екер болмасын елинде,
Бул ушын жумсасын қолда бар күшти.

*1959-жыл. Ленинград.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КРЕМЛЬДЕ

Кремльдиң кең сарайы
Күндей жайнап күлимлейди.
Қарсы алып, қушақ ашып.
„Хош келипсиз, иним“, дейди.

Тур Лениннин монументи,
Төрги бетте қарап бизге,
Жол силтейди, ақыл қосып,
Шығып айтқан ҳәр бир сөзге.

Жай айтылған ҳақыйқатлық,
Ҳаўа жайлап, дүнья гезди.
Бар адамзат қулақ қойып,
Өмир сүриў жолын сезди.

Тынышлық—бул адам бахты,
Ҳаўа, суўдай бирдей керек,
Тынышлық—бул өмир гилти,
Бахтымызға болған гирек.

Тынышлық—бул жәҳан гилти,
Жерге, көкке сән береди,
Тынышлық—бул уллы мийўе,
Оны ҳәмме халық тереди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынышлықтың мийўеси мол,
Ким терсе оған жетеди.
Бул мийўели уллы бағ,
Адамзат сайран етеди.

Урылар бар елди бузған,
Мийўеге қол салмақшы,
Тынышлықтай уллы бағды
Таламақшы ҳәм алмақшы.

Тынышлықтың бағманымыз,
Бағқа уры кире алмас.
Ебин таўып суқса тумсық, —
Олар үйин таба алмас.

Тынышлық бул өзи болмас,
Дөрер уллы исимизде...
Бизиң дослық, аўызбирлик,
Бизиң қуўат, күшимизде..,

Партия тур алдымызда,
Ленин байрағы қолында.
Қырағы, талмас гүресшең,
Тынышлық турмыс жолында.

Сессияда бул ислерди,
Мақулладық ҳәмме бирден...
Тынышлықтың өшпес нуры —
Жайылып тур Кремльден

*1960-жыл, Москва.*

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОСЫҚ

Жақсы қосық жанға ләззет береди,
Оны халық қуралындай көреди,
Өмир жарасығы—қосық айтылар,
Шадлық пенен қосық бирге жүреди.

Кеўилим тасқын, қосық айтқым келеди,
Қосық айтсам, белиме күш енеди,
Жаңла, жаңла! Жер жүзине барып жет,
Шадлықтың намасын ҳәмме сүйеди!

*1960-жыл, Ташкент.*

## АРША АҒАШ

Кремль түбинде ғаздай дизилип,
Турғаныңды көрип кеўилим тасады,
Жасыл жапырақ—бул жас күштиң белгиси,
Ғайрат берип, күшиме күш қосады.

Ысыранға, боранларға бас иймей,
Көкирек керип, қарсы қарап өсесең;
Удайы жаслықты бойыңқа сақлап,
Жайнап-жаснап көзлериме түсесең.

*1960-жыл, Москва.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СТОЛ УСТИНДЕ АЙТЫС

Уйқылап турғанбыз. Азанғы салқын,
Ис ўақты, оқыў ўақты келип тур жақын;
Столда аўқат ийиси келип,
Қайсысы қай дәмде аңлатар парқын.

Ағамыз бар еди, келди столға,
Бирақ та кеўили онша толмады:
Тек өзи отырып жерде—төсекте,
Ойлап көрсе аўқат жеўге болмады.

— Төсекте отырып неге ишпедик,
Бул жерде ишкен чай сирә қона ма?
Ата-баба өлмеген ғой отырып,
Ол әдетти бузыўға ҳеш бола ма?—

Дегенде, қарады қызым жүзине:
— Не шығады пайдасы жоқ әдеттен!
Турмыс жаңа, бул турмыстың жемиси,
Жаңа әдет—олда келмеген шеттен...

Күлистик ҳәммемиз бундай айтысқа,
Ағам қызарса да ериксиз күлди.
Жаңа әдет жеңгенлигин түсинип,
Столға келиўге өзи де көнди.

*Май, 1960-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИЗЛЕРДЕ ҚУЛ ЖОҚ

Американлық биреўлер,
„Қул“ дейди бизди.
Қул қандай болады?
Ақылдан адаспаң,
Ашып қара көзди!...

Ықтыярлы адам,
Бахытлы мудам,
Қуллар бола ма?
Барды көрмей,
Жөниңе жүрмей,
Көзлериңе қанлар тола ма!

Күнди „түн“ деў,
„Бизики жөн“ деў,
Саған әдет болған ба?!
Узақта турып,
Өликтей болып,
Көз көриўден қалған ба?!

Аспанға ушсақ,
Ҳәм күнди қушсақ,
Буған ишиң күйе ме?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өнеримиз асса,
Байлығымыз тасса,
Оқтай болып тийе ме?

Азат елимиз,
Беккем белимиз,
Ким тийсе қыйраттық оны.
Есиңди жый,
Тилиңди тый,
Саған да ескертемиз соны.
Тарийхқа қара,
Эй, бийшара,
Билесең бе Гитлердиң не болғанын?
Халқым мәртлик етип,
Берлинге жетип,
Жаўды жексен қылғанын?

Қаҳарман халқымыз,
Шықты даңқымыз.
Инанбасаң жүрек болса келип көр.
Қуллар қайда екен?
Қайсы жайда екен?
Былшылдамай бул саўалға жууап бер!

Келип көр бизлерди,
Өзбекстанды,
Толқынлаған күшли Әмиў жағасын.
Гүлдей жайнаған,
Тасып қайнаған,
Түсинерсен бизиң бахыт сағасын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынышлықты гөзлеймиз,
Дослар излеймиз,
Адамды бөлмеймиз ақ ҳәм қараға,
Бизлерде қул жоқ,
Долларға қул сизде,—
Деймиз, „қул“ деген жалаға.

*1960-жыл.*

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЎЫЛЫМ ЖАЙНАЙ БЕРЕДИ

Үш жыл өтти, келдим бүгин,
Аўылымды көриўге,
Тамыр-таныс туўысқанга,
Көрип сәлем бериўге.

Өзгерипти аўылымның,
Түри-түси жаңадан,
Көше-көше таза жайлар,
Ҳеш кеми жоқ қаладан.

Бурын көрген аўылымды,
Инанбас өз көзине:
— „Бул гүлистан қайдан келди—
Деп,—дүньяның жүзине?!“

Көз алдында үлкен совхоз,
Жаңа мектеп, жаңа жай,
Бала бақша, емлеўхана,
Мәдений үй—кең сарай!

Қатар-қатар таза ақ жай,
Ғазлар келип қонғандай,
Түнде жарық—Ильич нуры,
Күн төбеде турғандай...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул аўылым және жайнар,
Және жайнай береди,
Жайнағанын көзи менен
Ҳәмме ҳәр күн көреди.

*1960*

## СУЎ АҒАДЫ

Кәрўанлар жол таппай,
Жүрген жерлерде,
Мәнзилге жете алмай,
Қалған шөллерде,
Жолаўшы жолынан,
Күндиз адасқан,
Бағдарын табалмай,
Ақылдан сасқан,
Қус ушса бул жерде,
Қанаты талып,
Қызған қумда аңлар,
Аяқтан қалып,
Жүрген жер ҳәзирде—
Мийнетке көнди,
Мийнет дәрьясынан—
Көк-жасыл дөнди...
Айқасты шөл баба,
Ҳалын сынады,
Гейде өршеленип,
Гейде тынады.
Жас күштен жеңилди,
Бели қайырылды.
Бағынып заманға
Күштен айрылды,
Суў жетекке жүрди,
Изиме ерди,
Суўғардым мен енди,
Қәлеген жерди.
Суў ағады ҳәзир
„Қырық қыз“ шөлине
Гүлайымлардың
Ат ойнатқан жерине,
Суў ағады, тасып,
Қумларды басып,
Мен де бағ салмасын,
Қояман ашып.

*1960-жыл.*

## ЖОҚЛАМА МЕНИ...

*(Патрис Лумумбаның ҳаялына жазған хаты)*

Мени жоқлап жылама
Қәдирданым, берик бол;
Азатлық туўын көтерген,
Майрылмас, сынбас беккем қол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлер,—деп,—жәллад қолында,
Қайғыланба, муңайма.
Қуллықты елден жоқ етип,
Еркин жасаў оңай ма?!

Болсам да қурбан бул жолда,
„Өлди“ деп мени санама,
Азатлық таңы атқанда,
Таңды бүркеп бола ма?!

Өлтирсе де жәлладлар,
Басымды мен иймеймен,
Бизлер үзген кисенди,
Енди қайтып көрмеймен.

Елди сатар мен емес,
Сатқыншылар жойылсын,
Әшкара етип оларды,
Көрер көзи ойылсын.

Халқым минсин қәҳәрге,
Аспан ҳәм жер гүңиренсин,
Жаңа өмирди жайнатып,
Беккемлесин ирғесин.

Колонизаторлар қуўылып,
Тазалансын бизиң ел,
Азатлық өзи сақланбас.
Ҳәмме буўсын буған бел.

Балларымды сүйип қой,
„Папаң өлмес, тири“, де,
„Конго ҳалқы бахты ушын,
Гүресшеңниң бири“, де.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасасын Конго! Жайнасын,
Мәңгиге қала, аўылы;
Азатлық, бахыт таңы ушын,
Күшейсин гүрес даўылы.

*1960-жыл. Ташкент.*

## ӘЛЕМНИҢ БИР КҮНИ

Бир күнде әлемде нелер болады,
Оны кимлер толық есап қылады?
Бизге керeклиси—тынышлық болғай,
Алтын күн булыт көрмей төбеде турғай.
Бирақта қыялдың қусын ушырып,
Керек жерге әсте ғана түсирип,
Билгенлерди баян етип көрейик,
Оқыўшының талқысына берейик:

*
*

Емес жәҳан жүзинде,—
Тек елимниң өзинде,
Жүз мыңлап адам жаңадан,
Бир күнде туўған анадан,
Биринши болып әлемди,
Көзин ашып көреди.
Шыққан күн менен жарысып,
Бахытлы өсе береди.

Емес жәҳан жүзинде,
Тек елимниң өзинде,
Неше завод салынған,
Неше кәнлер табылған,
Дәрья суўы бурылып,
Бир күнде сондай ис питкен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны ерлер дөреткен.
Көп адам өнери асып,
Ойы, ақылы тасып,
Жаңа нәрсе жаратқан;
Халық мәпине қаратқан,
Жаңалықлар keминде,
Мыңлап дөрер ҳәр күнде.

Әлемниң бир күнин,
Аңласақ жөнин,
Адамға нәзер етемиз;
Адамды айтып өтемиз;
Адамсыз сән болмас,
Адамсыз мән болмас.
Адамсыз қызық бола ма,
Әлемниң көрки қала ма?!
Адам барда әлем бар,
Әлем барда адам бар,
Тек адамда ҳәмме ис,
Ол қүдиретли, онда күш.
Күшлери тассын,
Даңқы ассын!
Адам қайғы көрмесин,
Ығбалы алға өрлесин,
Жақсы болып ертең,
Қулашын кең сермесин!...

*1960-жыл, Ташкент.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## „ЦАРЬ—ПУШКА“[1]

Буннан көп бурын, көп жыллар бурын,
Шойыншы Андрей үлкен топ қуйған;
Үлкенлиги оның соннан билинер
„Топлардың патшасы“ деген ат қойған.

Оразбай да келип көрди бул топты,
Кремльде көргизбеге қойылған,
Енди қурал емес, тарийх излери,
Қураллық мәниси қалмай жойылған.

Айналды жән-жағын, қызықты, жүрди,
Оғының қасында қарап турады.
Бир тонналық оқты көрип Оразбай:
— Атылған ба бул топтан?—деп сорады...

„Топ та, оқ та атылмаған өмирде,
Атылмастан қалып қойған“ делинди.
Бул жууапты еситкенде Оразбай,—
Көп ойларға оның кеули бөлинди!

---

[1] „Топлар патшасы“—„Царь—пушканы“ 1586-жылы Андрей Чохов қуйған, стволы 42 тонна, ҳәр оғы (ядросы) бир тонна келеди, бирақ бир рет те атылмаған, Кремльде көргизбеде тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ойы мынадай қыялға келген;—
Атом қуралы да усындай болса...
Қуралдан алынып, музейге берип,
Ҳеш жерде, ҳеш жерге атылмай қалса...

*1960-жыл, Москва*

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕЙИТТИН ОЙЛАРЫ

*(8-Март күнинде баланың анаға ҳүрмет, муҳаббаты, ойларынан бир көринис.)*

Турсын апа совхозда,
Мийнеттиң шын ери еди.
Көркейткен усы
совхозды,
Қаҳарманның бири еди.

Хызметте де, үйде де,
Кәдирли ана атанды.
„Ана болсаң сондай бол",
Деген халықтан ат алды.

Үлкен улы Сейиттиң,
Анаға айтар ойы бар.
Сол ойларын айтыўға,
Бәне қайдан табылар?

Бүгин ол да табылды.
Сегизинши Март келди.
Сыйлық алып анаға,
Ойын топлап күтинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ана, ана, анажан!
Меҳрибаным анажан!
Сениң еткен исиңди,
Умытпайман ҳеш қашан.

Мен туўылған күннен-ақ
Жүректи маған
бергенсиз.
Түнде отырып басымда,
Уйқысыз түн көргенсиз.

„Қозым“ деп мени
ҳәйиўлеп,
„Қорғаным—балам“
дегенсиз.
„Ботам, жетил тезирек“,
Деп ғамымды жегенсиз.

Көрип, билип турыппан,
Иниме еткен зийнетти;
Соған қарап сеземен,
Маған да кеткен
мийнетти.

Мен де сондай жасымда,
Аңқаў бала болғанман,
Хошеметке исенип,
Талай жәнжел салғанман.

Еркелетип мени де,
Күнде-күнде сүйгенсиз,
Гейде урысып жақпасам,
Кеўилиме тийгенсиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жан инимдей мениң де,
Сыйнағансыз басымнан;
Бахыт тилеп маған да,
Сүйдиңиз көзим,
қасымнан.

Ана, ана, анажан,
Меҳрибаным анажан,
Сениң еткен исиңди,
Умытпайман ҳеш қашан.

Умытыўға ҳақым жоқ,
Умытып оны болмайды;
Хызметиңизди ақлайман,
Мойнымда қарыз
қалмайды.

Мени туўып, анажан,
Емизип, маған сүт бердиң,
Тәрбиялап өсирип,
Кәмалыма жеткердиң.

Бахыт берди Уатаным,
Сен сүт берсең, анажан,
Екеўиңиз де бирдейсиз,
Көп қарыздар боламан.

Сиз арқалы, анажан,
Шықтым дүнья жүзине,
Ўатан бар, Ўатан арқалы,
Бахыт таптым өзиме.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахыт берди Ўатаным,
Бахытым күн-күннен
тасты,
Ҳадал мийнетти етсең,
Мийнетте мәртебең асты.

Ўатаным қәдирледи,
Мийнеттен төккен
териңди;
Ол даңққа бөледи сени,
Ҳәм ислеген жериңди.

Тынышлық ғайраткери,
Москвада жүрдиң сен.
Кремельде орден алдың,
Қуўанған едим буған
мен.

Бүгин тағы қуўаныш,
Бүгин байрам күниңиз,
Ильич нуры жайнап тур,
Күндей жарық түниңиз.

Салтанатлы бул күнде,
Ҳармаң ана, деймиз биз,
Ўатан ушын, биз ушын,
Жасаң деймиз тағы жүз!

Ана, ана, анажан,
Меҳрибаным анажан,
Сениң еткен исиңди,
Умытпайман ҳеш қашан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Анажаным, аналар,
Узақ өмир сүриңиз,
Балалардың бахтына,
Удайы аман жүриңиз.

*1960-жыл, Ташкент.*

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕПТЕР ҲӘМ ШАҒАЛ

Тоғайдың жағасы, жолдың бойына,
Жайылар ғей ўақта кептерлер келип;
Азарсыз жан ҳеш нәрсеге өмирде,
Жейди тек шашылған дәнлерди терип.

Шағал көрип бир сумлықты ойлады,
Абайсызда тутсам деди, жутынып,
Сақ шағалды шопан атты маңлайдан,
„Қазған гөрге өзи түсти“ тутылып.

* * *

Буны былай түсиндирсе болады:
Кептер деген тынышлықтың белгиси
Тынышлықты бузса ҳарамы шағал,
Жоқ болады, келген оның өлгиси . . .

*1960-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАХТА ҲӘМ ПӘШЕК

Атызда жайнап,
Күн сайын бойлап,
Ғозалар өсти.
Нәли де тегис
Жоқ бунда кемис,
Зор болар дести
(Хор болмағанда,
Зор болар еди.)
Пәшек жағадан тутты;
Шырмалып жабысып,
Қасарысып—қарысып,
Димарын қурытты.

Колхозшы көрди,
Тәмбисин берди—
Бирақ кешлеў ислендиǃ
Ўақыт өткенге,
Зыян жеткенге
Өкинди ҳәм тислендиǃ,..

Не демекши боламыз:
Исти ерте мақтама,
Исле исти ўақтында
„Өзи болады ны“ ақламаǃ

*1960-жыл.*

## ПАЛ ҲӘРРЕСИ ҲӘМ ЫЗЫЛДАЎЫҚ

Пал ҳәрреси мийнет сүйгиш дуньяда,
Ашыўланып ушса да пал береди.
Ызылдаўық уқсаса да ҳәрреге,
Пайдасы жоқ, тек ызылдап жүреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ызылдайды, ызылдайды мудамы,
Усы ызылдыдан нелер өнеди?
Пайдасы жоқ ызылдының өмирге,
Қуры ызылдылар бола береди.

Пал ҳәрреси, ызылдауық тең емес,
Көпирме сөз ҳеш кимге де ем емес. . .

*1960-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЙЛАНЫП ТАБЫҢЛАР?

Бир түпте еки түрли
алма бар, —
Бири сары, бири қызыл,
Себебин ким айтар, ким
табар?

Жазда гүл өседи,
Гүзде ол писеди,
Қыста солып түседи,
Себеби не, ким шешеди?

Еки бөлек пахта бар,
Сапалы етип егилген;
Еки бөлек демесең,
Бир күнде тұқым
себилген;
Тәрбия да бир болып,
Бирге төгин берилген;
Бир тең гүллеп екеўи
Түйнеклери көринген;
Бирдей писип, ашылып,
Бир күнде олар терилген

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ ҳасыл ҳәр түрли,
Неге бундай болады,
Себебин ким табады?

Ҳаўада суў болады,
Жаңбыр болып жаўады;
Себебин ким биледи,
Кимлер айта алады?

Жарылғандай бир жерлери аспанның,
Көк гүркиреп, гүлдир-гүлдир етеди.
Абайсызда сескенип те кетесең,
Қатты сести көп жерлерге жетеди.
Не себептен бундай аўҳал болады,
Ким ойланды, себебин ким табады?

Жер шарының қызық-қызық жери бар;
Удайы жаз, удайы қыс—қары бар;
Бизиң жерде жаз да, қыс та болады,
Не себептен, бунда қандай мәни бар?

Ким балықшы,
Балық аўлап көрдиң бе?
Дәрьямызда неше қыйлы балық бар,
Түрин көрип, атын онын билдиң бе?

„Топырақ қала“ деген үлкен қала бар,
Хорезмниң ең биринши пайтахты.
Саяхатлап көрдиңиз бе балалар,
Тағы қандай естелик бар атақлы?

Бабамыз Бируни жаҳанға мәлим,
Билесиз бе қай жыллары туўылған,
Дыққат пенен тарийхларды ақтарың,
Беруни деп неге аты қойылған?

*1961-жыль*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЛЛЫ ЛЕНИН АТЫ МЕНЕН

Турмыс толқынында көп жүзген өзи,
Өткен жыллар әжим ендирген жүзи,
Сонда да ғайраттың қайтпас изи бар,
Еле де узақты шалады көзи.

Сақал, шаш пахтадай ағарып кеткен,
Жасы да кеминде сексенге жеткен,
Бир ғарры тур Шоманайдың бойында,
Суўдын ағысына әбден ышқы еткен.

Пәтли ағысына кеўили толып,
Өмир ағысларын көргендей болып,
Ғаррының ойына көп нәрсе түсти,
Қыялға кеткендей өткенди шолып.

Сәлемимди алды, қыялын бөлди,
Ашық сөйлесиўге ашты кеўилди,
Көпти көрген ашық пейилли атам,
Өзиниң ойларын сөйлеп те берди.

—. . . „Ханжап" тан бир ўақта сағамыз
болды,
Суў ақпай, қан ағып жүзимиз солды,
Хийўа ханы суў бермеди, уў берди,
Қайғының жасына халық шомылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жери жоқтан белдар алып жылатты.
Көнбегенди таяқ урып сулатты.
Қасқыр шапқан қойдай қылып ел ишин,
Азан-қазан етип күнде шуўлатты.

Усылайынша елден белдар жыйнады,
Казыўда да пақырларды қыйнады,
Казбағанды, қазғанды да қамшылап,
Зулымлықтың шегарасы болмады.

Қазыўда халықтың көби бүлинди,
Мениң де бир иним усында өлди, —
Деп ғарры гүрсинип бираз турды да,
Әңгимесин тағы жалғап жиберди: —

Сонда да жабымыз суўға толмады,
Өрге шықса, аяққа суў бармады.
Мийри қанып, суў ишпеген тарылар,
Пуш қалып, қабымыз ярым болмады.

Жаўызлық ҳәм ашлық елди жалмады,
Бул жерлерде поспай адам қалмады,
Адамның баласы қәдирсиз болып,
Бир батпан тарыға қызды алмады.

Биз де посып бул елаттан кеткенбиз,
Жерсизлик жәбирин күтә шеккенбиз;
Үмит пенен қарап мәкән бахытына;
„Қайтып келемиз“ деп сертлер еткенбиз.

. . . Жыллар өтти. Заман оңына дөнди.
Ленин басшы болып бахыт әперди,
Посқан ел бурынғы мәкәнин таўып,
Қайтадан туўылған жерине келди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ленин салған жолда кәмалға келдик,
Ленин аты менен миййўалар тердик,
Ленин аты менен ислер басланып,
Қуў даланың гүлленгенин биз көрдик.

Ленин каналынан алдық сағаны,
Қанал суўы, ернеклеп тур жағаны,
Ағысы мәўижурған дәрьяға уқсар,
Ағысынан ким кемислик табады.

„Мамыйдың майданы“ шөл еди жатқан,
Ат жүрсе үстинен туяғы батқан,
Жол жүрген адасып жолын табалмай,
Күндиз де қыйқыўлап бир-бирин тапқан.

Ҳәзир сол майданда пахта кәни бар,
Жаңа турмыс, жаңа елдиң сәни бар,
Совхоз орайына қала салынған,
Адамға керектиң онда бәри бар . . .

. . .Ленин аты менен қазылған арна,
Өз атына бундай сейкес болар ма!
Қай ўақта суў керек болса таяр тур,
Бурын бул қудиретти көргенлер
бар ма? . . . —

Деди ғарры меннен жуўап күткендей,
Сөз гезегин маған инам еткендей,
Өмирден келтирген мысалы оның,
Жүрек тарын әсте қозғап шерткендей.

—Аўа,—дедим,— ата, гүлленген ислер,
Бағ миййўалап, терип жүрген жемислер,
Ленин аты менен болғаны анық,
Елиў жылда қолға кирген жеңислер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңги өмирдиң бүгинги исин,
Ленин өзи жасап берген үлгисин;
Ленин аты менен басланған ертең,
Анықланып көрсетиўде өз күшин.

Бул каналды қазғанда биз бар едик,
Қазыўға қатнасқан көп белдар едик,
Суў келди, Шоманай халыққа толды.
Бурын болмағанның болғанын көрдик.

Ленин аты менен шөлге суў барды,
Ленин аты менен еллер нурланды,
Кус ушса қанаты талған жерлерде,
Қала болып Ильич шамлары жанды.

Ленин жолы менен өрлей беремиз,
Ленин исин — бахытымыз деп билемиз,
Уллы Ленин аты менен ҳәр исте,
Жеңис таптық,бирдей жеңип келемиз...–

...Жуўап берип қарадым мен жүзине,
Қайта нур енгендей оның көзине,
Өмир ағысына машқы етип тур,
Ырза болып елатына, өзине...

*1961-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЛЕНИН БАЙРАҒЫ

Уллы Ленин байрақ берди,
Миллионлардың қолына,
Ол баслады, халық жеңди,
Түсти бахыт жолына.

Ленин қурап шын бирликти,
Зулымлықты қыйратты.
Ыдыратып ескиликти,
Жаңа дүнья орнатты.

Ленин бизге бахыт берип,
„Жүриң алға, тез"—деди,
Ҳәммемизди теңдей көрип,
Жеңиске жол силтеди.

Ленин туўын қолға алып,
Алға жүрип барамыз.
Сөзлеринен руҳланып,
Коммунизм қурамыз.

*Ташкент, 1961-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КАПИТАН

Адамзат турмысы теңиз сыяқлы,
Тереңи, сайызы, толқын жери бар,
Бораны, даўылы, қары, жаңбыры,
Бәлки ушырасар үлкен бийик жар.

Жәмийет—корабль теңизде жүзген,
Корабльди дурыс басқарыў керек;
Мақсетли орынға шығыўы ушын,
Корабльге болар капитан тирек.

Жәмийетимиз капитаны — партия,
Коммунизм шыңына алып бармақта;
Өткеллерден бизди баслап өткерип,
Дүньяның жүзине үлги болмақта.

*Ташкент, 1961-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОРАЗБАЙ МОСКВАДА

I

Оразбай оқыды отлично,
Ағасы оны сыйлады.
Удайы оқыған соң жақсы,
Қыдыртыўды ойлады.

Жаз айы. Дем алыс ўақты,
Кетти алып баланы.
Мақсети еди көрсетиў,
Москва—пайтахт қаланы.

Қала үлкен, адам көп,
Асығып ҳәмме барады;
Иссиз жүрген адам жоқ.
Кеўли толып қарады.

Жүрген сайын көшеде,
Бир жаңалық көреди.
Ҳәр көринген ҳәрекет,
Турмыстан хабар береди.

Оразбайдың кеўили,
Кептерлерге кетеди.
Кептерлер толы ҳәр жерде
Ҳәмме ҳүрмет етеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамнан қашпас кептерлер,
Тамақ берсең келеди.
Тынышлықтың қуслары,—
Жорғалап, изге ереди...

Сыйлағандай бир-бирин,
Таласпайды өзлери.
Шақырсаң саған қарайди,
Моншақтай сулыў көзлери...

Буны көрип Оразбай,
Мынаны алды ойына:—
Тынышлық қусы жайылсын,
Елдин қыры, сайына!

Өссин, өссин, көбейип,
Жаҳанға, тарап ойнасын.
Урыс қәўпи жойылып
Тынышлық күни жайнасын!

## II

Қызыл майдан. Көп ўақыя гүўасы,
Көриниси бәрин айтып турғандай,...
Арша ағашлар ғаздай болып дизилип,
Саған қарап сулыў мойнын бурғандай...

Көз алдында көринеди мавзолей,
Әпиўайы, салтанатлы жай өзи!...
Жақынлаған сайын жүрек туўлайды,
Қыялға келгендей көсемниң жүзи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екиден дизилген қатар адамлар,
Оразбай қатардан шығып қарады.
Көз жетпейди адамлардың кейинне,
Барған сайын нәўбет өсип барады.

Ҳәр миллеттен, ҳәр бир елден адам бар,
Жер шарының бәринен де келгендей.
Бәрине де бирдей Ильич қымбатлы,
Жүректиң төринен орын бергендей.

Мавзолейдиң есиклери ашылған,
Әсте түсип, төмен қарап жүреди,
Текше-текше басқышлардан өткен соң,
Саркофагта көсем жүзин көреди.

Оразбай қараса көсем жүзине,
Уллы Ленин тереӊ уйқыға кеткен...
Күн шығарып пүткил дүнья жүзине
Адамзат өмирин бахытлы еткен!

Уйқыда жатса да ойлап жатқандай,
Халықтың бахытын, турмысын, жайын,
Совет балаларын, бақша, мектепти,
Ден саўлықты, алға өрлеўди күн сайын!...

Әсте адым атты, демин алмастан,
„Жайлы жатсын Ильич атам" дегендей.
Үндеместен жүрди Мурат ағасы,
Оразбайдың ойын толық билгендей...

Шықты мавзолейден, адам таўсылмас,
Дәрья суўларындай тасыған, толған...
Бул ҳүрмет мүнәсип Ленин атама,
Удайы муҳаббат ҳәм де даңқ оған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахытлы санады Оразбай өзин,
Бахыт берген көсем жүзин көргенге.
Қарақалпақтан келип бундай қалаға,
Ленин берген шад өмирде жүргенге!...

*1961-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОПАН БАЛАСЫНЬ'Н ОЙЛАРЫ

Оқыўдан келген соң бала,
Ата қасына барады,
Қозылы қойларды көрип,
Мынадай саўал сорады:

—Көп қойларың жалқы гуўған,
Неге бәри егиз емес?
Еки-үштен туўмай ма қой,
Егер болса ети семиз?

Ата айтты: „мүмкин, балам,
Соның ушын ислеўдемиз,
Көп нәрсе бар исленерлик,
Бағыўда да бар ғой кемис"...

„Барлық қойлар егиз туўса,
Ет молшылық болар еди,
Американы қуўып өтип,
Ол да кейин қалар еди..."

Деген ойы жас жүректиң,
Тула бойын кернеп кетти.
Сүриў-сүриў болған қойлар,
Көзиниң алдынан өтти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тағы келди қыялына:
„Жылда еки туўмай ма қой?"
Жүрген сайын қойды аралап,
Келе берди усындай ой...

„Оқыўымды питкерген соң,—
Деди,—бул жерге келейин,
Ойларымды орынлаўға,
Шопан-ақ болып жүрейин!..."

*1961-жыл.*

## КИЙИК

Қумнан услап әкелдим,
Кийиктиң жас ылағын...
Сүт ишкенде тамсанып,
Селкилдетер қулағын.

Қолға тезден үйренди,
Сүт ишеди, от жейди,
Балалар күтип қарады,
Ҳәзир енди үлкейди.

Балалар менен ойнап жүр,
Секирип-секирип түседи.
Өз-өзинен шапқылап,
Мысалы желдей еседи.

Гейде келип,жаныўар,
Еркелейди баладай,
Ийискеп сени турады,
Сүтин емген анадай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзи сулыў қуралай,
Ханасында ойнап тур,
Түнде көрген жулдыздай,
Көзди тартып, жайнап тур.

„Көзи сулыў“ деп қойған,
Атын айтсаң келеди.
Атын айтып шақырсаң,
Сезеди ҳәм биледи.

Гейде шығып қорадан,
Көшеге де кетеди,
Шақырғанда балалар,
Үйге келип жетеди.

Ҳайўанды, қусты күтиўди,
Балаларым жақсы көреди.
Минез-қулқын үйренип,
Тәрбия оған береди.

*1961-жыл, март.*

## КЛАССТА

Мектеп жаққа киятырман.
Соранып ты,—келсин,—депти—...
Қызы қалай оқыйды екен,
Еситсин ҳәм көрсин,—депти.

Келе-келе үшеў болдық,
Киятырмыз әсте жүрип,
Сөзге сөзлер жупласты да,
Гейде жиберемиз күлип...

www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўиниң аты Ғайып,
Үндемейди, күлмейди де.
Егер кел деп шақырмасаң,
Қатарда ол жүрмейди де...

Келип қалдық мектепке де,
Класс иши лыққа толған,
Бизден басқа ата-ана,
Ертеден-ақ келип болған.

Қызым отыр алды бетте,
—Папа, бери келиң,—дейди.
Ата-анаға сөз тийерлик,
Жаман аўҳал билинбейди.

Класс басшысы—муғаллим,
Аўҳалларды баян етти...
Азлап айтып алдағыны,
Тийкарғы кемшиликке өтти.

„...Султан—мынаў Ғайып улы,
Тәртипсиз ҳәм „еки" алады.
Егер усылай бара берсе,
Класс атламай қалады...

Талай айттық, оқымайды,
Көшелерде көп жүреди...
Сылтаўы көп, таярлық жоқ,
Қашан енди жөнленеди?

Үйретпесек айтсын ҳәзир,
Ата-ана, келипсизлер,
Тәртип сақлап, оқыймекен,
Бизге шешип бериңизлер?..."



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ғайып улы, шық ортаға,—
Дедик,— неге оқымайсаң?
Муғаллимлер үйреткенде,
Кеўил қойып, тил алмайсаң?

Ҳеш бир дәлил жоқ өзинде,
Төмен қарап турды бала:
—Енди оқыйын, үлгерейин,—
Дейди әсте-әсте ғана...

Сөзин алдық, кеңес бердик,
Әдеўир-ақ балаларға;
Ҳәм сездирдик жуўапкерин,
Гей бир ата-аналарға.

...Қызым менен киятырман,
Мине, айтқан маған сөзи:
„Мийнет етсең үлгересең,
Ғайып улы жалқаў өзи"...

Қызым мениң мийнет сүйгиш;
Жақсы оқыйды, үлгереди;
Үйдиң де исин ислейди,
Мийнет пенен гүлленеди.

* * *

Үйге келип қалсақ та,
Ғайып аға есимде:
Артқы жақта отырды,
Қапалық бар түсинде.

„Қандай илаж көрсем?" деп,
Ойлай-ойлай отырды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Қашан кетти қәте?!“ деп,
Қайғыға кеўлин толтырды.

...Бала тезден дүзелер,
Мийнет етсин, ўақыт бар.
Оқыў өзи болмайды,
Буны аңлаң, балалар!

Ата-ана да сақ болсын,
„Баланы жастан“ деген бар,
Бала менен атада,
Бирдей болсын намыс-ар!

*1961-жыл.*

## КИТАБЫМ

*(Мектеп оқыўшылары тилинен)*

Қандай сулыў китабым,
Жақсы сөзлер жазылған.
Сүўретлери қызықлы,
Биз ушын ойлап салынған.

Мектепке қарап жүргенде,
Китабым портфель ишинде,
Китапқа интам соншелли,
Көремен ҳәтте түсимде.

Таза услап китапты,
Ҳәр бетин пуқта күтемиз.
Ықлас пенен үйренип,
Класстан класс өтемиз.

*Январь. 1961-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИРЛИК—ҮЛКЕН КҮШ

*(Халық ертеги.)*

Буннан көп жыллар бурын,
Бир ақыллы ғарры болыпты.
Ақылы, мийнети менен,
Жақсы турмыс қурыпты.

Он еки улы болып,
Олар да батыр—қаҳарман.
Атасын ҳүрметлеп удайы,—
Ҳәр исте ақылын алған.

Ғарры ауырып бир күни
„Өлермен" деп сезеди.
Балаларын жыйнап алдына
Оларға кеңес береди.

—Мийнет пенен жыйған малды,
Барлығына бөлдим теңнен.
Мийнет етиң, еске алыңлар,
Ырза болың енди меннен...

Он еки шыбық әкелип,
Көз алдымда қатар турың!
Өз шыбығын ҳәр бириңиз
Бирим-биримлеп сындырың...—

Десе, уллар етти буны,
Сынды шыбық, қыйын емес...
Ғарры көрип бул ислерди,
Тағы былай берди кеңес:



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Он еки шыбық әкелиң,
Ҳәмде қосып бууың оны!“...
Ата сөзин тез орынлап,
Уллары иследи буны.

„Сындыр енди, улым, — деди, —
Ҳәр қайсыңыз қолға алып?“
Бириккен шыбық сынбады,
Қыйналса да күшин салып!

„Бирлик болсын, баллар, — деди, —
Бирлик сынбайды, жеңилмес!
Бирликти жеңер нәрсе жоқ,
Ҳеш нәрсе оған тең келмес!

„Көп түкирсе көл болады,
Бирлик пенен ел оңады!“.

## АЛДАНҒАН БӨРИ

*(Халық ертеги.)*

Түнде жылай береди бала,
Ҳеш илаж таппаған ана: —
„Бөри киятыр, таслайман сени, —
Депти, — жылама, ананы қара!“

Баратырған бөри еситип,
Көп үмитдар болыпты...
„Баланы таслар“, деп күтип,
Таң атқанша турыпты...

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Тасты жесин бөри“, деп
Ана улын сүйеди.
Алданғанын аш бөри,
Сонда анық биледи.

*1961-жыл.*

## ТҮЛКИ МЕНЕН ҚОРАЗ

*(Халық ертеги)*

Тамақ излеп түлки келди аўылға,
Аўылдан да жөнли нәрсе таппады.
Жөнсиз жатқан тамақ бар ма далада?
Бир қайымлы нәрсе қарсы шықпады.

Жортып жүрсе шықты қора алдынан,
Төбесинде қораз отыр қонақлап.
Түлки пақыр түлкилигин етти де
Түбине қоранын келди жалақлап.

Сәлем берди, ҳал-аўҳалды сорасты.
Илажсыздан төмен қарап турады.
Қораз да түлкиге сәлемин берип,
Ҳал-аўҳалын, аманлығын сорады.

Жөги түлки буған жуўап бермеди.
— Қартайыппан, жора бери кел,—деди,
Еситпеймен сениң айтқан сөзиңди,
Көрисейик, кел қолыңды бер,—деди.

Қораз сезди жаман қыял барлығын,
Бул да қутылыўдың жолын ойлайды,
— Сеннен қәўипим болмаса да, түлкижан —
Деди, — түссем басқа мени қыйнайды!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ондай сөзди айтпа, олай ойлама,
Барлық ҳайўан дос болыўға буйрық бар.
Патшамыздың ҳәмирине муўапық,
Өлим жазасына кетер пейли тар.

— Дурыс болса керек айтқан сөзлериң,
Еки ийт киятыр, қорықпай турыпсаң!
Не де болса сөйлесейик төртеўимиз
Дослыққа белиңди қатты буўыпсаң...—

Деген еди, қораз қанатын жайып,
Түлки тура қашып, алып жөнелди,
—Буйрық қайда, қайда қашып барасыз?—
Десе, түлки бул саўалға бүйдеди:

— Еситпеген шығар буйрықты ийтлер,
Олар мениң тап жағамнан алады!
Алдаўшы түлкини жақсы көре ме,
Жанды алып, басқа саўда салады.—

Деди, кетти, қораз қалды жайында,
Алдаўшы түлкиниң сыры билинди.
Ҳийлеси келиспей залым түлкиниң,
Ақыбети; өзи қатты бүлинди.

*1961-жыл*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПОЧТАЛЬОН ҚЫЗ

**Жигит:**—Сен қыз, почтальон қыз,
Ҳәр күни келип жүресең,
Ҳәр келгенде қоңсыма,
Хат әкелип бересең.

Маған да хат бар ма, деп,
Күнде сораймаи сеннен.
Сораганда жүзиңди,
Неге бурасаң меннен?

Не сырың бар жүректе,
Ашық айтсаң болады.
Айды бүркеп етекке,
Ким жасырып турады?

Мейлиң өзиң хат жазып,
Алып келип бер маған...
Гүман етпе, қара көз,
Ашық болганман саған!

**Қыз:**—Бери қара, сумка толы,
Булманда көп жаңа хат.
Көптен бери қалтамда жүр,
Бир жазылган аманат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўлердиң хатын әкеп,
Күнде-күнде берсем де,
Усы ҳатты бере алмадым,
Күнде көрип жүрсем де.

Қарағанда қалтыраймаң,
Уяламан өзиңнен.
Түсинбедим ишки сырды,
Ойнақшыған көзиңнен.

Гүманым бар, адасарман,
Сүймегенди, сүйсем мен.
Неге өзиң хат жазбадың,
Егер мени сүйсең сен?

**Жигит:** — Гүманланба, мен де сендей,
Тек уялып жүргенмен.
Ишки сырды билдириўдиң,
Жөнин таппай бүлгенмен.

Шын сырымды айтып турман,
Инан, илаж қалмады.
Сеннен басқа қызды жүрек,
Сүйип қабыл алмады.

Қыз: — Сен де инан, көп қыйнама,
Көзлериме қара, бир,
Жүрек гилти өзиңде тур,
Ашып-ашып ишке кир.

Көзлеримнен оқып қара,
Хат жазылған жүректен,
Еки жүрек бирге соқсын,
Бир шығайық тилектен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит ҳәм қыз: Ойласықлы ой жақсы,
Кеңесикли той жақсы,
Тең менен тең бахытлы,
Жарасықлы бой жақсы.

Бир-биреўди сүйгенбиз,
Кеўилимиз ашық,
Сүйиў, ислеў бир бизде,
Жасқа жарасық.

*1961-жыл. Ташкент*

## АТА ҲӘМ БАЛА

Өмирлик жолдасы бели қолында,—
Палўан ата миййўе ағашын көрип жүр;
Ақлығы да қалмастан жүр соңында,
Гейде кесент, гейде жәрдем берип жүр.

—Ата дейди, көп саўалды сорайды,
— Бул нәлиң нәзик ғой, қуўрап қалмай ма?...
Үндемесе алдын оның орайды.
—Нәл қуўраса мийнет зая болмай ма?...

—Қуўрамайды!—деди ата улына,
Ис түйини тәрбияда, жан балам.—
Мийнет етип адам алса қолына,
Кемалға келеди еккенлер мудам.

—Мынаў нәллер қандай миййўа береди,
Қашан писип, қашан оларды жеймиз?
—Алма, шийе, еле-ақ көзиң көреди,
„Татлы екен, ата, рахмет" дейсиз...

www.ziyouz.com kutubxonasi

—Растан да дым мазалы бола ма?—
Деп сорады, тағы да ол қоймады,
Палўан ата жууап бермей қала ма,
Улына қарады, жүзи жайнады.

—Гүллеп турған шийелерди көрдиң ғой,
Оны алып пискенинде жедиң ғой,
„Буны еккен мениң Палўан атам“ деп,
Балаларға мақтанып та жүрдиң ғой.

Бул да сондай шийе болып өседи,
Үш-төрт жылдан жетиледи, писеди.
Буның да миййуасын ҳәз етип жейсең,
Тағы да атаңа „рахмет“ дейсең!

Улы тағы атасына бүйдеди,
—Бул нәллерди қай жерлерден тапқансыз?
—Өзимиздиң бағымызда өседи.
Өнимли болсын деп жасында сапқанбыз.

Мына ерикти бес жыл бурын еккенмен,
Сол жылы, қулыным, туўылдың сен де,
Мына алманы да сол жыл тиккенмен,
Булар да миййуасын береди демде.

Жас бала ойына мынаны алды·
„Ҳәмме миййўа ексе миййўа көп болар,
Миййўа ексем“—деген қыялға барды,
Ойы орынланса кеўили толар.

Бала айтты:—бул нәлди мен егейин,
Сиз тутың, мен өзим оны тигейин,
—Күтә жақсы, балам онда еге ғой,
Тек шуқырын өзим қазып берейин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўанды да екти бала нәлшени,
Топырақ салып, жақсы услап кепшени;
Күни менен өз исине шадланды,
Бағманшылық кәри қандай нәшели!

Жас қанаттың еккен нәли жетилмек,
Жетилип елине көп мийўа бермек,
Қоса соққан халық пенен жүреги,
Уллыда, кишиде тек те бир тилек.

*1961-жыл.*

## ЧИМГАН

Ташкенттиң үстинен қарайсаң өзиң,
Тәбийғат қараўыл етип қойғандай,
Кирпикти қар басса да талмайды көзиң,
Күш жыйнап гүзетте бәрҳә тургандай.

## ЖЕЛ

Жел ишинде жумсақ желди сүйемен,
Желпигенин жанға рәҳәт көремен,
Қай жақлардан ойды жыйнап әкелип,
Сергиткендей, сездиргендей билемен.

## ЖҮЗИМ

Жүзим...
Жесем бир үзим,
Жүрекке дәрман,
Емдейсең өзиң!
„Келин бармақ“
Келип турса алдыңа,
Не ойларды түсиргендей ядыңа...
Тәбийғат арпап,
Дизгендей байлап, сайлап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр солқымның жүз мың түрли сыры бар.
Қаншама шебер,
Таңланарлық өнер,
Ҳәр солқымның көп айтылар жыры бар.

## АСПАН БИЙИК БОЛСА ДА

Аспан бийик деп,
Жерди—жер дейди.
Тек әпиўайы етип,
Усылай теңейди.

Бийик болса,
Болсын аспаның.
Мың аспаннан артық,
Жерде қәдем басқаным!

## ШӨЖЕЛЕР

Шүйик-шүйик етип шөжелер,
Анасына ереди.
Жемди шашса Рейим,
Жуўырысып тереди.

Моншақтай болып көзлери
Жаўдырасып қарайды;
„Жеп болдық жемди“ дегендей,
Шүйкилдейди, сорайды.

Тумсықлары сап-сары,
Сарысы еле кетпеген.
Белгиси бар қанаттың,
Еле өсип жетпеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күткен сайын шөжелер
Жетиледи, жетеди,
Аз ўақыт өтпей арадан,
Таўық болып кетеди.

Үлкейген сайын шөжелер,
Рейим күлип қуўанды.
Орынлы көрип мийнетин,
Бағыўға көп шөже алды.

Оқыўдан бос ўақтында,
Шөжелерге қарайды,
Ет көбейсе совхозда,
„Үлесим бар“ деп санайды.

*1962-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАЙЫҚЛЫ ҚЫЗ

Көл ишине көз жиберсем,
Жалғыз қайық көринди;
Қыялыма ким ол десем,
Қыз екени билинди.

Қызыл атлас орамалы,
Шағылысады күн менен;
Толқын аңлап қыз қыялын,
Сөйлескендей ым менен.

Ескек орнын мотор алып,
Қайық ытқып келеди;
Соққан толқын қақ жарылып,
Қайыққа жол береди.

Әсте ескен қоңырлаў жел,
Қамыс басын ийеди.
Жапырақлар да дегендей „кел",
Ийилип суўға тийеди.

Көл толқыны қыз шашындай,
Буралады таўланып...
Қыз сәўлеси суўға түссе,
Көл турғандай нурланып..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаңгып жүрген қайық емес,
Ҳәмде жүрген жолаўшы,
Бийкарлыққа емес ҳәўес,
Қыз жылымшы ҳәм аўшы...

Бригадир ерте кетип,
Хабар алып келмекте.
Балықшылар ғайрат етип,
Көплеп балық бермекте.

*Ташкент, март, 1962-жыл.*

## НАЎАЙЫ ЕСТЕЛИГИ

Естелик тур бағ ишинде,
Күнде қарап өтемен:
Бир қиз келип гүл қояды,
Мен де ҳүрмет етемен.

... Өзбек қызы, аты Гүлзар,
Дана шайырын сүйген;
Өмиринше әдет етип,
Ҳәр күн гүл қойып жүрген.

Шайыр да жас, гүлши де жас,
Гүл де жап-жас дөнип тур,
Үшеўине көкте қуяш,
Теңдей нурын сеўип тур.

Шайыр жүзи гүлдей жайнап,
Күнди әрман еткендей...
Муҳаббаттың жырын жырлап,
Үлги таслап кеткендей.

*Ташкент, 14-июнь 1962-жыл*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГИЛТ

Тəбийғат бир сырлы сандық
Адам—гилти, ашып атыр,
Ашылғаны бахыт болып,
Өз жемисин шашып атыр.

Сыр қалмайды ашылмаған,
Барлық гилти табылыўда:
Космос жүзи қушақ ашып,
Ол да ақылға бағыныўда.
Адам уллы, адам тəңири,
Көктиң, жердиң, ойдың, қырдың,
Адам гилти, адам гилти,
Тəбийғатта жабық сырдың!

*1962-жыл, Ташкент.*

## ДОСТЫМА

*Семен Липкинге*

Достым, бир сөз айттың есимнен кетпес,
(Мəнисин биреў аңлар, биреўге жетпес,)
Туўған жерди мен сүйемен анамдай,
Ер жигит елине ҳеш өкпе етпес!

Ел қəдирин мен көзимдей көремен,
Қəдирлеўдиң не екенин билемен,
Халқым ана,—қарыздарман бəрҳама,
Өлгенимше хызметинде жүремен.

Халқымды, өзимди бир деп билемен,
Халқымды мен жүрегимдей көремен,
Усы жүрек жүрип турса мен барман,
Халқым аман болса—бəрҳа тиримен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Керек ўақта сыйпалады басымды,
Аш етпеди, алға қойды асымды.
Жетимниң панасы, қорғаны болды,
Тыйды көзден аққан қанлы жасымды.

Өзи менен бирге мени өрлетти,
Қанат берди, қуўат берди, ер етти;
Айт, достым, өзиң де көпти көргенсең,
Халқынан айрылып кимлер ер жетти?

Әрманым сол, өмир азлық етеди,
Халық қарызы мойнымда кетеди;
Исенемен, ҳақ ислесем, күш салсам,
Қарызымды кешпей халқым нетеди...

*1963-жыл.*

## МИЙРИМЛИЛИК

Гей ўақытта таяқ жейсең өмирден,
Сонда кеўил соғылғандай темирден;
Сәл нәрседен зейниң қалып суўынып,
Дүнья өзи қызықсыздай көринген.

Адамның гүли де адам болады,
Адамның зәҳәрин де адам алады,
Саған мийрим қолын созса досларың,
Таяқ изи билинбестен қалады.

Кеўилди қалдырыў оғада оңай,
Оған ақыл керек емес ҳеш қандай,
Бирақта ең шебер сазенде болып,
Пердесин кеўилдиң бассаң сайма-сай...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда кеўил келер еди жайына,
Не тийсе де ислер еди пайына;
Адамға адамның мийрими түссе,
Жеңилместей қуўат берер бойыңа.

*1963-жыл.*

## КЕЛИНШЕК

Кеше болып өтти той,
Бүгин көрдим далада;
Бийкеши менен пахтада,
Бийкешинен қала ма?

Үркер еле батпаған,
Ай да жүзип жарқырар,
Келиншек, қыз жарысып,
Алға қарап умтылар.

Екеўи жүр атызда,
Еле ҳеш ким жоқ еди:
Минези, иси жаңаша,
Ескиге атқан оқ еди.

Шетке үйип қойыпты,
Бункер, бункер пахтасын;
Ғайрат сал иске, келиншек,
Ўатаның, елиң мақтасын!

*1964-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАРТИЯ БИЛЕТИ

Райком секретары шақыртқан екен,
Баратырман көп нәрсени ойланып.
„Не ис шықты, пени сорайды меннен,?"
Деймен өз-өзимнен иштен қыйналып.

Райкомда партбилетти берди де,
Қутлықлап секретарь—қол қойың,—деди.
Бул аўҳал рәсмий, сондай болса да
Өмиримнен жууапкерли көринди.

Ленин партиясына ағза болғаным,
Өмиримниң бийик шыңы емес пе?
Ленин турған партияда турғаным,
Бахыт теңизинен артық келмес пе?

Партия өмири гүреске толса,
Сол гүрестиң мен де ишинде жүргеним.
Жәмийет дүзими—нарт мийўа болса.
Нарўанының қатарына киргеним.

Революция жасап, жаңа жол сызып,
Коммунистлер басынан нелер өтпеди?
Ядқа түсти, патша қамалын бузып,
Бул жолда жанларын қурбан еткени.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Лазоны жэлладлар отқа жаққанда,
Душпанға бас ийип, жолдан таймады,
Ердиң сүйегинен ушқын шыққанда,
Революция жалынындай жайнады.

Уллы урыс болды, байладық белди,
Партия баслады, сынаўдан өттик.
Қыйналдық,шыдадық, қорғадық елди,
Исимиз ҳақ еди, жеңиске жеттик.

Урыстың жарасы аңсат питпеди,
Табылмады гейде дәри, гейде нан;
Көп завод бузылған, қурал жетпеди,
Тиклеўде, жөнлеўде болды барлық жан.

Хожалықты тиклеп, өрледик алға,
Усының басында партия болды.
Партия билетин берик услап қолға,
Усы саптаман деп кеўилим толды.

— Не хызмет буйырса таяр турайын,
Партия билети—жүрегим, жаным.
Коммунизм гүресшиси болайын,
Бул ис—идеалым, уллы әрманым; —

Дедим секретарьға алдымда турған,
Қолды қысып,жақсы тилек тиледи,
Бирақта жүрегим қаттырақ урған,
Жуўапкерли ис артқанын биледи.

*1966-жыл. Ташкент.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОКТЯБРЬДИ БИРДЕЙ АЙТКЫМ КЕЛЕДИ

Октябрьди бирдей айтқым келеди,
Аты қуўат ҳәмде ләззет береди,
Усы атта жаслық жайнап турыпты,
Бойға жигер, белиме күш енеди.

Октябрьди айтсам кеўлим тасады,
Оны айтсам таў да есик ашады,
Памирдиң музы да буннан ерийди,
Дос шадланып, душпан қатты сасады.

Шопан едим китап берди қолыма,
Жетеледи уллы әрман жолына,
Адам болдық, адасқанда жол таптық,
Биз қосылдық бул шоқ жулдыз тобына.

Тек өзи батпастай болып жаралған,
Ленин ақылынан дөреп қуралған,
Октябрим әсирлерге жайнайды,
Пүткил дүнья сәўлесинен нур алған.

*1967-жыл. Ташкент.*

## ГҮЗ

Бағдын жапырақлары алтындай болып,
Гүздиң болғанынан хабар бергендей,
Қыраў гүсип, қаўын пәлеги солып,
„Жаз өтти, хасылды жыйнаң" дегендей;

Айдын көлдиң суўы салқынлық етип,
Ғаз, үйреклер жыллы жаққа кетиўде;
Ғаңқылдасып, өз тилинде саз шертип,
Хошласқандай көлге ҳүрмет етиўде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көлдиң толқынлары қосып үнлерин,
Қуслар кеткенине қапа болғандай;
„Есте тутыңлар, — деп, — дослық
күнлерин“,
Ҳәр бир толқын „қолын“ былғап
қалғандай.

Қамыслар да басын ийип қозғалып,
Ҳүрметли мийманын жоллап қалғандай;
Шайқалып жапырақ та сестин шығарып,
„Қайтып келиңлер“, деп мирәт
қылғандай.

Гүздиң келгенинен тағы бир хабар:
„Ақ алтын„ „теңизи“ тасып кеткендей.
„Жасыл корабльлер“ теңизге толар,
Теңиз корабльди талап еткендей.

Заман өз қуралын, өзиниң күшин,
Пахта „теңизине“ ж йнап салғандай;
Ғаррылар таңланып, жаслар шадланып,
Кеўилге алған мақсетли иси болғандай;

Алтын гүздиң ҳәр бир күни байрамдай,
Жүрекке йош, белге қуўат береди:
Тарийхый гүз габыс пенен тасқынлап,
Халқым тойға жеңис пенен келеди.

*1967-жыл, Нөкис.*

## САҚШЫ

Жер ҳасылын берди мийнетке ийип,
Кырман бийикледи булытларға тийип;
Ақ алтынды таўдай қылып үйгенди,
Директор сөйлеп тур бир жерге жыйып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Совхозымыз өнимди көп жыйнады,
Мине енди „Пахта тойын“ тойлады;
Раҳмет сизлерге мийнет ерлери!—
Деп, ҳәр бирин сыйлық пенен сыйлады.

Көп адам Маскеўге жоллама алды,
Жоллама алғанлар қатты қуўанды.
Себеби пайтахты, Ленинди көриў, —
Ҳәр бир мийнеткешке көптен әрманды.

Ғарры Ниязға да жоллама берди;
Ҳадал мийнет оны жасқа теңгерди,
Самолетқа минип, кетти атланып,
Төрт саатта Москваға жеткерди . . .

Қызыл майдан. Қутлы қәдемлер жайы,
Адамлар ағылып келер удайы;
Көп ишиде кеўилленип Нияз жүр,
Куўаныштан гүлдей жайнап шырайы.

Мавзолейге жетти, қатарда турды,
Ойлы көзи менен қарап та қойды,
Шымбайлы жигиттиң сақшы турыўы,
Кеўилин елжиретип шадыман қылды. ..

Ленин жатыр кирген менен тиллесип,
Миллион жүрегинде соғып бирлесип,
Кирген адам қуўат алып шыққандай,
Өз исинде оның менен кеңесип! . . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр адамның деми менен исинде,
Өмиринде, жүрегинде, кеўлинде,
Ленин идеясы иске асқаны,
Ниязды ң да из қалдырды есинде.

Лениннин ҳәммеге бирдей болғаны,
Ол жол силтеп халықтың бахыт алғаны,
Сол ушын Әмиўден бул жерге келип.
Аңланғандай сақшы житит турғаны. . .

Усындай теңликти дүнья көрген бе?
Бундай исенимди адам билген бе?
Ленинлик әрманның иске асқанын
Мақтанамыз биз турмыста көргенге!

*1967-1968-жыл.*

## КУБЛА ВЬЕТНАМ ҚЫЗЫНА

От ишинде жүрипсең,
Жаўдан бурмай жүзиңди.
Өз елиңди сүйипсең,
Мен сүйемен өзиңди.

Жаў киргенде елиңе,
Колыңа жарақ алғансаң;
Хожайын етпей жериңе,
Душпанға ойран салғансаң.

Канша бомба, қанша оқ,
Жаўдырса да душпаның.
Халқың буғып қалған жоқ,
Сен де қызым, саспадың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Менмен душпан менсинбей,
Жүргенде оған шоқ болдың,
Қәлеген жерде көринбей,
Атылатуғын оқ болдың.

Шоққа, оққа дус келип,
Душпанларың сасыўда;
Халық күшине сүйенип,
Сенде ғайрат тасыўда.

Гүрес, қызым, жалықпа,
Азатлық өзи келмейди;
Еркинликти халыққа,
Әкелип биреў бермейди.

Өзиң де, қызым, исиң де,
Азатлықтың тиреги.
Салған ғайрат, күшиң де,
Өзиң, елге кереги.

Жаўдан елди тазала,
Бири қалмай қуўылсын.
Кетпегенин жазала,
Кирленген жер жуўылсын.

Гүресшең батыр елиңе,
Тилеклеспен мен қызым,
Сүйсиндим ерлик исиңе,
Душпаныңды жең, қызым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨЗЛЕРИН

Гүллердей жайнап жүзлериң,
Жанымды жаққан жағы бар;
Өз оғын атып көзлериң,
Жүрекке салған дағы бар.

Көз нурың қандай өп-өткир,
Еле де жара жүрегим.
Кайтадан қара жөне бир,
Жүрегим тапсын керегин.

Тоқтатпа өзиң қараўды,
Ата бер көзди оқ етип.
Шаша бер отлы алаўды,
Жүректи жалын шоқ етип.

Гүллердей самал тербеген,
Нурланып турсын жүзлериң,
Жаслығы жанып сөнбеген,
От атып турсын көзлериң!

* * *

Тек қаратсам терезеге жүзимди,
Көргендеймен күлимлеген көзиңди,
Барлық ўақта қыялымда, естесең,
Сен де сондай сезесең бе өзиңди?

## АЙЫМХАН

*(СССР халық артисткасы Шамуратова Айымханға)*

Сайра-сайра бүлбилим,
Сайрап турған тилиңнен,
Ләззет алсын бул елим,
Сенин шыққан үниңнен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Төк наманы, шырқай бер,
Халқым уйып тыңласын;
Сайлап-сайлап нама тер,
„Бозатаў“ умыт қалмасын,

Бәлент көтер наманы,
Еситпеген қалмасын;
Жаңғырт аўыл-қаланы,
Жаңғырт мийнет даласын.

Сайра-сайра бүлбилим,
Сайрап турған тилиңнен,
„Сайрай бер, — деп, — бүлбилим,“
Орын бердим гүлимнен.

Сен сайрайсаң, Айымхан,
Мен де жырды төгейин.
Шықсын деп бүлбил жаңадан,
Бағлар, гүллер егейин.

*1969-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМ БОЛМАСАН

*(Муўса Жәлил мотиви менен)*

Пилдей күшиң болып ағашты жақсаң да,
Жолбарысты жеңип үстем шықсаң да,
Ашыўың келгенде сең болып тықсаң да,
Сен адам болмасаң бул неге дәркар.

Күшиң менен темирлерди ийсең де,
Арысланды аттай ертлеп минсең де,
Айды арқалап, күнге қарап жүрсең де,
Тек адам болмасаң ол неге дәркар.

Сырт пишиннен ишки дүнья көринбес,
Кеўли қара болса жақсы делинбес,
Адамгершиликке ҳеш сөз тең келмес,
Ҳақ жүрекли адам ҳәммеге дәркар.

## ДИЙХАН ҲӘМ ЖЕР

Ғарры дийхан атыз басына шығып,
Ҳасыл жерге дыққат-нәзерин салды;
Жер де өз бетинше қалмастан „буғып",
Өнимин шайқалтып оны қарсы алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Удайы жас болып жайнаған бул жер,
Ғаррылыққа таңланғандай болады.
„Қартайдың ба маған төгип сонша тер?“,
Деп жердиң кеўлине гүман толады.

Жердиң ойын сезип анық билгендей,
Диййхан оған өмир сырын сөйлейди:
— Ғаррылыққа күлме, жерим дегендей,
Жаслығыңның гилти адамда, —дейди,—

„Қәҳәрли болсын“, деп келсе жаў дөнип,
Ҳәр әўлад өзиниң айбатын берди.
„Жас болып турсын,“ деп бирдей күш енип,
Ҳәр әўлад өзиниң ғайратын берди.

„Жүзиң жайнасын,“ деп берди жамалын,
Соның ушын әлем көрки өзиңде;
Берди аямастан өзинде барын.
Қыз-жигиттиң сулыўлығы жүзиңде.

Өскен гүл, миййўа бағ, сонша егинди,
Бәрин де тек адам қайта жаратқан;
Мийнеттен дөреген ҳасыл өнимди,
Өсиўге, бахытқа жумсап қаратқан.

Адам арнап пүткил мийирин берди,
Кен пейил, кең жазық болсын деп
саған,
Адам сени сүйди, жанындай көрди,
Не хызмет етсең де жарасар оған.

Мени ғарры деме, жас бар кейнимде,
Өмир бирдей даўам ете береди.
Демек сендеги бар жаслық бар менде,
Соның ушын мақтанбасаң негеди? . .



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзлерди жер ойланып көреди,
Өмирдиң тарийхын өткерип көзден;
Әдил айтылғанға беккем сенеди,
Өкинбес қалғанға утылып сөзден:

„Адам—тәңири. Қүдирет бар қолында,
Кәҳәрленсе нөсер болып жаўады.
Таў болса да бузып өтер жолында.
Нийетин орынлап кәмал табады.

Қәлеген гәрепке дәрьяны бурып,
Шөлди көл, көлди жер етер күш пенен.
Космоста ремонт базасын қурып,
Даналығын көрсетип тур ис пенен.

Сол адамның бирп бул турған дийхан,
Мени қәдирлеген, мени гүлленткен.
Түрлендирип, жанландырып берген қан,
Улындай әлпешлеп мудамы күткен . . .

Жердиң қыялына усылар келип,
Менменлик еткенге пушайман жеди.
Кеңлик ҳәм кишилик пейлине берип;
„Дийхан ата, бизди кешириң," деди. .

*1969-жыл, Нөкис.*

## ӘКЕМ ҲАҚҚЫНДА СӨЗ

Әмиў суўлы болса да,
Көли қуўлы болса да,
Ас та, суў да, жер де жоқ.
Азғана сан, аш көз бай,
Төрт түлиги болған сай,
Солар үстем, солар тоқ;



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әкем-жарлы батрақ,
Ашлық қысып албырап,
Байға болды ол малай;
Жип-қазықсыз байланып,
Күни-түни қыйналып,
Азап шекти бир талай.
Жанға батып жерсизлик,
Үстем болып теңсизлик,
Тартқан байдың азабын.
Тыным таппай таянбай,
Ислесе де аянбай,
Қайнатпаған қазанын.
Сарғайып солып жүзи,
Аштан талықсып өзи,
Еткен байдың жумысын.
Мийнет артып сорына,
Ҳақы тиймей қолына,
Көрген күнлер қурысын.
Тирсеклери қағысып,
Гүндеге қол жабысып,
Әкем жүр қос изинде.
„Шүў-ҳе, шүўлеп!“ бақырып,
„Тап қалды“ деп шақырып,
Қан қалмаған жүзинде.
Ҳәр танап жер сүрилген,
Ол аш—бели бүгилген,
Тек өлмеген, жасаған.
Ҳәр бир адым жеринде,
Мың тер барды кеминде,
Терин, күшин жумсаған.
Өгиз тойып от жесе,
Бул аш, нәрсе жемесе,
Қолынан ис келе ме?!
Ҳарып, шаршап талса да,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ас-суў ишпей қалса да,
Бай аяўды биле ме?!
Колларында ҳал қалмай,
Гүндени нық туталмай,
Кести өгиз аяғын,
Әкем қорқып зирлеген,
Не қыларын билмеген,
Жасырады қаяғын!
Сай-сүйеги қақсаған,
Өгиз болса ақсаған;
Не деп жуўап береди,
Ол ақсатса өгизди,
Өгиз таяқ жегизди,
Байдан азап көреди.
Мал-жанлы бай бәнеге,
Қастын тикти әкеме;
Деп „өгизди майырды!"
Жала жаўып ҳәр қыйлы,
Бәне таўып бир жылғы,
Ҳақысынан айырды.
Сонда ғарры қара тал,
Сорағандай оннан ҳал,
Шақаларын жаяды.
Салқын сая түсирип,
Ғамлы кеўилин өсирип,
Ғамхор болып аяды.
Жазда болған баспана,
Тек усы бир тал ғана;
„Кел саяма, кел",деген.
Қос шығыр бар түбинде,
Кайғы-мун бар үнинде,
Ол да зарлы еңреген.
Басы, түби байланған,
Көп күш пенен айланған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүзелер суў шығарар.
Кериз суўы дизеден,
Жырық аўыз гүзеден,
Көз жасындай сырғанар;
Ҳәр тамшысы алмастай,
Тамшылаған көз жастай,
Сиңген гамған жерине.
Оннан егин өскени,
Дәнлы дақыл пискени,
Гүўа маңлай терине;
Қос шығырдың басында,
Кетик қазан қасында,
„Шүў“ деп анам тынбайды.
Гейде атқа от тутып,
Гейде сорлап қан жутып,
Ол да жанын қыйнайды.
Ерте кетип, кеш қайтып,
Кайғы-дәртин молайтып,
Анам да шығыр айдайды.
Әрман түймесин тағып,
Көзден қанлы жас ағып,
Сол шығырдай зарлайды;
Тек бир байдың сайраны,—
Мың жарлының ойраны;
Өзиндей аш, сор болса,
Жоқшылықтан қор болса
„Қудайдан“ деп биледи . . .
Азап шеккен ҳәр күни,
Ата-анам бир күни
Атқан таңды көрипти,
Ҳәм хош болып ўақыты,
Өз басына бахыты,
Күндей күлип келипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халықты көп қорлықтан,
Түрли-түрли зорлықтан,
Ленин азат етеди.
Жаңа нурлы күн туўып.
Қайғы дағын нур жуўып,
Халық бахытқа жетеди . . .
Қуўрап қалған қуў дарақ,
Жайнағандай жас жапырақ,
Әкем кеўили өседи.
Сапасына аң берген,
Күтә әдил заң берген,
Жаңа жолға түседи.
Усы жолдан адаспай,
Албырамай ҳәм саспай,
Алға жүрип келеди.
Тарыққанда берген қол,
Ҳәм көрсеткен туўры жол,
Ленин ғой деп биледи!

*1969-жыл. Нөкис.*

## ӨЛМЕС ӨМИР, ТАЎЫСЫЛМАС КҮШ ДӘЎИРИМ

Ағам бар туўысқан өзимнин үлкен,
Көп нәрсе биледи, көп нәрсе көрген;
Турмыс өткеллерин бастан өткерип,
Ашшының, душшының дәмлерин билген.

Мийнет етсе алдына жан салмайды,
„Шаршадым“ деймейди, истен қалмайды,
Жасы асты алпыс бестен арыға,
Сорамайды, пенсия да алмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Пенсия ал,— деди ағайини келип,
Өзинше ағама кеңесин берип,—
Картайдың, балаң бар, иниң бар, шүкир,
Деминди ал, аўылда қыдырып жүрип.

Ағам бундай кеңеслерге күлди де;
—Ким қартайған,—деди,—бундай өмирде!
Күшиң барда пенсия алып, бос жүриў,
Мийнет етпей күн өткериў өмир ме?

Мийнет етпей алған демиң оңа ма?
Мийнет етпей ўақты хошлық бола ма?!
Тек усындай болса берер кеңесиң,
Енди менин сен қасыма жолама.

Қартаймадым, қуўатым бар, күшим бар,
Қаншаға шыққанда қандай исиң бар?!
Өлмес өмир, таўсылмас күш—дәўирим,
Мийнетсиз өткен күн маған—намыс-ар!

*1969-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ОДА, БАЛЛАДА ҲӘМ ПОЭМАЛАР

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАХЫТЛЫЛАР[1]

*Ода*

### Жаслык талўас

Гүлистан жан, жасыңда,
Алға талпын, билим ал,
Билим бахыт булағы,
Өмириңе ол қурал.

Йошландырған бизлерди,—
Коммунизм жеңиси:
Билим артса елимде,
Тасар өмир жемиси.

Қәниге дер ҳәр күни,
Колхоз, гүллан қурылыс,
Қәниге болса ҳәмме адам,
Гүллене берер шад турмыс.

—Сөзиң дурыс аға жан,
Билимге не келер тең.
Қәниге болып шығыуға,
Талпынаман күнде мен.

---

[1] Х. Сейитов ненен авторлықта жазылған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Агроном, инженер,
Болыўға кеўил талпынар;
Композитор, художник,
Шайырлықтан тәмем бар.

—Жаман емес талабың,
Бәриниң гилти билимде:
Өсиўде шайыр, илимпаз,—
Қәнигелер елимде.

Жайнаған жаңа дәўирде,
Шайыр болыў ҳүрметли ис;
Мүмкин бе бирақ, ҳәммеге—
Пушкиндей болыў бир тегис.

—Билими көп адамлар,
Алға басып барады;
„Боларсаң мүмкин министр"—
Деп Марат қызға қарады.

Гүлистан бираз ойланып,
Мараттың айтқан сөзине:
—Айтшы,—деди—ҳәмелди,
Ким тилеп алар өзине?

Министр болыў шәрт емес,
Қәниге болыў—ўазыйпам,—
Деп алға мақсет қояды,
Елимде өскен ҳәр адам.

Ийелеп орта билимди,
Қуралландым жасымда;
Советтиң жас қызыман,
Өшпес бахыт басымда.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәниге болыў шәрт маған,
Соны жақсы билемен;
Билимниң болған булағы,
Москваны сүйемен.

Жүрегимиз—Кремль,
Мени өзине тартады.
Бизде бәрҳә Ўатанды,
Сүйиўшилик артады.

Москвада оқыған,
Адамда әрман болмайды;
Ким талўас етсе билимге,
Келешекти ойлайды!...

Деди Аймурат қызына:
—Мақсетиңнен, өзиңнен.
Оқыўға барсаң ҳәр жылы,
Тураман барып изиңнен.

Бир-бирине жап-жақын,
Москва—Нөкис қаласы,
Самелётте ушқанға,
Узақ емес жол арасы.

Гүлистан сонда шадланып,
Оқыўға бел байлады;
Ўатаны, халқы, өзиниң—
Келешегин ойлады.

## Москваның жолында

Гүздиң айы,
    Таң алды.
Көринди Әмиў жарқырап.
Гүлистан, Марат, басқалар,
Сағымына тур қарап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатанды нурдай жайнатқан,
Москва түсип ойына,
Келди жаслар сәҳәрде,
Темир жолдың бойына.

„Москва—Чарджоу—Қоңырат"
Поездына көп адам,
Отырды да шадланып,
Бахытлы,—деди,—биз мудам.

Зымырап поезд жүргенде,
Кеўиллер йошып тасады;
Әмиўдиң еки бойына,
Қарасаң зейин ашады.

—Анаў турған Тахиатас,—
Деп қарады гүлләп жас,—
Сен бир жаңа қаласаң,
Гүллене бер, алға бас.

Сол мәҳәлде ҳаўада,
Көп самолет көринди.
Жаслардың ықлас—зейини,
Дәрҳал соған бөлинди.

Саз даўысқа салды да,
Қосығын Марат баслады.
Самолётти тәрийплеп,
Жаслардың кеўлин хошлады:

—СССР да ушқан самолёт,
Жүк тасыса қурылысқа,
АҚШ та ушқан самолёт,
Оқ тасыйды урысқа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынышлыққа арналған,
Бизиң барлық исимиз.
Ўатан ушын, халық ушын,
Артар жигер, күшимиз.

Ўатан—өмир қымбатлы,
Ақылы бар адамға;
Урыс—ойын көринер.
Ақылсыз жыртқыш ҳайўанға.

—Кемиси жоқ сөзиңниң,
Айналайын, Маратжан—.
Деп сақалын бир сыйпап,
Сөз баслады Атажан.—

Урыстан кейин бизиң халық,
Уллы исти қолға алды.
Завод, фабрик, ГЭС лерди,—
Қурды, темир жол салды.

Куш бар ма екен дүньяда,
Тең келер халық күшине!
Ким мин таға алады.
Көптиң еткен исине.

Халық күшине ойласаң—
Тең келгендей, күш қайда?!
Усы жолды Чарджоўдан,
Жеткердик елге бир айда.

Салыў ушын бул жолды,
Бурын ким әрман етпеген!
Олардың келмей қолынан,
Мақсетине жетпеген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таўды, тасты аўдарған,
Қара қумды қақ жарган,
Үстине темир жол салған,
Бул күш қайдан жаралған?!

Компартия—данадан,
Елге нурлар тараған,
Усы нурдан биригип,
Халықтың күши жаралған.

Ел қондырып үстине,
Жайнатқан қула дүзлерди,
Исте ерлик көрсеткен,
Ким умытар бизлерди?!

Мийнет етсек, шөлистан,
Гүлдей жайнай береди,
Абхазия жериндей,
Удайы жасыл дөнеди.

Елсиз, малсыз қуўраған,
Шөлистанда сəн болмас.
Суў тиймесе шөплердиң,
Тамырында жан болмас.

Усындай сансыз дала еди,
Чарджоў—Қоңырат арасы;
Бар еди сахра, кең дала,
Жүрмеген адам баласы.

Қус ушса талған қанаты,
Қыя шөлге салдық жол.
Биздеги ис турмысты—
Жайната бериў, мақсет сол.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жол бойына қараңыз.
Ел қонып жерге сэн киргеи,
Елге, жерге бахытты,
Биз билемиз, ким берген.

Турмыс жоқ жерде турмысты,
Дөретиўши тек адам;
Коммунистлик партия,
Жайнатқан өмирди мудам...

Атажанның сөзлери,
Майдай жағып жүрекке,
Бир қосылды, йош берди
Көптеги уллы тилекке.

Шадлы адамға ўақыттың,
Өткени де билинбес.
Бир сутка, ҳэтте бир ай да
Бир минуттай көринбес.

Ҳэр күн сайын бизиң халық,
Алға баса береди.
Келешекке қумартып,
Жасай бергиң келеди.

Поездағы адамлар,
Досларша сыр алысты;
—Адамшылық белгиси,
Қэдирлей бил жолдасты.

Поездағы отырған,
Көп миллеттиң адамы;
Беккемлеп дослық бирлигин,
Алға басқан мудамы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Миллети басқа болса да,
Барлығы бир баўырлас.
Туўысқан совет халықлары,
Бир-бирине сыр сырлас.

Бир-бирине гей ўақытта,
Қосық айтып береди;
Ўақытты шадлы өткерип,
Алға қарап келеди.

Таң сәҳәрде узақта,
Жарқырап жақты көринди,
— Москва.
— Әне,—деди ҳәмме,—
Жайнатып турған өмирди.

Меҳрибан,
Ана—Москва
Қушағын ашып турғандай,
„—Хош келдиң“,—деп, алдыңа,
Нур менен жазып қойғандай.

Қарсы алар ҳәр күни,
Миллион қыз-улларын,
Ильичтиң нур шамы,
Жақтыртып турар жолларын.

## Мавзолейди көргенде

—Гүлистан, Марат, қарағым,
Отырыңыз қасымда;
Москваны мен көрдим,
Алпысқа шыққан жасымда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүллəн халықтың ўəкили,
Жыйналып, айтты сырларын;
Тынышлықты сақлаўдың,
Көрсетти анық жолларын.

Халқымыздың атынан,
Тынышлық ушын қойдық қол;
Болдырмаймыз урысты,
Алға қойған мақсет сол.

Баратырмыз, гүреске,
Ҳəммени баслап биз алда;
„—Жеңиске!“ деп желбиреп,
Қызыл байрақ тур қолда.

Ол байрақ—Ленин байрағы,
Жеңистиң болған нышаны;
Азатлық ушын нур шашқан,
Өмирдиң жақты ол—таңы.

— Бизлер—деди,—Гүлистан,
Жаралдық бахыт нурынан;
Коммунизмге барамыз,
Уллы Ленин жолынан.

Ленинди бəрҳə „көрсем“, деп,
Көптен əрман еттим мен;
Алға қойған мақсетке,
Мине, бүгин жеттим мен.

Мавзолейге киргенде,
Данам түсти көзиме;
„Жатыр ма атам тири“ деп,
Қарай бердим жүзине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңа заман орнатқан,
Уллы адам сирә өлмейди;
—Ол тири—дедим, өйткени
„Өлди“ деп айтқым келмейди.

Ленин аты халықтың,
Жүрегиниң төринде,
Оның аты аталған,
Жеңислердиң бәринде.

Ленин тири, жасаўда,
Жаңа өмир, жаңа турмыста,
Ол тири колхоз, санаат,
Социалистлик қурылыста.

Ленин тири мәңгиге,
Компартия исинде;
Ленин тири—жер жүзи
Пролетариатының күшинде.

Тири деп оны билемиз,
Халқымыздың исинде,
Ол тири—коммунизминиң,
Жайнаған жеңислеринде.

—Гүлистан қызым, ким айтар,
„Өлди“ деп ондай адамды?!
Ленин аты жаңғыртқан,
„—Жеңиске!“ деп жаҳанды,

Жаңа дәўир тарийхта,
Кейинине қайтып бармайды;
Жаңа өмир дүзген адамды,
„Өлди“ деп айтып болмайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дананың аты жүректе,
Мәңгиге жасай береди.
Дүнья мийнеткешлери,
Тири деп оны биледи.

## Ленин болған Горкада

Москвада оқыйды,
Араб қызы Гүлжаҳан.
Гүлистан менен бир жүрип,
Бирге турды ол мудам.

Бир күни өмир бағында,
Қыдырып ўақтын хошлады,
Сыр айтысып Гүлистан,
—Бахыт,—деп сөзин баслады.—

—Ленин данам жасаған,
Жерди барып мен көрдим,
Көсем жүрген бағлардың,
Саясында гүл тердим.

Көсем жүрген жерлерде,
Алға адым аттым мен,
Ленин еккен бағлардың,
Мийўасынан таттым мен.

Бағ әтирапын жағалап,
Тып-тынық суў ағып тур;
Жарқырап Ильич шырағы,
Бағ ишинде жанып тур.

Ленин данам еситкен,
Еситтим сестин бүлбилдиң;
Қызықтырып сайрайды
Шақасында ол гүлдиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Турдым да Ленин отырған,
Скамейка қасында,
— Әрман бар ма?
— Жоқ,—дедим.—
Биздей совет жасында.

„Ленин қәдем басқан жер,
Артық көздиң нурынан“,—
Деген сөзди еситтим,
Арабтың ул-қызынан.

Сонда турып Гүлжаҳан,
—Ленин,—деди,—бабамыз,
Өсип оның жолында,
Мәңги бахыт табамыз.

Көзге раўшан көринер,
Ленин данам турған жер,
Дүньяда ҳәр бир мийнеткеш:
„Сол жерди келип көрсем“, дер.

Көрсем уллы данаға—
Тағы да артар муҳаббат,
Иси, сөзи, келбети,
Елеслер көзге, болып яд.

Ленин болған сол жерде,
Қыдырып мен де алдым дем,
Жүректи таза сақлаўға,
Жутқан ҳаўам болды ем.

Ленин еккен гүллердиң,
Ийиси сиңди бойыма;
„Лнннин—бахыт“,—деген сөз
Түсти бәрҳә ойыма.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көсем турған жайлардың,
Ишине барып мен көрдим;
Шкафта турған ҳәр томын,
Жүрегиме теңгердим.

Түсиндирди консултант,
Көсемниң өмир ҳәм исин;
—Ленин,—деди,—жегизген,
Коммунизм жемисин.

## ДОСЛАР СЫРЫ

— Москвадан бахыттың,
Нуры тарап турады;—
Деп Гүлистан, Гүлжаҳан,
Кремльге қарады.

Танланып қызлар турғанда,
МГУ дың бийик жайына,
Коля, Марат, көп жаслар,
Келди олардың жанына.

— Қарaң, достым, Гүлжаҳан,
Бизде өмир бахытлы;
Шадлық пенен ҳәр адам,
Өткереди ўақытты.

Оқып, ислеп өткерген,
Өмирге не жетеди!
Биз қолға алған жумыслар,
Табыслы болып питеди.

Көргенде қурылыс, ГЭС лерди,
Сән берген Ўатан—анаға,
„Данқ—деймиз шын жүректен, —
Компартия данаға!"



www.ziyouz.com kutubxonasi

Салынған бийик жайларға,
Көз қумартар қарасаң;
„Булытлар төмен тур ма?“—деп,
Ҳайран болып турасаң,

МГУ дың бийик жайына,
Киргенде кеўлиң тасады.
Өйткени, „хош келдиң,“ деп,
Жасларға қушақ ашады.

—Бул жайды салған ким екен?.
—Олар—совет адамы.
Халық ғамхоры—Партия.
Бахыт берген мудамы.

Компартияны сүйеди,
Дүньядағы ҳақ инсан,
Партия бизге меҳрибан,—
Деп шадланды Гүлжаҳан.—

Биз араб халқы билемиз,
Партия бахыт—таңымыз,
Тирегимиз, өмиримиз,
Жүрегимиз, жанымыз...

## Барлық жол коммунизмге

Москва—Волга каналын,
„Көрсем“ дейди ҳәр адам;
Бул каналды дөреткен—
СССР Ўатаным—анам.

Жаздың айы. Атты таң,
Пароходта отырман;
Таза ҳаўа, гөззал көринис,
Кеўилге шадлық толтырған·



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бойында өскен қарағай,
Қыйқашлап егип қойғандай;
Қызыгаман, қумартып,
Талпынып жас баладай.

— Рахаттын жайы,— деп—
Шар тәрепке қарайман,—
—Мынаў қай жер, қай тоғай,—
Деп достымнан сорайман.

Бирге жүрген достыңа,
Белгили болар сырың да;
—Бул жерди, — деди ол маған:—
Көрген жоқпедиң бурында?

— Аўа, достым, Гүлистан,
— Онда тыңла, Гүлжахан,
СССР да дәрьялар,
Жер тамырындай жалғасқан.

Хақ нийетли инсанлар,
Москваға қарайды;
Өйткени, нуры бахыттың,
Кремльден тарайды.

Коммунизм булағы,
Суўының аққан сағасы,
Москва—Волга, Донлардың,
Жайнаған нурдай жағасы.

Өскен жерге сүйсинип,
Алға басып келемиз.
Қудиретли Днепр, Куйбышев—
ГЭС лерин барып көремиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бизлер жүрген айдын жол,
Жақтыртады дүньяны.
„Бириктирсек,—деймиз биз,—
Көл, теңиз, гүллән дәрьяны".

— Гүлистан достым, билемен,
Мақсет бир ҳақ инсанда,
Келешек өмир көз тартып,
Елеслеп тур алдымда.

Жалғасады дәрьялар,
Бизиң де араб жеринде;
Ильич шамы нур шашар,
Дүньяның гүллан елинде.

Москва, Волга—Донлардай
Дәрьяларың бар жалғасқан;
Днепр, Куйбышев ГЭС индей,
Бойларында жанар шам.

Дәрья бойын, жер үстин,
ГЭС жақтыртып турады;
Бир мақсетли адамлар,
Коммунизм қурады.

Океан, жер ҳәм аспан,
Бир-бирине жалғасқан,
Дүнья мийнеткешлериниң
Жақтылы идеялары
Усындай болып ушласқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАСАСЫН ПАРАХАТШЫЛЫҚ

### I

„Атажан ата киятыр",
Деген хабар тарады;
Досларының бойларын,
Шадлық кернеп барады.

Темир жолдың бойында,
Поезды күтти көп адам;
Жәҳанға шашып қуяшын,
Сол мәҳелде атты таң.

Жайнап кетти колхоздың,
Егислик кең даласы;
Хожелиниң көринди,
Жаңадан салған қаласы.

Бағ-бақшалы атызлар,
Қарасаң зейин ашады;
Ашылған ақ пахталар,
Йош берип, кеўил тасады.

Таза ҳаўалы сәҳәрде,
Сайран еткиң келеди.
Көз тартып түрли көриниc,
Бойға жигер киреди,

„Арқан бойы" дегендей,
Көтерилди көкте күн;
„Көринди поезд, әне!—деп,
Жағымталлы шықты үн.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Паровоздың гудоги,
Қулақты жарып барады;
Зымырап жүрген поездға,
Адамлар дәрҳал қарады.

Тоқтады поезд, күткенлер
Атажанды қарсы алды.
Қуўанышлы жүзине
Тигилип ҳәмме сер салды.

„Сәлем“, деген сулыў сөз,
Айтылды үсти-үстине,
Сәлемлескен дослардың,
Айқасты дәсти-дәстине.

„Победаға“ отырып,
Колхозға кетти Атажан,
„Не хабар айтар екен?“ деп,
Ойланды сонда көп адам.

II

Клубта отырған адамлар,
Өмирдиң палын татқандай;
Ғаррының ишки сырларын,
Айтпай-ақ ойлап тапқандай.

Ата сөзи—ақылды,
Умытылмас, болар яд;
Көп алдында сөйлеп тур,
Атажан күлип, болып шад:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Москвада тынышлықтың,
Конференциясы ашылды;
Халықлардың мақсети,
Кремльде қосылды.

Москвада бир соғып,
Дослар менен жүрегим,
Парахатшылық ҳаққында,
Билдирдим халықтың тилегин.

Досларым, ул ҳәм қызлерым,
Сизлер деп санап өзимди,
Қарақалпақ халқының
Атынан айттым сөзимди.

—О, Москва,—дедим мен,—
Жанымнан артық көремен,
Болдың тынышлық тиреги,
Шадлы өмир сүремен.

Парахатшылықты халықлар,
Қолға алса, урыс болмайды;
Дослық, бирлик берик болса,
Мудамы тынышлық орнайды.

Турмысты сүйген ҳақ инсан,
Мақсетине тез жетер;
Ким қәлесе тынышлықты,
Берилип елге ис етер.

Еркин мийнет данқ берер,
Умытпаңыз ҳеш ўақта;
Сол мийнеттиң жемиси,
Атыздағы ақ пахта.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахта аброй—даңқымыз,
Кийим, аўқат, нанымыз;
Пахта турмыс көркимиз,
Тиришилик—жанымыз;

Күшти жумсап пахтаға,
Алсақ молдан зүрәҳәт,
Турмыс жайнап тағы да,
Жанымыз табар раҳат.—

Атажан усылай сөйлесе,
Тилинен пал тамғандай,
Жағымлы хабар сөзине,
Қулақ қуршы қанғандай.

Жыйналған көптиң алдында,
Елеследи кең дүнья.
Көрипип турды елеслеп
Вьетнам ҳәм Корея.

Дүнья халқы күшейтти,
Тынышлық ушын гүрести;
Тынышлыққа бас болып,
Басладық биз уллы исти.

Тереңнен ойлап ҳәр адам,
Ўазыйпасын аңлады;
„Жасасын тынышлық!“—дегенде.
Клубтың иши жаңлады.

*1953-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЕРЕК ҲАҚҚЫНДА БАЛЛАДА

### I

Жапырақ жайып қос терек,
Көк өзектиң бойында,
Көзди тартып турыпты,
Жаздың гөззал айында.

Узақтан көрсең шақасы,
Дәл аспанға жеткендей;
Тармақланған тамыры,
Жерге тарап кеткендей.

Бурын буны көрмеген,
Адамлар таң қалады;
Отаўдай болған турпаты,
Өткенди ядқа салады.

Жүз жылдан да көбирек,
Жасаған шығар бул терек;
Тарийхын көплер билмейди,
Егилген мүмкин ертерек.

Қос теректиң әтирапына,
Тазадан бағлар егилген,
Мийўаларға сырығып,
Көзге ысық көринген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жери гүлден лалазар,
Жан-жағы кең далалар;
Бағ ишинде сайранлап,
Ойнап жүр жаслар, балалар.

Ойлайсаң, — неге бул жерге,
Балалар сонша жыйналған?.
—Бул жер пионер лагери,
Жазда жайлы дем алған.

Дем алған жас Азат та,
Терекке күнде қарайды;
Тарийхын билип алыўға,
Қызықсынып сорайды.

Теректе, жерде, таў, көкте,
Сыр бар ма ҳәзир жасырар;
Асықпа Азат, ўақтында,
Теректиң сыры ашылар.

II

Айлар өтти, жыл өтти,
Азат оқып ер жетти,
Бир күни барды қумартып,
Көриўге қос теректи.

Барса отыр бир ғарры,
Қос теректиң қасында,
Аўзында тиси қалмаған.
Мәгәр сексен жасында,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отырып ғарры сол жерде,
Көз жиберди өмирге;
Не айтар екен дегендей,
Ойланып Азат тур бирге.

Қараса ғарры терекке,
Солғын тартты жүзлери;
Кемсеңлеп жас баладай,
Жас алды сонда көзлери.

Деди Азат шыдамай;
—Қамықтың ата сен неге?
Келиппедиң узақтан,
Қос теректи көрмеге?

Көзиниң жасын сүртти де,
Шарпысын алып қолына;
—Сер салсаң, сыр бар,—деди ол,—
Өткен өмир жолына.

Көрмегенди көрсем деп,
Жаслар ҳәўес етеди;
Билмегенди тез билип,
Мақсетине жетеди...

Ҳәр бир жердиң ҳәм елдиң,
Тарийхы бар, иси бар;
Өткен исти, өмирди,
Билетуғын киси бар...

Қос теректиң өзине,
Ылайықлы сыры бар;
Керек болса қарағым,
Мен айтайын, билип ал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кемтарлық көрип өткенмен,
Мынаў Көк өзек бойында;
Дийхан болдым көп жыллап,
Нурлыбайдың қолында.

Жумыс ислеп жасында,
Балам да жүрди қасымда;
Тапқаным жетпей тамаққа,
Ерик болмады басымда.

Кериз қазып, шығырдан
Суў шығардық жерлерге;
Толғандай болды жап-салма,
Маңлайдан аққан терлерге.

Қанша мийнет етсек те,
Бизге рәҳәт болмады;
Нурлыбайдың аш көзи,
Ҳеш нәрсеге тоймады.

Гүлжан деген жас қыздың,
Басына салып бай ғаўға,
Есерсоқ улы Нарымға,
Айттырды зорлап алыўға.

Есерсоқ бай баласын,
Қыз жүреги сүймеди;
Зорласа да қаншелли.
Алдында бас иймеди.

Сүйген екен сол қызды,
Мениң балам Бекжан да;
Сүйгенине қосылыў,
Қыйын ғой өткен заманда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нурлыбайдың баласы,
Кейнинен қыздың қалмаған.
Бекжанды жоқ етиўге,
Түрли ҳийле ойлаған.

Қыз бенен Бекжан шығырдың,
Отырған келип басында,
Керизде түнде жасырынып,
Нарым да турған тусында.

Бай баласы билдирмей,
Бекжанға балта урады,
Уры, гәззап, жалатай,
„Мәртке" қусап турады.

Басынан қан атлығын,
Талыпты қызды қушақлап,
Қыз да ойлаған Нарымды
Өлтириўди пышақлап.

—Эҳ... гәззап!—деп, жан балам,
Сылқ етип жерге қулаған.
Қыз қалдырмай Бекжанды,
Қушақлап түнде жылаған.

Бекжанның алып пышағын,
Нарымның барған қасына;
Албырақлап ол залым,
Асылған қыздың шашына.

Шаққанлық етип батыр қыз,
Исенип кекли күшине,
Пышақ урған Нарымның,
Қайта-қайта ишине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Есерсоқ Нарым қансырап,
Жығылған, дәрман қалмай хеш,
Балтасы менен басына,
Бир урып қыз да алған өш.

Буны еситип Нурлыбай,
Бир сумлық ис баслады;
Қызды урып ҳәм шалып,
Керизге атып таслады.

Бекжан менен сол қыздың,
Кериз толды қанына;
Апармады бизлерди,
Перзентимниң жанына.

Еки жастың жазықсыз,
Бир түнде үнин өширди;
„Кийели“ деп ол жерден,
Шығырын да көширди.

Мең-зең болып басымыз,
Көзден ағып жасымыз,
Бир неше күн зарландық,
Тамақтан өтпей асымыз.

Ким нәзер салсын бизлердей,
Сорлының көз жасына;
Жаслардың тиктик қос терек,
Естелик етип басына.

Азап көрип қорланған,
Перзентинен айрылған,
Биздей талай адамның,
Жүрегине кек толған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким шыдар, бундай қайғылы,
Ислер түссе ойына,
Шыдамай кеттик арланып,
Аралдың арғы бойына.

III

—Езилгенге меҳрибан,
Ленин атам берди қол.
Жаўызға қарсы гүреске,
Баслады алға силтеп жол.

Халық биригип күш қосса,
Алмастай қандай қамал бар?
Гүрессе халық саналы,
Бахыттың жолы ашылар.

Рус халқы баҳадыр,
Даналарды дөретти;
Партиямыз бас болып,
Гүрестиң жолын үйретти.

●

Уйқылағанды оятып,
Жылағанды жубатып,
Бахытқа бизди жеткерди,
Октябрь таңын орнатып,

Бахыт орнап басыма,
Келдик биз де айналып. —
Деди де ғарры тағы да,
Қапаланды ойланып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азмаздан кейин ғаррының,
Жүзине шадлық түр енди.
Әтирапқа көз салып,
Орнынан әсте түргелди.

Қоршап алды ғаррыны,
Дем алып жүрген балалар;
Колхоз аўылы қуўантты,
Ҳәм пахталы далалар.

Балаларды көрди ол,
Өз улындай, жанындай,
Жайнай берди жүзлери,
Бахыттың нурлы таңындай...

Жерде, көлде, таў, көкте,
Сыр бар ма мәңги жасырар;
Турмыстың толы сырлары,
Ўақты менен ашылар.

*1956-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## УЗАҚТАҒЫ ЖАЙЛАЎДА[1]

*Биринши бөлим*

### I. ЖОЛДА

Зымырап алға машина,
Узақ жолды қысқартқандай,
Биз отырмыз машинада
Әтираптан көз айырмай.

Колхозлардың аўыллары,
Көринеди елес-елес,
Жумыс қызған атызларда,
„Жеңиске!“ деп шыққандай сес.

Қатара тигилген терек,
Жол үстипе берген сая,
Елатлықтың арасында,
Кең далада өскен гия.

Ис қыздырған атызларда,
Ғошшақ жигит, гөззал қызлар,
Ықласланып мийнет етип,
Колхоз жерин еткен гүлзар.

Қатара салынған жайға,
Қумарымыз арта берди,
Жай алдында жүрген қызлар,
Бизди өзине тарта берди.

---

[1] Х. Сейитов пенен авторлықта жазылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулпы дөнген бағ-бақшалар,
Мийўаларын жесең палдай,
Жолдың еки бойларының —
Көриниси сулыў қандай!

Сулыў сәнли көриниске,
Киятырмыз көзди салып,
Қосық айтып шадланамыз,
Табысларға рухланып.

Өскен жердиң таза ҳаўасы,
Жутсаң жаның ҳәзлик табар,
Машинада приемник,—
Барлық жерден алды хабар.

Музыкалар шертилгенде,
„Мынаў нама жақсы қандай!"
Деген ўақта...жүрегимиз,
Алып ушты, туўлап тайдай.

Машинамыз жүрди зуўлап,
Беттен сүйди өлпең самал,
Көринеди алдымызда,
Сууўы толы жаңа канал.

Канал, арна, жап-салмалар,
Тарап ағаш тамырындай,
Суў жеткен соң жер денеси,
Жан енгендей, жасарғандай.

Уллы канал жағасында,
Бағлар өскен, қулпы дөнген,
Бурын саңыраў далаларға,
Бүгин, мине, шырай енген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Суў болмаса жер жасармас",
Деген сөзлер түсти ойға,
Сууы жетсе жер қулпырып,
Сулыўлықты жыйнар бойға.

Халық биригип канал қазып,
Суў шығарды шөлистанға,
Қуўрап жатқан қуў даланы,
Айландырды гүлистанға.

Халық күшинен бина болған,
Каналда суў ағар ҳағлап,
Халық күшинен рухланып,
Киятырмыз кеўил шағлап.

Жаздың күни, талтүс болды,
Бираз жолды өттик басып,
Шалқып Сергей айтты қосық,
Хош ҳаўазы зейинди ашып.

Қанатларын дүрилдетип,
Қырғаўыллар ушып жолда,
Қамыслыққа сиңип атыр,
Гей биреўи қонып алға.

Келдик жетип суўлық жерге,
Ғаңқылдасқан үйрек-ғазы,
Балықшылар аў аўлаған,
Үрдис етип қысы-жазы.

Суўды сүзип, қақ айырып,
Жүзген сазан, жайынлары,
Шабақлары тикке шапшып,
Қызықтырды ойынлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көлдиң шети, қурғақлықта,
Маллар кеткен жерди қаплап,
Падашылар жүр изинде,
Семиз етип, бағып сақлап.

Ҳәўкелерин төмен салып,
Алшаң басып аяқларын,
Сыйырлар да жүр жайылып,
Сыртылдатып туяқларын.

Дүркин-дүркин жылқылары,
Үйиринде ҳасыл атлар,
Пысқырысып, оқыранып,
Киснеседи қаназатлар.

„Бул көринген ферма малы,"
Деди зоотехник кеўилленип,
Узақтағы жайлаўға да,
„Ҳа!" дегенше келдик жетип.

Жылқы баққан Жуман ата,
Қасына биз бардық жақын,
Түсе сала сәлем бердик,
Атамызға жүзи жарқын.

—Жан балларым, саў жүрсиз бе?—
Деп бизлерге мирәт етти,
Машинаға отырды да,
Бизди үйине алып кетти.

## II. Жылқыман жуман

Зоотехник қасымызда,
Отырыпты жүзи жайнап;
Жөткирди де күлимсиреп,
Бир нәрсени қойды ойлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп жасаған, көпти көрген,
Ғаррылардың еди бири,
Сейлесиуге Жуман менен,
Қумар едик көптен бери.

„Көп нәрсени билгенлердиң,
Айтқанлары—ақыл сөзи“,
Деп отырсақ, бизге қарап,
Сөз баслады оның өзи.

—Жолдың узақ, я жақынын,
Бурын жүрип көрген билер,
Турмыстың көп әндийшесин,
Узақ өмир сүрген билер.

Бағ қәдирин мийнет етип,
Мийўасынан татқан билер,
Мал қәдирин тәрбиялап,
Қысы-жазы баққан билер.

Анаў турған жийрен атым,
Жүни мысалы қундыздай,
Қуйрық, жалы жалтылдап тур,
Көзи жайнаған жулдыздай.

Омыраўлы бедеў атлар,
Қайшыланған қулақлары,
Қәлипке салып қуйылғандай,
Дөңгеленген туяқлары.

Басын шекип бир тенсиниш,
Көзин салған тумлы-тусқа,
Қос танаўы самал тартып,
Қуўса жетер ушқан қусқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ер жигиттиң ат—қуўаты,
Абыройға шерик мудам,
Атты бағып ҳәм миниўге,
Тап өзимдей қумар балам.

Жылқы бағып өсириўди,
Сүйиўши едим мен бурыннан,
Фермадағы жылқылардың,
Быйыл саны асты мыңнан.

Керек болса мың жигитке,
Миндиремен бундай атты,—
Деген ўақта ғарры сөзи,
Магнит янлы бизди тартты.

Бизлерге бир қарады да,
Сөйлей берди жайнап жүзи,
Кеўлимизди тарта берди,
Жүрек тербеп ата сөзи:

—Он бес жылдан асламырақ
Фермада мен жылқы бақтым
Мийнетлерим баҳаланып,
Өңириме орден тақтым.

Ленин орденин алғанымда,
Рухланып тасты жигер,
Халық ушын еткен мийнет,
Ҳәр адамға даңқ берер.

Туўў бийени қалдырмастан,
Быйыл тағы қулынлатсам,
Деймен шағлап өмиримше,
Мийнетимниң палын татсам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ферма малы—көптиң малы,
Өсириўге хызмет етсем,
Халқым айтар алғысларын,
Мақсетиме исте жетсем.

Жылқының да билиў керек,
Ҳәр күн сайын, аўҳал, жайын,
Ҳәрекетсиз ҳәм мийнетсиз,
Ҳеш бир нәрсе болмас тайын.

Өсиў ушын тәрбияны, —
Талап етер тап адамдай.
Маллар ушын отлары мол,
Жайлаў керек жайылғандай.

Тиришилик өмир ушын,
Ҳаўа керек болса қандай,
Қыс айында жасаў ушын,
Жыллы қыслаў керек сондай.

Бәҳәр, жаз, гүз айларында,
Жайын бағып отлақ жерге,
Сууға жууып қумға аўнатсаң,
Ойнақшыйды шаншып өрге.

Жылқыда бир аўырыў бар,
„Сарый" деген жүдә жаман,
Сасық сууды иштирмесең,
Сақлаў мүмкин оннан аман.

Аўырыўды болдырмаймыз,
Бәриниң де гилти қолда,
Ферма малын өсириўде,
Уллы ўазыйпа турыпты алда.—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отырғанлар қызықсынып,
Сөз тыңлады ишпей чайын,
Сол ўақытта биреў келип,
— Болды,—деди,— аўқат тайын.

Ғарры сөзи қандай шийрин,
Пал жегеннен артығырақ,
Жанға тәсир еткен сөзди,
Тыңлаўдан жалықпас қулақ.

Терең ойлап айтқан сөзи,
Қулақ қурышын қандырғандай,
Дословарға йош, қуўат берип,
Душпан ишин жандырғандай.

Ата сөзи жүрек тербеп,
Отырмыз ҳәзге қашып,
Шадланамыз турғаннан соң,
Алтын дәўрән нурын шашып.

Рәҳәтланып, шадлы отырып,
Болып едик жеп аўқатты,
—Сыртта улыды қарақулақ,—
Деп адамлар селтең тапты.

## III. Жолбарыс

Жол бойында, тоғайлықта,
Табылады түрли ҳайўан,
Порсық, қоян, жүр шошқалар,
Секирисип қыр ҳәм ойдан.

Қумлықтың оң қапталында,
Терең сайда өскен қамыс,
Жылқылардың жатқан жери,
Усы жерден емес алыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылқыманлар түн ишинде,
Анда-санда отты жағып,
Уйқы елеслеп көзлеринде,
Жылқыларын отыр бағып.

Узақта, шоқ қамыслықта,
Масаладай көзи жанып,
Көринген не? Жолбарыс па?
Батырбек тур ҳайран қалып.

Жылқылар да пысқырысып,
Селтең тауып топарласты,
„Келип қалды жолбарыс!“ — деп
Жылқыманлар жаман састы.

Жуман ата қәҳәрленип,
Аў мылтығын алды қолға,
Балтасын да таярлады,
Таңбасы бар орақ-балға.

— Алыңызлар қарыў-жарақ,
Албырамай қолларыңа,
Тийгизбесин зиянларын,
Бул жолбарыс малларыңа.

Гүзеттеги солдталардай,
Күш-ғайратты жыйнап бойға,
Жылқыманлар болды таяр,
Жуман ата түсти сайға.

Жолбарыстың қарсы алдынан,
Бир үңгирди Жуман тапты,
Сол мәҳәлде жолбарыс та,
Жылқыларға қарай шапты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көк бийеге секиргенде,
Жолбарысты Жуман атты,
Алламурат албырақлап,
Мылтығы да көшпей қапты.

Албырамай Жуман ата,
Атып еди қақ маңлайдан,
Жолбарыс та ыңыранды;
„Жолықтым,— дегендей,— қайдан".

Бир секирип ҳәм шегини
Ышқынды да қатты-қатты,
Жуман жатқан жерге қарап,
Айбат пенен өзин атты.

Жуман жатқан үңгирдиң тап,
Аўызына жақын барды,
Жолбарыстың қуйрық таўлап,
Шыққан даўысы жерди жарды.

Кирип үңгир түпкирине,
Жуман ата отыр буғып,
Бул жолбарыс турғанында,
Кете алмайды буннан шығып,

Қәўип түскенде басқа усындай,
Шийрин жаныњ татлы қандай,
Елеслейди көз алдында,
Турмыс—теңиз толқынындай.

Тирилей түсип бир үңгирге,
Жатырғаным мениң қалай,—
Деп отырса Жуман ата,
Батырбек те тур шыдамай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Батырбек те жолбарыстың,
Бүйиринен атты гөзлеп,
Қайыпназар балтасын да
Тауып алды зордан излеп.

Қараңғыда қапталына,
Жақын келип жолбарысқа,
Қайыпназар сездирместен,
Балта менен урды басқа.

Аўзын ашып тумлы-тусқа,
Жыртқыш ҳайўан айбат етти,
Бир күшенип умтылғанда,
Денесинен дәрман кетти.

Гүрис етип қулап түсти,
Жатыр „қайсар“ табжылмастан,
Қайыпназардың кеўли өсип,
Тағы келип урды бастан.

„Ўаҳ!“—деди сол мәҳәлде,
Үңгирдеги жатқан Жуман.
Бунысы не, я үңгирде,
Шақты ма екен оны жылан?!

Усылайынша ойға кетип,
Батырбек те келди жетип,
Келсе Жуман үндемейди, —
Қалғаны ма деми питип!

Қарап үңгир түпкирине,
—Аға!—деди.—Қолыңды бер!
Қолдан тартып көтергенде,
Шып-шып шықты моншақлап тер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Терлеп-тепшип шықты алып,
Жуманды үңгир түпкиринен,
—Балам,—деди көзин ашып,—
Қыйын болды бул бәринен.

Пайда етпедим аңсыз болып,
Түсип жылан ордасына,
Жолықтым-аў буғып жатып—
Жолбарыстың жолдасына.

Жер астында жатқан жылан,
Жолбарысқа жәрдем етти,
Шағып еди оң аяқтан,
Тула бойым жуўлап кетти.

Тез жәрдем ет, жаным балам,
Балтырыма келди исик,
Сур жыланды таўып алып,
Таслай гөриң басын кесип.

Батырбек тез аў мылтықтың,
Баўынан да кесип алды,
Исик келген жерди орап,
Байлады да қысып таңды.

Медпунктке берди хабар,
Таўсылмаса бирден деми,
Врач қыз да келип қалар,
Тек сонда бар оның еми.

Жылқыманлар шыра алдырып,
Үңгирдиң қасыиа қойды,
Жақты берип шыра жанып,
Қарады ҳәмме үңгир—ойды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үңилип төмен қараса,
Ийретилип жылан жатыр,
Ысқырады жақынласа,
Қорықпайтуғын қандай „батыр"!

Қундақ пенен бир урғанда,
Мылжаланды жылан басы,
Жоқ болғандай болды сонда,
Қыйратылып жаў ордасы.

Жолбарысқа қарсы айқаста,
Кәпелимде шағып жылан,
Денесине дақ түсирип,
Медпунктте жатыр Жуман.

Ел мәпин ойлаған адам,
Мақсетине тез жетеди.
Адамға бериўши зиян,
Жыртқышлар қурып питеди.

## IV. Жийрен бийе жоғалғанда

Медпункттен бүгин келип,
Жуман ата отыр үйде,
„Эй, ден саўлық, тереӊ байлық,"—
Дейди басын сыйпап гейде.

Кеўил хошлық—баҳадырлық,
Барлығы да денсаўлықта.
Қолға алған жумыслар да,
Питпей қалмас ҳеш ўақытта.

Мине, бүгин Жуманның да,
Жүзи жарқын бурынғыдай,
Оқыўдан келген балалар,
Ойнай берди ҳеш бир тынбай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Балалы үй—базар“ деген,
Қарамайды қабақ үйип,
Шаўқым салған ақлықларын,
Қушақлайды беттен сүйип.

Қарап отыр машқы етип,
Балаларының ойынына.
Марат күлип ҳәм еркелеп,
Асылады мойынына.

Кеўилиңди шадландырган,
Бала адамның—өмир гүли,
Еркиңе қоймай күлдирген,
Қандай қызық бала тили!

Полат, Марат шаўқым салып,
Ойнай-ойнай қалған ҳарып,
—Азанда ерте турғызың!—деп,
Төсегине жатты барып.

Сол мәҳәлде шықты сыртта
Бирден аттың дүбирлиси,
Үй алдында еситилди,
Адамлардың гүбирлиси.

—Бул не дүбир, бул не сыбыр?—
Деп Жуман да қулақ салды,
„Жийрен бийе жоғалыпты“,—
Деген сөз сап ете қалды.

Отырыўға тақат таппай,
Жуман үйден шықты дәрҳал,
—Бул ким өзи айтшы қәне,
Болып қалды қандай аўҳал?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алламурат сөйлеп зордан;
—Жийрен бийе кетти қолдан,—
Деген ўақта:—Не дейсең?—деп,
Шоршып кетти бирден Жуман.

—Ол бийениң туўатуғын,—
Ўақты болды, билемен мен,
Дүзде қалып жас қулыны,
Болмағай да қасқырға жем!

Қәне айтың, алдыңыздан,
Бийе жазым болды қалай?
Бир бийени таба алмай,
Келип турсаң неге уялмай?—

Усылайынша ашыўланып,
Жийрен атқа ерди салып,
Шықты Жуман излеў ушын,
Қолына қуралын алып.

Көзге түртсе билинбейди,
Түнниң иши тас қараңғы,
Қараса да тигип көзди,
Көрмейди адам-адамды.

Өтти талай тереӊ сайдан,
Камыслықтан, дүт тоғайдан,
Ушырасты түнде суўлар,
Неше қумлар, неше майдан.

Жақынлады „Аралға да",
Айдынланды шалқар суўы,
Қанатларын суўға урып,
Сүңгип жүрди үйрек-қуўы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир мәҳәлде көтерилди,
Жақтыланып таң шапағы,
Камыслықты қақ айырып,
Жуман алға жүрди тағы.

Жоғалтқанды излегенде,
Қандай жақсы табылса тез,
Күйип-писип ҳәм қыстанып,
Шар тәрепке салады көз.

„Сары қумның“ баўрайында,
Жеткенинде шоқ қамысқа,
Алып ушып жүреги де,
Сезим пайда болды басқа.

Бир нәрсени сезген яңлы,
Тикирейтип қулақларын,
Жийрен ат та бир пысқырды,
Шаншып басып туяқларын.

Қула дүзде, қум қасында,
Бир қараны көрип зорға,
Сонда Жуман, деди: „бийе,
Жолыққанды аш қасқырға!“

II

Түн ишинде мал гүзетиў,
Қыйын ис ғойы расында,
Ким биледи нениң барын,
Жердиң үңгир, жырасында.

Ҳәмме ўақыт сақ болмасаң,
Жар астында жатады жаў,
Шәрўалардың ўазыйпасы,
Ферма малын аман сақлаў.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бүгин, мине, жийрен бийе,
Қалып қойып қамыслықта,
Қулын туўды тап өзиндей,
Үйиринен алыслықта.

Қулынлаған жийрен бийе,
Түн ишинде жатты жырақ,
Анасының баўырында,
Жүрди қулын салып ойнақ.

Таңның алды қараңғыдан,
Көк жал қасқыр пайдаланып,
Жас қулынды заялаўға,
Келген екен оңайланып.

Азыў тисин ақшыйтып ол,
Жалаңлады аўзын ашып,
Жолыққандай мут азыққа,
Алмақ болды тарпа басып.

Анасының баўырына,
Қулын кирди қорыққанынан,
„Түсиремен оңайға“, деп,
Кетпеди қасқыр жанынан.

Қулқы ушын не қылмайды,
Жыртқыш сумлар сыйқы қашқан,
Бийениң тап қарсы алдынан,
Жерди қазып топырақ шашқан.

Түн ишинде аш қасқырлар,
Көп жерлерди аралайды,
Тилсиз малдың, тапса оңайын,
Жейди яки жаралайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жуман жақын барған ўақта,
Қасқыр бирден урынды да,
Бийеге бирден тәп берди,
Аўзын ашып жуўырды да.

Бийениң оң сатанынан,
Аўыз салып алды жулып,
Бийе сонда тыпырлады,—
Қулынына ғамхор болып.

Қасқыр барын дәрҳал сезип,
Бөрибасар туўра шапты.
Көкжал қасқыр қорыққанынан,
Камыслыққа қарай қашты.

Оны көрип Жуман ата,
Қамшы басты жийрен атқа,
Сайға қарап қашты қасқыр,
Жалт-жалт қарап әтирапқа.

Кабақ үйип, қәҳәрленип.
Ол изине салды атты,
Аттың басын жаздырды да,
Тақымларын қысты қатты.

Омыраўын керип гаслап,
Оқтай зуўлап ат та шапты,
Таң шапағы көтерилип,
Жердин жүзин жарқыратты.

Сасқанынан көкжал қасқыр,
Қумға қашты сайдан шығып,
Дизгинлерин жаздырғанда,
Барып қалды ат қуўсырып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутылмасын билип қасқыр,
Айбатланып қарсы шапты,
Жуман да қолға алып шоқмар,
Тумсығына урды қатты.

Бир-еки аўнап, тағы турып,
Албырақлап қасқыр састы,
Жийрен ат та көкке шапшып,
Қасқырды дәл белден басты.

Менменсиген көкжал қасқыр,
Бақа яңлы аўзын ашты,
Урлық етип күн кеширген,
Өмири менен ол хошласты.

Куйрық таўлап ҳәм ышқынып,
Жыйнай алмай жатты есин,
Аттан түсип алды қағып,
Мал жейтуғын азыў тисин.

—Тәғдирлерин усылай сезсин,
Дүньядағы барлық жаў да,
Халық исине дағ салмайман—
Деди, Жуман,—басым саўда.

Күни-түни қанға қумар,
Киянатшыл өмир сүрме,
Жийрен аты, қол қанаты,
Абыройды қолдан бермес.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## V. Веттехник

Арал менен Қызыл кумның
Аралығы қанша майдан,
Өлшеп көрмей бул шопанлар,
Биле қойсын оны қайдан.

Бирақ, Жуман бул араның,
Көрген бәрин көзи менен,
Ой-шуқырын береди айтып,
Жолдас болсаң өзи менен.

Жүрсе Арал бойларында,
Қызыл қумның сайларында,
Жайлаўлардың бәри есинде,
Жатса, турса ойларында.

Бул арада өткерди ол,
Талай қысты, талай жазды,
Бәҳәр, гүзде, қуў далада,
Неше сапар қудық қазды.

Кең жайлаўда гүзетти мал,
Неше күнлер, неше айлар,
Өз қолынан салды Жуман,
Ферма ушын талай жайлар.

Жайлаўдағы мектеплерди,
Салыў ушын етти мийнет,
Жас балалар, ата-аналар.
Оған бәрҳа етеди ҳүрмет.

Айтқан сөзин тыңлағанда,
Жанға жағар шийрин палдай,
Жайлаўдағы гүллән шопан,
Санайды оны генералдай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, қараң, бийени алып,
Азан менен келди Жуман,
Жылқыманлар ҳүрмет етип,
Оны көрип турды орнынан.

Таң сәҳәрде беттен сүйип,
Есип турды салқын самал,
Бийениң оң жанбасына,
Қарады веттехник Жамал.

Биреў барса қапталына,
Бийе урынып, аўзын ашты,
Жақын барған веттехник,
Түрин көрип тура қашты.

— Жамал, иним, сыр бердиң-аў,
Адамлардың арасында!—
Деди Жуман,—қорыққаның не?
Турыппан ғой мен қасында.

Жаман қорыққан болсаң керек,
Жүзлеринде қалмады қан,
„Ҳа!“ дегенде сасатуғын,
Әдетиң бе сениң мудам.

Жамал сасып сыр билдирип,
Турғанына қатты уялды.
Дәри, әсбапларын алып,
Бийеге ол жақын барды.

— Жуман аға, сөзиң батты,
Тағып алдым жаман атты,
Қолдан келген емди ислейин,
Аяқларын тусаң қатты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аяқларын тусады да,
Дәри жағып, жууды қанды,
Жалбыраған терилерин,
Өз орнына байлап таңды.

Алламурат күлимсиреп,
Жамалға жалт қарады ол,
— Ол, қасқыр қутырған ба?—
Деп Жамалдан сорады ол.

—Көжал қасқыр не де болса,
Жыртқышлығын еткен екен,
Саўрысының терилерин,
Тиси айырып кеткен екен.

Ол қасқырдың микробынан,
Уўланғандай барлық тәни,
Егер олай бола қойса,
Табылар ма екен еми?

—Ҳей, иним-ай, қапылтпашы,
Дәри алып жақ, жақсылап бақ,
Қолыңа алған ислериңе,
Үмитленип қара ҳәр ўақ,

„Өледи“ деп едиң былтыр,
Бес бийени „сарый“ болған,
Ветврачлар ўақтында емлеп,
Оларды да келе қылған.

Үмитсизлик етпе деген,
Достым саған өтиниш бар,
Тек тосыннан өлмесе мал,
Емлейтуғын бизде күш бар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол күш—совет илиминде,
Ол женеди өлимди де,
Ол күш пенен жайнатамыз,
Өмирди де, елимди де.

—Мынаў Жамал кәрамат ғой,
Деп адамлар қалысты таң,
Сол мәҳәлде Жуман турып,
Деди;—сизлер бери қараң:

Фермадағы ҳәр бир малдың,
Сақлаў ушын басын аман,
Болыў керек өз исиңе,
Жүдә пуқта, искер маман.

Кең салалы жайлаўларда,
Жердиң үсти малға толсын,
Тәрийпи жаҳанға түсип,
Көриўге ҳәмме қумар болсын.

Уллы исти орынлайды,
Азаматлар өзлериңдей,—
Деген сөзи турды жаңлап,
Генералдын сөзлериндей.

—Дурыс айтады,—деди Жамал.
Күлимсиреп жүзи жайнап,
Адамларға қарады да,
Бир нәрсени турды ойлап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## Екинши бөлим

### 1. Ысыранлы күнде

Қыстың күни өзгермели,
Турақ болмас ҳаўа райында,
Жүр шопанлар қойды бағып,
Қызыл қумның баўрайында.

Азанда ашық ҳаўаны,
Булыт қаплады қәпелимде,
Жапалақлап жаўған қарлар,
Аппақ болып жатыр жерде.

Бүрилип тур жантақлардың,
Қызыл сөги басларында,
Қойлар еркин жайылыўда,
„Шәўен қумның" қасларында.

Жыллылығы өз жүнинде,
Суўығына қой сыр бермес,
Жүни ҳасыл, өзи жуўас,
Сумлығыңды сирә билмес.

Қазан яңлы қуйрықларын,
Пысынасып көтере алмай,
Жайылыўда дизбеклесип,
Биреўинен бири қалмай.

Жантақ сөгин гүрт-гүрт шайнап,
Жайылып жүр кең далада,
Ал, оларға қараўыллап,
Шопанлар жүр айналада.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир мәҳәлде уйтқып жаўын,
Усти-үстине борады қар,
Камал келди қатты шаўып,
Бир әжайып айтып хабар.

—Қойды кейин қайтарыңлар!
Еситтиң бе Палўан, Нуран,
Зоотехниктиң айтыўынша,
Басланады қарлы боран.

Қыйын болар гәўгим түспей,
Апармасаң қорасына,
Тез айдаңлар, түспесин қой,
Бул жердиң ой, жырасына.

„Ҳай!" дегенше сонша қойды,
Қыйын айдаў жыйнап алып,
Күйип-писти қызып Камал,
„Тезлетиң!"—деп шаўқым салып.

Көз көрмеди,
Кар борады,
Ысыран суўық,
Уйытқып қатты.

— Тиримисиз! Айдаңлар,—деп,
Қойды айналып шапты атты.

—Иним, Камал, шаўқым салма,
Не шығады қуры айқайдан?
Бәрин топлап айдамасақ,
Айрыламыз бираз қойдан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызыл қумнып баўрайы,
Билесең бе, уллы майдан,
Қайсы қойдың табасызлар,
Өлимтигин шуқыр-ойдан!

—Аға, Нуран, усындайда,
Гежирлигиң бар-аў сениң,
Ҳәммемиздиң пайдамыз ғой,
Айтып турған сөзим мениң.

Нуран оған тил қатпастан,
Қойды айдады алдына сап,
Бир қойды да қалдырмастан,
Отыз шопан жүрди қоршап.

Бораған қар қалыңлығы,
Ҳа демей-ақ жетти дизге,
Омба урып, қойлар турып,
Шегинбекши болди изге.

Қарлы ысыран даўыл есип,
Кар муз болып урды бетке,
Конышлардан қарлар қуйып,
Муздай болып тийди етке.

Үргинге қарсы тура алмай,
Қойлар қалды турған жерде,
Бул аўҳалды шопанлардың,
Көрмегени бар өмирде.

Нуртас семиз жүре алмай,
Шаршап қалды өкпеси исип,
„Ҳаў, жаным!“—деп киятқанда,
Бир оқпанға кетти түсип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Ўақ! Келиңлер, алың мени!“—
Бул сести еситип Нуран,
Жан-жағына қарап еди,
Нуртас жоқ қасында турған.

Ол турған жергн тез барып,
Деди: „тиримисең, Нуртас?“
Үңгирде жатып қол сермеп;
„Тиримен!“—деп көтерди бас.

Тартып әсте қолларынан,
Алды шығарып оқпаннан,
Жанында жолдас болмаса,
Кешип еди шийрин жаннан.

Жатқанда қар арасында,
Музлап кетип тула бойы,
Нуртастың да ядларынан,
Умыт болды ферма қойы.

Дир-дир етип қалтырақлап,
Бетлеринен қаны қашты,
Курысыпты денелери,
Аяқларын зордан басты.

Үргин үрип турғанында,
Не болады қула дүзде,
Нуртас тоңды, суўық урып,
Нур қашыпты еки көзден.

Сыр бермеди сонда да ол
—Айдаң,—деди,—қойды алға!
Аяқларын сүйреп басты,
Таяқларын алып қолға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Карлы ысыран, қарсы алдынан,
Ийтереди осып бетти,
Алға умтылып ҳәм теңселип,
Бир шуқырға қулап кетти.

„Үҳүў!“—деп зордан демин алып,
Жатты Нуртас қушып қарды.
Оны көрип дәрҳал Нуран,
Капталына жетип барды.

Сеңсең тонға орады да,
Алды оны ат алдына,
—Сизлер қойдан айрылмаң,—деп,
Камал кетти аўылына.

Қойлар да жоқ, Камал да жоқ,
Күн батыўға шамаласты,
Булағайлап ушқан қарға,
Түрли тозаң араласты.

Таҳат етпей турды аламлар,
Жайлаўдағы қоныс басқан,
Шопанлардан ҳәм қойлардан,
Жөнли хабар болмады ҳаслан.

Дүньяда ең қәдирли ғой,
Ҳәр адамға ата-анасы,
„Ағам қайда?“—деп сорайды,
Нуртастың да жас баласы.

Дүзде қалса қырылады,
Алты мыңнан аслам қойы,
Жайлаў бетке ҳәмме қарап,
Соған кетти кеўил, ойы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өмиримше тап усындай,
Көргеним жоқ ысыранды,—
Деп майданға шықса Султан,
Көрди узактан атлы адамды.

Жақын келди. Ким екенин,
Танымады бирден Султан,
Ат та терлеп, кар да қатқан,
Жабыў жапқан янлы муздан-

Муртлары да сүмеклескен,
Танымайды Камалды адам,
Карсы алдынан шығып ҳәмме,
„Мынаў ким“ деп болды ҳайран.

— Мен—Қамалман, мынаў—Нуртас,
Тез түсирип алың аттан,..
Түсирди оны. Ҳеш бир сес жоқ,
Денелери музлап қатқан.

Оны керип Бийбижанның,
Жүреги де кетти сўўлап,
Карағанда бет алдынан,
Тула-бойы турды жуўлап.

Өмирликке жан жолдасын,
Өлимге ол қыйсын қалай,
Еки көзден жаслар ақты,
Хаўлыққаннан жылай-жылай.

—Курдас, өзиң баламысаң,
Жылағаншм қыздыр пешти! —
Деп Нуртастың Султан дәрҳал,
Кийимлерин тегис шешти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәр төсекке орады да,
Жатқарды оны шалқасына,
Жас баллары хәм Бийбижан,
Отырды барып қасына.

Кирип келип Кутым ғарры,
Тамырларын услап көрди,
— Тәўир болып кетер,—деди,—
Бере қойса „шыпа терди".

Бир қозыны пүтин асып,
Жети бурышты қайнатыңлар,
Сорпасына езип берип,
Түбирлерин шайнатыңлар!

Кутымға тез деди Султан:
— Сениң емиң сондай мудам,
Ҳеш нәрсе де болмайды оған,
Врачқа ҳәзир кетти адам.

Шама менен усынылған,
Не пайда бар ески емнен,
Күшли деп ким айта алады,
Қызыл бурышты пенициллиннен.

Корықпаңызлар, врач келсе,
Аяғынан тик турады,—
Деп күўжыңлап күлип Султан,
Бийбижанға бир қарады.

— Жамал қайда, усындайда,
Айланбайды малға басы,
— Қойшы, Камал, бизден бетер,
Қайысып жур қабырғасы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен кетиўден Жуман менен,
Фермадан кеп алдырды ат,
Отыз атлы кетти излеп,
Касында ветарач Мурат.

Көрмедиң бе оларды сен,
Я ол жақта, яки жолда,
Жамал қалай дусласпады,
Компасы да бар ғой қолда.

Камал отқа жылынды да
Алдына аўқатты алып,
Таяр гөшти жеп атланды,
Атқа ерди қайта салып.

* * *

Ол кетиўден узамай-ақ,
Бақый врач жетип келди,
Нуртас аз-маз кезин ашты,
Жиберген соң пенициллинди.

Куўанғаннан күлим қақты,
Жан жолдасы Бийбижан да,
Жылағаны ядқа түсип,
Уялғандай болды сонда.

— Суў!...—деп Нуртас көтерди бас,
Бойын керип қулаш жайды,
Жатып жутты бир-еки ирет,
Қойыў етип қара чайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Султан қарап Бийбижанға,
— Қыздыра бер,—деди,—жайды,
Нуртасыңа таярлаған,
Шығара бер сары майды.

— Ермеклеме, жемек болсаң,
Табарман мен керегиңди,
Сен өмирлик жолдасыңа,
Бермейсең бе жүрегиңди.

Нени ҳәўес етсе Нуртас,
Барлығы да болар таяр,
Тәўир болып ишип-жесин,
Ҳеш нәрсе жоқ оннан аяр.

Нуртас бирден бас көтерип,
— Жатырғаным қалай жайда,—
Деп өзине берди саўал,
— Алдымдағы қойлар қайда?

Сол ўақтында жай алдында,
Дүбирлиси шықты аттың,
Еситилди даўыслары,
Жуман ҳәм Нуран, Мураттың.

Майданға шықса адамлар,
Тоқтап қалған қарлы даўыл,
Тынышлыққа берилгендей,
Жайлаўдағы усы аўыл.

Бирим-бирим қойды санап,
Киргизди олар қорасына.
Қойлар келип сән енипти,
Аўыллардың арасына.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бул не деген болды ысыран,
Қойға жыллы суў таярлаң,—
Деп Нуран тез ишке кирди,
Болса керек ол да тоңған.

Жеңис пенен қайтқан яңлы,
Жуман ата атланыстан,
Ферманың көп қойларына,
Қарап турды, ол алыстан.

Атлыларды баслап барып,
Сонша қойды әкелди аман,
Қартайса да қыйынлықтан,
Қорықпайтуғын сондай адам!

Силкип-силкип түсирди ол,
Кийимине қатқан қарды,
Ҳәмме адам ҳүрмет етип,
Оны ишке алып барды.

## II. Күтпегенде...

Қыстың орнын басты бәҳәр,
Жыллы нурын қуяш шашты,
Тоңлар ерип, жер жумсарып,
Көк көгерип зейинди ашты.

Таң сәҳәрден турып Нуран,
Шадлық кернеп тула бойын,
Кеўилленип, кең жайлаўға,
Гүллән шопан жайды қойын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул бәҳәрдиң бас гезинде,
Тағы Нуранға келди бахыт;
„Улым болса!“—деп жүр еди,
Мақсет етип ҳәмме ўақыт.

Турсын бир күни толғатты да,
Сәске ўақта жас босанды,
Келтирди ол бул дүньяға,
Тағы да бир жаңа адамды.

Бийбижан да келди жетип,
Күлимсиреп курдасына,
„Улың болды, сүйинши!“—деп
Барды Нураннның қасына.

Куўанғаннан күлди Нуран,
Күш-жигери бойда тасып.
—Не аласаң сүйиншиге?—
Деди әсте басын қасып.

Бала—адамның кеўил хошы,
Бала—адамның күш-қуўаты,
Бала ушын ата-ананың,
Аяйтуғын бар ма заты!

„Кой бер“ десең қой беремен,
„Той бер“ десең той беремен,
Керегиңди ал, Бийбижан,
Барлығына таярман мен.

„Сүйинши, сүйинши!“—деген сөзлер,
Аўылларға тарап кетти.
„Сүйинши“ деген шадлы хабар,
Жуманға да барып жетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийрен атқа минди де ол,
Түс болмай-ақ келди жетип,
Келгенлерди қарсы алып,
Жүр адамлар хызымет етип.

Жайлаўлағы жаңа аўылда,
Кешке жақын басланды той.
Нуранның өз меншигинен,
Тойда сойды бир неше қой.

— Абаданлық арта берсин,
Бул жайлаўда ел болып шад,—
Деп Жуман жас нәрестенин,—
Болсын,— деди,— аты— Абат.

Мине, тойдың қарсаңына,
Артистлер де келип қалды,
Тойға келген мийманларды,
Отырғанлар қарсы алды.

Куўанышта қосық айтып,
Үсти-үстине жертилди саз,
Кең жайлаўда толқынланып,
Жаңлап турды шадлы ҳаўаз.

Той тарқады, түн ишинде,
Қайтты үйге Жуман, Жамал,
Көкте жулдыз жымыңласты,
Беттен сүйди салқын самал.

Түн ишинде жүриў кәўипли,
Жолсыз, суўсыз партаў жерде,
Оқпанлар бар көринбестей,
Аты менен түссе егерде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийрен атқа қамшы басып,
Киятқанда кеўли тасып,
Бир оқпанға түсип кетип,
Жуман қалды бирден сасып.

Сыр берместен, үн қатпастан,
Жуман ойда қулап жатты,
Жамал аттан түскен ўақта,
„Үҳ!" деп демин алды қатты.

Аяқ тиреп, омыраўлап,
Шапшып шықты жийрен аты,
„Үўҳ!" деп Жуман жата берди,
Бойдан кетип күш-қуўаты.

Жамал əстен көтерди де,
Оны алып шықты сыртқа,
Бир неше атлы келе берди,
Бир бурылып қараса артқа.

„Қолым,қолым!" деди де ол,
Жер баўырлап жатты тағы,
Сол мəҳəлде жақты берип,
Көтерилди таң шапағы.

Атлылардың арасында,
Жаслаў врач Бақый да бар,
Аттан түсип жақын барып,
Үңилисип көрди олар.

Билди Бақый—оң қолының,
Сүйеклери қия сынған,
Бөлинипти етлери де,
Билектеги ċолқымланған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Маған салыў қыйын болар,
Шақырайық Халмуратты, —
Деп Бақый атқа минип,
Аўыл бетке қарай шапты.

„Қолым, жаным!“ деп шыдамай,
Жата берди жер баўырлап,
Беккем екен, басқа болса,
Жибереди сөзсиз жылап.

Рациядан берди хабар,
Нөкистеги Халмуратқа,
Еситиўден таяр болып,
Минген еди самолетқа.

Узамай-ақ әл-аспанда,
Бир самолет түсти көзге,
Жуман жатқан жерди айланып,
Кустай қонды қула дүзге.

## III. Халық мүлкине қол урма!

Жағымталлы самал ескен,
Қандай гөззал бәҳәр айы;
Көкте ақшыл булытлар көшкен.
Өзгерипти ҳаўа райы.

Жасыл дөнип жердиң үсти,
Көк шөплерден липас кийген;
Адамлардың, бәҳәр көрки,
Жүрегине жыллы тийген.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кумартасаң көргенинде,
Малға толған кең даланы;
Ким шадланбас жүргенинде,
Ойға алып ата-ананы.

Нуран да жүр, туўысқаны,
Жуманды ҳәр күн еске алып,
Кең жайлаўда таза ҳаўаны,
Күнде жутып, мейри қанып.

Жайлаўда көп қой фермалар,
Қойлары бар неше дүркин;
Изинде жүр көп шопанлар,
Қосық айтып емин-еркин.

Қой қозылап ҳәм маңырап,
Жайылады көкти қуўып;
Жүрди Нуран күнде шағлап,
Баққан қойлар егиз туўып.

Мийнетлери баҳаланып,
Абыройлы болды Нуран;
Жылдан жылға қойы өсип,
Орынланды артып план.

Жуманнан ол үш жас киши,
Он төрт жылдай қойды бақты;
Басқаға өрнек болып иси,
Бул де өңирге орден тақты.

Мийнет еткен адам қалмас,
Мийнетиниң палын татпай;
Жайлаўдағы отлақ жерди,
Биледи ол бес бармақтай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Қуўан дәрья“ бойларында,
Бағып жүрди бүгин қойын;
Баялыштың қыймылдысы,
Бөлип кетти кеўлин—ойын.

—Қыймылды не, қасқыр ма?—деп,
Нуран әсте жиберди көз,
Шоқпар таяқ қолына алып,
Жақын барды қасына тез.

Жақын барса көк қасқа қой,
Тикирейип турды қарап,
Сөйтип, басын төмен алды,
Қозысының жүнин жалап.

Қозы жүни жылт-жылт етип.
Жарқырады сап алтындай;
Көп жыллардан бери ол қой.
Козы туўған емес бундай.

Қуўанышы әбден тасып,
Нуран оған ҳайран қалды;
Маңлайынан қойдың сыйпап,
Жас қозыны орап алды.

Бала сондай аянышлы,
Ҳәм сүйкимли тири жанға;
„Көк қасқа“ қой қапа яңлы,
Қозысынан айрылғанға.

Нуран әсте жүрсе алға,
Изинен қой қалмады ҳеш,
Түсип қозының машқына,
Билмей қалды болғанын кеш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн де батты, түн қараңғы,
Тери жарқырап көринди,
Гүли жулдыздай жайнаған,
Бул затқа кеўли бөлинди.

Нуртас, Турсын көре сала,
Бул терите аң-таң қалды.
Қуўанысып, қумары артып,
Қасына жақынлап барды.

Бирден Нуртас қызықты да,
Терите көп турды қарап;
—Маған берши, бул терини?—
Деди ол Нураннан сорап.

—Турсын!—деди.—Бери қара,
Сен ҳеш кимге айтып жүрме.
Бир қозыны алған менен,
Жарлы түсип қалмас ферме.

—Бул қалай гәп! Өмириңше,
Бундай ислер болған емес,
Ойласагөр қайинағаға—
Туўысқанша берер кеңес.

—Қапылтпашы, Турсын қурдас,
Үйимде бар бир көк тери;
Барып „дәкең" орынына,
Ебин таўып өткереди.

—Қоя гөрши, тилимди алшы?!
Қайнағаға барып ойлас;
Көп мүлкине қолды созып,
Қиянатқа болма жолдас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

—Тери орнына тери берсек,
Ҳеш қиянат емес көпке;
Бул терини бере жақпан,
Инимизге,—Батырбекке.

—Не деп турсаң, қайнағамыз,
Алдырмайды баласына;
Тек өзиниң мәпин ойлаў,
Сиңбеген ой-санасына!

—Бундай қамар тери көрсе,
Қызбайтуғын бар ма адам,
Баласына бере қойсам,
Бир қуўанып қалар Жуман.

Сонша жыллар мийнетим бар,
Абыройымды ким төге алар,
Капылтпашы, алағойдым,
Маған көп пе жалғыз қамар.

Усылайынша даңққа исенип,
Кеўилге менменлик енип,
Мақсетин етежақ болды,—
Ақылын өжетлик жеңип.

* * *

Аўырғалы Жуман ата,
Аз уйқылайды қалған ҳарып;
Таң сәҳәрден турады да,
Жылқыларды көрер барып.

17—110

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мине, бүгин таң атыўдан,
Шығып еди үй алдына;
Бир нәрсе алып келди Нуртас,
Қысып әсте қолтығына.

Болғаннан соң аманласып,
„Ишкериле“ деди оған,
—Иште ким бар? Тоқтай турың...
Бир нәрсе алып келдим саған.

— Жалтаң болып турсаң, иним,
Ол, не өзи жасырғандай?
—Үйимдеги қара қойым,
Камар қозы туўды алтындай.

Батырбекке берсем деген,
Менде болды хыял пайда;
Мен еситтим кетежақ деп,
Оқыўға оны келеси айда.

Кетпей турып қоймыз да,
Туўды бундай алтын қамар;
Баўырманлы инимиздиң,
Бул да несийбеси шығар.

Ҳеш кимге ҳәзир билдирместен,
Қыпса сақлап қой апарып,
Билсе кетер бул қамардың,
Даңазасы жерди „жарып“.

Әсиресе, гей адамлар,
Түсип алар изимизге,
Биз бермесек ақыры олар,
Зиян берер өзимизге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

—Эй иним-ай, аңлап турман,
Әрре-тәрре шийки сөзиң;
Ферманики боп жүрмесин,
Расыңды айтшы өзиң.

Егер дурысын айтпасаң сен,
Нуранды тез шақыртаман;
Өтирик сөйлеп жүз қызартсаң,
Бәринен де болар жаман.

—Жаным аға, қара маған,
Инињиздиң болған жери.
Сөздиң дурысы, алмақшы едим,
Тери орнына берип тери.

—Ҳа, түсиндим, бир сөзим бар,
Соған жуўап бериң тезден;
„Таўып бер?"—деп маған қамар,
Сорап едим қашан сизден?

Үн қатпады төмен қарап,
Тура берди манаўсырап;
—Тилиң бар ма, сөйле, қәне?—
Дегенде қорықты қалтырап.

—Неге жуўап бере алмайсаң,
Тоқта, өйтип жеңе алмайсаң;
Бир терige былғастырып,
Абыройды көме алмайсаң.

Иним, бурын сезбесем де,
Пикириң болды ҳәзир аян;
Қәне, айтшы өмириңше
Неше қойға бердиң зиян?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Жаным аға, берме азап,
Жүрмеп едим бундай жолдан;
Сақлаў ушын гүресемен,
Абыройды бермей қолдан.

„Тери орнына, тери берсем",—
Деп бир хате ислеп алдым;
Жүзиңизге қарай алмай,
Саў бетиме дағ да салдым.

Жасы үлкенсиз, кеширерсиз,
Сабақ болды сөзиң маған;
Ақылыңды айта берши,
Рахмет, аға, саған.

—Ақылым сол, сеннен қамар,
Сорамадым Батырбекке,
Бул терини тез апарып,
Тапсырасаң мәмлекетке.

Ойлан, иним, өле-өлгенше,
Атқараман елдиң исин;
Ким қол салса халық мүлкине—
Қопараман азыў тисин.

Өзиң ҳақ бол, ақылым сол,
Ҳеш қиянет етпе елге,
Бир қой яки бир тери ушын,
Ар-намысты көмбе жерге.

Өз гүнаңды мойныңа ал,
Ферманың баслығына бар,
„Мәмлекетке тапсырылсын,—
Деп,—айтқайсаң мынаў қамар".

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нуртас мууайып пуш болды,
Аўыр соққыға дус болды,
„Келген жолым, қайдасаң“ деп,
Қайтты таўып дуўры жолды.

### IV. Орынланған әрман

Қара чайды қойыў демлеп,
Ишип алып, ҳәзге қашып,
Жуман, Жамал отырғанда,
Биреў келди есикти ашып.

Қараса ол, Нуртас екен,
Қолында бар ғазетасы,
Жаңалықты билиў ушын,
Жамалдың да кетти ықласы.

Газетада „Жуман“ деген,
Атқа дәрҳал түсти көзи,
Барлық зейнин, ақыл-ҳуўшын,
Тартып кетти газет сөзи.

„Коммунизм“ колхозында,
Жаңа табыс кирди қолға,
Жылқылары ҳәм қойлары,
Көбейиўде жылдан-жылға.

Орынланды бәрҳа зият,
Ферманың мал планлары,
Абыройға ие болды,
Колхоздың көп адамлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Газетаны оқыды да,
Жуманға жалт қарады ол;
—Қутлықлайман!—деди күлип
Ҳүрмет етип узатып қол.—

Москвада көргизбеге,
Қатынасыў қандай бахыт!
Москваны барып көриў,
Мақсет болды ҳәмме ўақыт.

Мийнет пенен иске асты,
Жуман ата, әрманыңыз,
Кремльди, көргизбени,
Көрип тасар дәрманыңыз.

Көргизбеге барады екен,
Сизиң менен көп шопанлар,
Усынылған адамлардың,
Қатарында Нуран да бар.

Чай кесесин қойып алға,
Жуман күлип деди сонда:
—Мийнетимди баҳалаған,
Миннетдарман партияға.

Қандай жайсы өскен елде,
Шағлап жүрип, ойнап-күлиў,
Халық ушын кеўилди ашып,
Хызмет етип өмир сүриў.

Еркин мийнет бизде ҳүрмет,
Мийнет муратқа жеткерер,
Елине ис еткен адам,
Мийнеттиң рәҳәтин көрер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

—Дурыс айтасыз,—деди Жамал,
Үйде отырғанларға қарап,—
—Ким бар тағы, оқышы тез?—
Деп Нуртас та қойды сорап.

—Оқып болдым, сениң атың,
Көринбейди Нуртас достым,
Неге олай, сен де талай,
Табысларға үлес қостың.

—Қалғанының себеби бар,
Айып ислеп алды билмей;
Жүз қызартты, сур қамарды,
Мәмлекетке бирден бермей.

Бурыштай қызарды Нуртас,
Жуманның бул сөзлерине;
Уяттың дағы түскендей,
Қарасаңыз жүзлерине.

Төмен қарап деди Нуртас;
—Мени сынаң келешекте,
Айыпларсыз егер де мен,
Исте көринбесем көпке.

Егер ҳәзир көргизбеге,
Мениң өзим бармасам да,
Көрерсизлер сол терини,
Көргизбеде, Москвада.

—Нуртас иним! Бери қара,
Натуўры исти кеўлиңе алма,
Жан аямай мийнет етип,
Бәрҳа елдиң мәпин ойла.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Металл, көмир, пахта, бийдай,
Елге керек болса қандай,—
Деди Жуман:—турмыс ушын,
Малды өсириў керек сондай.

Мине бүгинги хош хабар,
Булардың хыялын бөлди,
Узақ жайлаўда жүрсе де,
Өзлерин Москвада көрди.

*Москва—Нөкис, 1954—1955-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СУЎШЫ

*Поэма*

### I

Жаздың айы. Ыссы ҳаўа,
Жер бетине ендирген жан.
Көк көгерип өсип өнген,
Тамырына барғандай қан.

Ыссы ҳаўа ҳәм де суўдан,
Нәр алғандай өскен гия.
Күтсең егин гүлленеди,
Мийнетимиз кетпей зая.

Жас баланы емизгендей,
Егинди де күтиў керек.
Қолда ҳәйялап күлгизгендей,
Шын тәрбия етиў керек.

Егин емшеги суў болар,
Суўшы оның анасындай.
Тәрбиялап әлпешлеген,
Қорганы ҳәм панасындай.

Суў жоқ жерде сән болмайды,
Суў менендур көлдиң сәни.
Суўсыз жерге ел қонбайды,
Суўсыз болмас елдиң наны.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Суў болмаса бағ да болмас,
Гүл көгермес саҳра жерге,
Егин өспес, мың қыйналып
Түссең де сен қара терге.

Мийнет пенен жер күшейген,
Суў болмаса пайдасы жоқ.
Жақсы жери, суўы болса,
Сонда болар адамлар тоқ.

Ҳасыл жерге суў апарсаң,
Егин өсер көкке тийип.
Өним берар керегинше,
Мийнет пенен баўырын ийип.

Суў егинниң дәрман, жаны
Ҳәм тамыры соғып турған.
Әне, пахта, атызларда —
Суўы жетип жаўлан урған.

Суўғарыўшы — пахта анасы,
Суўшы ҳаққында болмақ сөзим.
Суўғарыўшы — өним гилти,
Оны анық көрди көзим.

II

Түн қараңғы, қолда паўыс,
Еримбет жүр жерди көрип.
Ҳәр түп пахта суўсыз қалмай,
Суўды берген тегис бөлип.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәл шөллеген пахталарға,
Түндеги суў жан бергендей.
Ҳәлсиз түплер қуўатланып,
Түри өзгерип күш енгендей.

Терең қарық, таза суўдан, —
Ҳәр түп пахта шыққан қанып.
Суўшы Еримбет жүр атызда,
Етер исин көзи танып.

Суўды ашып тәртиплеген,
Колында бар полат бели;
Оған мәлим карта-карта,
Пахталардың атыз-шели.

„Суўғарыўшы — академик,“ —
Дейди, адамлар Еримбетти.
Суўғарыўда ис көрсетип,
Ҳаўазасы тарап кетти.

Әне, қараң! Катарланған,
Қарықларға түн ишинде.
Өлшеп теңдей суў жиберген,
Кемис бар ма ер исинде?!

Көп қарыққа бөлинген суў,
Әсте-әсте жерге сиңген.
Айсыз түнде, асаў суў да
Мойынсынып қолға көнген.

Алған норма бежерилип,
Көп атызлар шықты суўдан.
Алғыс айтқан яңлы пахта, —
Суўғарылып мейри қанған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспандағы жулдызлар да,
Көз тиккендей ислерине.
— Ҳарма, колхоз батыры! — деп,
Күш қосқандай күшлерине.

Таң шамалы ести желпип,
Дым жағымлы, сүйип бетти.
Шыбын-ширкейди ығыстырып,
Ыққа қарай алып кетти.

Таң шамалы жанға жайлы,
Пахталар да ырғалады...
Сөйлесе ме, сыбырлай ма, —
Сес береди, қозғалады.

Дей ме яки: „суўға қандым,
Жигер алдым, күшим толык...
Енди ҳеш нәрсе қәўип емес,
Зүрәәтти күтиң болық".

Дей ме яки: „ерге рахымет,
Тамырыма нәр жиберген.
Халық куўансын, ел шадлансын,
Зүрәәтти мол берермен".

Дей ме яки: „абыройың
Ҳәмде даңқың өзим менен.
Халыққа сени танытарлық, —
Мен айнаңман, мен жүзиңмен".

Дей ме ол: „ерлик нышаны,
Мақтанышың менин менен;
Сен ер болсаң ерлик ет шын,
Мениң де күним сениң менен".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дей ме яки: „бахытлы сен,
Москваға барарсаң да!
Кремльде „Пахтакеш“ деп,
Ҳүрметли ат аларсаң да!...“

Дей ме: „колхоз байлығыман,
Ҳәр түйнегим алтын, гүмис.
Мениң менен колхозшы ток,
Бәрҳа гүлленеди турмыс...“

Пахта тили түсиникли,
Еримбеттиң кеўили шад.
Елдиң исин бәржай етсе,
Халық турмысы болады абад.

## III

Тракторлар гүрилдеди,
„Кырқ қыздың“ кең даласында.
Бир қыз жүрди қосық айтып,
„Бағ жап“ канал жағасында.

Қыздың даўысын таныды да.
Алламурат қулақ салды.
„Хош ҳаўазын қайтерсең“, деп,
Қалша турип, ҳайран қалды.

Алламурат агроном, —
Бир жылдан бери колхозға.
Әрман еди жүрегинде,
Бир сөз айтыў усы қызға.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир гүжимниң саясына,
Дәрҳал барып отырды ол.
Тракторшы Орынгульге,
Жолығыўға изледи жол.

Тапқан жолы — Орынгүлге,
Үзип алып усынды гүл.
Сыры мәлим, деп айтпақшы:
„Ендигисин тек өзиң бил!"

Сол мәҳәлде келди Еримбет,
Шел басынан жүрип жайлап...
Гүлди көрип қыз қолында,
Ким бергенин сезди ойлап.

Қарады бирден тигилип,
Орынгүлге, гүлди тутқан,
— Не илаж бар, — деди,— егер...,
Өзин, гүлин болса унатқан! —

Муҳаббат та күшли нәрсе,
Намысланды ашыў кернеп,
Түрли хыял, түрли ойлар,
Жүрегин де турды тербеп.

Ойлап қойды: „аўлақ жерде,
Кызға гүл бергени неси?
Биреўдиң сүйген ярына,
Қол созыў — нәмәрттиң иси".

Деди Еримбет Орынгүлге:
— Гүлдиң сыры мәлим маған.
Муҳаббаттың белгиси деп,
Берген шығар арнап саған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлин қабыл еткеннен соң,
Сырына да түсине бил!
Жигит үмитин орынлап,
Қайтарарсаң гүлине гүл ...

„Таяқ еттен, сөз сүйектен,
Өтер“ деген халықтың сөзи, —
Ырас екен, Орынгүлдиң.
Аппак болып кетти жүзи.

Қыз кеўлинде жоқ еди кир,
Дүзеп алды тезден өзин.
„Ойын сөзиң питти ме“ деп,
Ойнақшытып тикти көзин.

Карады да Еримбетке,
Деди: — не айттың, ойлан! ...
Қандай сырды сөйлеп турсаң,
Мен де болып турман ҳәйран?

Жарқыраса да ҳеш ким жезди,
Алтын деп айта ала ма?
Оны сүй деп зорласаң да,
Сүймегенди сүйип бола ма?

Сырым да бир, жолым да бир,
Сеннен сырым бөлек емес.
Сениң бундай кеўлиң тар ма?
Өзиңе өзиң бер кеңес!

Берген менен оның гүли,
Муҳаббатқа болмас нышан.
Шын берилген муҳаббаттың,
Жойылғанын көрдиң қашан?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муҳаббат — бул тары емес,
Ҳәр тауыққа шаша берер.
Дүкандағы айна емес,
Сатып алып жүзин көрер.

Муҳаббат берик орнамаса,
Сүйгенлердиң жүрегине,
Өмирге тирек болмаса,
Өзин айтшы, кереги не?

Тағы қалған сөзлер болса,
Сөйлесермиз аўыл бетте
Деген сөзлер тәсир етти,
„Айып“ таққан Еримбетке.

Өткир сөзи, айдай жүзи,
Жигит кеўлин елжиретти.
Орынгүлге болған ышқы,
Тағы да тасқынлап кетти.

Тракторға минген қызға,
Узақ ўақыт турды қарап.
Сүйген қызы күш бергенде,
Бойда ғайрат кетти қайнап.

Алламурат ҳайран болды,
Булардың көз қарасына.
Қыз сөзине исинип ол, —
Сыймады өз қанасына.

Еримбет сыр билдирместен,
Пахта атыз бетке жүрди.
Үш қарықтай пахта жерин,
Суў алып басқанын көрди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атын минип, изин ала,
Агроном да келип қалды.
„Бул не өзи?“ деп сумкадан,
Блокнотын қалға алды.

Көз қарасы, туринен-ақ
Айтар сөзи болды аян.
Деди: „пахтаны суў басып,
Зүрәәтке келген зиян“.

Сыр билдирмей, иштен тынып,
Еримбетке жақын барды.
Деди: — суўды тез қуртпасақ,
Төгемиз ғой, намыс-арды!

Сонда Еримбет деди оған:
— Ар-намысқа шерик адам,
Қыйын ислер гезлескенде,
Досқа жәрдем берер мудам.

Көрип турсаң үш қарықты,
Кеткенлигин суўдың басып,
Анаў ойға ағызайық,
Салма қазып, суўды ашып.

Суў өзинше кете берген,
Сениң менен турған ўақта.
Көп мийнетлер зая болып,
Мантығып тур суўда пахта.

Алламурат ойлап турды;
„Пайда таппадым,— деп,— қыздан“.
Сыртқы кийимин шешип таслап,
Иске түсти илажсыздан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Колларына алып белди,
Еки жигит салма қазды.
Терлеп-тепшип исти болып,
Карық суўын ойға ағызды.

„Орынгүлге гүл услатып,
Басымыз „бәлеге“ қалды“, —
Деп ойланып Алламурат,
Отырды да демин алды.

Отырды да сыр айтысты,
Дослықты ортаға салып.
— Сен тоқтап тур!..
— Сен тоқтап тур!...—
Деп қояды күйип-жанып.

Деди Еримбет — өмиринше,
„Доспан — деп жүргениң қайда?
Ойлап жүрген сумлығыңнан,
Өмириңе бар ма пайда?

— Айтшы, достым, қашан ҳәм де
Қай жерде қиянет еттим.
Досша саған жердим берип,
Бәрҳама кеўлиңе жеттим.

— Адамсаң, сөйлеме жалған,
Жазған хатың тур ғой менде,
Исти қойып, Орынгүлдиң —
Жолын аңлыйсаң ғой күнде.

— Қойшы, инаныў қуры сөзге,
Неге керек көрмесе көз!
Исене бер, Орынгүлге,
Айтқаным жоқ бир аўыз сөз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Сөзим өтирик шықпағай“ деп,
Алламурат ойға батты.
Сонда Еримбет төс қалтадан,
Оқыды алып мынаў хатты.

„Түсинсеңши, қарындасым!
Жүрегим берилген саған.
Бирге өстик, бирге оқыдық,
Неге кеўлиң суўық маған?

Сен дегенде бир орында,
Тәҳәт етип тура алмайман.
Отырсам да, ислесем де,
Бәрҳа ғана сени ойлайман.

Сениң кеўлиң бир адамда,
(Соңғы ўақта жүрмен сезип.)
Бирақ оның сыры мәлим,
Ҳәзир-ақ жүр сеннен безип.

Ойласаңшы ол — өзи ким...
Тағы онда билим де кем.
Сендей қызға — перийзатқа,
Сондай жигит бола ма тең?

Тағы айтарым, алдаўшы ол,
Ҳәр тәрепке созған қолын,
Звеношы Айжамалдың,
Мудам күтер күнде жолын.

Бил, Еримбет сүйген шыннан,
Звено қыз Айжамалды...“
Деген ўақта Алламурат
Бирден суўық демин алды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тоқтап туршы, мынаў хатты,
Сен түсирип алдың қайдан?
Гей ўақытта дос арасы —
Бузылады усындайдан!...

— Соны билсең, өтирик сөйлеп,
Хатты неге жаздың жалған?
Дурыс бола ма еки жастың,
Арасына отты салған?

Жалған сөйлеген адамнан,
Жақсылық ис күтип болмас;
Жаман сырын сақлап жүрсе,
Ашылмастан ол да қалмас.

Еримбеттиң бул сөзлери,
Алламуратқа тийди қатты.
Күлимсиреп отырса да,
Жүрегинде бир дық жатты...

## IV

Үйине келип, жуўынып,
Кийимлерин кийип таза;
„Еримбетке, — деди ишинен,—
Бердирермен аўыр жаза.

Колхозда мен агрономман,
Абыройым да емес жаман.
Не сөз айтсам қулақ салып,
Қуўатлайды ҳәр бир адам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сезип жүрмен, шеп көрмейди,
Райисполком, райком да...
Еримбет те қандай күштиң,
Бар екенин билсин менде!"

Көтермелеп өзин услай,
Алламураттың кеўли тасты.
Папкасынан тез алды да,
Блокноттың бетин ашты.

Даңқлы суўшы Еримбеттиң,
Хателерин тапқан болды.
Акт жасап адамларға,
Қойдырмақшы дәрҳал қолды.

Геўгим ўақта албырақлап,
Ҳәр тәрепке атты шапты.
Бригадир Бахтыярды
Излей-излей зордан тапты.

Бригадир актти оқып,
Күлимсиреп ҳайран қалды:
— Иним, өзиң баламысаң? —
Деген сөзды айта салды.—

Пахталарын дурыс суўғарған,
Зиянлы емес сен айтқандай.
Ҳақ адамға айып тағыў —
Билсең уят болар сондай.

Үш қарықтың суўларын да,
Ойға ағызып қурытыпты ол,
Тәрбиялап сол жерден де
Зүрәәтти алады мол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еримбеттей өз исине,
Пухта болса ҳәр бир адам,
Гүна қойыў былай турсын —
Ҳүрмет етер едик мудам!

Жалған дүзилген актке,
Ҳеш бир адам қоймайды қол.
Билесең ғой бизиң елде,
Өтирикке жабылған жол.

Бахтыярдың бул сөзлери,
Алламуратты ҳайран етти.
„Көрермен“ деп басқарманың,
Жыйналысын тынышсыз күтти.

V

Ерте турып хызмет етсең,
Рәҳәтлы атыз иши.
Көк толқындай көринеди,
Ирғалысып пахта түси.

Мийнет етип колхозшылар,
Маңлайынан терин төккен.
Қутлықлағандай көкте күн де,
Батырларды пахта еккен.

Бир трактор қарық жарса,
Культивация еткен бири.
„Жақсы“ деп қабыл етилген,
Ислеп өткен ҳәр бир жери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Квадратлап егилген жер,
Қыя-қыя көринеди.
Қай жағынан қарасаң да,
Дүзиўлиги билинеди.

Ҳәр уяда тегис түп бар,
Жерге кесте ойылғандай.
Шоқ-шоқ етип гүлдәстедей,
Шебер қолдан қойылғандай.

Бекполат та келди атызға,
Көрди де ислеген исин,
Өз исине өзи иренжип,
Өзгерткендей болды түсин.

Бир жер кепкен, бир жер батпақ,
Шала екен еткен иси.
Тезден дүзетпекши болды,
„Көрмесин,—деп — басқа киси".

Пахаға тағы суў берди,
„Жап жықты" деп сылтаў етип,
Бул „еби де" болмай шықты,
Председатель келди жетип.

— Суўшы аға, ҳалың қалай?
Ҳармасыңға келди иниң,
Шаршадың ба, қапамысаң —
Шықпайды ғой сирә үниң?

Бекполаттан үн шықпады,
Сөйлеўге де таппады сөз.
Атыз ишин араласа,
Не болғанын көреди көз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Председатель түсти атызга,
Аралады, көп тексерди...
„Халық исине зиян қылған“;
Деген жуўмаққа келди.

Ой жерлерди суўлар басқан,
Бийикке суў барған емес;
Өз бетинше аққан суўлар,
Оны жөнлеп алған емес.

„Суў бердим, — деп, — пахталарға
Бояған ол көптиң көзин.
„Норманы артық бежердим,“ деп,
Көрсетпекши тек те өзин.

Суўға қанбай шарға болып,
Пахта гүллерин таслаған.
Бийик жерде жапырақ солып,
Түйнек те кете баслаған.

Бекполат билди айыбын,
Кысынғаннан терге түсти.
Еткен гүнасын ақлаўға,
Қайтадан баслады исти.

Бир кисиниң шала иси,
Көпшиликке болды зиян.
Көп пахтадан айрылғаны,
Өзине де болды аян.

Көп ойланды, көп ойланды,
Көз алдынан өтти күнлер,
Төгиў ушын, егиў ушын...
Уйқыламай өткерген түнлер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғарры қалмай, бала қалмай,
Атызларға барғанлары;
Мол зүрәәт алыў ушын,
Тынбай ғайрат салғанлары;

Ерте шығып, исти жөнлеп,
Пахта ушын төккен терди,
Көз алдынан тағы өткерди,
Талмай мийнет еткенлерди.

Усы мийнет нәтийжесин,
Суўғарыўшы сақламаса —
Ондай жигит неге керек,
Исенимди ақламаса.

Көп өкинди, көп өкинди,
„Үҳ!"..— деп суўық демин алды.
Зая болған мийнети ушын,
Иши оттай күйип жанды.

Бекполаттың шала исин,
Агроном да көрди келип.
Тезлик пенен дүзетиўди,
Түсиндирди кеңес берип.

Председатель, агроном,
Ис ҳаққында көп ойласты...
Бекполат та отырыпты,
Кысынғаннан қасыр басты.

— Акт жасаў керек, — деди,
Төмен қарап Алламурат.
— Акт дүзип отырғанша.
Салыў керек иске ғайрат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айыплы гой усы иске,
Председатель, агроном да,
Агротехника бузылмайды,
Бизлер бақлап отырғанда.

Күнде исти бир қатара,
Көзден өткерип турғанда,
Жаман аўҳал болмас еди,
Иним, сен де күш салғанда.

Болған исти тез жөнлеўди,
Председатель мақсет етти.
Ис жүзинде жәрдем ушын,
Шақырттырды Еримбетти.

Алламурат жақтыртпады.
Жәрдемге оны шақыртқанды.
Өз пикири өтпегенге,
Отырды да намысланды.

## VI

Геўгим түсти.
    Клуб иши —
Адамларға лыққа толы;
Председатель сөйлеп турды,
Ҳәрекетте еки қолы.

— Билесизлер, гүрес пенен
Мүддетинде питти егис.
Өз ўақтында гүллән жерден,
Пахтадан нәл алдық тегис.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўғарыўшы — академик,
Зүрәәттиң ийеси ол.
Орны толмас, суўғарыўда
Кемшиликке қойылса жол.

Бирақ, гейбир суўшылар бар,
Жеңил жумысты гөзлейди.
Күн қызыўдан жалқаўланып,
Жатыў ушын сая излейди,

Бекполат уйқылап саяда,
Алағат суўғарып жерди,
Бузып агротехниканы,
Зүрәәтке зиян берди.

Бундай адам ойлайды тек,
Бежириўди артық норма.
Сапасы жоқ, қуры шала,
Жумыслардан пайда бар ма? —

Председатель бир жөтелип,
Сөзин тағы даўам етти.
— Суўғарыўда үлги алың, — деп,
Мысал етти Еримбетти.

Күни-түни ғайрат салып,
Ислегенде ҳәмме сондай,
Болмас еди кемшиликлер,
Суўғарыўда бизде бундай.

Усыны айтып ойланды да,
Көз жиберди әтирапқа.
— Култивация тез берилсин,
Суўғарған жер келсе тапқа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Культивация жүргизилип,
Терецнен қарық жарылсын,
Гүллән жумыс бир қатара,
Қызғынлы алып барылсын.

Карықтың тек түби менен,
Пахтаға суў бериц молдан.
Болмаса көп зүрәәтлер,
Зая болып кетер қолдан.

Алайық мол зүрәәтти,
Шамурат ата бергендей.
Бухараның дацқлы қызы,
Чинны қумартып тергендей.

Эй баўырман, колхозшылар,
Пикиримди еттим баян.
Сууғарыўды дурыс жүргизиў,
Пайда екени сизге аян.

Жаңа ғана сөз алғанда,
Алламуратты жөтел қысты.
Жөтелип, қызарып бети,
Трибунаға тезден шықты.

— Жолдаслар! — деп паўза жасап,
Көпшиликти қаратпақшы.
Ҳәмме адам қулақ салып,
Деди ишинен: „не айтпақшы?!“

— Агротехника қаделерин,
Дурыс қолланыў керек бизге.
Мысал етип бир нәрсени
Айтқым келип тур ғой сизге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Марапат — бул иске зиян,
Алың... Мынаў Еримбетти.
Өткен жылғы табысына,
Ол да көп мардыйып кетти.

Жақында мен ол суўғарған
Пахталарды көрдим барып.
Бир гектардай пахта арасын,
Жиберген жалпы суўғарып.

Сонда Айжамал етпей тақат,
Сөз сөйлеўге алды рухсат.
Алламуратқа бир тигилип:
— Жалған сөйлеў, — деди, — уят!

Билсең, Еримбет колхоздың,
Исте үлгили адамы.
Мениң ойлап, сынаўымша —
Суўғарыўдың ол маманы.

— Дурыс, дурыс! — деген сөзлер,
Қаплап кетти клуб ишин.
Алламурат тымсырайып,
Отырды бозартып түсин.

Бригадир Бахтыяр да,
Сөз алыўға қол көтерди.
Алламураттың жалған сөзин,
Факт пенен айтып берди.

— Еримбеттиң пахталарын,
Тексерип өткердик көзден.
Дурыс, суў ишип ҳәм түйнеклеп,
Пахталары келди дизден.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алламурат, жассаң еле,
Сәл нәрсени көп сөз етпе.
Бирақ, дурыс факт болса,
Зиян емес айтқан бетке.

Бекполаттың шала ислерин,
Неге айтпайсаң, Алламурат?
Билесең ғой, көп пахтаны
Суўғарғанын ол алағат.

Анаў күни сәске ўақта,
Сууды ашып тап сол жерге,
Гүжим саясында жатып,
Уйқылағансыз сизлер бирге.

Дурыс сөйле ҳәм ислеген,
Айыбыңды мойныңа ал.
Пахтаны дурыс суўғарыўға,
Кеңеслер бер, ғайратты сал.

Ойлан, ҳәзир агрономның —
Жууўапкерли ўағы келди.
Агротехниканы қолланыўға,
Гүрес ушын байла белди.

Мениң өзим өткен жылы,
Бир нәрсеге ҳайран қалдым.
Еримбеттиң ислеринен,
Умытпастай сабақ алдым.

Айтым менен егис ўақта,
Миннетлеме алып елден,
Жарысты да екти пахта,
Он гектардан „Қуўлы көлге",

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тең екти. Тегис алды нәл,
Тәрбия да берди теңдей.
Түйнеги ҳәр гектарынан,
Санағанда болды бирдей.

Алпыс центнер өним алды,
Ҳәр гектардан ол Еримбет,
Ер болсаң елге хызмет ет,
Жарыста оз ҳәм қуўып жет.

Айтым берди ҳәр гектардан,
Қырық центнер өлип-талып.
Кысынғаннан отыр зордан,
Жарыста ол артта қалып.

— Не ушын олай? Ўақты менен
Еримбеттиң бир суўы артық. —
Деген сөзи сол ўақытта,
Көптиң ойын кетти тартып. —

Дийхан истиң көзин билсе,
Зүрәәтте шек болмайды.
Жердиң баўыры терең булақ,
Мийнетке иймей қалмайды.

Билип берген тек бир суўдан, —
Канша өним, жүзиң жарқын!
Исти билип, ўақтын билип,
Қане ислейик, енди, халқым! —

Ўақытсыз суў ол да жаман,
Гүл, ғумшадан айырады.
Шала ислер, ақылсыз ис,
Ерди уялтып, майырады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир суўда да парықтың барын,
Алды уғынып ҳәмме тегис.
Шын гүрестен, сапалы истен,
Қолға кирер уллы жеңис.

Отырғанлар гүллән исти,
Жақсылаўға қарар етти.
Мәнили болып, жалықтырмай,
Жыйналыс та қызықлы өтти.

Ўақтын хошлап суўшылар да,
Йслерине кетти тарап;
Еримбет шықты да қыздың,
Алдын тосып, турды қарап.

## VII

Таң сәҳәрде турды орнынан,
Талўасланып Орынгүл қыз.
Тракторын шыққанда айдап,
Батқан еди шолпан жулдыз.

Бар әлемге нурын шашып,
Жақты берип таң да атты.
Гүл шығарған, түйнеклеген,
Өскен пахта көзди тартты.

Еримбеттиң звеносына,
Берилипти қызыл байрақ.
— Жеңиске, — деп шақырғандай,
Желбирейди дөнип-жайнап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанға жағып, зейинди ашты,
Беттен сүйип ескен шамал.
Орынгүлди йошландырды,
Астындағы универсал.

Саяманды ислеп алған,
Күн түспесин деп басына.
Культивация жүргизди, әне,
Еримбеттиң пахтасына.

Қыздың майда шашы яңлы,
Майдаланған топырағы,
Түби босап пахталардың,
Караўытар жапырағы.

Суўы жетсе аўқатланар,
Жер пахтаның анасы ғой.
Культивация дурыс берилсе,
Өсип пахта жазады бой.

Түби жерде, басы күнде,
Сырығысқан ғумша, гүлге.
Пахталардың көриниси,
Йош ендирди Орынгүлге.

Суўшы ҳәм де тракторшы,
Келтирер мол зүрәэтти.
Ким берилип мийнет етсе,
Көрер бәрҳа рәҳәтти.

Еримбет те жүр атызда,
Қыз исине кеўли толып.
Ойланды ол, қыялы да,
Көп нәрсени өтти шолып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бар ықласы кетти қызға,
(Муҳаббат та күшли-аў сондай),
— Ай жүзинен, ләплеринен,
Сорсам, — дейди, — шийрин — палдай.

Елес-елес келип турды
Кыйғаш қасы, қара көзи.
Жүрек қозғап түсти ойына,
„Мен сенликпен“ деген сөзи.

— Мийнет пенен өмиримше,
Хош болады ўақтым! — деди. —
Өскен пахта, сүйген ярым,
Биле билсем, — бахтым! — деди.

Берилди де уллы үмитке,
Ҳарымай-талмай мийнет етти.
Сүйген қызы — Орынгүл де,
Жаңа жеңислерге жетти.

Культивация берген қызға,
Он бес гектар пахта жерге,
— Рахмет! — деди Еримбет
Жанына отырып бирге.

Отырғанда ләззетленип,
Жүрек-баўыры кетти ерип,
Сол мәҳәлде Алламурат,
Жетип келди сәлем берип.

— Эй, жаслық-ай! — деди сонда,
Екеўине жалт-жалт қарап.
Өз айыбын мойнына алып,
Кеширимди отыр сорап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деди Еримбет; — зияны жоқ,
Капа болма сен ҳеш қандай.
Жаслық ўақта, гей жигитте
Ушырасар ислер сондай...

* * *

Үшеўи кино көриўге
Колхоз клубына кетти.
Жүректе ҳеш дық сақламай,
Бир-бирине ҳүрмет етти.

*Есентуки — Нөкис, 1956 — 1958-жыллар.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОСЛЫҚ ДӘСТАНЫ

*Поэма*

### I

Қалың қарағай,
Өскен жағалай,
Дунайдың кең бойында,
Отыр азамат,
Кеўилли, шад,
Өскен ели ойында.

Шалқып Әмиўдей,
Толқынлап тынбай,
Ағады Дунай, ағады.
Командир Арыслан,
Келген алыстан,
Қызығып оған қарады.

Хыял қусы ушып,
Ҳәр жерге түсип,
Елеследи ата-анасы.
Өскен де жерлери,
Ғазлы көллери,
Шымбай, Нөкис қаласы.

Жылжыған жел,
Дегендей „кел",
Беттен сүйип алғандай.
Хабар жеткерип,
Сәлемин берип,
Қызыл қумнан келип
турғандай.

Бөлип ойын,
Тиклеп бойын,
Дәрьяға қайта қарады.
Бирде батып,
Бирде қалқып,
Бир қыз кетип барады.

Бурқып Дунай,
Қутырғандай,
Толқынланып турады.
— Ўаҳ!... Қыз кетти,
Деми питти...—
Деп адамлар шуўлады.

Нетерин билмей,
Инанғысы келмей,
Арыслан азлап иркилди!
Шомылып жүрсе де,
Жүзиў билсе де,
Ҳәл кеткени билинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийимин шешип,
Тез сууға түсип,
Арыслан жүзе баслады;
Суў менен гүресип,
Қатты тиресип,
Қулашын керип таслады.

Толқын қақса да,
Қатты ақса да,
Жигит күши басым келди.
Дунайдың күшин,
Қатты ағысын
Дослық күши жеңди.

Сууға мантығып,
Сәл ыққа ығып,
Қызды зордан шығарды.
Тилден қалып,
Естен танып,
Қыздың жүзи ағарды.

Аўзынан суў ағып,
Көзи аларып,
Демин зорға алады.
Илаж көрмесе,
Врач келмесе,
Ҳәлден кетип барады.

Келди врач,
Әй, өлим қаш!...
Өмир өлимди жеңди.
Қандай бахыт,
Өтпей көп ўақыт,
Ҳәлсиз қызға жан енди.

Ашып көзин,
Баслап сөзин,
Қараганда туўысқан;
Жүрек тасып,
Шадлық асып,
Қуўанып тур Арыслан.

Қараганда қыз,
Сөнген жулдыз,
Мысал қайта шыққандай.
Жыллы жүзден,
Қараған көзден,
Жигит бир сыр
уққандай...

— Рахмет сизге!
Келиңиз бизге,
Миннетдармыз ер саған!
Мийман етейик,
Сыйлап күтейик,
Ойланбаңыз сиз оған...

II

Гүлдей жайнап,
Күлип-ойнап,
Таярланды Арысланды
күтиўге.
Қонағын сыйлап,
Байрамдай тойлап,
Үлкен хызмет етиўге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ата мәдьяр[1],
Болып интизар,
Тез-тез жолға қарады:
— Киятыр ма,
Көрине ме? —
Деп қызынан сорады.

Қыйын күнде,
Қара түнде,
Жәрдем берип, туўысқан,
Совет елинен,
Совет жеринен,
Келип досқа болысқан,

Қандай қәдирдан,
Кележақ мийман,
Уллы елдиң перзенти[2].
Досларды жақлап,
Душпанды саплап,
Аталған ерлик хызмети.

Янош — мадьяр,
Ол — дос жанқыяр,
Жатқан қуры қол емес;
Ис көрсеткен,
Көп ерлик еткен...
Пискен асқа таяр ол
емес.

Арыслан келип,
Сәлемин берип,
Қушақласып көристи;
Илгери басып,
Кеўили тасып,
Мийман жайға жүристи.

Мақсети, тилеги,
Еки дос жүреги,
Бирге урып турғандай.
Жайнап жүзлери,
Күлимлеп көзлери,
Ойлағаны болғандай.

— Батыр Арыслан,
Қызымды аман,
Алып қалдың өлимнен.
Шын жүректен,
Сени де мен,
Перзентимдей көремен.

Қорған панам,
Отыр, балам,
Өз үйиңдей көре бер.
Дос үйинде,
Дос жеринде,
Өз аўлыңдай жүре бер.

Көп сөйлесип,
Анық билисип,
Қумарлары басылды;
Сөз үстинде,
Ең кейнинде,
Көп тарийхлар ашылды.

---

[1] Мадьяр—венгер
[2] Совет елинен келди деген мәниде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өскен елин,
Туўған жерин,
Арыслан етеди баян:
— Әкем Пирман, —
Дегенде оған,
Янош қалады ҳайран:

— Қайсы Пирман? —
Ер партизан,
Достым мениң жолдасым.
Қайтпай жаўдан,
Қурған аўдан,
Халық ушын тиккен
басын?!

Күни менен,
Мен ким менен,
Отырман? — деп
қушақлады.
Қуўанып, тасып,
Баўырына басып,
Көзден жасын
моншақлады.

— Пирман менен,
Бир жүргенмен;
Әмиў жағаларында,
Туўысқан Мәўлен,
Кузьма, Дәўлен,
Мақсет ағаларың да;

Қыйын ўақта,
Болып сапта,
Бир окопта болғанбыз.
Шылпықтан өтип,
Нөкиске жетип,
Оны да биз алғанбыз.
— Тазқара бойы, —
Деди де ойы,
Бир нәрсеге бөлинди.
Жүзи де солып,
Қайғыда болып,
Не айтары билинди.

Аз ғана ойланып,
Көп исти ойға алып,
Дос дәстанын баслады.
Айтып ерликти,
Беккем бирликти,
Тарийхқа көз таслады...

III

...Езиўши класс,
Ҳарамы иплас,
Жанталасып урысты.
Димары кетсе де,
Әжели жетсе де,
„Өлмеймен" деп
тырысты.

Қан толып көзине,
Исенбей өзине,
Тозғанын ол көрмеди.
— Жаңа өспесин,
Мийўеси писпесин, —
Деўден басқаны
билмеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күни түнде,
Бар едим мен де,
Үлкен ўақыя болды.
Тазқарада,
Сол кәрада,
Ойлар өликке толды.

Шахмақ шаққандай,
Жулдыз аққандай,
Болып оқлар борады.
Жүзлер солып,
Нарттай болып,
Оқ тийгенлер қулады.

Қоршаса да жаў,
Қурса да аў,
Берилмеди қызыл ер.
Жаў қырылды,
Гөрге тығылды,
Тартты көбин қара жер.

Торды қурған,
Жолды аңлыған,
Душпан күши басым
келди.
Себеби, арсыз,
Иштен жансыз,
Отярдтың күшин бөлди.

Адамға қас,
Сатқын иплас,
Төре[1] күшти билдирген.

Ерлер нийетин,
Еткен мийнетин,
Ол ҳарамы қүйдирген.

Аз болса да,
Қоршалса да,
Ерлер қайтпай алысты.
Аңлып жатып,
Гөзеп атып,
Гейде найза салысты.

Ким турақлы,
Ким турақсыз,
Қәўип туўғанда билинди.
Дослық, бирлик,
Батырлық, ерлик,
Ол гүресте көринди.

Өзбек, венгер,
Жығылса егер,
Рус келип сүйеди;
Украин, қазақ
Ҳәм қарақалпақ,
Халық ушын тең жан
берди.

Дослық қандай,
Атқан таңдай,
Дослық күшке күш
келмес.
Ол уллы күшке.
Ол уллы иске,
Ҳеш бир нәрсе тең емес.

---

[1] Төре — Жансыздың аты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўса да оқ,
Түскени жоқ,—
Тирилей жаўдың қолына;
Өлимнен қашпай,
Ақылдан саспай,
Қыянет болмады дослық
жолына.

Күшлери артып,
— Өлген артық,—
Деди: — жаўға қул
болғанша! —
Сыр берместен,
Бас ийместен,
Гүрести бир оқ қалғанша.

Өлсе де көп,
Бузылмай сеп,
Бири өлсе он беси келди.
Ҳарамы душпан,
Қоршап тум-тустан,
Күш азайғанын билди.

„Сақла, алла,
Өзиң қолла!"—
Деп биреў услап
сәллесин,

Нағаны қолда,
Жуўырғанда алға,
Пирман үзди желкесин.
Бай улы Орын,
Ҳәм қазы Нурым,
Пирман оғынан ушты;

Есинен танып,
Соңғы дем алып,
Олар қара қан қусты.

Таң саз берди,
Биреў-биреўди көрди.
Жаў күшейтти ҳүжимин,
Созылса урыс,
Оларға жоқ турыс,
Душпан сезди өлимин.

Бир мәҳәлде,
Күтбегенде,
Бирден қулады Пирман,
Оқ өтип,
Ҳал кетип,
Жараланды, ақты қан.

Жараны таңып,
Жарағын алып,
Өлик астына тасладым!
Бар күшти жыйнап,
Өзимди қыйнап,
Оқты ата басладым.

Маған да тийди оқ,
Енди, илаж жоқ,
Тек Михаил қалды, өзи.
Көп жаўды атты,
Ушырып қуллаты,
„Ат" дегендей бизде
көзи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Михаил ымлап,
Әсте сыбырлап,
Деди.— илаж көрейик.
Пулемет барда,
Жаўға сап саўда,
Жолды аша билейик.

Ағашлық жақтан,
Жол ашты маған,
— Ал енди, дос, кет,—
деди.—
Досларға өт,
Барып хабар ет,
Нөкиске тез жет,—деди.

Тасалап, буғып,
Қоршаўдан шығып,
Атқа минип шаптым алға,
Ушты минген ат,
Питкендей қанат,
„Шуў“ деп түскенде
жолға.

Тезден жетсем,
Хабар етсем,
Жолдасларға дедим мен;
Ең болмаса,
Жарадарлар,
Аман қалар өлимнен!

Еки атлы,
Қуўып патлы,
Болды изимнен жетежақ;
Тири услап,
Ўақтын хошлап,
Мени алып кетежақ.
Бары-жоғым,—
Еки-ақ оғым
Қалған екен қолымда,
Аттым.
Өлди...
Бири қалды,
Аты жүрмей соңымда.

Ңослар ядымда,
Ҳәр бир адымда,
Атты шаўып келемен.
Болған исти,
Ерлик гүрести,
Штабта айтып беремен.

## IV

Ерлер ел ушын,
Ел де ер ушын,
Хызмет етер бир-бирине;
Жәрдемин берер,
Жанындай көрер,
Елди сүйген ел ерине.

Сырттан көрип,
Аўҳалды билип,
Еримбет хабарды
берипти.
Қаҳарман дослар,
Бизиң жолдаслар,
Изине оның ерипти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтип көп жерди,
Баслап ерлерди,
Киятыр екен Еримбет.
Командир көрип,
Тезлетип жүрип,
Деди: „аўҳалды баян
ет!“...

Әдеўир жүрдик,
Жақынлап келдик,
Тазқараның қасына.
Бир „дийўана“
Отыр жолда,
Соппас кийип басына.

Отырған адам,
Әпшери жаман,
Қаны жоқ, қуўарған
жүзи.
Анықлап қарасам,
Қасына барсам,
Баяғы Төрениң өзи.

Салса да ылаң,
Тутылды жылан,
Бет пердеси жулынды.
Қас болған бизге,
Қарамай жүзге,
Командирге бас урды.

Сөзи тынланды,
Көп ис аңланды;
Бирақ, басы кесилди;
Мәлим болмаған,
Есапқа алмаған,
Көп нәрселер шешилди.

„Көмиң“ дегенде,
Команда бергенде,
Жер де жеркенгендей
болды;
Қыйланбай ҳеш ким,
Шығармай үн,
Көмиў ушын созбады
қолды.

Себеби, шаян,
Ҳәммеге аян;
Билдирместен зыян
берген,
Жатқа қол берип,
Бар сырды терип,
Ол ҳарамы иште жүрген.

Қорқып бизден,
Келер деп тезден,
Жаўлар қашып кетипти.
Кетер алдында
Өликти шаўып,
Ҳайўаншылық етипти.

Азатлық гүресте,
Шын мәртлик исте,
Қурбанларға ийдик бас.
Беккем турсақ та,
Белди буўсак та,
Бираз көзден шықты жас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлсе де ер,
Умытпас ел;
Оның иси өлмейди.
Ели ердиң,
Ери елдиң,
Намысын қолдан
бермейди.

Бар-жоқты серлеп,
Өлгенди жерлеп,
Болғаннан соң топландық.
Алға басып,
Дәрьядай тасып,
Жаў изинен атландық.

V

Ўақтын таўып,
Азлап жаўып,
Күн де жасын төккендей;
Тарийхты тыңлап,
Бар сөзди аңлап,
Оған ҳүрмет еткендей.

Жаўын жаўа,
Таза ҳаўа,
Терезеден кирғендей.
Бирақ, Арыслан,
Ойлап алыстан,
Терең ойға шүмгендей.

Тигилип көзи,
Сәл солып жүзи,
Дунай жаққа қарады.
Толқынды көрип,
Өмир деп билип,
Аўылын ойға алады.

Ойлап елди,
Бөлип кеўилди,
Ядқа түсти ана сөзи;
Тарийх даўамы,
Соннан шығады,
Янош айтпай қалған изи.

Меҳрибан ана,
Бир-бирлеп ғана,
Айтқан еди билгенин.
Болған гүрести,
Шын дослық исти,
Көзи менен көргенин:

„...Бир күни түнде,
Мениң есимде,
Ағаңды биреў әкелди.
Албырап, састым,
Есикти аштым,
Тағы үшеўи келди.

Үстилери қан,
Қорыққандай жан,
Зордан ашады көзин.
Қарап турады,
Мойнын бурады,
Айталмай сөзин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарадық, күттик,
Көп үмит еттик,
Есин жыйнап сөйледи.
Ағаң сениң,
Панам мениң,
Сөзге қулақ сал деди;

„Мынаў Михаил,
Мен болдым қайыл,
Енди өлсем әрман жоқ.
Ерлик етип,
Торларды сөтип,
Жаў үстине қуйды оқ...

Қурған аўды,
Саплап жаўды,
Таң қаларлық ис етти.
Аямай жанын,
Төгип қанын,
Дос үлгисин көрсетти.

Хабар берип,
Дослар келип,
Таўып алды бизлерди.
Келиўиме,
Көриўиме,
Себеп болды сизлерди.

Ырзаман сеннен,
Күш кетти меннен;
Жақын отыр, Айжамал.
Заман саз болар,
Бәрҳа жаз болар.
Қыслар өтти. уғып ал.

Ул туўсаң аман
Атын қой Арыслан,
Улыма айт сөзимди.
Ойласын елди,
Туўылған жерди,
Қызартпасын жүзинди.

Биринши нәсийҳат,
Дослықты айт:
Дослық — өмир шырағы.
Кеңес[1] көркейсин,
Ен жайып, үлкейсин,
Кеңес ели—бахыт булағы.

Тағы бир айтар сөз,
Егер мен жумсам көз;
Дослардан айырып
қойман,
Көп жәрдем берди,
Узақтан келди,
„Өлди“, деп дослықты
жойман.

Дослық — өлмейди,
Дослық — сөнбейди,
Барлық теңиз —
Булыт болып жаўса да,
Дослық — шайқалмас,
Дослық — тайсалмас.
Жер силкинип,
Таў бузылып аўса да.

---

[1] Кеңес—Совет сөзиниң сол ўақыттағы атамасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүнья турса,
Адамзат болса,
Дослық бәрҳа турады.
Ол күшли қуяш,
Муз теңизин,
Еритиўга болады.

Басқа ис түскенде,
Қыйын күнлерде,
Дослар береди қолын.
Уллы гүреслерде,
Жоллап жеңислерге,
Көрсетеди өмир жолын.

Екинши сөзим;
Ол ашсын көзин,
Дос ким, душпан ким:
билсин!
Ғайрат салып,
Билим алып,
Халық пенен алға
жүрсин.

Жүрмей керилип,
Мийнетке берилип,
Ҳақыйқат ол ер болсын;
Өнери өсип,
Жақсы жетисип,
Кеўили шадлыққа толсын.

Улым ержетип,
Халық ушын ис етип,
Қорғасын ол Ўатанды.

Тийсе душпан,
Ат қойып оған,
Жоқ етсин залым
душпанды.

Азат еткен,
Жақты нур сепкен
Рус халқы менен болың
мудамы.
Ис түссе басына,
Тез барың қасына,
Бөлисип жең қолда
барды . . ."

Деди де, жумды көз,
Кесилди барлық сөз,
Болды шыра сөнгендей;
Қара булыт басқан
Түнерип аспан,
Ол да үйге киргендей.

Жасым моншақлап,
Жаттым қушақлап;
„Мени-де тарт, жер",
дедим.
Буны көрип,
Михаил келип,
„— Өйтпе, — деди,
түргелдим.

— Жасыңды тый,
Есиңди жый,
Өлген қайтып келмейди.
Ер иси тири,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз соның бири,
— Деди,— Пирман
өлмейди.

Халық қолын берер,
Жәрдемге келер,
Ел барда хор болмайсаң.
Я биреў тийип,
Ыссыда күйип
Ҳәм суўықта
тоңбайсаң...

Белиңди буў,
Көтерип туў,
Жерлейик айтқан
жерине..."
Халық жыйналып,
Күтә қыйналып,
Ҳүрмет етти ерине,

VI

Янош келди,
Ойды бөлди,
Түсингендей ойына,
Сөз баслады,
Көз таслады,
Жигит қәдди-бойына:

— Бир жыл өтти,
Урыс питти;
Сизге келдик көриўге,
Михаил бар,
Мен де қуштар,
Дос аўҳалын билиўге.

Сени алып,
Меҳримиз қанып,
Қутлықладық анаңды;
„Пирманның өзи,
Жайнаған көзи",
Деп қуўанттық панаңды.

Күтип қонағын,
Берип тамағын,
Анаң бизди сыйлады;
Әкеңди жоқлап,
Кетерде жылап,
Бизди күтә қыйнады.

„Өзиндей көриң,
Еске алып жүриң",—
Деп маған берди
мынаны...
Бул чай қалта,
Кестели, пухта,
Еслетер ата-анаңды.

Михаилға берди,
Қамар белбеўди;
Ол көзиндей көреди.
Өзинде сақлап,
Дослығын ақлап,
Бәрҳә ядлап жүреди.

Совет ели —
Дослық күни,
Бизлерге де жайды
нурын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азат Венгрияға,
Қәуип туўғанда,
Тезден созды дослық
қолын.

Душпанлар сөйлесе де,
Ҳәр нәрсе десе де,
Халқымыз биледи:
„Ийт үрсе де,
Кәрўан иркилмей,
Жолы менен жүреди...“

Тилек бир,
Жүрек бир,
Мақсет те бир, ой да бир,
Жыр да бир,
Сыр да бир,
Муң да, күлки, той да бир.

Кеўилди ашып,
Шадланып тасып,
„Рахмет“ деймиз
сизлерге,
Советлик жаўынгер,
Болып қәўендер,
Дослық еткен бизлерге!

Совет халқы,
Шыққан даңқы,
Күннен-күнге жайнасын.
Болып алда,
Байрағы қолда,
Жеңис тойын тойласын.

* * *

Қыз қуўанып,
Бир сүўрет салып,
— Ата, буны көр,— деди.
— Кеўлиң толса,
Сыйлыққа болса,
Арысланға бер,— деди.

Сүўретте өзлери,
Күлимлеп көзлери,
Бири әке, бири улындай,
Бирге тур мудам,
Бахытлы адам,
Шыққан күнниң
нурындай...

Сыйлығын алып,
Рахмет айтып,
Қарады өнерли қызға;
Келбети, жүзи
Ҳәм қара көзи,
Усар шолпан жулдызға.

* * *

Таўысылып дәстан,
Өткен бастан,
Қәдирданлар хошласты
Дослық күш өсип,
Жетисип, писип,
Қолға қоллар усласты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VII

Әмиў бойлары,
Қыры, ойлары.
Бөленген бәҳәр гүлине.
Хызмети питип,
Мақсетке жетип,
Арыслан қайтты елине.

Атыздың иши,
Бурынғы иси,—
Тракторын айдаған,
Планын бөжерип,
Көп пахта берип,
Халық ғамын ойлаған!...

Күнлер өтти,
Түнлер өтти,
Кеўил талўас қылады.
„Дослар келер,
Бизди көрер,“—
Деген тилек болады.

Қәдирли Янош,
Кеўили хош,
Хат жазыпты алыстан:
„Мийман боламыз,
Тезден барамыз“,
Депти хатта туўысқан.

*1959-жыл*

20—110

www.ziyouz.com kutubxonasi

# КИНОСЦЕНАРИЙ

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АРАЛ БАЛЫҚШЫЛАРЫ [1]

(*Киносценарий*)

**ОЙНАЎШЫЛАР;**

*Жадигер Есемуратов*— Семен Алексеев атындағы балықшылық колхозының председатели.

*Раўшан кемпир* — Оның хаялы.

*Айжамал Есемуратова*—Муғаллим, тарийх илимлериниң кандидаты, олардың қызы.

*Александр Иванович Бутаков* —Балық аўлаў иси бойынша инженер.

*Бекполат Сейтжанов*—Балықшы.

*Сәнем Әжин098иязова* — Балықшы қыз.

*Ерназар Қалимбетов*—Флотилия капитаны.

*Нурымбет Сейтжанова*— Балықшылар артелиниң бригадири, Бекполаттың әкеси.

Роялдың дабыл қаққан намасы жаңғырып еситилмекте. Оркестр шертилди. Өркеш-өркеш толқынлар бирин-бири қуўып өтпекте. Үлкен, өркешленген ақбас

---

[1] Киносценарий М. А. Мелкумов пенен авторлықта жазылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

толқын жарға келып соқлығып, тумлы-тусқа шашырайды, бизиң көз алдымызда көздиң ушы жетпейтуғын кең, толқынлы, шалқыған теңиз көринеди.

Бирин-бири куўып, әлле қайда баратырсан ақ бас толқынлар үстинде ақ шағалалар ушып жүр.

Толқынлардың көбиги ҳәм суўдың шашыраўы, гүўилди ҳәм ызғырық, теңиздиң шуўылдысы ҳәм гүрилдиси арқалы дикторлың даўысы еситиледи:

„Мине, солай, Арал теңизиниң толқынлары күнбекүн, онлаған ҳәм жүзлеген жыллар бойына шайқалмақта . . . Олар ҳәр қандай тарийхтан қайғылы ҳәм қуўанышлы, күлкили ҳәм муңлы көп нәрселер биледи. Олар өз өмиринде ҳәр қандай адамлардан—батыр ҳәм қажымас, қорқақ ҳәм қаўпеки адамлардан талайын көрди... Теңиз,—дейди балықшылар,—адамдай өз өмирине ийе: Ол ҳәмме нәрсени көреди, ҳәмме нәрсени ядында тутады. Теңиздиң айтқанына түсиниў ушын оның тилин билиў керек... Теңиздиң тилин түсинбегенлерге Аралдың балықшылары оның қосық ҳәм дәстанларын түсиникли, өткир тил менен айтып береди. Ал енди теңиз күн-түни тынбай, ҳеш тоқтамай сөйлейди ҳәм жырлайды...

Теңиздиң қосықларында, дәстанларында өтирик те, жасалма нәрсе де жоқ, тек ҳақыйқатлық бар... Теңиз ҳадал художник ҳәм ҳәр бир ҳадал художниктей, теңиз адамлар туўралы да, ўақыялар туўралы да бирдейине өзиниң дурыс көз қарасына ийе.

...Теңиз мәртлердиң даңқын жаяды, қорқақларға жеркенип қарайды...

* *

Диктор өзиниң сөзин айтып атырған ўақытта сәл еситилип турған нама Арал балықшыларының оркестрге қосылып жаңғыртып айтқан қосығына айналды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызарып батқан күн теңизди көгис ҳәм қызғылт реңге бөледи.

Бизиң көз алдымыздан жигит ҳәм қыз, ер ҳәм ҳаял балықшылардың күлимсиреген келбетлери дизилип елеслеп өтти. Сейнер кемелер толқынланған суўдың үсти менен жайылып баратыр. Олардың бәленг машт-ларының ушында алтын рең менен кестелеп „Алек-сеев атындағы балықшылық колхозы“ деген жазыў жазылған қызыл байрақ шамал менен желбиреп тур.

Сейнер кемелериниң үстине колхозшылардың суў-дан тартып шығарып атырған жылымларында үлкен бекире ҳәм сүўенлер, марқа ҳәм ылақалар, сазан ҳәм ақшабақлар көзди шағылыстырады, олар қуйрықла-рын былғап ойнақшып секирмекте, айланып-үйрилип түспекте. Олардың дем алысынан,қысқа-қысқа, бирақ үзликсиз жылтылдаған суўық ақ жалынлар көринип кеткендей. Қарақалпақ балықшы Есемурат ғарры ҳәм мәрт рус революционери Семен Алексеев ҳаққында, олардың дослығы ҳәм көрсеткен қаҳарманлықлары ҳаққында халық арасында шығарылған қосықтың даўысы барған сайын қатты жаңғырып еситилмекте...

Сейнер кемелериниң биринде бетин шамалға ҳәм шашыраған теңиз суўларына қаратып колхоз председатели Жадигер Есемуратов тур. Қартайған болса да оның көзи жаслық ушқынлары менен жаўдырап тур. Председательдиң шашы гүмистей жылтылдап көринеди. Оның шашы қалын, артқа қарап тарап қойылған, бирақ теңиз үстиндеги шамал менен ара-тура ҳәр тәрепке желбиреп тынышын алып қояды.

Капитан минберинде ернин қатты қымып, трубкадан үзликсиз шылым шегип, балық аўлаў флотилиясының капитаны Ерназар Қалимбетов тиккесинен қатып тур. Ол сулыў шырайлы, аўыр минезли, бирақ көз қарасы сус жигит.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балықшы қыз Сәнем Әжиниязова қәлем қасын керип, алысқа—балық аўлаўшы баркастың ақ желқомы көк жийек пенен араласып, булдырап көринген жаққа қиялап қарап тур.

Ол балықшы жас жигит Бекполат Сейтжановқа кеўлин бөлмей шубалысқан жылымды шаққанлық пенен жаздырып атыр. Жигит дүньяда ҳәмме нәрсениядынан шығарып, Сәнем Әжиниязоваға таңланып қарап тур. Ол қыздың жаздырып атырған аўының екинши шетин алаңғасарлық пенен қолына услап түйдеклей берди,бул түйдеклер соңынан Сәнемниң қолына келип түсе баслады.

— Солай етип, мен ҳәзир илажсыз қалып отырман, —деди Бекполат гүрсинип, бир аяғынан кейин бир аяғын аўыстырып басып. —Мен саған, мине енди еки жылдан бери, жүрегимниң сырын айтып киятырман. Мен буны айтсам, сен күлесең, сен күлесең. Не десең ол де, мениң сөзим үзил-кесил сөз, кеўлим де, жүрегим де, есим де, ықласым да сенде.

Сумлықлы ҳәм ҳәзилкеш Сәнем ҳеш нәрсени еситпегендей түс көрсетти. Оған Бекполаттың сөзи жағады, бирақ буны жигиттен жасырыў ушын кеўли тасып сыңғырлап күледи. Оның күлген даўысы көп ўақытқа шекем теңиз үстин жаңғыртып турады.

— Айжамал узамай Ташкенттен қайтып келеди, — деп даўам еттирди сөзин Бекполат. — Олардың,—деди ол капитан Ерназар Қалимбетовты ымлап басын ийзеп көрсетип, — тойы болатуғын болса керек. Тек мен ғана ашық теңиздеги мына желқомдай жалғызбан...

— Той? — деди Сәнем исенбегендей күлимсиреп. Қандай той? Не сөйлеп отырсаң өзиң?

— Айжамалдың Ерназар Калимбетовқа киеўге шығайын деп атырғанын билмейтуғындайсыз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Айжамал? Ерназарға? — Сәнем биротала таңланып қалды.

Бекполат бир минутқа албырап қалды, ол жаңадан аяғын аўыстырып басты.

— Мениңше, солай болса керек, — деди Бекполат нағайбытырақ сөйлеп.

— Соқыр таўыққа бәри тары, —деди Сәнем мәнили түрде ҳәм даўысын қатты шығарып күлип жиберди.

— Мениң сөзим үзил-кесил, — деди қыз көзин қысып сөйлеп...

Бекполаттың аўды биротала шубалыстырғанын сезип қыз үрейи ушып, еки қолы менен басын услады ҳәм көзи алақлап кетти.

— Шубалыстырған мен, — деди Бекполат айыбын тиккел й мойнына алып, — сизди иркип, анықлап сөйлесейин дегеним ғой.

— Жиңиңиз бар шығар, — деди Сәнем наз бенен сөйлеп ҳәм тағы теңизге қарай күлди.

* * *

Теңиз бәлент ақ бас толқынларынан көбик шашып айбат пенен шуўылдамақта ҳәм ашыўланып суў шашыратпақта.

— Жәдигер аға, неге ойланып қалдыңыз? — деп сорады Ерназар Қалимбетов терең ойға батқан председательге қарап.

— Мине, усындай, бизиң флотилиямыз өтип баратырған жерде, буннан елли жылдай бурын ортан бармақтай еки адам набыт болды... Адам болғанда да арысландай адамлар еди, — деди Жадигер аға бурылмай. — Биз ҳәр ирет усы атаўдың қасынан өткенимизде, жүрегим әлле қандай болады, кеўлим босасып, демим қысады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғаррының кеўли босасып, капитан минбери қасында тарттырып қойылған арқанға қалтыранып еки қоллап жабысты.

Ерназар Қалимбетов дәрриў Жадигер ағаға жәрдамге барды. Бирақ Жадигер аға оны шыдамсызлық пенен тоқтатып сөзин даўам еттирди:

— Жаңағы мениң айтқан адамларымның биреўи мениң әкем—Есемурат ғарры, екиншисы—мениң әкемниң досты, бизиң халқымыздың досты—рус революционери Семен Алексеев еди.

— Айтып турыўдың ҳажети жоқ. — деди Ерназар Қалимбетов ентигип сөйлеп, ғаррының кеўлин басқа жаққа аўдарыў мақсетинде. Ол ғаррының кеўлин хошлаў ушын сөзди басқа жаққа бурды:

— Жадигар аға, бүгинги балық аўлаўымыз жаман болған жоқ... қутлықлайман.

Капитанның жаңағы айтқан сөзине ерегискендей, еки сейнер кемениң теңизге салған сегиз жүз метр узынлықтағы жылымы бос шықты.

— Уйлығысып жүрген балықлар үйири қасымыздан өтип кетти, — деди Ерназар Калимбетов көзин шетке қаратып, — бир ярым мың центнер балықты көз алдымызда өткерип жибердик. Буған мен айыплыман... Керекли бағдарға қарай жүрмедик.

— Ақыллы — өзин, ақмақ — жолдасын айыплайды, — деди ғарры. — Бул жақсы. капитан, бунда сен айыплы емессең. Балықлар жылдан-жылға ҳийлекер болып баратыр. Демек, балықты аўлаў ушын тағы да көп ҳийле керек. Биз телевизиялық установка алыўымыз керек. Балықлар үйириниң ҳәммеси кинодағыдай бизиң көз алдымызда болады... Мен усындай усыл менен балық аўланғанын Қара теңизде өз көзим менен көрдим. Бизге Москвадан жаңа инженер киятыр ма? Оның фамилиясы ким?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Александр Бутаков. Самолетқа минип ушқан, — деди Ерназар жууап қайтырып. — Билмеймен қандай себеп пенен екенин, Ташкентте иркилип атыр... мине.

Калимбетов сулыў етип тигелген капитан кителинен газета ишиндеги телеграмманы шығарды.

Бирақ, Жадигер аға телеграммаға кеўил бөлмей тасқынлаған кеўил менен кисесиндеги газетаны алып көрсетти.

— Оқыдың ба? — деп сорады ғарры жаңағы телеграммаға жууап ретинде.

— Жоқ, Жадигер аға, еле газетаны оқыўға үлгергеним жоқ, — деди Ерназар ийнин қысып аң-таң болып.

—Ондай болса кел, даўыслап, даўысыңды шығарып оқы, ҳәмме еситсин, — деди күлимсиреген кейип пенен салтанатлы түрде колхоз председатели.

— Ертең 12-июньде, Орта Азия Мәмлекетлик Университетиниң актовый залында, — деп оқый баслады Ерназар демин ишине тартып, — Айжамал Есемуратова тарийх илимлери кандидаты деген илимий дәрежеге ийе болыў ушын диссертация жақлайды. Диссертация темасы: „Қарақалпақ халқының дүньяға революйиялық көз қарасын кәлиплестириўде рус халқының тутқан орны"!

— Түсиндиң бе?

Ғаррының көзи ойнақшыды.

— Түсиндим, — деди газетадағы хабарды оқып ўақты хош болған Ерназар...

— Жақсы түсиндиң бе?

— Жақсы түсиндим, Жадигер аға!

— Куўандың ба?

—Куўандым, — деди ақырын ғана капитан ҳәм оның қолы ериксиз түрде төмен тусти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Неге муңландың? Айжамал өзиниң апасы менен бирге жолда қайтып киятырған болыўы керек деп есаплаў мүмкин. Жигит, қуўаныўың керек.

— Ол мени сүймейди. Жадигер аға, — деп айтыўға батына алмай Ерназар төмен қарады. Соңынан басын жоқары көтерип: „Буннан кетемен, жоқарғы органлардан мени Каспий теңизине жибериўин сорайман,“— деди.

— Корқақ!— деди кескин түрде ғарры.— Егер моряк қорқақ болатуғын болса, оған анадан туўылыўдың кереги жоқ. Түсиникли ме?

— Түсиникли, Жадигер аға! — деди капитан терең дем алып. — Ҳәзир мениң не ислеўим керек?

— Не ислеў керек дейсең бе? —деп күлди ғарры. — Ташкентке барыў керек. — Ол бирден бетин Калимбетовтан басқа жаққа бурды да, капитан минбериндеги микрофонда буйрық бере баслады:

— Ҳәммеңиз тыңлаңыз!...

— Ҳәммеңиз тыңлаңыз!... — Бул даўыслар балық аўлаў флотилиясының сейнер кемелерине барып жетти.

— Менең командамды тыңлап үшинши ирет жылым салыўға таярланыңыз!

Бирден барлық кемелерде Арал балықшыларының қосықлары жаңғырып еситилди. Сейнерлер айналып теңизге жылым салды.

Саз, қосықлар арқалы ҳәр қыйлы сөз ырғағы менен; „ҳей жигит“, „ҳей жигит“ деген сөзлер бөлек-бөлек болып еситилди.

Бул сөзлер Қалимбетовтың жүрегин от болып жандырғандай болды.

Теңиз жырламақта, суўлар шапшып, аспанға секирмекте, толқынға толқын соқлығыспақта, сейнер кемелердиң үстине шапшыған суўлар шашырамақта.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайда ғана қараса да капитан Ерназар Калимбетовтың көз алдына Айжамалдың образы келип турды. Мине ҳәзирги ўақытта да, кемениң ернегинен төмен суўға қараған капитанның көз алдына өркешленген толқынлар арасында булдырап өзиниң сүйген қызының келбети көринди ҳәм соңғы ушырасыўды еске түсиргенде қыздың айтқан төмендеги сөзлерин еситти:

— ... Ҳәмме муҳаббатқа умтылады, бирақ ҳәмме бирдей сүйисиўдиң, бир-биреўди шын жүрегинен жақсы көриўдиң мәнисин биле бермейди, Ерназар... мени қойың...

— ...Айтыңызшы, сиз мени сүйесиз бе?...

— ...Билмеймен, кетиңиз...

— ...Айтыңызшы, мен сизге бийпарўа қарайман ба?

— ...Билмеймен. Ҳеш нерсе билмеймен... Мени қойыңыз, Ерназар... Сүйиў туўралы үндемең... өзиңизди кемситпеңиз... кетиңиз.

— Сиз маған қанша терис қарасаңыз да мен сизди сүйемен. Мениң ар-намысым да, ҳүжданым да сизики..

Ерназардың жүзинде ашыныў ҳәм үмит, ашыў ҳәм қайғы белгилери сезилди...

Ол Айжамалдың жайы дөргерегинде гезип жүр. Ол жақты шығып турған жайдың терезесинен қарағанда, алдында китаплар ҳәм қол жазбалар турғанына көзи түсти. Әне, қыз қалың диплом папкасын еңкейип қарап атыр. Ол бир неше қатарды сызып таслады да қайтадан жаңа сөзлер жазды. Жазып болғаннан кейин қабағын үйип оны оқыды:

— Бир мың тоғыз жүз бесинши жылдың ақыры... Арал балықшыларының қосық ҳәм дәстанларында бул жыллар халықтың жаралы жүрегин сызлатты.

Ерназардың көз алдына келген елеслер теңиздиң ақ бас толқынлары арасына сиңип, көринбей кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бирден бизиң көз алдымызда Орта Азия Мәмлекетлик Университетиниң жақты, ҳәр қыйлы даўыслар еситилип турған үлкен мәжилислер залы пайда болды.

Балент кафедрада, Қарақалпақстан Автономиялы Республикасының рельефли картасы қасында, қолына картадағы белгилерди көрсетиў ушын арнаўлы шыбық тутқан, тынышсызланған Айжамал Есемуратова тур. Ол әлле кимди излегендей көзин тиғип, үлкен аудиторияны қарайды.

Барлық есиклери толық ашылып қойылған мәжилислер залына студентлер, жас ҳәм егеде илимпазлар, ғарры академиклер келип толмақта. Терең ойға батқан Айжамалдың қиялына Арал балықшыларының қосықларынан үзиндилер еситилгендей болды.

— Айжамал, тынышсызланып турсыз ба? — деп сорады ғарры илимпаз оның қасына келип ҳәм оның ўақтын хошлаў ушын күлимсирей қарады.

— Жоқ... ҳа... аўа... Тынышсызланынқырап турман.. Билмедим, не себептен екенин, усы ўақытқа шекем апам келмеди....

— Тынышсызланбаңыз.... мен оған машина жибердим.

* * *

Бирақ Айжамал Есемуратованың анасы Раўшан кемпир машинаны күтип турмай, университетке жаяў барғанды артық көрди.

Мине Раўшан кемпир қаланың көшелерин аралап жүрип киятыр,ол киятырғанда өзин ҳүрметлеп жол бериўшилерге күлимсиреп қарап қояды.

Алыстағы Мойнақ атаўынан Ташкентке биринши ирет келген Раўшан кемпир көше ҳәрекетиниң қәде-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерин билмейди. Ол қала ишинде транспорттың олай-булай жүрип турыўына қарамастан, керек деген жерлеринде жол дәрбентлерин кесип өтеди. Раўшан кемпир өзин өз үйиндегидей сезеди, ол өзиниң туўылған жериндей ҳеш нәрседен сескенбей жүрип киятыр. Оған тынышсызланыўдың кереги де жоқ. Жол дәрбентлеринде турған милиционерлер миллий кийим кийинген кемпирди көриў менен транспорт ҳәрекетлерин тоқтатады.

Ташкенттиң жасанған ҳәр қыйлы халқы арасында Қарақалпақстанда еле усы ўақытқа шекем ҳәр қандай егеде ҳаял кийетуғын кийим кийинген Раўшан кемпир әлле қашан өтип кеткен және совет адамларының жаңа әўладына китаплар ҳәм тарийхтың документлери бойынша ғана мәлим болған бөтен дүньяның бир бөлегиндей көринеди.

Раўшан кемпирдиң қуўанышы басынан асып-тасады, оның қызы бүгин,өзиниң ойына, ели алдында экзамен береди. Өзине ушыраған адамларға күлимсиреп қарап, өзиниң бул аналық қуўанышының бир бөлегин бергиси келеди.

Буны ҳәмме түсингендей, өйткени ҳәмме ғарры қарақалпақ анаға шын ҳүрмет белгисин билдириўге ҳәрекет етеди.

Өзбекстан Министрлер Советиниң үйи тусынан өте бергенде Раўшан кемпир тумлы-тусына айланып қарады ҳәм жолдан адасқынын билди. Жай алдындағы текшеден төмен түсип, машинаның қасына келген Александр Бутаковты көргеннен кейин кемпир оған қарай жүрди.

Бутаков жағымлы жүз бенен күлимсиреп, таныс емес ҳаялды күтип тоқтады.

— Сәлем бердик, иним, —деди оған кемпир ҳеш қандай қысынбастан, — мен Есемуратова Раўшан..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң қызым Айжамал бүгин университетте экзамен береди, бул туўралы газетте, де жазылды... Мен жаяў жүрип қаланы көреғояйын деп едим, адастым. Мениң ерим Жадигер маған айтып еди: „үйден жалғыз өзиң шықпа... Ташкент жоқары мәдениятлы үлкен қала, адасарсаң“, деп еди. Мениң саўатым жоқ... Университетти таўып алыў ушын маған жәрдем көрсет, иним.

Раўшан сөзди көбейткен сайын Бутаковтың жүзинде исенбеўшилик арта барды. Ол қолындағы газетаны асығыслық пенен ашып, диссертация жақлаў ҳаққындағы дағазаны оқығаннан кейин кемпирден сорады.

— Сиз Айжамал Есемуратованың анасымысыз? Сиз...

— Дурыс, иним... бәри дурыс, мен анасыман, — деп кемпир басын ийзеди ҳәм Лениннниң қызыл постамент үстине қойылған монументал фигурасына қарады. Кемпирдиң жүзи жайнап кетти.

— Ленин бери қарап тур, демек, мениң солай қарай жүриўим керек, — деген қарарға келди де Раўшан кемпир жас жигитке ҳеш нәрсе деместен кете берди.

— Тоқтап турың. сиз қайда баратырсыз Раўшан... Кампыровна, мен сизди машина менен алып барып таслайман. —Таң қалғанынан албыраған Бутаков кемпирдиң изинен жуўырды. —Бизиң танысыўымыз керек... мениң фамилиям Бутаков... мен инженерман... Мен Мойнаққа баратырман... Бул туўралы соңынан сөйлесермиз... Машинаға миниңиз, —деди машинаны көрсетип ҳәм шоферди ымлап шақырды. —Мен сизге жолда ҳәммесин айтып беремен.

— Жақсы, иним, мен қайыл, жолда айтарсаң... — деди күлимсиреп Раўшан кемпир, ол жас жигиттиң жүзине қарап, —фамилиям Бутаков дейсиз бе? Жақсы фамилия екен... Сен, иним, мениң кисимниң билетуғын бир ардақлы адамы бар еди, соның баласы емеспісен?...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Машинаға миниң, миниң Раўшан Кампыровна... кешигип қалармыз, — деди Бутаков кемпирди асықтырып.

— Жақсы, иним, —деди кемпир. Бутаков оны ақырын сүйеп шофердың қасына отырғызды.

— Раўшан Кампыровна, сиз билесиз бе, - деди албыраған жас жигит еки қолын сермей сөйлеп, — мен бул дағазаны газетада оқығаннан кейин Ташкентте иркилип қалдым. Бул туўралы соңынан айтарман... Жолдас шофер, кеттик... кеттик.

— Дурыс иним, бул туўралы соңынан айтарсаң, — деди Раўшан кемпир. Машина асфальтлы жолдан жеңил ғана қозғалды да өсип турған көк тереклер арасындағы аллея менен алға қарай илгерилеп көзден ғайып болды.

* * *

Бизиң көз алдымызда жаңадан университеттиң мәжлислер залы пайда болды, бирақ бул ретинде ҳәмме ҳүрмет көрсеткен түрде тым-тырыс. Залдағылардың ынталы келбетлерине қарап Айжамал Есемуратова диссертациясында баян етилгенлердиң ҳәммеге тереӊ тәсир еткенин билиў қыйын емес.

— Солай етип, тарийхтың терең әсирлерден бери созылып киятырған көринбес жиплери руслар менен қарақалпақларды тығыз дослық пенен байланыстырады, — деди Айжамал жүреги тасқынлап,—бул дослық— биринши әўладтың қаны менен сыннан өткен ҳәм беккемленген дослық, — оның бул сөзлери залдың ишин жаңғыртып жиберди.

Айжамал кең нәпес алып, залдың ишине көз жиберип аныќлап қарап шыққаннан кейин, залда әлле қандай бир жас жигит пенен қатар отырған өзиниң анасын



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрди. Жас жигит кафедра тәрепке қарай басын ийзеп, Раўшан кемпирге бир нәрселерди айтып атыр.

Анасының аман-есен келип жеткенин ҳәм ҳәзир ҳәмме менен мәжилислер залында отырғанын көрип тынышланған Айжамал анасына күлимсиреп қарады. Өз қызына қуўанған түр менен қараған Раўшан кемпирдиң көзлеринде тек аналарда ғана болатуғын ҳәм балалардың өз күшине исеним туўдыратуғын мақуллаўшы, айрықша көринис пайда болды.

Неден екени белгисиз, Айжамалдың күлимсиреп қараўы Бутаковтың ойына өзине қарай күлимсиреп қарағандай көринди. Усы пикир менен кеўли толып тасқан Бутаков ебетейсиз түрде орнынан сәл көтерилип күлимсиреп қарады. Ол өзиниң бул ҳәрекети менен Айжамалды да, өзи менен сол қатарда отырған илимпазларды да таң қалдырды.

Айжамалдың қысынғанын ҳәм оның пикиринен шатасқанын сезип, президиумда отырған илимпазлар Бутаков жағына қарай ашыўланып қарады ҳәм қызға ақырын:

— Даўам еттириңиз, Есемуратова, — деди.

Айжамал Қарақалпақстан картасы қасына келди ҳәм жигерли түрде Арал теңизиниң рельефли контураларын көрсетип шықты.

* * *

Бирден қатты шертилген музыка даўысы астында Арал теңизиниң айнала-дөгерегин сызып көрсеткен рамка ашылды ҳәм экранда жарға қутырынып келип урылып атырған толқынлар көринди.

Көп адам айтқан қосық даўысы (хор) жаңғырды, бул қосық даўысы теңиз шамалы менен биресе жақын жерде, биресе алыста еситиледи.

— 1905-жылдың ақыры еди, — деди Айжамал, оның бул даўысы зордан еситиледи. — Арал балықшылары-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның қосық ҳәм дәстанларында бул жыллар халықтың жаралы жүрегин дирилдетти. — Хор жаңа күш пенен жаңғырып еситилди.

Бизиң көз алдымызда кең панорамада революцияға шекемги теңиз алды қалашасының әпиўайы, көриксиз көриниси пайда болады. Толқын соғып, жымырылған ҳәм жағаға толқын шығарып таслаған баркаслар, балықшылардың жерге жабысқан, қыйсайған қақыралары, тумлы-тусынан шамал ҳүўлеп турған темир жол станциясы жайының үстинде „Аральск“ деген гөнерген жазыў көринди. Бул жазыўдың астында станция қоңыраўы тур, оны шамал қағып дыңылдатып тур. Бул қоңыраўдың қайғылы сести хор даўысына қосылып, муңлы түрде көшелерге ҳәм станция қасында —теңиз жағасында жетимсиреп жерге жабысып атырған қақыраларға таралмақта. Биз асықпай патшаның еки баслы бүркит белгиси қойылған кабак (арақхана) алдынан өтемиз ҳәм ағаштан салынған, төбеси қаңылтыр менен жабылған еки этажлы үлкен терезели жай алдында тоқтаймыз. Бул жайдың маңлай алдында: „Айырым Түркстан полкының офицерлер жыйналысы“ деген жазыў көзге түседи.

Жайдың терезесиниң сыртында бир ер адамның қосық айтқан зарлы даўысы еситилди:

Көз алдымда турар жанып,
Сулыў сымбат, қара көзиң,
Сендей сулыў дүньяда жоқ,
Сулыўлықта патша өзиң.

Офицерлер залында қатты қызған, қумар—соқта ойыны ойналып атыр. Соқта ойналып атырған столдың үстинде майда ақ шаң ушып-жүр. Соқта ойнаўшылардың жүзи уйқыдан қалғанлықтан суп-сур, қумар ойнағанлықтан сергек, иши пискентликтен ашыўлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шаршағанда дем береди,
Саўлеленип жүзиң маған,
Уйқыласам түсиме енеди.
Назлы сестиң сенин жанан.

Бул қосықты роялға қосып, армия прапорщиги, ойынға қатнаспаған Григорий Бутаков айтып атыр.

Ол кутә елжиреп жырлап отыр, оның аса кеткен қайғылы көзлери жақсылап тазаланған шамлардың жақтысы менен таласады, жылтылдап көринеди.

Жыллар өтти. Қатты даўыл,
Үмит жиплерин үзди.

Шашы ўақтынан бурын түскен жылтыр бас, тышқанға усаған, келбети келиспеген, алақлаған көзи менен тумлы-тусқа жалт-жулт қараған есерсоқ поручик жайға шаўқымлап келип кирди.

— Мен умыттым назлы сести.
Ҳәм де айдай сулыў жүзди...

— Мырзалар! Мырзалар! Сизлерди жеңис пенен қутлықлайман, — деди жаңағы поручик күлимсиреп делбедей бақырып. Ол бос шампан виносы шийшелерин басының үстинен көрип, былғап жүрген еди.

— Москвадағы қураллы көтерилис жеңилген. Мырзалар, әзелги рус төрелерине қарсы қул-қутанлардың бас көтергенин еситкениңиз бар ма! Ўа-ҳа-ҳа-ҳа! Хабарлар изинен хабар келип, хат тасыўшы шабарман изинен шабарманлар жүрип турмақта, жүз мың шабарман бар. Постьларды күшейтиў туўралы буйрық берилген. Бас көтериўшилер қыйратылған, олар империяның тумлы-тусына қашқан. Кул-қутанлардың қураллы қозғалаңынан жанымыз тынышланғаны ушын ишиўди усыныс етемен!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Прапорщик Григорий Бутаков роялдың қақпағын қатты жаўып, орнынан турды. Оның түсинен жеркениш, көз қарасында жек көриўшилик сезиледи.

— Бул күтә күлкили нәрсе, ал енди, бул ырас болғанда да сизге усаған адамсымақлардың бул ислер туўралы бундай деўи ипласлық, —деди Бутаков ҳәм тышқан усаған поручик жаққа қарады, ал поручик ҳеш нәрсе еситпегендей түр көрсетти.

Ҳәмме қулағын түрип тым-тырыс болды. Соқта ойналып атырған стол дөгерегинде отырған жоқарырақ дәрежедеги офицерлер, бириниң изинен бири стуллерин шыйқылдатып, Бутаков жаққа бурылып қарады

— Еситтиңиз бе?

— Кешириңиз, мырзалар, мен еле барлық офицерлер менен танысып үлгергеним жоқ. Бул бузақы ким өзи? —деп сорады, қалың ерини ҳөл подполковник.

— Тақсыр, —деди бир киши офицер подполковниктиң қулағына аўзын тақап,—бул әлле неткен бир полк тәўибиниң улы. Белгили флотшы Александр Бутаковтың ақлығы. Буның бабасы Тарас Шевченконың, усындағы жергиликли қул-қутанның досты болған ҳәм барлық өмирин Түркстанда өткерген.

— Бул зańғардың сазайын бериў керек, — деди подполковник мыңқылдап.

— Мен буған Бутаковтың ақлығы болғаны ушын қарап атырғаным жоқ! —деди майор ашыўлы түс пенен шириген тислерин қайрап, созып сөйлеп. Ол тентирекleңкиреп орнынан турды.

— Прапорщик мырза, „бундай ислер“, деген сөзиңизди айтқаныңызда, қандай мақсетти көзде тутқаныңызды билиўге рухсат етиниз, егер сиз қорқақ болмасаңыз, жаңағы астарлы сөзлериңизди тағы бир ирет қайтып айтыңыз?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Есик алдынан шаўқым-сүрен шықпағанда, ким биледи, бир жәнжел болған болар еди. Бир неше есирик офицерлер уллы абырайғы ерисиў ойы менен уў-шуў болып, ғарры балықшы Есемуратты ишке ийтерип киргизди. Ғарры қорыққанынан тумлы-тусына қарап киятыр. Оның көзлеринде ашыў-ыза оты айқын жанып тур.

Тышқанға усаған офицер кеўли көтерилип, қолын уўалап сөз баслады;

— Мырзалар! Офицер мырзалар! Кешириўиңизди сорайман! Пардон! Жергиликли адам образында тири пышана сизлердиң хызметиңизге келип тур. Пистолетлериңизди барлаңыз! — деди ол қумарпазларға қысқа бармақлары менен ғарры балықшыны түртип көрсетип. — Ўа-ҳа-ҳа-ҳа! — деп, ишек-силеси қатып күлди.

Тышқанға усаған жаңағы офицер түкиригин шашып, соқта ойнаўшыларға сыртын қаратты ҳәм ернин қатты қысып, ашыўлы түрде қарап турған Есемурат ғаррыға қарай бурылды да оның төбесине бос шампан виносы шийшесин қойды.

— Прапорщик Бутаков,—деди масқаралаған түс пенен күлимсиреп ширик тисли майор, ол жек көриўшилик көз қарас пенен Бутаковқа қарады. — Бирinши оқ атыў правосы сизге бериледи.

Әжайып ўақыяны көз алдында көрип отырған ҳәм соқта ойнаўдан тоқтаған офицерлер ерси түрде ўа-ҳа -ҳа-лап күлди.

—Дүньяда адамды адамға есаплапламаўдан, оны қорлаўдан, ҳайўанға усатыўдан апатлы нәрсе жоқ,—деди Бутаков ҳәм ол қабағын үйип офицерлерге қарап шықты. — Адамды бунындай қорлаўдың жаман бир түрин мен ҳәзир таң қалыў менен рус төрелери арасында көрип отырман. Адамды ҳәзирги көрип отырғанымдай қорлаў рус халқының Түркстандағы уллы миссиясына нуқсан келтиреди. Мырзалар, мине ҳәзиргидей жағдайда, жер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғиликли халықтан бизди ҳүрметлеўин қалай талап етиўимиз мүмкин. Жергиликли халықтың ҳүрметлеўинеериспей турып, бизиң бул елде буннан былай болыўымыз мәниссиз нәрсе...

Бутаков ақырын жүрип тышқанға усаған офицердиң қасына келди ҳәм әлле кимниң пистолетин алып оның қолына берди.

— Подпоручик мырза, сиз өзиңиздиң қылыўаңыз бенен рус офицери мундириниң абройына дақ түсирдиңиз, мен империяның мәпи ушын дәрриў кеширим сораўыңызды талап етемен. Булай болмаса мениң менен атысыўыңызды сорайман... Ал енди,—деди Бутаков ширик тисли майорға қарап,—жаңағы айтқан сөзиңизге келгенде, маған көрсеткен ҳүрметиңиз ушын рахмет, егер майор мырза, қорқақ болмасаңыз, шийшени сиз өзиңиздиң басыңызға қойсаңыз, мен биринши болып атыўға таярман.

Ширик тисли майор револьверин қабынан ақырын суўырып алып, Бутаковқа берген ўақытта, есик ашылып залға албыраған полк командири генерал Круглов—Караулов келип кирди. (Ўақияның барысында, булардың ҳәммесин Айжамал Есемуратова САГУ дың мәжилислер залында диссертация жақлап атырған ўақыта айтып атырғанын көрсететуғын қос экспозиция бир неше ирет пайда болады. Бирақ, ўақты-ўақты мәжилислер залына қайтарыўға мүмкиншилик беретуғын монтаж жапсарын табыў анағурлым мақул болған болар еди.)

Полк тәжжалы келип кирген ўақытта, барлық офицерлер дәрриў орынларынан ушып турды.

Басына шийше қойылған балықшыға кеўил бөлмей, Круглов—Караулов нуры қашқан көзлери менен тымсырайып, қабағын үйип, офицерлерге қарады.

— Мырзалар!—деди генерал қарлыққан даўыс пенен.
— Буннан бир қанша ўақыт бурын биз император канце-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ляриясынан жасырын көрсетпе алдық, бул көрсетпеде революция ҳәрекетин шөлкемлестириўшилер болған ҳәм декабрь қураллы қозғалаңына қатнасқаны ушын судланған Семен Алексеев пенен Петр Казаковты тутыў ҳәм өлим жазасы менен жазалаў туўралы буйрық бар... Буннан бир саат бурын он төрт шақырым жердеги қараўыл посты жинаятшылардан бири болған Семен Алексеевти услады. Екинши топалаңшы Петр Казаков балықшылардың жәрдеми менен қашып үлгерген. Ўатанның бул еки душпаны топалаңшылардың баслығы болған белгили Россия әдебиятшысы Владимир Ульяновтың тапсырмасы бойынша Түркстанға келген. Мен жазалаўшы отрядқа жергиликли халықты қатты жазалаўды (аяўсыз түрде сабаўды) ҳәм мәмлекетлмк айыпкер Петр Казаковты дәрриў излеп табыўды миннет етип тапсыраман... Семен Алексеевти жүзбе-жүз көриўңизди сорайман. — Таяқ жеп, қанға батқан Семен Алексеев канвойлар тәрепинен түрткишленип, офицерлер залына киргизиледи.

Алексеев ҳәм Казаковтың исимлерин еситкен ўақытта Есемурат ғаррының тула бойы жуўлап кетти, орнынан бирден қозғалмақшы болды да, бирақ ойланып қалды, ол шаршағанлықтан бир жағына қарай аўып, дийўалға барып сүйенди, сол ўақта басынан қулап баратырған шийшени услап қалды. Усы минуттан баслап Есемурат ғарры есин жыйнап, офицерлердиң айтқан ҳәр бир сөзин қулағын түрип тыңлады, Алексеевтен көзин жаздырмады. Алексеев те, „сен қалай қолға түсип қалдың?" дегендей, ғарры балықшыға қарап қояды.

— Фамилияң ким? — деди Круглов—Караулов аўзынан көбик шашып ҳәм көзин алартып.

— Сиз мениң фамилиямды жаңа айттыңыз ғой, —деди Алексеев түсин бузбай мазақлап күлимсиреген пишин менен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кәсибиңиз?—деп сорады қарлыққан даўыс пенен генерал.

— Бул да айтылды,—деди жаңағыдай түс пенен Алексеев ҳәм тосаттан бирден қатты даўыслап—Революционер!—деди.

Бул сөз залдың ишин жаңғыртты. Бул сөзди еситиўден сескенген генерал бир неше адым кейинге шегинди, ал офицерлер басларын бирден көтерди, тек Бутаков ғана жағымлы жүз бенен күлимсиреди, оның бул жағымлы жүзинен Алексеев көз алмады.

— Қандай мақсет пенен Түркстанға келдиңиз?! Мен буйыраман, қырсық сөзлериңизди қойып жуўап қайтарыңыз,—деп бақырды генерал, ол аўыр дем алып Алексеевтиң қасына күтә жақынлады.

— Мен қырсығып емес, тиккелей дурыс айтаман, —деди Алексеев масқаралап күлимсиреп.—Мен бунда сизиң менен ушырасыў ушын келгеним жоқ.

— Сиз атыласыз,—деди басқа сөз табалмаған Круглов—Караулов ашыўлы түри менен тикирейип, ол өзиниң көз алдында турған адамның сабырлы ҳәм салтанатлы түрде айтқан сөзлерине не дерин билмей ҳаўлықты.

— Билемен! Буны сизден еки жыл бурын билгенмен,—деди Алексеев түрин бузбай ҳәм ол бул сөзлер менен генералды лал етти.

Генералдың көзлерине қан толды. Ашыўынан оның жүзлери жыбырлады. Ол аларған көзи менен офицерлерге қарады. Офицерлер полк командириниң сөзге олақлығынан ҳәм епсизлигинен уялып төман қарады.

— Мениң соңғы сораўым,—деди тисин қайрап сөйлеп Круглов—Караулов.—Петр Казаков қайда?

— Патша самодержавиесине гөр таярлап атыр,—деди Алексеев сыпайышылық пенен күлимсиреп.

Бул сөзлерди еситкеннен кейин қутырынған Круглов—Караулов есинен айрылып, домаланып Алексеевтиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

қасына келди ҳәм қалтыраған қолы менен Алексеевтиң шекесине салып жиберди.

— Урыўдың мәнисин билмейди екенсиз, уллы мәртебелимиз, урыў ондай болмайды, мине, мынадай болады! —деп Алексеев генералдың жағына керилип бир урып, оны аспаннан ушырады.

* * *

Алексеев керилип генералдың жағына урып, оны қулатқан ўақытта бирден салтанатлы музыка даўысы еситиледи. Музыка даўысы толқынланған теңиз үстинде узақ жаңғырып еситилип турады.

Толқынлар бириниң изинен бири жарға келип соқлығып кейин қайтпақта.

Геўгимде балықшылардың тынышсызланып бақырған даўыслары еситиледи... Биресе онда, биресе бунда фонарлардың гүңгирт отлары бир жанып, бир сөнеди. Балықшылар минген кемелер жүрип баратыр, сууда бул кемелердиң көлеңкелери көринеди.

Мине, усы фонда Айжамалдың тасқынлап айтқан төмендеги сөзлери еситиледи:

„Гарры балықшы Есемурат Мойнақ атаўына жер аўдарылған рус революционерлери группасының тапсырмасын орынлаў ушын Аральскке барған. Ол патша самодержавиясының қуўдалаўынан қашқан Семен Алексеев ҳәм Петр Казаков пенен ушырасыўға және оларды өз кемесине мингизип Мойнаққа алып келиуге тийисли болған. Орта Азиядағы революция ҳәрекетиниң искерлери менен байланыс жасаў ушын Ленин тәрепинен Түркстанға жиберилген Алексеев ҳәм Казакотвы ылайықлы түрде күтип алыўға ерисе алмаған".

Теңиз шетиндеги қайықлардың бириниң қасына бирден бир неше қайық келип тоқтады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айнала-дөгерек тым-тырыс, тек толқынлардың шылпылдысы, қалың қамыслардың сылдырлысы еситиледи.

— Ертең таң азанда оның атылатуғын күни,—деди Есемурат ғарры ақырын даўыс пенен балықшыларға қарай ийилип сөйлеп, балықшылардың арасында қанға батқан, жаралы басын таңған Петр Казаков та бар.

— Биз буған жол қоймамыз, жора,—деди ғарры балықшылардың бири.

— Мен айтайын дегенимниң бәрин айтып болғаным жоқ,—деди Есемурат ғарры, бирақ оның сөзин бир жас қарақалпақ жигити бөлди.

— Жақсы жигитлер халық ушын туўады, халық ушын өледи, — деди жаңағы.—Семен ағаны мен қутқараман.

Жас жигиттиң көзи оттай жанды.

— Тилеўмурат, сен үй ишинде апаңа жәрдемлескениң жақсы,—деди оған бир балықшы, ашық жүз бенен Есемурат ғаррыға қарады.

— Бул исти маған тапсырыңыз, ағай... мен тюрьмаға да түсип көрдим ҳәм тюрьмадан да шығып кетиў жолын шамалы билемен.

— Бизиң достымыздың өмири ушын сен жуўап бересең,—деди Есемурат ғарры Петр Казаковты қушақлап.

— Жолдасларға түсиндириў керак,—деди Казаков сөзге араласып,—Алексеевти тюрьмадан қутқарыўға араласыўдың кереги жоқ. Бул ис басқа илажы болмаған соң тәўекел етип биреўге тапсырылды. Үмитимиз ақланар; көзимиз қапылып қалмаса адамның жақсы ҳәм жаманын таныйтуғын едик ғой. Егер үмитимиз ақланса оны ҳәзир күтип алыўымыз, тек күтип алыўымыз керек.

— Мен ҳәммесин айтып болғаным жоқ,—деди Есемурат ғарры сөзин қайталап.—Бүгин түнде Семен Алексеевти Лиман қасында күтип алып, оны мениң барка-



www.ziyouz.com kutubxonasi

сыма алып келиў керек. Жол күтә қәўипли. Қуўғыншылар болыўы мүмкин. Бундай қәўип бола қалған ўақытта жаннан кешиўге туўра келеди.

— Есемурат аға, оны тюрьмадан ким қутқарады? Оны қутқаратуғын мәрт жигит ким екен?—деп сорады тақланып Тилеўмурат

— „Жаў жоқ деме, жар астында“ деген мақал бар, —деди Петр Казаков күлимсиреп ҳәм Тилеўмураттың маңлайын ақырын ғана сыйпады.

— Лиман қасында Алексеевти ким күтип алады? —деди балықшыларға қарап Есемурат ғарры.

— Мен,—деди орнынан турып Тилеўмурат.

— Мен,—деди тағы биреў ақырын ғана ашық түс көрсетип.

— Мен,—деди ғарры балықшы.

* * *

Теңиз толқынланып шуўылдап тур.

Бирин-бири қуўған толқынлар жарға келип соқлығып, кейин қайтпақта.

Толқынның жарға келип соқлыққаны тюрьманың кишкене панжереси арқалы еситилмекте.

Тюрьмада отырған Алексеев айдың жақтысына бөленип, „Нева“ журналының тысына кишкене қәлем менен хат жазып отыр.

Толқынның шуўылдысы, шамалдың гүўилдисин жеңген наманың даўысы еситиледи. „...Настенька,умытпа, биз жоқтағы сениң дүзип атырған турмысың саған қалай болса солай тосаттан келген жоқ, даўыл ҳәм боранлар арқалы келди,—деген даўысы еситилди Алексеевтиң. —Аўа, даўыл ҳәм боранлар арқалы келди. Турмыста өлимнен басқа ҳеш нәрсе тосаттан болмайды“.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алексеев дәлиз бойлап жүрип киятырған адамның аяқ даўысын ҳәм гилтлердиң шыңғырлысын еситкеннен кейин хатын жасырды да жарасының аўырғанын билдирмей дийўалға сүйенип турды. Алексеев камераға кимниң киргенин билмеди. Киятырған адамның ким екенине ол қызықсынған жоқ. Бирақ камераға кирген адам есикти иштен қулыплап алды, бул нәрсе Алексеевти сақ болыўға мәжбүр етти... Тым-тырыс, бир-биреўге сөз қатылмады, сол ўақта Алексеев өзин „камерада атып өлтириўге ҳүким шығарылған шығар“ деп ойлады.

— Кешиңиз жарық, Алексеев мырза!—деген сыңғырлаған даўыс еситилди қараңғыдан, усындай жағдайда буныңдай жағымлы даўыстың болыўы күтилмеген нәрсе еди.

Камераға кирген адам қараңғыдан терезе қасындағы айдың жақтысына келди ҳәм Алексеев өз көз алдында прапорщик пағонын таққан, пухта кийинген, бойлы-сынлы бир офицерди көрди. Бул Григорий Бутаков еди. Ол Алексеевке қарай жағымлы түрде күлимсиреп қарады.

— Дежурный офицер правосынан пайдаланып, Алексеев мырза, мен сизди қутлықлаў ушын келдим.

Тутқын тунжырап камераға кирген жаңағы әлле қандай адамға қарады, бирақ түсин өзгертпей:

— Сиз мени не менен қутлықлайсыз?—деп сорады.

Бутаков көзин қысып күлимсиреп қарады.

— Самодержавияға келистирип қатты соққы бериўиңиз бенен.

Офицер ақырын жүрип Алексеевтиң қасына келди де есик жаққа жалтақлап қарап, оған ақырын сөз баслады:

— Алексеев мырза, мен революциядан алыс турған адамман... Сизлердиң ислеген ислериңиздиң көплегени мениң ушын түсиниксиз ҳәм жат... Маған тек бир нәрсе



www.ziyouz.com kutubxonasi

анық... Россия апат алдында тур... Бизиң империямызды ар-намысы жоқ, ҳүжданынан айрылған еки аяқлы ҳәйўанлар басқармақта. Мен тоңып қалтыраймаи, сизлер ҳәрекет етип атырсыз, билмеймен бул ҳәрекетиңиз Ўатанымыздың ийгилиги ушын ба, онысын билмеймен. Мениң өз алдыма қойған мақсетим жоқ, мениң идеалым қорланды... Мениң өмирим босқа өткен жоқ, мениң өмирим рус халқының келешеги ушын берилди деген пикир менен өлемен.

Прапорщиктиң ойнақшыған көзлери ҳәм делбедей сыбырлап ентигип айтқан сөзлери Алексеевти ойынан жаңылыстырды. Ол Бутаковтың шубалаңқы сөзлериниң мәнисин түсиниўге ҳәрекет етти.

— Сизди Лиман қасында Есемурат ғарры күтеди... Сиз буннан мениң кийимимди кийип шығасыз,—деп даўам еттирди прапорщик сөзин ҳәм асығып шеше баслады. —пароль „Аральское море“,—деди ол. —Ўақытты өткермеңиз. Есиңизде тутыңыз—пароль „Аральское море“, басқа ҳеш нәрсе туўралы сорамаңыз... Сизден бирден-бир өтиниш, мениң адресим: Москва, Садово-Самоточная 8, квартира 6. Мениң улым Иванға мен туўралы дурысын айтыңыз, мен оның әкесимен... Көрип турсыз ғой... Барыңыз... Сизди қудай сақласын...

— Сиз кимсиз? Сизиң фамилияңыз ким? Булардың ҳәммесине қалай деп түсиниў мүмкин!—деп таңланды. Алексеев.

Алексеевтиң еринлери дирилдеди, көзлери бурынғысынша исенимсизлик ҳәм сақлық пенен қарады.

— Сизиң бул қарасыңыз, Алексеев мырза, Сизде мәденияттың жетиспегенлигинен, кеўилиңизге алып жүрмеңиз,—деп күлимсиреди Бутаков.—Сиз басқа ҳеш кимге исенбейсиз. Рус офицерлери арасында өз Ўатанының шын патриотлары болған ҳадал адамлар аз емес екенин Сиз умытасыз. Егер Сиз буны түсинбесеңиз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизге қашан да болса биреў түсиндирер. Мениң фамилиям Бутаков. Рус армиясының прапорщиги, ата-бабадан бери киятырған ақ сүйек—Григорий Бутаков.

* * *

— Пароль,—деген даўысы еситилди қараўылдың.

— Аральское море,—деди Алексеев тиккелей ҳәм ол солдатқа кеўил бөлмей оның қасынан өтип кетти, солдат Алексеевти офицерлерше қутлықлап қалды.

Әлле қайда, дым алыста оркестр „Маншжурия балентликлеринен" намасын шертти.

— Пароль,—деп бақырды гезектеги сақшылар пунктиниң қараўылы.

— Аральское море,—деп жуўап берди оған Алексеев, Алексеев жулдызлы қара түнде Лиманға жақынласты, бунда оны путалықта жасырынған Тилеўмурат күтип тур еди. Тилеўмурат тышқанға усаған есирик поручиктиң аяғын қалтырақлап басып, Алексеевке қарсы киятырғанын көрди.

Кейин қарап шегиниўге кеш еди. Алексеев пистолетин қолына алып, тикке алдына қарай киятыр.

— Селем, Бутаков,—деди поручик турған жеринде аяғын басып туралмай, шайқалып.—Гриша, билесең бе, қудай урсын, мен сениң орныңда турыўға келдим, билесең бе, Викентьевнаникинде иштик, қуй дедим, қуя берди —Азанда мен... билесең бе... ана... Алек... Алексеевти мениң жоқ етиўим керек. Мен де адамман. Мениң де нервим бар. Мен сеннен өтинемен. Мениң ушын азырақ дежурныйлық ет. Мен... а... азырақ көз илдирип алайын.

Алексеев тоқтамай қолындағы пистолетниң кундағы менен поручиктиң басына урды. Поручик ўай-ўайлап қумға жығылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Тозған әскерий корветке (әскерий кемеге) орнатылған топтың түтесинен теңизге қарай оқ жаўдырылды.

Оркестрде „Батальон саўашына“ еликлеп, инструментлердиң ашықтан-ашық мазақлаған даўысы жаңғырды.

Әскерий кеме толқында алыста, көз ушында зордан булдырап көринген балықшылар баркасына барлық топлардан үзликсиз ҳәм тәртипсиз түрде оқ жаўдырды.

Теңиз бойындағы қараўсыз қалған қалада көп жыллардан бери бийкар жатып зериккен Круглов—Караулов өзиниң әскер басылық өнерин көрсетиў ушын ермек тапты. Ол өзин мәмлекеттиң тағдирин шешетуғын күтә жақсы флот баслығы ҳәм жаўдың басым күшлерине қарсы саўаш жүргизиўши ғенерал деп сезеди.

Даўысы қарлыққан генерал түтин арасында топтан топқа жуўырып жүр.

— Россия ушын! Патшта ушын! Ўатан ушын!—деп қарлығып бақырды Круглов—Караулов күйип-писип.

— Эй, қудай, пүткил Россияның уллы мәртебели императорының әскерий флотының намысын қорлама!

Генерал топтың қасынан кеткен ўақытларында канонирлер қабағын үйип қарап, дәрриў нышананы өзгерavailable геди ҳәм басқа жаққа, теңиздиң ҳеш нәрсе жоқ жерине қарай атады.

Офицерлерден биреўи күйип-писип жуўырып жүрген генералды жеркениш пенен изертлеп турды да бирден қоллары менен бетин басып:

— Қудайым, өзиң сақлайгөр, Россияның тағдири кимлерге тапсырылып қойылған!—деди.

Балықшы баркасының жүриўине қарағанда машиналы әскерий кеме жүрисиниң тез екени минутпа-минут сезилди. Желқомлы кеме менен әскерий кеме арасы



www.ziyouz.com kutubxonasi

жақынласа баслады. Ақырында еки арада жүз метрге жетер-жетпес жер қалды.

Оркестрдиң даўысы бирден тынды, сол ўақытта скрипканың муңлы даўысы еситилди.

Ҳәзир енди өзлериниң сөзсиз набыт болатуғынын сезген Семен Алексеев ҳәм Есемурат ғарры жазыў жазып шыйырылған бир тахта қағазды шийшеге салды да оны теңизге ылақтырды, ал өзлери тиккесине кеме үстинде турды. Олар қушақласып, еринлерин қымып, гүслерин суўытып, әскерий кеме жаққа қарап турды,

Канонирлердиң топ қасынан кеткенин көрген генералдың өзи топлардан бириниң қасына жуўырып келди. узақ ўақыт азапланып топты баркасқа қарай дүзеди ҳәм топтың тепкисин басты. Топтың оғы тиккелей барып тийип, баркасты күл-талқан етти, түтинлер бурқырады, от шашырады, суўлар аспанға атылды.

Көп адам болып қайғылы түрде қосық айтқан даўыс мине усы түтинлердиң бурқыраўынан, от ҳәм суўлардың шашыраўынан келип шыққандай болды.

Буннан бир минут бурын баркас аўдаңлап жүрип баратырған жерде күл-талқан кеме тахтайларының сынықлары, баркастың жанған ағашлары, кокардалы офицер фуражкасы, олар арасында сынбай аман қалған шийше қалқып жүргени көринди. Бул шийшеге ҳеш ким кеўил белген жоқ.

Әскерий кеме бурылды да кейин қарай жолға шықты. Солдатлар бас киймлерин қолларына алып, палуба үстинде тиккесинен дизилип тур, олардың көзлеринен жас ақпақта.

Круглов—Караулов бирден бурылып, жудырығын силтей-силтей қызара-бөртип бақырды;

— Сасыған ийттиң балалары, жылағаныңызды тоқтатыңыз!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Офицерлерден биреўинин қасына жуўырып барып, генерал оған нурсыз көзлери менен тикирейип қарады.

— Капитан мырза, қайда қарап турсыз! Бул не деген тәртипсизлик! Бул—әскерий тәртипти бузыў.

— Сиз жәлладсыз уллы мәртебелим. Аўа, солай. Сиз жәлладсыз. Сиз өзиңиздиң иплас ҳәрекетиңиз бенен рус әскерий флотының ар-намысын қорладыңыз. Сиз қорқақсыз. Мен сизге дәрриў ары турыўға буйыраман. Сизиң командованиеңиз астында хызымет еткениме өкинемен. Мениң полктан шығатуғыным жөниндеги рапортымды қабым етиңиз.

* * *

Ҳүўлеген қатты шамал ызғырып, теңиз толқынларын Мойнақ атаўына қарай қуўмақта. Ескен қатты шамал қумларды үйирип ушырып, жайлардың дийўалларына алып барып соқпақта. Шамал тамның төбесине жайып қойылған тезеклерди ушырып түсирип, көше бойында дөңгелентпекте.

Тилеўмурат көз алдына қолын көлегейлеп шамал ҳәм қумнан қорғанып, Петр Казаковтың айтқанларын ықласланып тыңлап тур. Казаков қара үй ишинде ақырын сөйлеп атыр.

Революциялық группаның мәжилиси болып атырған қара үйди басқалардың аңлыўынан сақлаў өзине беккем түрде тапсырылғанын жас жигит — Тилеўмурат есинен шығарды.

Балықшылар Петр Казаковтың дөгерегине топланып, оның сөзлерин күтә ықласланып тыңлап тур.

Арал балықшыларының түслери таң қалғандай. Олардың көз қараслары өткир.

—...1905-жылғы революция шешиўши саўаш алдындағы бас репетиция болғанын Түркстан крайының ра-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бочий ҳәм дийханларына түсиндириўди, — деп даўам еттирди сөзин Петр Казаков, — Владимир Ильич бизге РСДРП атынан тапсырды. Бул шешиўши саўашта патша самодержавиеси жоқ етиледи. Қураллы көтерилисте биз жеңилгенимиз жоқ, ал, патша ҳүкимети жеңилди. Бизиң партиямыз өз күшин сынап қарады ҳәм Россия халқының биротала жеңип шығатуғынына исенди. Жолдаслар, бул үзил-кесил жеңис алыста емес.

Қара үй ишинде бул сөзлерди мақуллаған даўыслар еситилди. Әлле қайда алыста ескертиў хызметин өтеў ушын арналған отлар жанбақта.

Семен Алексеевти қутқа ıў мәселеси додаланған қопақта биз танысқан ғарры балықшы өз жолдасларына жағымлы түс пенен қарады ҳәм ҳәр бир қараған адамы да жаңағы айтылған сөзлерди мақуллап басын ийзеди.

— Иним, — деди ғарры орнынан турып, — „алтынды отта, адамды исте сынайды," — деген нақыл бар. Владимир ағайға ҳәм бизиң барлық рус досларымызға бизлердиң ҳәммемиз бир адамдай тайын екенимизди айтыңыз. Бизиң жүрегимиз революция тәрепинде. Бизлердиң қолларымыз қалтырамайды, батыр Есемурат ғарры қандай мәртлик пенен ҳәрекет еткен болса, бизлер де сондай ҳәрекет етиўге таярмыз.

Ғарры қалтыраңқырап, бирақ исенимли ҳәм ықласлы түрде сөйледи.

—Революция иси ушын гүресте жан берген қаҳарманлардың естелигин аяқ үстилериңизге турып ҳүрметлеўиңизди сорайман, — деди Петр Казаков ақырын сыбырлаңқырап сөйлеп.

Ҳәмме тым-тырыс болды, сол ўақытта Петр Казаковтың даўысы күтилмегенде қатты еситилди:

—Онлаған, жүзлеген жыллар өтер, бирақ Семен Алексеевтиң, Есемурат ғаррының, Григорий Бутаков-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тың исимлери умытылмас, олардың исимлери бирдей ине ҳүрмет пенен тилге алынар. Өйткени, революция иси өлмейди. Ол—ҳақыйқат халық иси. Сол ушын революционерлердиң өзи өлсе де, иси өлмейди, оны халық даўам етеди.

Қара үйде отырғанлардың ҳәммеси аяқ үстилерине турып, қайғылы түс пенен тиккелей өзлериниң залда отырған аўладларына қарап тур.

Бул көринис артында қол шаппатлаўлар пайда болады. Бул қол шаппатлаўлар жапырақтың сылдырлағанындай әдеп ахырын еситиледи, соңынан теңиздиң толқынындай үзликсиз қатты гүўилдейди.

Ақырын, бирақ толқынланған түрде шертилген музыка даўысы бул минутта күтә салтанатлы ҳәм көтериңки түрде жаңғырып, кем-кемнен қатты қол шаппатлаўларға айналады.

* * *

Ашылған думан арқалы бизиң көз алдымызда кем-кемнен Орта Азия Мәмлекетлик Университетиниң мәжилислер залы пайда болады.

Залдағылардың ҳәммеси Россия халықларының революциялық өткен дәўири даңқлы тарийхының бетлеринен бирин өзиниң диссертациясында қайтадан көз алдына елеслеткен Айжамал Есемуратоваға түргелип қол шаппатлады.

Егеде илимпазлар бир-бирине қарап күлимсиреп, жағымлы жүз бенен қол шаппатлап тур.

Раўшан кемпир орнынан турды да залдың туслы-тусына қарап, миннетдарлық түс пенен басын ийзеди, ол буның менен өз қызының көп жыллық мийнетин жоқары баҳалаған адамларға өзиниң аналық миннетдарлығын билдиргендей болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тек Александр Бутаков ғапа креслода отырып, өзиниң блокнотына асығып бир нәрселер жазып отырды. Оның бирде жайнаған, бирде терең ойланған жүзлеринде моншақ-моншақ тер көринеди. Өз ойына шомылып отырған Александр Бутаков бул минутта мәжилислер залында нелер болып атырғанын сезген жоқ. Сол себепли Раўшан кемпир оның қолынан услап:

— Жүр, иним, мениң менен, — деди.

Бутаков блокнотын жасырды да қатты қол шаппатлаўлар астында үндемей кемпирдиң изине ерди. Ол өзиниң ҳәрекетиниң жөнсизлигин сезе баслаған ўақытта ўақыт өткен еди. Раўшан кемпир оның менен бирликте сахнаға көтерилди ҳәм өзиниң қызын баўырына басты.

Ғарры профессор аяқ үстине турды да оны ҳүрметлеп өз орнына отырғызды. Ал, енди Бутаков не ислерин билмей, албырап Айжамалдың қолын қысып көристи.

Балықшы қызының диссертациясында айтылған әжайып адамлардың әўладлары болған Айжамал Есемуратова менен Александр Бутаковтың өз ара танысыўы, мине, усындай әжайып (жай түрде болмаған) жағдайда өтти.

Өзиниң бүгинги диссертациясына адамлардың артықмаш кеўил бөлиўине қысынған, бүгин адамлардың бир неше әўлады оның өзине қарағанда, қаҳарман бабаларына көп қол шаппатлағанын еле ойлап үлгере алмаған Айжамал уялып комиссия ағзаларының артына жасырынды. Бирден оның көзи аларып кетти.

Мәжилислер залының ортасында кийимлерин шаң басқан, шаршаған келбет пенен күлимсиреген капитан Ерназар Қалимбетов тур еди. Оның қолында ҳәр қыйлы рендеги үлкен гүллер топламы бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Залда отырғанлардан көплегени Айжамалдың қарап турған жағына қарады.

Ерназар Қалимбетов, ҳәмментиң нәзерин өзине тартқанын түсинип тартынбай зал арқалы жүрди ҳәм ҳеш қысынбай президиумға шықты, әдеп Раушан кемпир менен, оннан кейин Айжамал менен бас ийип сәлемлести де залдағыларға қарай сөз баслады:

— Қәдирли дослар! Бүгин Арал балықшылары турмысында тағы бир умытылмайтуғын ўақия болды, Семен Алексеев атындағы балықшылық артелиниң бурынғы колхозшысы диссертация жақлады ҳәм тарийх илимлери кандидаты деген илимий атаққа ий болды... Айжамал Есемуратованың жақлаған диссертацисының темасы Қарақалпақстанның барлық жерине мәлим. Өйткени, бул темада материал жыйнаў ушын оған бизиң барлық халқымыз жәрдем берди.

Сизлердиң танысқан тарихий ўақияңыз жаўынгерлик эстафета ретинде әўладтан әўладқа берилмекте. Бул ўақия—қарақалпақлардың жаңа қаҳарманлық эпосына тийкар болыўға ылайықлы. Мине, сол себепли Арал балықшылары бизиң халқымыздың қызына усы гүллер топламын бериўди ҳәм оны кутлықлаўды маған тапсырды.

Белгили дәрежеде мақтаныў сезими менен ортаға шыққан Ерназар Қалимбетовтың сөзиниң ақырында қатты қол шаппатлаўлар болды.

Орта Азиядағы барлық миллетлердиң ўәкиллери Арал теңизи жағаларынан келген жай қарақалпақ қызын қызғынлы түрде қутлықлады.

Кеўли асып-тасқан Айжамал Ерназар Қалимбетовтың қолынан гүллер топламын алғаннан кейин өзиниң устазларына, өзиниң қурдасларына қарай жыллы жүз бенен күлимсиреп, қуўанышын ишине сыйдыра алмай қалды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Лирикалық намаға ўақты хошлық пенен айтылған қосық даўыслары қосылды. Қарақалпақстан пайтахты ҳаққында айтылған қосық жағымлы түрде жаңғырып еситилмекте.

Айжамал баўырына гүллер топламын қысып, университеттиң мәжилислер залының сахнасынан түсти ҳәм өзин музыка қанатында Нөкистиң жасыл тереклер өсип турған көше ҳәм скверлерин бойлап баратырғандай көрди.

Қыз апасын итият пенен қолтықлап, Ерназар Қалимбетов ҳәм Александр Бутаков пенен бирликте дүзилип атырған жайлардың, алдына тереклер егилген, участкаларында бағ, бақшалары бар айырым жайлардың қасынан өтип баратыр. Балент мәмлекетлик жайлардың қасында тоқтап, оларға қарап турады. Қарсы алдынан жеңил автомобильлер, таксилер ушырамақта.

Кең проспектте суў сеўип жүрген машинаның суўлары Айжамалға ҳәм оның досларына шашырады.

Музыка даўысы жаңғырып еситилмекте. Студентлер ҳәм мектеп балалары, рабочийлар, колхозшылар ҳәм пайтахттың мийманлары ўақты хошлық пенен сөйлесип, көшелерден өтип баратыр.

Жас қала гүллеп жайнамақта, жырламақта, қарақалпақ тилинде айтилған қосықтың жай ҳәм шын кеўилден шыққан сөзлери Айжамалды ҳәм оның қасындағы адамларды қутлықлағандай.

Нөкис қалалық кеселханасының үлкен терезелери кең проспектке қарап турған жайы қасында тоқтап, Айжамал ҳәм Раўшан кемпир күлимсиреген келбет пенен көшеден шаўқымлап жуўырып өтип баратырған балаларға қарады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Апа, мектепте биринши сабақ басланатуғын күнди күтип шаршадым, — деди қыз апасының қулағына.

— Мектеп-те? — деп маңлайын жыйырды қыздың қасында турған Ерназар Қалимбетов. — Сиз елеге шекем бул пикирден айрылмаған екенсиз. Еситип турсыз ба? — деди ол Бутаковқа қарай, — тарийх илимлери кандидаты жай муғаллим болғысы келеди.

— Сизиңше, жай муғаллим болыўдың неси жаман?! — деп таңланды Бутаков Калимбетовтың сөзине.

— Неси жаманы не? — деп күлимсиреди жағымлы жүз бенен. — Адам алдында илимпазлық мәртебесине жол ашылып турғанда, ол...

— Мәртебе... Мәртебе, — деп күлди Айжамал қабағын шытып. — Мен бундай сөзди билмеймен, Ерназар Калимбетович.

— Мәртебе дегенимиз, — деди кемситилген Калимбетов қурғақ сөйлеп, — үлгериў, табыстан табысқа жетиў, таңланған жол менен алға қарай илгерилеў деген сөз. Мениң бул сөзиме масқаралап күлиўиңиз ушын себеп таба алмайман.

— Солай ма еди?! — деди қыз жаңағы айтқан сөзлерине өкиниш билдирип. — Онда сизиң бул сөзиңиз, ырасында да жақсы сөз. Мен муғаллимлик мәртебесин унатаман.

Өзин оңайсыз аўҳалда сезген Ерназар сөзди басқа жаққа айналдырыўға ҳәрекет етти.

— Биз самолетка кешигип қалмайық, — деди ол өз бетинше сөйлеп; — самолет Мойнаққа ҳәр күни тек бир қатнайды.

Қалимбетов қасынан өтип баратырған таксиди тоқтатып, әдеп Раўшан кемпирди, оннан кейин Айжамалды машинаға шақырды.

— Мени кешириңиз, Александр Иванович, — деди Қалимбетов Бутаковтың қасына отырып. — Мен сизиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

рухсатыңызда н тысқары бүгин Бас басқармадан телевизиялық аппарат орнатыўды сорадым. Бул аппаратты сиз Мойнақта мениң кемемде сынап қарайсыз.

— Күтә жақсы, — деди Бутаков оның сөзин мақуллап. — Мен сизиңдей ҳәм Жадигер Есемуратов усаған тәжирийбели балықшылар менен балық аўлаў исин баслауга қуўанаман.

Машина ақырын орнынан қозғалып, аэродромға баратуғын асфальт жол менен тез жүрип кетти.

— Сиз билесиз бе? Александр Иванович, сизиң фамилияңыз күтә атақлы фамилия, — деди Қалимбетов тосаттан. — Арал балықшылары бул фамилия менен мақтанады.

— Бул мақтаўлар, әлбетте, маған жатпайтуғын нәрсе. Өйткени, ҳәзирше мениң мақтанарлық ҳәш нәрсем жоқ, — деди Бутаков албырап, ол Айжамалдың ақыллы көз қарасларына нәзер салды ҳәм бул сөзлерди екинши жаққа бурыўдың жолын изледи.

— Мениң сизден сорайын деген бир сөзим бар еди. Айжамал Жадигеровна, бирақ ядымнан шыға береди, — деди Бутаков, өзин алле қашаннан қызықсындырған бир нәрсени сораўға тилегени көринип тур, бул нәрсе оған тынышлық бермеди, бул сораўдың жуўабы онын ушын күтә әҳмийетли еди.

Айжамал жағымлы жүз бенен Бутаковқа қарай айналды ҳәм Бутаковтың бет-аўзы жыбырлап турғанын көрип, оған таңланып қарады.

— Семен Алексеев пенен Есемурат ғарры өлер алдынан бир тахта қағазға жазыў жазып, бос шийшеге салды деген едиңиз, есинизде ме? — деп даўам еттирди сөзин Бутаков даўысы қалтыраңқырап, — демек, бул қағаз әҳмийетли документ болыўы керек.

— Аўа, — деди Айжамал. — Бул шийшеден Семен Алексеевтиң өз қызы Насьтенкаға жазған хаты табыл-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Бул шийшени балықшылар теңизден таўып алып келди.

— Қандай хат дейсиз, иним, оқып көрсеңиз, таң қаласыз! — деди Раўшан кемпир көзине жас алып.

— Ол хат қайда?! — деп сорады Бутаков, ол машинаның ернегинен тутып отырды.

— Семен Алексеевтиң хаты бизиң семьямызда көздиң қарашығындай сақланбақта, — деди ақырын сөйлеп Айжамал. — Алексеевтиң қызын излеп табыў жөниндеги ағамның ҳәрекети нәтийже бермеди.

— Жадигер Москвада, Ленинградта, Қазаньда, басқа да көплеген қалаларда болды, иним, — деди Раўшан кемпир асығып сөйлеп.

— Қанша изленсе де, Насьтенка табылмады, — деп даўам еттирди Айжамал. — Ағам Москвада Насьтенка Алексееваның күйеўге шыққанын ҳәм әлле қайда Северге кеткенин ғана анықлап қайтты.

— Бул хатты оқыўға маған рухсат етиңиз, — деп сорады Бутаков даўысы дирилдеп.

— Оқыўға, әлбетте, рухсат етемиз, — деп басын ийзеди Айжамал. — Бирақ бул хат Мойнақта. Бизиң семьядағылардың ҳәммеси бул хатты ядтан биледи. . . Егер қашан болса да бул ўақыя ҳүрметине музей ашылатуғын болса, бул хатты музейге мәңгиге сақлаў ушын тапсырамыз.

— Хатта жазылған нәрселер есиңизде қалса, айтып бермеспекенсиз? — деди Бутаков жалынышлы даўыс пенен қыздың жаңағы айтқанларын еситпегендей.

Оның бул айтқан сөзлери жаңғырып еситилген музыка сестине сиңип кетти. Оркестр шертилди, онда өмирге қуштарлықты аңлататуғын нама жаңғырды. Машина оңнан ҳәм солдан өсип турған кең көлемли пахта майданларынан өтти, мийўели бағлар қулпы дөнип қалып атыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Насьтенка, қызым менин! — деген Семен Алексеевтиң даўысы мине, усы фонда жанғырып еситилди. — Өсип, саўатлы болғаннан кейин сен өзиңниң әкеңниң хатын ядлап ал. Көп жыллардан кейин, мүмкин, күтә тез арада-ақ болып қалар: Россия халықлары қуллық шынжырларын пыт-шыт етип үзер, азат ҳәм бахытлы болар, мен өзимниң туўылған жериме сениң көзлериң менен қарарман, мен ҳәм сениң анаң өз өмирин берген азатлыққа сениң менен бирликте қуўанып қарарман.

Настенька, көзиңди жиберип бир қара-шы, туўыпөскен елимиз қандай жақсы! Усындай болатуғынын биз билдик. Биз буны өз әрманларымызда көрдик. Настенька, өзиңниң ана Ўатаныңның ылайықлы қызы бол! Сениң азатлыққа ерискен жолында Россияның ең жақсы адамларының қаны төгилгенин умытпа! Сениң ҳәзирги ўақытта дүзип атырған турмысың саған ешейиннен-ешейин, тосаттан келген жоқ, даўыл ҳәм боранлар арқалы келди. Аўа, Настенька, даўыл ҳәм боранлар арқалы келди. Турмыста өлимнен басқа ҳеш нәрсе тосаттан болмайды".

* * *

— Хат жазылып болмай, усының менен тамам болады, — деди Айжамал ақырын.

Изли-изинен дизилисип жүк машиналары, пионер лагерине баратырған балаларды миндирген автобуслар өтип атырған жолға көз таслап машинадағылардың ҳәммеси тым-тырыс отыр.

Әллеқайда бағдың төринде орнатылған репродуктордан диктордың төмендеги даўысы жаңғырып еситилди: Тыңлаңыз! Нөкестен Мойнаққа ушатуғын пассажирлер, самолетқа миниў ушын аэродром майданына шығыңыз. Тағы қайталап айтаман...



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

— Қайталап айтаман, — деди Сәнем қызып ҳәм жуўан бурымларын арқасына таслады: — мен өзим жөниндеги феодаллық көз карасларға шыдай алмайман. Бул феодаллық көз қараслар ушын комсомол жыйналысы алдында сиз жуўап бересиз.

— Не туўралы сөйлеп атырғаныңызға мен түсинбеймен, — деди Бекполат, көзи аларып ол мотор—кемеден жығылып кетейин деди. Бул моторда жаслар теңизге салынып қойылған аў-жылымларды қарайды, аўланған балықларды балық тасыўшы баркасқа алып барып тапсырады.

— Билмегенсий берме, — деди ашыўланып қыз.—Кеше сениң әкең бизге келди, ол мениң ата-анама мени айттырып келгени ҳәм мениң ушын қалың беретуғынын айтты. Бул қандай қорлық!

— Комсомол жыйналысы алдында әкем жуўап бере берсин. Бунда мениң не айыбым бар, — деди шын кеўли менен Бекполат.

— Сиз қалың мәселесинде әкеңизге қарсы шығыўыңыз, мәселени оған жақсылап түсиндириўиңиз керек.

— Қалың берилиўине қарсылық көрсеттим, — деди ентигип Бекполат. — Түсиндирдим.

— Ол не дейди?

— Бул сениң исиң емес, күшик, дейди. Қалыңсыз ол балық сениң қолыңа тиймейди, — дейди.

— Сен не дедиң? — Сәнем қабағын үйип тигилип қарады.

— Мен оған, „бул қалай мениң исим болмасын“ дедим. Анығын айтқанда, мен күшик емес, ол балық емес, — дедим.

— Сонда, ол не дейди?



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ол айтады: „тек тур“ дейди. „Сизлердиң ким екениңизди мен жақсы билемен“ дейди. Ол тура маған қарай тап берди.

— Сен не қылдың?

— Мен бе? Мен екинши жаққа қарай бурылдым.

— Оңбаған адамсаң, өзиң, — деди Сәнем қолы менен түртип, — инженер Бутаков сени өзине қалай шәкирт етип алғанына түсинбеймен.

— Шәкирт етип емес, жәрдемши. Александр Иванович меған: „Сейтжанов, сен уқыплы адамсаң, техниканы тағы да шамалы үйренсең, жақсы қәниге болып шығасаң“, деди.

— Сениң қолыңнан ҳеш нәрсе келмейди, — деди Сәнем ҳәм жағымлы түрде күлимсиреп қарады.

— Сен не ушын булай ойлайсаң, — деп иренжиди Бекполат. — Мен онынշы классты питкердим.

— Жигирманшы классты питкерсең де, сениң қолыңнан ҳеш нәрсе келмейди, — деди қыз ҳәм күлип қасын қақты. — Минезиң бос.

Бекполат түсин суўытып, орнынан ушып турды.

— Балық аўлаў ушын ертең, ҳәмме ўақыттағыдайақ теңизге шығыўымыз керек. Мениң телевизиялық аппаратты таярлаўым зәрүр... Хош, — деди жигит искерлик көрсеткен болып салдамлы түрде, бирақ оның түсинде иренжигенлик белгиси сезилип тур.

— Оҳо, — деди Сәнем қуўанышлы түрде. — Бул характерли нәрсе.

— Хош болың, — деп қайталады Бекполат қалтыраған даўыс пенен ҳәм мотор-кемеден балықлар тийелген баркасқа секирип минди, қыз оған таңланған көз бенен қарап қалды.

Бекполат асығыслық пенен ескек есип, жағаға қарай жөнелди, ол анда-санда Сәнем жаққа қарап қояды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бекполаттың өзиниң сүйген қызы алдындағы ерси ҳәрекети бир иске соқтыратуғындай болып шектен шықты, сол себепли жигит өз характериниң „беккемлиги“ Сәнемге қандай тәсир еткенин кәрип, исенгиси келеди.

* * *

Мойнақ орта мектебиниң 7 „Б“ класының 32 оқыўшысы тарийх муғаллими Айжамал Жадигеровна Есемуратованы көриўи менен орынларынан тикке турып, оны қутлықлады. Оның бул келиўи классқа биринши келиўи еди.

Тек кейинги партада отырған еки бала ғана жас муғаллимниң турмысындағы бул әҳмийетли ўақыяға кеўил бөлмеди. Олар пүткил дүньяда мектеп балалары ушын дәстүр болып қалған, бала ўақтында уллы француз илимпазы Фридрих Жолио Кюри ҳәм данышпан рус шайыры Владимир Маяковский қызыққан перо ойынын ойнап отыр.

Жаңа тарийх муғаллими 7 „Б“ класының балалары менен сәлемлеспеди. Ол есик алдында тоқтап, шыдам менен тикке қарап тур. Бирақ перо ойынын ойнаўшы балалар ҳеш нәрседен хабарсыз, ойынын даўам еттирмекте.

Балалар олардың үстине қағаз, кишкене қалемлер ылақтырды, оларға ымлады, оларды түртти. Оқыўшылардың тек мине усындай ҳәрекетлеринен кейин ғана басларын көтерип қарап, муғаллимниң келип турғанын көрди ҳәм орынларынан ушып турды.

— Балалар, сәлем, — деди Айжамал сабырлы түрде сөйлеп, ол балалардың жуўабын еситкеннен кейин:

— Мына екеўиңизден басқаларыңыз отырың, — деди ол перо ойнаған балаларды басы менен ийзеп көрсетип.

Муғаллимниң түри суслы, көз қарасы мүлайым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Сениң фамилияң ким? — деп сорады Айжамал перо ойынын ойнаўшылардан бири болған дуўдар шашлы, жүзи жайдары рус баласынан.

— Петр Казаков, — деп жуўап қайтарды бала қысынбастан ҳәм ол жаңа муғаллимниң қолына класс дәптерин алып турғанын көрди.

Айжамал Казаковтың қасында турған балаға қарады. Ол сораўды күтпей-ақ, даўыслап:

— Тилеўмурат Есбергенов, — деди.

— Қайсыңыз уттыңыз? — деди Айжамал күлимсиреп.

— Тилеўмурат, — деди Петр Казаков қысынып. — Өйткени ол...

— Өйткени ол тыныш ойнайды, ал сен асығып ойнайсаң, — деди Айжамал. — Ойнағанда, мине усындай асықпай ойнаў керек.

Жаңа муғаллим кейинги паратаға келип, бир неше пероны шиккесинен парта үстине қойды. Буған класстағы балалардың ҳәммеси таңланды.

— Буннан былай ҳеш бир сабақта буныңдай ойын ойнаў қайталанбас деген үмит бар, — деди Айжамал шын жүреги менен, класстағылардың ҳәммеси ҳүрмет пенен муғаллимге қарады. Балалардың көз қарасынан „буннан былай ҳеш ўақытта ойын ойнаў қайталанбайды, муғаллимниң тапсырмаларын ҳәр бир оқыўшы инабат пенен орынлайды“, деген анық сезилип турды.

Домалақ жүзли, уялшақ баланың қасында отырған аққуба бир қыз оны түрткишлеп, муғаллимге қарай ымлап көрсетеди, бирақ бала ҳәр иретинде оның айтқанын тыңламай, басын шайқайды.

Жаңағы қыз орнынан турды да, ашық жүз бенен:

— Айжамал Жадигеровна, — деди ол. — Бизлер... мине... Бизлер мине еки айдан бери инженер Бутаков пенен бирликте теңизге экскурсияға шығарыўды сорап



www.ziyouz.com kutubxonasi

киятырмыз, бизлер телевизор менен балық қалай аўланатуғынын көргимиз келеди. Бизлерге, „ҳәзирше экскурсияға шығыўға болмайды", дейди.

— Жақсы, ертең экскурсияға шығамыз, — деди Айжамал мүлайым түрде.—Бирақ ҳәммеңиз емес, биринши ирет ең жақсы оқыўшылар барады.

Муғаллим мәнили түрде Петр Казаков ҳәм Тилеўмурат Есбергенов тәрепке қарады. Оның бул көз қарасынан:

— „Сизлер аянышлысыз, бирақ солай да сизлерге экскурсияға қатнасыўға туўра келмейди", деген мәни аңланбақта.

— Бизде ең жақсы оқыўшылер кимлер? — деп сорады Айжамал. Буз сораўға жуўап иретинде:

— Петр Казаков.

— Тилеўмурат Есбергенов.

— Казак.

— Тилеўмурат, — деген даўыслар еситилди. Буған Айжамал күтә таңланды.

* * *

Тасқан кеўил, күлимсиреген ширай менен атаўдың қумлы көшелерин бойлап Айжамал киятыр. Биринши сабақ ўақтындағы шуўласыўлар, балалардың даўыслары еле оның қулағының түбинде тур.

— Петр Казаков.

— Тилеўмурат Есбергенов.

— Казак.

— Тилеўмурат.

Биринши сабақ, улыўма, сөйлесиўлер менен өтти. Зияны жоқ. Айжамал өзи ушын ең керегине еристи: жетинши класста 32 бала оған үлкен ҳүрмет көрсетти. Дурыс, жас муғаллимниң классқа киргеннен кейин ис-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леген иси ҳеш бир педагогикалық қолланбада көрсетилмеген. Бирақ бирдейине улыўма схеманы қолланыўға миннетли ме? Айжамалдың классқа киргеннен кейин ислеген ҳәрекети, оған балықшы балаларының кеўлин өзине қаратыуға жәрдем етти. Бул күтә әҳмийетли нәрсе. Муғаллим педагогиканың тийкарларын қанша ядласа да, ол қанша билимге, қанша тәжирийбеге ийе болса да, бунысыз оның жумысы табыслы болыўы мүмкин емес.

Бәлент қумның төбесинен тыншымас толқын үстинде катер ҳәм желқомлы кемениң аўдаңлап баратырғаны, көп жүк жүкленген баржаның ақырын жүрип баратырғаны көринеди.

Күн жаңа ғана батып, геўгим түсе баслаған ўақыт, сол ўақытта Бекполат ҳәм Сәнемниң жанғыртып айтқан қосығы мине усы батқан күнниң қызыл сәўлесине бөленгендей. Олар гитараға қосылып, қосығының ҳәр бир сөзин өзлериниң муҳаббатына тереӊ исеним менен айтпақта. Буны еситкен Айжамал ериксиз тоқтап, бәлент қум үстинде узақ ўақыт теңизге қарап турды. Ол қыялға батып бирде қуўанышлы түрде, бирде ойланған түрде қарап тур.

Айжамалдан бир неше метр жерде қамыс қораның артында ийилиңкиреп Ерназар Калимбетов тур. Оның аўзында трубкасы. Ол ҳәмме ўақыттағыдай сән ушын кийинген. Оның адам көзине түсиў ушын, буныңдай кийиниўи өзине өзи күтә исенгенин ҳәм мәденияты жеткиликсиз адам екенин көрсетеди. Капитанның бунда әлле қашаннан бери турғаны ҳәм бул турыўы тосаттан емес екени көринип тур.

Қалимбетов түтеп турған трубкасын итиятсызлық пенен қалтасына салып, бәлент қум үстинде қыймылдамай бетин шамалға қаратып турған Айжамалға қарай жүрди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бекполат пенен Сәнемниң қосығы батқан күнниң қызыл сәўлесине араласып кеткендей болды. Айжамал бурыла бергенде Қалимбетовты көрди.

* * *

Жәндигер аға қолындағы газетасын төмен түсирип, ҳаялының айтқанларын күле шырай менен тыңлаўда ҳәм унатпай басын шайқап жаңадан газата оқыўға кирисиўде.

— Мениң сөзлеримди тыңлағың келмей ме? Тыңламасаң тыңлама,—деди тынышсызланып Раўшан кемпир. — Мениң сөзимди қоңсылар еситсин. Өз қызына мийримсиз ата екениңди ҳәмме билсин.

Кемпир терезениң қасына жуўырып келип, оны ашты.

— Бийшара қызым, сорлы перзентим,—деди Раўшан кемпир ашыўлы түс пенен, ол тынышсызланып жайдың ишинде олай-булай жүрди, стуллерди орнынан қозғады, ыдысларды бир орыннан екинши орынға қойды. Приемникти биресе сөйлетти, биресе тоқтатты...—Қызыңыздың оқытқан биринши сабағының қалай өткени не ушын сизди қызықсындырмайды. Мүмкин, оны сабақ ўақтында балалар тыңламаған шығар. Мүмкин, әлле қандай тәртипсизлер оны ренжитип атырған шығар. Геўгим түсип, түн болып қалды. Хабарың бар ма, шамал есип тур. Бар, дәрриў, кийин де қызыңның алдына шық. Ырасымды айтып отырман, бундай да ўўайымсыз адам болады екен, қайғысыз қара сууўға семирген усыдағы.

— Кемпир, мен саған жаңа айттым ғой, ҳәзир маған инженер Бутаков келиўи керек. Биз азанда оның менен бирге теңизге шығамыз. Қызымызға ҳеш нәрсе болмайды,—деди Жадигер аға мүлайым түрде сөйлеп.—Мен сениң ериң ҳәм қызымның атасы ғана емеспен, колхоздың председателимен де, сен буның менен есапласқың келмейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Колхоз председатели,—деди Раўшан кемпир кек етип ҳәм ол терезениң қасына барып оны жапты;—Қоңсылар еситпесин буны. Сениңдей колхоз председатели тек революцияға шекем ғана болған шығар.

— Революцияға шекем колхозлар болған емес,—деп түсиндирди Жадигер аға жумсақ сөз бенен.

— Сендей председательлер болған. Тек жумысқа ғана емес, адамға да кеўил бөлиў керек. Бизиң колхозда адамлардың қалай туратуғынын билесең бе?.

— Билемен,—деди ғарры,—жақсы турады.

— Билемен дейсең бе? Бизиң колхозда қыз сатыў, қыз сатып алыў аўҳаллары бар. Сен буны билесең бе?

Жадигер аға оқып отырған газетасын стол үстине қойып орнынан турды.

— Бул өсек.

— Өсек?—деди Раўшан кемпир күйиниш пенен басын шайқап.—Халық сениңдейлер туўралы: „Сырты пүтин,иши түтин“ дейди. Сен Нурымбет Сейтжановтан сорап көр, ол өзиниң ана сүти аўзынан кетпеген баласы Бекполатқа Сәнемди алыў ушын оның әке-шешесине қалың бермекши болған. Бул барлық Арал ушын қорлық.

— Қәне, бәрин айт?—деди қабағын үйип Жадиғер аға, ол ҳаялының айтқанларына күтә тынышсызланды.

— Несин сөйлейин, айтып болғаным,—деди Раўшан кемпир, ол өзиниң сөзи ғаррыны тынышсызландырғанын сезди,—Қызымның алдына шығаман. Сеннен ҳеш нәрсе шығатуғын түри жоқ. „Таз таранаман дегенше, той тарқайды“ деген сөз дурыс.

Раўшан кемпир колхоз председателин терең ой ишинде қалдырып, үйден кетти.

Албырап, инженер Бутаков көз ашып жумғанша жайдың ишине жуўырып кирди. Оның көзлери қуўанғаннан жайнап тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кешириңиз, Жадигер аға, кешириңиз. Мен күтә үлкен қуўанышлыман, куўанышымды ишиме сыйдыра алмай сизге келип отырман.

Бутаковты көргеннен кейин колхоз председатели оның қарсы алдына барып, түсинбей ийнин қысып турды:

— Александр Иванович, не ушын кеширим сорайсыз. Сиз өзиңиздиң достыңыздың үйине келдиңиз. Отырыңыз...

— Үйиңизде ишетуғын бир нәрсеңиз жоқ па?—деп сорады тосаттан Бутаков. Бул сораўға күтә таң қалған ғарры еки қолын еки жаққа жайып, „жоқ" деп ишарат етти.

— Сизге не дейин... Бизиң үйдегилер ишпейди, сухой закон.

— Егер... Сухой закон сухой вино талап етсе,—деди Бутаков ҳәм қалтасынан бир шийше шампанское шығарды.—Мениң қуўанышымның қандай қуўаныш екенин билесиз бе?!—деди жас инженер ҳаплығып.—Мен ҳәзир, жаңа ғана анамнан хат алдым... Оны партияға қайта алған, партияға қайта алған..

Бутаковтың бул хабарына ғарры аң-таң болды. Ол күтә ықлас пенен қулақ салып жас инженердиң айтқан сөзлериниң мәнисин түсиниўге ҳәрекет етти, бирақ ол қанша ықлас қойса да ҳеш нәрсе түсинбеди.

— Билесиз бе?—деди Бутаков.—Бул күтә узын тарийх. Мен неден баслаўды да билмей отырман. Мен сизге ҳәммесин қатарынан айтып берейин. Мениң фамилиям сизди таң қалдырған еди. Бул—былай... Мен прапорщик Григорий Бутаковтың ақлығыман, ал сизиң атаңыз Еҫемурат ғарры менен бирге набыт болған Семен Алексеев ана жағынан мениң бабам.

Жадигер аға дәрриў орнынан турып, таң қалған түс пенен жас инженерге қарады. Еринлери ағарып кетти. Оның маңлайынан шып-шып тер шықты. Көзи аларды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қалтыраған қолы менен Бутаковты қушақлаўға ҳәрекет етти. Соңынан қолын төмен түсирип, орнына отырып. үндемей жылады.

Ақырын музыка шертилди. Оркестрде скрипканың даўысы ашық еситилди. Скрипкада қарақалпақ балықшы Есемурат ғарры ҳәм рус революционери Семен Алексеев қайғылы түрде набыт болған ўақыттағы нама шертилди.

Жадигер аға тастай қатып қалды.

— Прапорщик Бутаков өлгеннен жигирма жылдан кейин,—деп даўам еттирди жас инженер ақырын сөйлеп: —оның улы Иван Бутаков Настенька Алексееваны таўып алды ҳәм оған үйленди. Анам саў... Ол еле картайған жоқ... Оның жасы елиў алтыда...

— Ағаң не?—деди Жадигер ғарры ернин зордан қыймалдатып.

Ҳуўилдеп ескен шамал терезеге келип соқлығып, терезениң әйнегине шаң шашып тур. Күтә жақын жерде теңиз толқынлары жарға келип урылмақта.

— Мениң ағам Иван Бутаков Буденный армиясында пияда әскерлер корпусының командири болған. Ол ҳәзир жоқ... Ол ҳаққында тағы бирде айтып беремен... Анам тири,ҳәттеки, ҳәзир партия ағзасы. (Бутаков аўыр гүрсинди...) Көп өтирик-өсеклер бизди де жәбирледи,—деди Бутаков.

Жадигер аға орнынан турып, қаны қызып, кейпи қашып, жайдың ишинде олай-булай жүрди. Соңынан Бутаковтың қасына келди де аталық ғамхорлық пенен оның ийнинен қағып, былай деди:

— Сиз дәрриў, мениң айтқанымды еситип турсыз ба, дәрриў шақырыўыңыз... аўа, биз өзимиз Анастасия Семеновнаны—Настенка Алексееваны бунда мийман етип шақырамыз. Сиз билсеңиз еди, мен оны қанша изледим...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оған ағасының хатын тапсырмақшы едим, керек болса жәрдем де көрсетпекши едим.

— Билемен, билемен. Рахмет сизге, Жадигер аға. сизиң қызыңызға да рахмет. Сизиң қызыңыздың диссертациясы мениң бабамның даңқлы исимин қайта тикледи. Орайлық Комитет буннан бир неше жыл бурын бул исти қарап шешти, ал енди, бундай ислер көп ғой, олардың ҳәммеси туўралы халыққа айтып жеткерип болмайды. Сизиң қызыңыздың диссертациясы басылып шығады, оны ҳәр ким оқыйды. Бул нәрсе бизиң ушын да, келешек әўлад ушын да күтә әҳмийетли.

— Сиз не ушын усы ўақытқа шекем үндемей жүрдиңиз?—деди Жадигер аға кейинген түс пенен сөйлеп. —Аралдың балықшылары сизди қолларына көтерип жүрген болар еди. Аралда Бутаковтың ҳәм Алексеевтиң исимлери ҳүрмет пенен тилге алынбақта, әдиўленбекте.

— Мине, сол себепли де мен усы ўақытқа шекем үндемей келдим,—деди Бутаков мүлайым түрде күлимсиреп.—Мен сизден сорайман, бул туўралы ҳезирше ҳеш кимге айтпай-ақ қойыңыз. Билесиз бе, бабаларымыздың көрсеткен хызметинен қара басымыздың мәпи ушын пайдаланыўымыз онша жақсы нәрсе емес. Олардың естелигине ылайықлы болыўымыз ушын бизиң өзимиздиң хызмет көрсетиўимиз керек.

Бутаков шампанское шийшесин ашты да еки стаканға қуйды, оның биреўин Жадигер ағаға бергенен кейин ғаррыны қушақлап, оған былай деди:

— Жадигер аға, келиң, бизиң Совет жеримизде болып турған удайы әдиллик, ҳақыйқатлық ушын ишейик,

* *
*

— Сиз билесиз бе, мениң жүрегимниң ҳәммеси тек сизики. Бул жылларда мен сизди ғана ойладым, сизди күттим, тилегиме жетермен деп үмит еттим,—деди асы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғып сөйлеп Ерназар Қалимбетов. Ол трубкасын аўзының бир шетине қойған, ҳәр сөз айтқан сайын қалтырап кетеди, қалтырағанда оның трубкасындағы күллер утюгленген кителине түседи.

— Муҳаббат ҳаққында сөз сөйлегенде аўзыңыздан трубкаңызды алып турыңыз,—деди Айжамал күлимсиреп.

Капитан аўзындағы трубкасын итиятсызлық пенен бир тәрепке қарай ылақтырды ҳәм кирпигин көтерип қыздың жуўабын күтти.

— Мен сизге ҳәммесин айтқан едим ғой, Ерназар, әлле қашан айтқан едим... Буннан бир неше жыл бурын айтқан едим. Өзиңизди кемситпеңиз... муҳаббат ҳаққында сөз айтыўды тоқтатыңыз... Мени тынышыма қойыңыз...

— Мен сизди тынышыңызға қоймайман,—деди Ерназар Қалимбетов қатты даўыслап.—Мен сизди сүйиў бахытымды ҳеш кимге бермеймен, бул мениң ушын қанша турса да бахытымнан кешпеймен.

Айжамал Ерназар Қалимбетовтың салқын, тәкапбыр көзлерине қарады ҳәм қабағын шытып ары қарай бурылды.

— Абай көрсетпекшимисиз?

— Сүйемен, сизди сүйемен!.,..—деди капитан қызыўланып сөйлеп ҳәм қыздың қасына келип оның қолынан услады.—Мен сизден өтинемен... ескертемен... жалынаман, сөзимди жерде қалдырмаңыз, мени түсиниңиз...

— Түсинбеймен... тыңлағым келмейди... жибериңиз, —деп Айжамал қолын тартып алды.—Мен сизге ырасын айттым ғой... тағы меннен сизге не керек?

— Мен ҳәммесин көрип жүрмен... бәрин билемен... Бирақ мен жол қоймайман,—деди Қалимбетов сабырын жойып, оның сөзлеринде абай етиўшилик анық көринип турды.—Жол қоймайман, ар-намысымнан айрыламан, бирақ жол қоймайман!



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Есиңизди жыйнаңыз. Жүзиңизге адам қарағысыз,— деди қалтырап Айжамал. Қызда ҳәр минут сайын Ерназарды жек көриўшилик сезиле баслады.

— Күни менен, сиз оның менен, анаў рус инженери менен жүресиз,—деди Ерназар Қалимбетов шаншып сөйлеп.—Сизге унай ма, жақсы көресиз бе?

— Аўа. Аўа... Жақсы көремен. Оны сүйемен,—деди қыз мақтаныш пенен бойын тиклеп. Қыз жеркениш пенен көзин алартып капитанға қарады, капитан ериксиз түрде бир неше адым кейин шегинди.

— Оны мен сүйемен,—деди Айжамал сөзин қайталап. —Ол буны билмейди, сиз билесиз. Өйткени, сиз усы сөзлерди еситкиңиз келди. Ҳәзир енди кетиңиз. Мени тынышыма қойыңыз.

— Мен... Биз буған жол қоймаймыз,—деди Ерназар Қалимбетов тутлығып.—Сиз бөтенлерге... Сиз жатқа жантаспаўыңыз керек... Сиз тек өз миллетиңиздиң адамын сүйиўге миннетлисиз.

— Ҳа,... сиз солаймедиңиз?—деди Айжамал; ол Қалимбетовқа жеркениш пенен қарады, өз қулағына өзи исенбеди, бул сөзлерди өзи менен бирге өскен ҳәм бирге оқыған жигиттен еситип отырған себепли кеўли қалды, арланды...

— Мен... Мен сизди жек көремен... Жек көремен,— деди қыз Қалимбетовтан күтә жеркенип, ол өз-өзине былай деди:

— Есемурат ғарры ҳәм Семен Алексеев усаған адамлар гүрес жүргизип өлгенинде, өзлериниң туўылған жерлеринде усындай миллетшилердиң дөреўи ушын гүрес жүргизди ме екен, солар ушын өлди ме екен. Жоқ. Сиз жеркенишли адамсыз,—деди Айжамал ҳәм Қалимбетовқа дүрлеп барды:—Сиз түкке аспайтуғын адамсыз...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз бирден бурылды да төбешик қумның үстинен түсип жүрип кетти.

Ерназар Қалимбетов есин жыйнағаннан кейин, дүзелмейтуғын қәте ислегенин сезди. Усы минуттан баслап ол сүйген қызынан, барлық абройынан айрылды.

Ол бирден Айжамалдың изинен жуўырайын деп еди, бирақ қыздың қарсы алдынан Раўшан кемпирдиң киятырғанын көрип, тоқтады ҳәм төмен қарай ақырын домалады.

Теңиз жақтан қатты шамал есип тур, шамал Ерназар Қалимбетовтың итиятсызлық пенен ылақтырып таслаған трубкасын қум менен көме баслады.

Бул қорлықты, қәтеликти, көргенсизлик ҳәм арсызлықтың бул көринисин бизиң есимизден алып таслағысы келгендей шалқар теңизде Арал балықшыларының бизге мәлим болған қосығы жаңғырды.

Балық аўлаў флотының сейнер кемелери жуп-жуп болып бөлинип ҳәр қыйлы тәрепке қарай жүрип баратыр. Оларда колхоздың байрағы жоқары көтерилген.

Кеме үстине орнатылған телевизиялық акпараттың ақ экраны қасында Айжамал Есемуратова басқарған мектеп балалары уйлығысып тур.

Бекполат өзиниң исине мақтаныш сезими менен аппараттың басқарыў пульти қасына отырды, ол Сәнемниң көзине көз салып, күлимсиреп басын ийзеп қоязды.

Капитан минберинде, радиорубка қасында, ҳәмме ўақыттағыдай қозғалмай Ерназар Қалимбетов тур. Ол биноклди көзине тутып, кемелердиң жүрип баратырғанына қарап, картаға қәлем менен белги салып тур.

Оның қасында, балентирек жерге орнатылған „Урожай" радиостанциясының артында колхоз председатели Жадигер Есемуратов отыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* *
*

— Раўшан апа, өзиңизди бунша тынышсызландырыўыңыз керек емес,—деди Бутаков халатын кийип.— Үйде қалғаныңыз мақул болар еди.

— Ҳәй, балам, мен үйде қалсам, исти ким ислейди?— деп терең дем алды кемпир.—Жадигер балықтан басқа ҳеш нәрсени көрмейди, адамлар арасында маған ислеўге туўра келеди. Сен үйленгенбисең, балам?—деп сорады Раўшан кемпир күтилмеген жерден ҳәм сынағысы келгендей жас инженерге қарады.

— Жоқ,—деди таңланып Бутаков,—үйленгеним жоқ.

— Жаман екен, күтә жаман,—деди күйинип Раўшан кемпир.—Бала-шаға болмаған жерде турмыс жоқ. Ҳаялсыз турыўыға болмайды. Басыңды жоғалтасаң.... '

Албыраған Бутаков қуўанғанынан Раўшан кемпирди қушақлады. Ол каюта есиги қасында қуўапышлы түрде күлимсиреп қарап турған Айжамалды сезбеген болыўы керак.

— Маған қайсы қыз кийеўге шықсын?—деп ҳәзиллести жас инженер.—Мениң жайым да жоқ, жалғыз өзим жатақханада тураман.

— Болады, ҳәммәси де болады, тек үйлен. Сен жақсы адамсаң. Сениң ушын жүрегимиз елжирейди, балам.

Есикти ким де болса биреўдиң тарс еттиргенин еситип, Бутаков бирден бурылып қарады.

Есикти қатты ашып, гүманлы көзқарас пенен Ерназар Қалимбетов келип кирди. Каютада Бутаковтың жалғыз емес екенин көргеннен кейин Қалимбетов еркин дем алды. Гүманының жоққа шыққанына қуўанған капитан кеўилли:

— Сиз бийшара қызды не менен қорқыттыңыз, түси қашып кетипти ғой?—деди ол ҳәм жуўапты күтпей:— Александр Иванович, ҳәммеси таяр, сизди күтип турыппыз,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*
* *

Бутаков каютадан палуба үстине шықты ҳәм балалардың бетлеринен сыйпап, телевизор экраны алдына отырды.

— Дыққат қойың, дыққат!—деди Жадигер аға микрофонда. Оның командасы теңизде жүрген барлық сейнер кемелерине орнатылған радио репродукторларда қайта-қайта еситилди.

Бутаков басы менен Бекполатқа ымлады, сол ўақытта телевизор экранында көринислер пайда болды.

Қуўанышлы түрде таңланып қарап турған оқыўшылардың көз алдына Арал теңизиниң суу асты патшалығы салдыр-сулдыр етти, шуўылдады, гүўилдеди: суў түбинде мөлдир медузлар бир тәрептен екинши тәрепке қарай шайқалып тур, оңға ҳәм солға қарай балықлар қашып, жүзип баратыр. Суў түбинде бақа тосқынлар көринеди. Теңиз тасбақалары ақырын жүрип баратър. Таң қаларлық дәрежеде сулыў ҳәм сийрек ушырайтуғын спрингус балығы қанатын жайып ҳеш нәрседен қорықпай оқыўшыларға қарай жүзип киятыр. Бул балық бирдейине жалғыз жүриўди жақсы көреди, гезип жүрип күнелтеди.

Телевизор қасында турғанлардың ҳәммесинде бирден таңланған даўыслар еситилди.

Таза ҳәм тынық суўда күтә көп шемая балықларының үйири тымтырыс ақырын жүзип баратыр.

Үлкен аўызлы ылақалар теңиз түбинде итиятлық пенен жүзбекте. Сағағынан майда көбиклер шығарып, сазанлар топар-топар болып өтпекте.

Күтә үлкен бекирелер үйири ақырын жүзип жақынласпақта. Олар қуяштың астында қызынғандай бир бүйиринен екинши бүйирине айналады.

— Балықлар үйири белгили бир бағдарға қарай баратыр. Ҳәр бир балық түрлериниң өзиниң әдети, өзи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ниң жақсы көрген жери бар, олар сонда барып уўылдырық шашады, — деп түсиндирди Бутаков. — Балықлардың бул өзгешеликлерин билип, теңиздиң географиясын үйренип, балықлар үйириниң бир сааттан кейин, еки сааттан кейин қайда болатуғынын биз анық биле аламыз. Бундай жерлерге жылымлар күн бурын салынып қойылады ҳәм балықлар усы жылымға түседи. Ҳәзир енди ҳеш қайсыңыз үндемеңиз, сораў да бермеңиз, сораўларды соңынан бересиз,—деди Бутаков. Сол ўақытта Жадигер аға микрофонда „шемая, квадрат—жети",—деди.

— Шемая, квадрат—жети. „Волга" ҳәм „Дон"—деген даўыслары еситилди колхоз председателиниң теңиз үстинде.

„Волга" ҳәм „Дон" сейнер кемелери екеўи еки жаққа қарай бет алып жылым салды.

— Сазан, квадрат—он бес,—деди Бутаков микрофонға еңкейип.

— „Семен Алексеев", „Аралский", тыңлаңыз, сазан, квадрат—он бес,—деп команда берди Жадигер аға жаңадан, оның бул даўыслары алыста — көз ушында теңизде жүрген „Семен Алексеев" ҳәм „Аралский" сейнер кемелериниң репродукторларында жаңғырып еситилди.

Ҳәр еки кеме колхоз председателиниң командасы бойынша ҳәрекет етти ҳәм жылым салып, көрсетилген бағдарға қарай жүрди.

Балық аўлаўшы көплеген сейнер кемелери жылымларын тартып шығара баслады, көз ашып жумғанша жылымлардан изи үзилмей күтә көп балықлар келип шықты.

Люклер ашылды, балықлар изли-изинен кемениң ишине қарай ағылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жадигер аға балықшылық колхозының „Волга", „Дон", „Семен Алексеев", „Аралский", „Марат" деген бланкаларына басылған мағлуўматларын қанаатланыў менен қарап шықты.

— Бул мағлуўматларды Ерназар Қалимбетовқа бериңиз,—деди ол ҳәм қуўаныш пенен күлимсиреп, микрофонда былай деди:

— Ҳәммеңиз тыңлаңыз. Балық аўлаўда күтә жақсы нәтийжеге ерискени ушын Арал балықшыларын колхоз басқармасы атынан қутлықлайман. Бригадирлердиң алдағы сейнерге өтиўин сорайман. Қайталайман...

Председательдиң даўысы ушқан кустай теңиз сейнер кемелерине келип жетти, олардың үстинде узақ ўақыт еситилип турып, алысқа кетти ҳәм тынды.

Балық аўлаў флотилиясының көп балық жүклеген кемелери геўгимде атаўға қайтып киятыр. Бир толқыннан екинши толқынға секирген сейнерлердиң отлары думанда жылтырап көринеди. Капитан минбериниң айнала-дөгерегине тарттырып байланған қол арқанға сүйенген Жадигер аға ҳәм Ерназар Калимбетов Мойнақ атаўының алыстан жылтылдап көринген отларына нәзер салып тур.

Аспан етегиндеги жақты жулдызлар Жадигер ағаның ашық ҳәм саўлатлы жүзин жене Ерназар Калимбетовтың геўгимленген, салқын сур бетлерин жақтыртқандай.

Өз артында сыңғырлап күлген даўысларды еситиўи менен капитан шоршып кетти. Ол артына айналып қарап, кемениң артқы жағында турған Айжамал менен Бутаковты көрди. Олар бетлерин теңиздиң шашыраған суўларына қаратып, ақырын өз ара бир нәрселер сөйлесип тур. Үлкен толқын қатты шайқалған ўақытта қыз жығылып кетпесин деп қәўипсинип, жас инженер оның билегинен услады. Қыз және күлди ҳәм Бута-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ковқа қарай ийилип, оған капитан минбери жағына қарай көз салып бир нәрселерди узақ ўақыт айтты. Бутаков Айжамалдың қолын жибермей, ўаҳаҳалап күлди. Булардың ҳәммесин Ерназар Қалимбетов өзиниң хорланыўы ретинде, олар тәрепинен өзиниң кемситилиўи ретинде түсинди. Сол себепли ол ҳәзир, усы минут ишинде өзиниң күтилмегенде ҳәм ақмақлығы нәтийжесинде жоғалған бахтын қайтарыўға урынды. Капитан өзи түскен аўҳалдан қутылыўдың барлық жолын оның сөзине Айжамалдың атасының қалай қарайтуғынында көрди.

— Жадигер аға, сиз билесиз бе, маған үлкен ҳүрмет көрсетилип отыр, — деди Калимбетов жалпылдап. —Өйткени, мениң кемем Қазақстанда тың жерлерди өзлестириўши қаҳарманларга Арал балықшыларының сыйлыгы ретинде Аралскийге жоқары сорт бекирелер алып барады...

Капитанның қубылтып, түрлендирип айтқан сөзлериниң қалпал ҳәм астарлы екенин сезип Жадигер аға оның сөзин бөлди:

— Сөзди түрлендирмей, тиккесинен айта бер,— деди Жадигер аға,—қолымнан келсе жәрдем берейин.

— Мен еки ҳәптеге кетемен, — деди Ерназар Қалимбетов.

— Соза берме, ойлаган ойыңди айт,—деди ақырында председатель.

— Мен жөнелип кетер алдымнан бир мақсетимди айтбақшы едим, Айжамал қарындасым да ер жетти, — деп төмен қарады.

— Жөнелип кетер алдымнан,—деп тумсырайып қарады председатель. — Бундай сөзди маған айтбақшымысаң? Баракәлла!...

Оның көзлеринде масқаралап күлиў белгилери көринди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалимбетовтың бетлеринде ренжигенлик белгилери сезилди.

— Мен... мен Жадигер аға...

— Мениң ойыным емес, шыным, — деди, тиккелей ғарры, — мениң билиўимше, усынысты қызлардың өзине айтыў керек. Оның менен сөйлестиң бе? — Бул жерде Жадигер аға, Айжамал менен Ерназар арасындағы аў-ҳалды жақсылап билгиси келди.

— Сөйлестим... — деди капитан ҳәм артына айналды.

— Не дейди?

Капитан толқынлардың шуўылдысын ҳәм гүрилдисин тыңлағандай болып үндемеди. Кемениң артқы жағындағы Айжамалдың күлгенлери, Бутаковтың қызға үзликсиз айтып атырған ҳәм гүмилжи еситилген сөзлери Қалимбетов ушын маңлайына урғандай сезилди.

— Сөзимди қабыл етпеди, — деди капитан еситилер-еситилмес сөйлеп.

— Демек, жақсы көрмейди, — деди Жадигер аға еркин дем алып. — Бунда мениң не айыбым бар?

Ҳәзир енди Ерназар Калимбетов Айжамалдан биротала айрылғанына исенди. Бул пикир оны ақылынан айырғандай болды. Ол арланғандай түс көрсетип ҳүжданды. адамгершиликти, инсапты бирден есинен шығарды. Ол ҳәр қандай илажды қолланып болса да өз мақсетине ерисиўге ҳәрекет еткиси келди, ол бул минут ишинде Айжамалдың әкесиниң алдында өзиниң сайыз, бүлинген жанын әшкаралады.

— Сиз қыздың атасысыз... Сиз оған буйырыўыңыз, оған түсиник бериўиңиз керек... Ол билмейди... Ол түсинбейди... Мен оны, әдепки күнлеримдегидей-ақ өмирим бойынша жақсы көремен. Мен ақша жыйнаған едим. Мениң аманат кассасында жыйнаған он сегиз мың алты жүз қырық манат ақшам бар... Бизлер бирликте жыйнаймыз... Мен оны сүйемен, — деди ол сы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бырлап ҳәм қалтыранып. — Исенбесеңиз, мине... мине, книжкамды көрсетейин...

Капитан қалтыраған қоллары менен кителдиң кисесинен қағазға орап салынған аманат кассасы книжкасын шығарды.

Калимбетовтың әдеттен тысқары ҳәм жеркенишли сөзлериниң мәнисине Жадигер аға бирден түсине алған жоқ. Ол өз алдында кимниң турғанын түсингеннен кейин, үрейи ушып кейин шегинди.

— Сениң қандай қус екениңди енди билдим. Ақша жыйнайман дейсең бе? Он сегиз мың алты жүз қырық манатым бар дейсең ғой. Сен мениң көз алдымда өстиң, бирақ сениң қандай бенде екениңди, баҳаңның не екенин жаңа билип отырман.

— Сиз қашан да болса, айырым бир адамлардың қандай бенде екенин, оның анық баҳасының не екенин билгениңиз бар ма?— деген даўысы еситилди Раўшан кемпирдиң, ол басқыш пенен капитан минберине өрмелеп киятыр еди.—Сиз тек балықтың баҳасын, онда да тек усында белгиленген баҳасын ғана билесиз.

Кемпир ғаррысының қасына келип, ол жерде Ерназар Калимбетовтың турғанын сезбегендей түс көрсетип, өзиниң жанға тийетуғын өткир сөзин даўам еттирди.

— Ақыллы адам жаўдан ҳеш қайтпайды, бирақ ақмақтан басын ала қашады, — деди Раўшан кемпир. —Жүриң, ағасы, сиз тағы бир кисиниң, келин алыў ушын қалың бериўге бел байлаған Нурымбет Сейтжановтың баҳасы не екенин билиўиңиз керек. — Ғаррысының қайылшылығын күтпей-ақ, Раўшан кемпир қабағын үйип ғаррысының қасына келип, оның қолтығынан услады, ғарры менен кемпир екеўи мақтанышлы түрде басларын жоқары көтерип басқыш бойынша ақырын төмен түсти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айжамал менен Бутаков биресе ўақты хошлық пенен күлисип, биресе бир-бириниң сөзин қызықсынып тыңлап, капитан минберинде нелер болғанынан хабары болмады.

Жалғыз қалған Ерназар Калимбетовтың ашыўы басынан асты.

— Усы болып болған ма?... Бахтыма налет. Не ислеўим керек! Не ислеўим керек! Не-е... —деп тоқтады Калимбетов. Ол кемениң артқы жағында өз-ара күлисип, сөйлесип турған Айжамал менен Бутаковты көрип, қайғысынан ыңырсыды.

„Ерназар Калимбетов, не ушын сен албырадың, — деди капитан өзинен өзи делбедей. — Инженер Бутаков Арал теңизиниң географиясын анықлаўға таярлық көрип атырғанын сен умыттың ба? Аралскиге барыў оған күтә зәрүр. Шақыр! Жүр де!.... Өзиң менен жолға шығыўға ҳүрмет көрсетип шақыр. Ол, әлбетте, бас тартпайды. Оннан кейин Айжамал атаўда бир өзи... бир өзи... бир өзи қалады... Буннан кейин сениң үмитиң әмелге асыўы мүмкин... шақыр... Ҳүрметлеп шақыр... Ол бас тартпайды...“

* * *

Ҳүўилдеп, гүўилдеп, ысқырып ескен шамал гүдилеп қойылған пишенлерди астын-үстин етип ушырмақта, қыста жағыў ушын таярлаған тезеклерди жерге ылақтырып тасламақта.

Түйедей ақ бас толқынлар қумлы жағаларға келип шарп-шарп урылмақта. Ҳәзир енди толқынлар, әдеттегидей теңизге кейин қайтпай, қайықларды жағаға ылақтырып таслап, жағада үйилип турған ағашларды бузып ҳәм тарқатып жағыста кемелер келип тоқтайтуғын тахтайларды басып өтип, жайлардың терезелери түбине жақынласып алға илгерилмекте.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарым ҳәм шуқырлар арқалы секирип, көшелерди кесип өтип, үрейи ушқан Бекполат Сейтжанов жуўырып киятыр.

Тынышсызланған адамлар үйлеринен шығып, жолжөнекей үстилерине резине плащларын кийип, колхоз басқармасына қарай асығып баратыр. Онда Жадигер аға Арал балықшыларын тынышсызландырған бирденбир мәселени колхозшылар менен бирликте додаламақта.

— Кеме Аралскке барып жете алмайды,— деди қапалы түс пенен бир ғарры балықшы. —Кейин қайтыўы да мүмкин емес, кейин қайтыўға кеш болып қалды. Бундай даўылды мен көптен бери көргеним жоқ.

— Шамалдың күши он еки балл. Олар бизиң сыйлығымызды тың жерлерге алып барып жеткере алмайды, — деди Сәнем ҳәм үрейи ушып еки қолы менен бетин жапты.

Буны еситкен балықшылар Сәнемге бурылып қарады, олардың көзлеринде Сәнемниң айтқанларын мақулламаў белгилери көринип тур.

— Сыйлықлар ҳаққында емес, адамлар ҳаққында ойлаў керек,—деди Жадигер аға Сәнемге көзин алартып қарап. Ҳәзир енди Сәнем өзиниң айтқанларының мәниссиз екенине түсинди.

— Биз қалай болса да оларды қутқарыўымыз керек, — деп Жадигер аға балықшыларға көз тигип қарады ҳәм өз қасында отырған ғаррыға мулайым түрде нәзер салып: — Сизиң бунындай даўылға ушырағаныңыз бар ма? Сиз айтыңыз, — деди.— Бизиң не ислегенимиз мақул болар? Олардың ҳәр қайсысының балашағалары бар...

Айжамалдың ақырын ғана кирип, ең соңғы қатарда отырғанын ҳеш ким сезген жоқ. Ол: „адамларды қалай қутқарыў мүмкин екенин сизлер билесиз бе, ямаса



www.ziyouz.com kutubxonasi

бунда өзлериңизди ақлаў ушын ғана жыйналдыңыз ба?"—деп сораў бергендей ҳәр кимге көз таслап қарады.

— Бизлер теңизде усындай қатты даўылға ушыраған быз ба, — деди ғарры балықшы орнынан турып.— Бул қыйын аўҳалдан қутылыўдың бир жолы бар. Кемедеги жүклердиң бәрин теңизге таслаў керек.

Басқарма мәжилисинде отырғанлардың ҳәммеси буны мақуллап бир-бирине қарады.

— Биз буны ойлаған едик. Бирақ Ерназар Калимбетов қорқақ адам,— деди Жәдигер аға. — Ол бундай тәўекелге бармайды. Ҳәтте буны ойламайды да.

— Оған басқарма атынан радио арқалы буйрық бериў керек,—деди Сәнем орнынан турып.

Сол ўақытта ҳаплығып Бекполат Сейтжанов келип кирди. Ол қалтырақлап, адамлар арасындағы жол менен жүрип киятыр. Аўзын ашып дем алмақта. Ол тоқтап, ҳәммени көзинен өткерди. Оның көз қарасы жалынышлы, сөйлейин десе де сөйлей алмады. Арадан шамалы ўақыт өткеннен кейин, ол ҳаплығып бир неше сөз айта алды:

— Кеме... деги... радио... станция... жуўап... бер... мейди, сира қыйраған болыўы... ке... рек....

Соңғы қатарда отырған Айжамалдын жан айбаты менен бақырған даўысы еситилди.

* * *

Бул бақырған даўыс шамалға ерип теңизге таралды ҳәм суў қуйылған жалындай тынды.

Кемениң үстинде оның набыт болатуғынына күни бурын зар еңирегендей ғыйқылдасып шағалалар ушып жүр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеме қатты шамалға қарсы турарлық күш таба алмай, үлкен ақ бас толқынлар арасында бир сүңгип, бир қалқып аўдаңламақта.

Еденге винт пенен беккемленген столға өзин таңған жас радист сынған рацияны қайта дүзеўге ҳәрекет етпекте. Ақ бас толқынлар шапшып, суў қуйылып атырған кемениң үстинде тентиреклеп жүрип балықшылар нәрсе-қараларды жыйнастырып атыр. Гейбиреўлер суўға шомп етип кетейин деп турса да тәўекелге салып, телевизиялық үскенелерди кемениң ишине алып кирип жүр.

Капитан Ерназар Қалимбетов, көзи алақлап, жан-жағына қарап, трап бойынша төмен қарай еңбеклеп, балықшыларға бир нәрселерди айтып бақырып атыр. Бирақ қатты шамал оның айтқанларын еситтирмейди.

Бутаков қолларын сермеп, капитан минберине жақынласыўға бир неше ирет ҳәрекет етип көрди. Ол барлық күши менен Ерназар Қалимбетов тәрепке қарай бир нәрселерди айтып бақырды, бирақ кеме үстине шапшыған толқынлар оны кейин қарай ийтерди.

Үзликсиз шапшыған толқынлардың кеме үстине ерсили-қарсылы бурқып ағып атырған суўлары балықшылар турған жер менен капитан минбериниң арасын бөлип таслады. Сол себепли ҳеш ким Ерназар Қалымбетовтың қасына бара алмайды, сондай-ақ Қалимбетов та, қанша күш салса да балықшылардың қасына өте алмады.

Бирден соққан үлкен толқын Бутаковты аяғынан жықты, толқын ишин тартып кейин қайтқанда оны капитан жабысып турған траптың қасына шекем сырғанатып алып келди.

— Кемедеги жүклерди дәрриў-дәрриў суўға таслаўға буйырыңыз! Дәрриў! Еситип турсыз ба?! Жүклерди суўға таслаў керек. Неге үндемейсиз?! Жүк-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерди, жүклерди суўға таслаў керек! — деп бақырды Бутаков ҳәм толқынның епкини менен кемениң ернегине барып қалған Қалимбетовқа қарай жер баўырлап жылыслады. Тағы бир епкин соқса капитанның суўға түсип кетиўден басқа илажы жоқ. Бутаков, өз басына туўған қәўип туўралы ойламай, тәўекел етип, суўға түсип кетейин деп турған Қалимбетовтың қасына жақынласты ҳәм оны кемениң үстине тартып шығарды, кеме үстинен ерсили-қарсылы өтип турған толқынлар енди олар ушын қәўипли емес еди.

— Кемедеги жүкти суўға таслаў туўралы буйрық бериңиз. Еситип турсыз ба?—деп қайталады Бутаков.

— Өзиңиз буйрық бере бериңиз. Мениң судланғым келмейди,—деди Ерназар Қалимбетов ашыўлы түс пенен ҳәм турпайы түрде Бутаковты кейин қарай ийтергишледи.

„Егер сениң ар-намысың қорланған болса, Айжамалдан биротала айрылған болсаң, бала ўақтыңнан бери түсиңде көрип киятырған даңққа ерисиў ушын саған жол жабылған болса,—деп ойлады капитан,—саған өмирдиң неге кереги бар?! Теңизде өлгениң жақсы, сен усындай етсең, сен туўралы қосықлар шығарылады, өйткени, өлилер бирдейине ҳақ. Тиришиликтиң саған кереги жоқ, ҳеш ўақытта да кереги жоқ. Өзиңниң өлимиң менен, Бутаковтың набыт болыўы менен сен мақсетсиз өмириң ушын Айжамалдан ҳәм барлық... барлық, барлық адамлардан өш аласаң“...

— Кемедеги жүклерди суўға таслаў туўралы дәрриў буйрық бериңиз. Еситип турсыз ба?! Жүклерди суўға таслаўға буйрық бериңиз! — деп бақырды Бутаков.

— Инструкцияда буныңдай пункт жоқ. Жүклерди суўға таслаўға ҳақым жоқ! — деп жекиринди қалтыранып Ерназар Қалимбетов.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жеркениш пенен Калимбетовты кеме үстине ылақтырып таслаған Бутаков тентиреклеп тайып жығылайын дегенде оны сол жерде турған балықшылар услап қалды ҳәм ол ентигип буйрық бере баслады:

— Жүклерди сууға таслаң! Таслаң! Капитанның буйрығы—дәрриў таслаң!...

Бутаков аўыр бочкаларды кемеден шығарыў ушын балықшыларға жәрдем көрсетти. Бочкалар теңизге тасланды.

Корыққанынан биротала еси кеткен ҳәм ҳәр бир босаң нервалы адамдай, тек ўайым ўақтында ғана өлимди әрман етиўши, өлим жақынлаған ўақытта үрейи ушып қорқатуғын Ерназар Калимбетов жан айбаты менен бир сөзди қайта-қайта қайталады:

— Жасаў керек.... Жасаў керек.... Жасаў керек.

Жүклер сууға тасланғаннан кейин кеме жеңилленип, толқынлар үстинде қәўипсиз түрде көтерилип шапшыды. Енди теңиздиң ғүриллеген, шууылдаған көк жал толқынлары қанша аўпилдесе де кемениң үстине шапшый алмады. Кеме толқыннан толқынға секирип, алға илгериледи.

* * *

Телефонның шыңғырлаған сести еситилди. Кең жаўырынлы, толық бетли милиционер қолындағы қосықлар китабын бир шетке қойды да көзинен көз әйнегин алып, телефонның трубкасын көтерди:

— Он төртинши милиция бөлиминиң дежурныйы старший лейтенант Смельчаков сизди тыңлайды,—деди ол. —Солай ма? Түсиникли. Түсиникли... Гражданин Қалимбетов, сизиң усы сөзлерди айтатуғын жериңиз бул жер емес. Бул сөзлериңизди прокуратураға айтыңыз. Аўа, аўа. тийисли формада прокуратураға арза бериңиз. Жөни солай...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Старший лейтенант Смельчаков трубканы орнына илди де жаңадан қосықлар китабын оқыўға киристи.

Аралск қаласы прокурорының кабинетинде Ерназар Қалимбетов асығып сөз сөйлеп атыр:

— Жолдас прокурор, мәмлекетке зыян келтиргени ушын, аса кетип ҳәрекет еткени ушын мен инженер Бутаковты суд жуўапкершилигине тартыўыңызды талап етемен.

Секретарь прокурорға көз таслап қарап қойди да Ерназар Қалимбетовтың айтқанларын протоколға жазды.

Әдеўир жасқа жеткен прокурор үндемей, сабырлы түрде капитанға қарап отыр. Ерназар бүрисип, бир тәрепке қарай сөзин даўам еттирмекте:

— Егер билгиңиз келсе, бизиң алып киятырған жүклеримиз идеологиялық жүклер еди. Бизлер... Мен тың жерлерди өзлестирип атырған, өзлериниң пидакерлик мийнети менен бизиң социалистлик Ўатанымыздың байлығына байлық қосып атырған қаҳарманларға Арал балықшыларының сыйлығын алып киятыр едим.

Ерназар өзиниң узыннан-узақ айтқан сөзлерине ентигип қалды.

— Даўам еттириңиз... Даўам еттириңиз,—деди прокурор басын ийзеп, оның бетлеринде күлки белгилери көринди.

— Усы болғаны,— деди капитан бир түрлирек болып.—Қалғанының ҳәммеси мениң арзамда көрсетилген.

— Солай етип, инженер Бутаков кемени ҳәм жигирма алты адамнан ибарат команданы аман сақлап қалыў ушын баҳалы жүклерди теңизге таслаўға буйрық берди ме?—деп сорады прокурор әдеп пенен.

— Солай,—деди Ерназар,— тың жерлерди өзлестирип атырған қаҳарманларға арналған жүклерди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Түсиникли, түсиникли, — деди прокурор оның сөзин бөлип ҳәм мәнили етип секретарьға қарап қойды.— Инструкцияға жатпайтуғын түрде ҳәрекет етти дейсиз бе?

— Балық санааты министрлигиниң инструкциясына муўапық, —деди Ерназар Қалимбетов терең дем алып, бирақ оны прокурор дәрриў тоқтатты.

— Жақсы. Сиз бара бериңиз. Биз инженер Бутаковты Аралскте иркемиз... Ҳәммесин анықлаймыз. Тергеўдиң нәтийжеси туўралы сизлерге хабар етиледи. Хош болың,—ол қолын бермей Ерназар Қалимбетовқа қарай басын ийзеди.

— Рахмет. Хош болың, — деп басын ийди капитан ҳәм кабинеттен шығып кетти.

— Мине, усыған усаған көбиклер өз ўақтында жүзлеген адамлардың тюрьмаға түсиўине себеп болды, — деди прокурор Қалимбетовтың артынан ҳәм күлимсиреп секретарьға қарай бурылды:

— Протоколға буны жазыўдың кереги жоқ...

* * *

Теңиз үсти ашық, сылт етпейди. Шамал жоқ. Күн тынық. Бул сийрек болатуғын нәрсе. Гезектеги балық аўлаўға баратырған сейнер кемелериндегилер Жадигер Есемуратовтың күтә анық ҳәм айқын айтқан сөзлерин еситпекте.

Теңиз үстинде колхоз председателиниң бизге таныс даўысы еситиледи:

— Сүўенлер үйири. Квадрат — төрт. „Марат", „Аралски",—деди Жадигер аға, ол рация қасындағы өзиниң бурынғы орнында отыр, ал телевизор экраны қасында—бүгин Бекполат Сейтжанов.

Жадигер аға қасын үйирген, жүзи төмен қараған, терең ойланып отыр. Ол дириллеген даўыс пенен уяң



www.ziyouz.com kutubxonasi

команда береди. Ўақты-ўақты менен ол Бекполаттың микрофонда айтқанларын еситпей де қалады.

— Сельд, квадрат — үш! — деп бақырды Бекполат микрофонға ийилип.

Жадигер аға бир ноқатқа көзин тигип үндемей отыр.

Бекполат жаңадан қайталап:

— Селдь. Квадрат — үш! — деп бақырды.

Председатель ойға шүмип, еле де үндемей отыр.

Бекполат жылағандай болып:

— Селдь! Квадрат — үш! — деп бақырды микрофоннан.

Председатель бирден селк етип рацияны тутастырды ҳәм приемник кнопкасын басқанын сезбей қалды.

Сол ўақытта бригадир Нурымбет Сейтжановтың даўысы еситилди:

— Баслап баратырған сейнерди шақыраман, баслап баратырған сейнерди шақыраман. Тыңлаңыз, Жадигер аға, — деди бригадир тынышсызланған даўыс пенен.

* * *

Балықшылар рацияға ийилип турған Нурымбет Сейтжановтың дөгерегине жыйналып, басларын ийзеп мақулламақта ҳәм колхоз председателине Сейтжановтың айтқанларын ықлас пенен тыңлап тур.

— Не ушын биз бийтәреп сыртта қалыўымыз керек! — деп даўам еттирди Сейтжанов. — Оның өзин...

— Ол ийттиң баласы, — деп қайталады бригадир ҳәм жас балықшыға бурылып қарап: — Ерназар Калимбетов Арал балықшыларының намысын қорлады. Ол қорқақ, — деди.

— Ол қорқақ, өз басының ғана ғамын ойлайтуғын адам, — деди тағы бир балықшы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ол қорқақ, өз басының ғана ғамын ойлайтуғын адам, — деди ғарры балықшы рацияға ийилип. — Ал, инженер Бутаков қаҳарман. Бутаков бизге балық аўлаўды үш есе артттырыўға жәрдем етти. Арал балықшыларының ҳәммесиниң ойы, мине усындай.

— Бизлердиң пикиримизди прокурорға жеткериўиңизди сораймыз,— деди сөзиниң ақырында Нурымбет Сейтжанов ҳәм буған жуўап ретинде председательдиң сөзи еситилди:

— Сениң өзиңниң балаңды үйлендириў ушын қалың усыныс еткениңди де прокурорға бериў керек пе?

Балықшылар ўаҳаҳалап күлди. Нурымбет Сейтжанов тикирейип балықшыларға қарады ҳәм ериксиз түрде тыпыршыныпп, микрофонға қарай ийилди.

* * *

— Мен бул туўралы улыўма жыйналыс алдында кеширим сорадым,— деди Нурымбет Сейтжанов. — Сол себепли буны еске түсирмеўиңизди сорайман. Буны сизиң айтыўыңыз жақсы емес. Мен кешириўди өтинемен. Сораўға жуўап қайтарыўыңызды сорайман.

Бригадирдиң бул сөзине жуўапи ретинде Жадиғер аға күлимсиреп:

— Сораўыңызға жуўап қайтараман,—деди ол. —Сизиң бригадаңыз бурыңғыдай-ақ артта қалып киятыр. Арал балықшыларының пикири буннан үш күн бурын прокурорға берилди.

* * *

Ерназар Қалимбетов катерден жағаға секирип түсиўи менен балықшылардың қабақларын үйип, бетлерин шетке бурыўларынан адамлар менен байланыс жасаў жөниндеги ең соңғы үмитиниң үзилгенин сезди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул пикир капитанды ауыр жүк болып басты, оны жерге қарай тартты. Адамлар жақсы көрмейтуғынын, адамлардың шетлегенин, кеўил бөлмейтуғынын бул аўҳал Қалимбетовтың есине тағы бир рет түсирди.

Қалимбетов аяғын зорға сүйреп басып, көше бойлап баратыр. Оны алыстан көрген балықшылар басқа көшеге қарай бурылып кетеди. Оның сәлемине ҳеш ким жуўап қайтармайды, бул нәрсе Қалимбетовты барған сайын ауыр жүк болып басты.

Балықшылардың жек көргенин сезген Ерназар Қалимбетов иркилип азырақ тоқтап турды, соңынан өл турған жеринен бирден ҳәрекетке келди де аяғын сүйреп басып жаңадан қалтырақлап жүрип кетти.

* * *

Не қыларын билмей еринлерин тислеген, көзлерин адырайтып ашып алға қарай нәзер таслаған, таўсылмайтуғын қайғыға батқан Айжамал қолтығына толып атырған дәптерлер қысып сабаққа баратыр. Өзиниң қайғылы ойына батқан Айжамалдың ҳеш нәрсени сезбей, айнала-дөгеректегилерди көрмей киятырғаны билинип тур.

Бекполат пенен Сәнем бири бирине тығылысып, биресе қыздың алдына шықты, биресе қыздан артта қалды.

— Ол қорқақ. Ол жылан... Ол ма—ол ийт... Қысқасын айтқанда Қалимбетовты жиберипти, ал Александр Ивановичти прокуратура иркип қалыпты. Әдиллик қайда,—деди Бекполат.—Мен Ворошиловқа арза жазаман. Сизиң Аральскиге ушыўыңыз керек. Дәррыў, дәрриў ушыўыңыз керек. Сиз прокурорға Арал комсомолецлериниң ҳәм жасларының атынан хат алып барасыз.

— Мен еле бул Ерназардың көзин шуқыйман,—деди исенимли түрде Айжамал. Бул сөзлерге Бекполат ериксиз түрде ўаҳаҳалап күлди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айжамал жүрип баратырған жеринен тоқтап, инженер Бутаковтың тәғдирине сонша тынышсызлапған бул адамның исими өзине күтә қәдирли екенин билсе де, буны сездирмейтуғын Бекполат пенен Сәнемге миннетдарлық пенен қайыл болып қалды,

— Мен билет алдым,—деди ақырын сөйлеп Айжамал...—Самолет үш сааттан кейин ушады· Ҳәзир мен сабаққа баратырман. Ағама ҳәм апама айтыўыңызды сорайман. Мениң чемоданымды аэропортқа алып келип бериңиз.

— Арқайын бола бериң, буннан ғам жемең,—деди Сәнем ҳәм ол Айжамалды кушақлады.

Бекполат ақырын ғана Сәнемниң қолынан жаздырылды да Айжамалдың қулағына сыбырлады;

— Мүмкин, сизге ақша керек болар. Керек болса, бизлерде бар. Тойға деп әдеўир ақша жыйнадық,—деди Бекполат. Ол көзиниң қыйығы менен Сәнемги қарады, Сәнем бул сөзлердиң бәрин еситип күлимсиреп мақуллап тур еди.

Айжамал ақша керек емес екенин билдирип басын шайқады ҳәм мектеп жаққа қарай жүрип кетти.

* * *

Қоңыраў әлле қашан-ақ қағылған еди, бирақ 5 „б" класының балалары орынларынан турмады. Балалардың ҳәммеси тарийх муғаллиминиң сөзлерин дыққат пенен тыңлап отырды. Бул сөзлерди заўықланып, берилип тыңлаған оқыўшылардың көзлеринде аяўшылық ҳәм ыза көринип тур.

— Балалар, мине солай,—деди сөзиниң ақырында Айжамал,—мәрт рус революционери Семен Алексеев ҳәм батыр қарақалпақ балықшы Есемурат ғарры өз халқының ийгиликли келешеги ушын набыт болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар күтә ақыллы, ақ кеўилли адамлар еди, олар бизлердиң бахтымыз ушын өзлериниң жанларын берди. Олар өзлериниң урпақларына дос жасаўды, бирдейине ҳақ кеўилли ҳәм дурыс сөзли болыўды, адамды сүйиўди ҳәм жердеги турмысты безеўди насийҳат етип қалдырды... Усындай болыўға оларды Ленин үйретти.

— Настенька Алексееваның тағдири қандай болған?—деп сорады дирилдеген даўыс пенен Тилеўмурат Есбергенов, балалардың ҳәммеси бир адамдай болып алға қарай жылысты.

Бирақ Айжамал кл:сс жайына киретуғын жерде турған әкесин көрип таңланғаннан берилген сораўды еситпеди. Жадигер аға қызына қуўанышлы түр менен күлимсиреп қарады. Айжамал өзине билдирилиўге тийис болған, не де болса бир нәрсе болғаиын шамалап сезди, өйткени, бундай болмағанда, әкеси мектепке келип жүрмей, қызын үйде күткен болар еди.

— Барлық сораўларға тағы бирде жуўап беремен. Балалар, хош болың,—деди асығыслық пенен Айжамал ҳәм ол әкесине қарай жүре бергенде оның қолындағы телеграмманы көрди.

Оқыўшылар шаўқымласып, орынларынан турды ҳәм бүгин сабақта еситкенлерин қызғынлы түрде өз-ара додалап, есиктен шыға баслады.

Класстан шығып баратырған балалардың шаўқымынан Айжамал әкесиниң айтқан сөзлериниң ҳеш бирин еситпеди.

— Сениң ҳеш жаққа барыўыңның кереги жоқ,—деди мүлайым түрде Жадигер аға.—Ата-анасы менен кеңеспей турып баласының билет алыўының кереги жоқ еди.

— Сиз теңизде балық аўлап жүр едиңиз, ал мен апамды таба алмадым,—деди Айжамал өзин ақлаў ушын, ол әкесиниң күлимсиреп қарап турғанын сезбей



www.ziyouz.com kutubxonasi

иренжиген кейин пенен сөзин даўам еттирди:—Мен Аралскке ушыўым керек,—деди ол.—Сиз қарсы емессиз бе? Мен сизден өтинемен...

— Инженер Бутаков буннан бир саат бурын самолетке минип Аралсктен ушқан... Калимбетов орнынан алынып басқа хызметке өткерилди... Ал, енди Аралскке ушаман десең, мениң қарсылығым жоқ,—деди салтанатлы түрде Жадигер аға. Айжамал өз алдында әкесиниң турғанын ҳәм әкесиниң алдында Бутаков туўралы өзиниң сезимин ашықтан-ашық көрсетиў ерсилеў нәрсе екенин умытып, қуўанышлы түрде Жадигер ағаны қушақлады.

— Демек, тексерип ҳақыйқатына жетискен. Қутқарған... Айналайын,—деди қыз есеңкиреген адамдай.

— Кимнен айналып турсаң?—деп сорады Жадигер аға түсин бузбай.

— Сиз, сизден айналдым,—деди Айжамал албыраңқыран, ол жаңадан сыр берип, әкесиниң қолындағы телеграмманы алды да:—Бул соннан ба?—деп сорады.

Телеграмманы асығыслық пенен ашып, Айжамал сәл кейин шегинди де әкесине қарады ҳәм телеграмманы оқыды:

„Мойнақ. Алексеев атындағы балықшылық колхозы. Колхоз председатели Жадигер Есемуратовқа. Төртинде Москвадан уштым. Бәриңизди қушақлайман. Настенька". Айжамал телеграммадағы ҳәр бир сөзди жутыны, күтә ықлас пенен оқыды.

— Бул не? Бул ким өзи?!—деп сорады Айжамал албырап, ол бир нәрсени сезгендей болды, буны ҳақыйқатында да солай деўге ўақыт жетпеген еди. Жадигер ағаның буннан кейинги сөзлерин еситкеннен кейин Айжамал биротала тығылып қалды.

— Ҳәзирше Александр Иванович буны ҳеш кимге айтпаўымды меннен өтинген еди,—деди Жадигер аға.—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол себепли үндемей келдим... Расын айтсам, инженер Бутаков Настенка Алексееваиың улы. Жоқ... Сен былай дегениме түсинбессең... Отыр, мен саған бастан аяқ бәрин айтып берейин...

Ғарры жүреги тасқынлап, қызын партаға отырғызды.

* * *

Катердиң бас жағында Мойнақ атаўының көринисине қумарланып көз таслап қарап турған инженер Бутаковты қутлықлағандай оркестрдиң даўысы жаңғырып еситилди. Өзин жағада күтип турған балықшылар арасында Айжамалдың дийдарын көретуғынына гүманланбаған еди. Бирақ оның бул үмити жоққа шықты— жағада Айжамлл көринбеди.

Бутаков катерден түсип үлгермей-ақ, балықшылар оның қолынан услап алды ҳәм оның менен қушақласып көристи.

Сол ўақытта Айжамалдың қолына телеграмма услап жағысқа жуўырып киятырғаны көринди. Қуўанышынан оның көзлерине жас келген.

Бутаков көриўи менен қызға қарай жуўырды.

Жағыста турған балықшылар суўды көриўге қумартқандай, теңизге қарай бурылды. Ал, енди ол ўақытта теңиз жақта адам қызықсынғандай ҳеш нәрсе жоқ еди.

Тек Бекполат ғана көптен бери бири-бирин көрмеген Айжамал менен Бутаковтың қалай ушырасатуғынын көриўге ҳәрекет етти. Бирақ сол ўақытта Сәнем мәнили түрде Бекполатты туртип, „бундай ўақытта қараўдың кереги жоқ",—дегенди түсиндирди.

* * *

Роялдың қуўанышлы намасы жаңғырды. Оркестр даўысы еситилди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Теңиздиң ақбас толқынлары жарға келип соқлығып, тумлы-тусқа шашырады ҳәм бизиң көз алдымызда күнге шағылысқан Арал теңизи көринди.

Бирин-бири қуўып, алысқа кетип баратырған толқынлар үстинде ақ шағалалардың ушып жүргени көринди.

Сейнер кемелери балық аўлаў ушын теңиздиң ишкерисине қарай баратыр.

Бизлердиң көз алдымызда бизиң фильмимиздиң қаҳарманлары: Жадигер Есемуратов, Раўшан кемпир, Айжамал, Бутаков, Бекполат ҳәм Сәнем көринди. Олардың көзлери жаўдырап, алысқа қарап тур.

Арал балықшыларының бизге таныс болған қосықлары анық еситилип турған қуўанышлы музыка даўыслары фонында диктордың даўысы балық аўлаўшы кемелер менен бирликте теңизге баратырғандай жаңғырып еситилди.

„Арал теңизиниң суўлары күнбе-күн мине усындай шайқалып толқынлап турады. „Теңиз, адамдай",—дейди балықшылар. Адамлар қайғырса, теңиз де қайғырады. Адамлар бахытлы болса, теңиз де бахытлы. Теңиз ҳәмме нәрсени көреди, ҳәмме нәрсени есинде тутады. Теңиз күни-түни үзликсиз өзиниң қосығын айтады. Арадан неше жүз жыллар өткеннен кейин теңиз бизиң урпақларымызға, биз, совет адамлары туўралы күтә көплеген дәстанлар айтып береди. Өйткени, биз ата-аналарымыздың бахыты ушын иследик. Бул дәстанлар арасында урпақларымыз, бизиң теңиз тили менен қайтадан жаңлаған повестимизди еситеди.

Теңиз мартлериниң даңқын жаяды, қорқақларға жеркенишли көз бенен қарайды.

Бизиң заманласларымыз, сизлерге теңизде бахытлы жол тилеймиз".

Музыканың соңғы намалары жаңғырып еситилди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Илим ҳәм әдебияттың көрнекли гайраткери . . . . . . . . 7

### Қосықлар

Ўатан қосығы . . . . . 29
Оқыўда балалар . . . . . 31
Қызлар, ойнаң . . . . . 32
Жаслар қосығы . . . . . 33
Мийнет—бахыт . . . . . 34
Бүлбил . . . . . 34
Нама . . . . . 36
Совет қызы . . . . . 38
Гүл . . . . . 39
Мийўалы бағ . . . . . 39
Күн . . . . . 40
Жеңис . . . . . 43
Москва жолында . . . . . 44
Жаз . . . . . 48
Кыз бенен жигит . . . . . 50
Туўысқан түркмен халқына сәлем . . . . . 53
Муҳаббат қосығы . . . . . 56
Алма . . . . . 57
Клим . . . . . 58
Қара теңиз . . . . . 60
Жас педагог . . . . . 62
Фашистлер, тарт қолыңды . . . . . 64
Сыйлық . . . . . 66
Партизанлар . . . . . 68
Буденный атланды . . . . . 70
Мийнетим . . . . . 72
Күн нурына урынба . . . . . 73
Гвардия байрағы . . . . . 74
Жаўынгер . . . . . 75
Шайыр Дәлиге . . . . . 77



www.ziyouz.com kutubxonasi

Палуаның келер . . . 78
Уллы рус халқына . . . 80
Ағама . . . 84
Москва . . . 85
Осетин достыма . . . 87
Бәҳәр . . . 89
Пушкин естелигин көргенде . . . 91
Кисловодск . . . 93
Жаңа жылда . . . 95
Әмиўдәрья бойында . . . 96
Жас жүреклер . . . 98
Гүл . . . 100
Аралда . . . 101
Әмиўдәрья . . . 104
Бизди баслаўшы партия . . . 106
Петргоф . . . 107
Қамыс . . . 108
Қарақалпақ, өзбек бирге туўысқан . . . 110
Қыздың хаты . . . 112
Кремльде . . . 114
Қосық . . . 116
Арша ағаш . . . 116
Стол үстинде айтыс . . . 117
Бизлерде қул жоқ . . . 118
Аўылым жайнай береди . . . 121
Суў ағады . . . 122
Жоқлама мени . . . 122
Әлемниң бир күни . . . 124
Царь—пушка . . . 126
Сейиттиң ойлары . . . 128
Кептер ҳәм шағал . . . 133
Пахта ҳәм пәшек . . . 134
Пал ҳәрреси ҳәм ызылдаўық . . . 134
Ойланып табыңлар . . . 136
Уллы Ленин аты менен . . . 138
Ленин байрағы . . . 142
Капитан . . . 143
Оразбай Москвада . . . 144
Шопан баласының ойлары . . . 148
Кийик . . . 149
Классда . . . 150
Китабым . . . 153



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирлик үлкен күш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 154
Алданған бөри . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 155
Түлки менен қораз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 156
Почтальон қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 158
Ата ҳәм бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 160
Чимган . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 162
Жел . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 162
Жүзим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 162
Аспан бийик болса да . . . . . . . . . . . . . . . . . . 163
Шөжелер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 163
Қайықлы қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 165
Наўайы естелиги . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 166
Гилт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 167
Достыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 167
Мийримлилик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 168
Келиншек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 169
Партия билети . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 170
Октябрьди бирдей айтқым келеди . . . . . . . . . . . . . 172
Гүз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 172
Сақшы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 173
Қубла Вьетнам қызына . . . . . . . . . . . . . . . . . . 175
Көзлериң . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 177
Айымхан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 177
Адам болмасаң . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 179
Дийхан ҳәм жер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 179
Әкем ҳаққында сөз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 181
Өлмес өмир—таўысылмас күш дәўрим . . . . . . . . . . . . 185

## Ода, баллада ҳәм поэмалар

Бахытлылар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 189
Қос терек ҳаққында баллада . . . . . . . . . . . . . . . 209
Узақтағы жайлаўда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 216
Суўшы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 265
Дослық дәстаны . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 292

## Киносценарий

Арал балықшылары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 309



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**НАУРУЗ ЖАПАКОВ**

**I ТОМ**

## *Собрание сочинении в 2-х томах*

Подготовили к печати **К. М. Максетов, Х. С. Сеитов, К. М. Мамбетназаров, Р. Н. Жапакова.**

*Издательство „Каракалпакстан"*
Нукус — 1978

Арнаўлы редактор *Қалимбет Султанов*
Редактор *Шаўдырбай Сейитов*
Художник *Қыдырбай Нажимов*
Техредактор *Зәрип Алламуратов*
Корректор *Роза Қазақбаева*

ИБ № 620

---

Териўге берилген ўақты 1/XI—1977-ж. Басыўға русхат етилген ўақты 14/IX—1978-ж. Қағаз форматы 70×108$^{1}/_{32}$. Көлеми 12,125 баспа табақ, 20,37 шәртли баспа табақ, 15,83 есап баспа табақ. Тиражы 5000. РК 32310. Баҳасы 1м 70т.

---

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

---

Самарқанд областьлық баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В. Морозов атындағы баспаханасында терилип басылды. Заказ № 110.

www.ziyouz.com kutubxonasi